


S. POEDJOWARDOJO
TARDJAN HADIDJAJA



PETIKAN
MANTJA
WARNA

SASTRA
PUSAKA

1

PENERBIT : GANACO N.V. BANDUNG DJAKARTA

PETIKAN MANTJA WARNA

déning

SLAMET POEDJOWARDOJO lan TARDJAN HADIDJAJA

LAN

KAPUSTAKAN DJAWI ÉNGGAL

déning

SLAMET POEDJOWARDOJO lan R. M. ALIMARSABAN

Pérangan²ing buku waosan basa Djawi



SERI

„Sastra Pusaka”



N. V.

Bandung
Djl. Geredja 3

„GANACO”

Djakarta
Djl. Garuf 18

Mulai dipakai pada tgl. : 19...

Kepala Sekolah :

SERI SASTRA PUSAKA No. 1

PETIKAN MANTJA WARNA

Untuk : S.M.A./S.G.A.

oleh :

S. POEDJOWARDOJO

dan

T. HADIDJAJA



PENERBIT „GANACO“ N. V.
BANDUNG — 1958 — DJAKARTA

**HAK TJIPTA DIPERLINDUNGI UNDANG².
DILARANG MENGUTIP.
COPYRIGHT BY GANACO N.V.**

BEBUKA

Nuwun, serat-serat Djawi punika boten sekecik tjatjahipun, pepak sarta kawah ingkang bregas-bregas. Éwa semanten para ingkang sami kawogon nuntun wulangan basa Djawi ing Sekolah Menengah limrahipun sami ketjipuhan anggènipun badé minangkani, djalaran serat-serat wau presasat kanton nama kémawon, ing mangka wiwit achiring djaman pamaréntahan Walandi sumbering anggit Djawi pet pampet éngga sapriki.

Serat waosan punika kadapuk „kembang setaman, inggih urap sari”, isi pepetikan mepaki, ing pangangkah sageda njekapi betahing wulangan basa saha kasusastran Djawi. Saleresipun isinipun dèrèng padja-padja saged ngepleki ingkang dados kekudanganing pangimpun, ndapuk serat waosan ingkang isi saha suraosipun laras kalijan betahing para putra ing alam kamardikan, inggih alam lubèring raos kabangsan. Ewadéné ing sasaged-saged pepetikan kadamel pepak mawarni-warni, boten kêtang namung sagebjaran sageda suka gambaran bab mingsad-mingseding basa saha kawontenan wiwit djaman sugengipun sang pudjangga ageng R. Ng. Jasadipura ngantos dumugi ing djaman Indonesia mardika punika. Pepetikan ngewrat tjarijos saha bab mawarni-warni, kadosta : sempalaning tjarijos babad, dongèng, tjrita tjekak, dongèng sato kéwan, gugon tuhon, roman, ringgit, basa ingkang kanggé wonten ing pakabaran, rembag bab kasusastran lss. Punika wau sedaja menawi kadjingleng saestu kados kénging kanggé ungak-ungak alam kawontenaning masjarakat Djawi, sarta éwah gingsiring lelampahan saha lampahing raos pangraosipun bangsa kita Djawi ing djaman saha wekdal ingkang sampun-sampun. Wonten ugi petikan ingkang suka gambaran sulak semburating raos saha semangat pergerakan, perdjuangan sarta kamardikan. Jasan Jasawidagdan saha Padmasastra, nadyan namung awudjud waosan laré, kados kénging karaosaken wontenipun semangat ngudi dateng kamadjengan, sempelah njawang alam „kamagangan”, bosen ngabdi dateng alam „kaprijajèn”.

Ing wasana saged kasembadan saha botenipun ingkang dados sedyaning pangimpun éstunipun namung kasumanggakaken dateng para ingkang sudi kasdu ngagem serat waosan sepala punika.

Nuwun.

Surakarta, 11 - 11 - 1958.

Pangimpun.

I. KJAI AGENG WANABAJA

Peputjuring serat ingkang kadamel gegantjaran, amewahi asrining panglipur, panglipuring manah prihatos, prihatosipun awit kagèndèng saking suraos, suraosipun serat babad Mangir, inggih punika ingkang anama Kjai Ageng Wanabaja ing tanah Mangir, sakelangkung amemudja ing sihipun Pangéran ingkang Murba Wasésa, awit darbé wasijat ingkang sakelangkung ageng kagunanipun, awarni waos dapur baru kuping, andadosaken sanget lubèring kapurunanipun, satemah mbaléla boten purun kaerèh dateng Sang Prabu ing Padjang. Mila tansah ambeguguk nguṭa waton, karena panggagasing manah kuwawi anjembadani guna sektinipun Sang Nata ngantos dumugi karaton ing Ngèksiganda, tansah mogok boten sudi anjembah dateng pandjenenganipun ratu.

Para kadang-warganipun sami darbé pangrimuk saha pamrajogi, angaturi rembag mugè karsaa sowan dateng Sang Nata ing Mataram, amurih rahardjaning lampah, djalaran sakiwa tengening djadjahan tanah Mangir sampun sami sujud teluk saha atur bulu bekti miwah glondong pangareng-ngareng. Mangka tanah Kedu, Bagelèn, Pati, Djepara, Madijun, Kediri, Padjang, Semarang inggih sampun sami sujud angabekti, namung kantun Kjai Ageng pijambak ingkang dèrèng angidèp ing Mataram, tansah adamel pakèweding ratu. Mekaten malih ing Mangir tanah langkung alit, ing saèstu kirang prajogi katingalan ing ngakatah, pantjèn saleresipun tanah ing Mangir kalebet djadjahan ing Mataram.

Aturipun para warga : „Kjai, punapa ingkang dipun andelaken, tijang kawon samukawisipun, mengsah ratu kawon sugih bala, dados sadajanipun kasoran, Binasakaken sampéjan punika Kjai, kados katé angrangsang gunung, tjébol anggajuh langit, kados timun anglawan durèn, paran marginipun saged unggul, sampéjan anandingi Sang Prabu ?”

Tumunten Kjai Wanabaja amangsuli ambekuh : „Pan Allah, kang andarbèni bumi, aku suwita ing Allah tangala, ora ngawula Sénapati, djer pada titahing Pangéran. Aku namung ngukuhi nalika mula bukané, nggoné tjakal-bakal wong tuwaku kang wus suwarga ababad alas sarta matjul ora nganggo njenjambat lijaning djanma, panggarapé luwih saka rekasa, satemah dadi sawah lan tegal. Apa manèh aku ora nedya amanèni sarta njikara pakaraning ratu, tuwin aku ora nedya dadi naréndra, awit aku dudu waris asaling ratu.

Apa kang dèn-utjap manèh, mung aku wis daknijati, sufik kaerèh marang sesamaning manungsa. Nanging aku duwé pasanggiri : aku gelem ngawula sarta anjembah marang sapepadaku, menawa ana manungsa kang katjonggah anadahi marang putjuring tumbakku kang aran Kjai Baru-kuping, pusaka saka leluhurku !”

Para kadang warganipun sami éram, déné boten mikir dateng rembag kang rahardja, amung tansah kumalungkung angandelaken waosipun. Manawi para sentana matur mbebolèhi ladjeng kasentak,

penggalih runtik. Tjinelak tjarijosipun : Kjai Ageng Mangir sampun dumugi ing djangji, mantuk dateng adjalipun.

Kotjap putranipun djaler ingkang anggentosi kalenggahanipun saha nama anunggak semi ingkang rama Kjai Ageng Wanabaja, menggah adat watak wantunipun sampun djiblès ingkang rama, malah anggep kumalungkungipun angungkuli ingkang sampun suwarga. Tak-sih anèm, warninipun ragi bagus, amberanjak ladak angkuh mawi kaduk besus, wantji sampun djedjaka sepuh sarta kéringan ing sesa-mining tijang, kikis Praga mangalèr dumugi ing Mlarang dipun erèh, mangidul tandes ing pasisir, mangalèripun malih dumugi ing Bantul, ingkang sampun angidèp dateng Mangir. Mantjapat mantjagangsalipun ing Mangir sampun sami sujud abipraja dateng Kjai Ageng Wanabaja. Rinten dalu tansah kasukan ngabotohan boten mawi lèrèh. Kjai Wanabaja nèm ugi amogok boten purun angidèp dateng karaton ing Ngèksiganda, tansah sesumbar boten adjrih atanding prang kalijan Sénapati.

Katjarijos Sang Panembahan Sénapati ing Ngalaga ingkang akadaton negari Mataram, saweg mijos siniwaka wonten ing sitinggil, pepak upatjara narèndra, ing pagelaran kebak para punggawa, mantri, bupati sapanekaripun sami sowan djedjel sek-sekan. Sang Prabu ngandika aris : „Paman Mandraka, ingsun taros, kados pundi prekawis Kjai Gedé Mangir. Sampun tita ngantos dumugi sapunika tansah mogok boten purun séba angidèp dateng karatoningsun. Punapa boten prajogi énggal linurugan, ladjeng kagebag ing prang, tinumpesan sabrajat kulawangsanipun sedaja, djangji sipat djaler dipun pedjahi ?”

Adipati Mandraka matur : „Duh, Sang Nata, kula boten anjuwawèni, dipun sarèh karsa paduka Nata ! Sanadyan ing Mangir tanah alit, nanging boten kénging ginagampil tinempuh ing prang, menawi lepat saèstu ambebajani, miwah adamel risaking wadya-bala katah. Mekaten malih nama nista pandjenenganing Ratu teka mengsah bekel panadjungan. Wonten ingkang dados pakèwedipun ing lampah, awit gadah wasijat warni waos dapur Baru-kuping, ampuhipun sakelangkung sanget, senadyan teguh kulit tembaga ingkang atos, balungipun kados tosan purasani, otot kawat akeré prunggu, bilih kaðawahan waos Baru-kuping lebur tanpa kukupan. Awit saking timbalanipun ingkang Sinuhun Kalidjaga amisik dateng kula : pun Mangir deda-melipun linangkung, boten kénging katulak manungsa, singa ingkang kaðawahan amesti maut, tur sampun tjineta ing riwayat dados pusakaling ratu Djawi, pasanganipun Kjai Plèrèd ing tembenipun, mila sake-langkung rempit. Boten langkung prajogi kabudjuk alus kémawon, menawi sampun kénging waos wau boten wonten wantjak galihipun. Sakarsa paduka Nata kula dateng ndjurungi.”

Sang Prabu ngandika arum : „Jèn mekaten andika rembug rusakatahing punggawa, ingkang boten damel nistaning Ratu, nanging sageda pikantuk damel.”

Sang Dipati Mandraka énggal matur : „Bilih andadosaken kepareng karsa paduka sang Prabu, durjat paduka sang dyah Radèn Adjeng Pembajun dipun lampahaken ing ajuda sarana lampah sandi, pun Adipati Martalaja ingkang rumeksa ing pakèwed, kinèn dados dalang

ringgit purwa akanti kadangipun Tumenggung Djajasupanta, sami rumeksa sang Dyah Retna, lan pun Suradipa dados pandjakipun, pun Tumenggung Botjor sampun ngantos kantun minangka djuru nabuh kempul, Saradipa djuru pangendang, Saradula nabuh kenong, njai Tumenggung Adisara dados djuru panggèndèr. Déné kempul prajogi wasijat paduka Kjai Bitjak, kapendèt sawab pangèstunipun, amurih lestantun manggih rahajuning lampah, putra paduka Radèn Adjeng dipun akena anak dateng Ki dalang ingkang sajektos."

Sang aprabu sakelangkung kapinudjon ing galih atampi sandi sedyaning Ki Dipati: „Paman, manira marengi.”

Katjarijos sampun dalu, ing pringgitan anata ringgit kapanggung, ingkang anggèndèr Njai Adisara, déné sang Dyah Aju linggih wonten ing sawingkingipun ki dalang, saèmper anak pijambak. Déné ingkang nabuh kempul pun Sandi-upaja, pangendangipun Saradipa, Sandi-Sasmita ingkang amutjuki. Sesampunipun dipun putjuki Sandi-Sasmita nunten njuling, angrangkep lan pangrebabipun. Kang nabuh kenong Saradula, sakawit mungel gènding Gambir sawit, pantes mawi laras pačet sanga, muket anglenjet mujeg arum amanis. Sesampuning anguju-uju kasuwuk, tumunten dalang Sandi-Guna angringgit, lampahanipun Pakukuhan, suluk tandukipun pantes, tjarijosipun tjeta, trampiling pangringgitipun dawah larasing gènding, wiramanipun aruntut boten wonten ingkang mbarendjul sakedik, rebabipun kumrampjang angrang, suling dumeling melingi, gèndèr tansah ngepindjal, kempulipun anggemak mungel, kendang tinabuh gilig, kenong-gong nggrendem kemireng, tjumeplès dawahing wirama, panabuhipun ukur lirih, supados tjarijosipun ki dalang boten kasilep ing gènding, njamleng rumengeng kapijarsa. Déné larasé ingkang gènding laras nenem djedjer ketiga praptèng gara-gara gumantos. Sirep kèndel ingkang laras sanga, suda sapačet adamel trenjuh, praptèng djedjer gandrung-gandrung, larasipun ingkang gumantos manjura ngantos dumugi éndjing, suda sapačet ngresepaken tumrapipun tijang amarsudi sastra, laras nenem ugi upami anglir djanma karenan ngidung, laras sanga sampun kados sumerep tegesing kawruh, laras manjura upami putus tembung kawi sampurna ing djarwanipun mresep tumrapping rasa adi.

Kjai Ageng Mangir saja suka gumudjeng latah, gumudjeng winor watjana: „Kakang lamun sami tjondong ing pamanggih, kula badé sowan dateng narèndra ing Mataram anjaosaken sang Dyah Retna, menawi karsa angabdèkaken djasad kula, punapa malih lamun karsa nganggep mantu dateng badan kula, saha kula badé anjembah angaras sampéjan Sang Prabu.”

Sandi-Guna matur kalijan mudji manadukara: „Menggah saking pamanggih kula, Kjai, sampun anemtokaken sakalangkung dahat suka karena amarengi Sang Nata kagungan mantu ingkang kados paduka Kjai! Saupami nampika darbé mantu paduka angupadosa salumahing nuswa Djawi ingkang kados paduka, tijang guna sekti tanpa timbang, mangsa wontena! Saha tedaking atapa! Karana kula mireng tembang rawat-rawat, titir pinadjarakan djalma, udjaring para su-

djanma : Sang Nata langkung ngudi ngupaja mantu ingkang bagus sarta ingkang gagah prakosa, ingkang saged angentasi pakarjan pradjaja !”

.....

Sampun lepas lampahipun, tumunten ngambah salebeting negari. Pangéran Mangkubumi kalijan Pangéran Singasari paréntah dateng para wadya pangirid lampahing baris kinèn atata, sami boten kénging kalintu ing prenahipun satunggil-satunggil, adjadjar anggagsal-gangsal awit ngadjeng dumugi wingking, boten kénging dompo lampahipun. Inkang waos kinèn amandi sarta liniga, tansah prajitna ing pakèwed. Sampun waradin wadya dinawuhan rempek, lampahing baris sap-sapan arampak awidjah-widjah gumulung agolong pipit, untaping baris kados séla blekti, asrang aselur, busana anéka warna abra sinang, urut kadya prawata agni, sanèsipun kadya wukir sekar, sawenèh asuka bingah, bledug anempuh, kang manganggé petak katingal saking mandrawa kados kuntul areraton, sunaring méga-méga araras, soroting lintang ngalih pating pantjorot anggegirisi, ing akasa semu kingkin, bengingèhing turangga asri barungan awor gumredeging lampahipun baris sarta panjeluking djanma nonton, asri kawurjan dados tetinggalan ing samargi-margi, istaning lampah anglir andon dajèngprang.

Kala samanten sampun dumugi ing Pamurakan, gangsa kodokngorèk mungel ramé, punapa malih ungeling gamelan saurut tepining alun-alun langkung umjung anglir kapi reng ing langit, bedugipun tinitir, swara umjang gumuruh, kados redi gugur katerak ing pantjawora tarik. Kjai Ageng Mangir sakelangkung suka bingahing manah, Tumenggung Wiraguna énggal ametuk, alon arum ing aturipun :

„Duh, anak Ki Ageng Mangir, enggèr, paduka badé arsa malebet ing kadaton saos sembah pangabekti anguswa padaning marasepuh, dasar naréndra agung ing nuswa Djawi. Kula ngaturi pamrajogi ingkang kalampahan pranatan karaton Padjang dumugi Mataram, bilih wonten para luhur badé sowan ing nata, kedah anilar upatjaranipun. Mila atur kula, anggèr, sakatahing upatjara katilara wonten ing djawi.”

Kjai Ageng Mangir anuruti, Pangéran sekawan wonten ing pantjaniti saos wuninga ing Sri Naréndra, bilih Kjai Ageng Mangir sampun dateng wonten ing Pamurakan, angentosi dawuh timbalan dalem sang Prabu.

Sang Pamasé angandika : „Hèh, botjah anggandèk, timbalana putraningsun Sang Dyah Retna lan lakiné si Djebèng Mangir, dawuhana énggal bandjur malebu marang kadaton katemu marang ingsun, adja kesuwèn ana ing djaba.”

Anggandèk mundur saking ngarsa nata, gurawalan lampahipun sampun dumugi ing Pamurakan ndawuhaken timbalan dalem sang Nata :

„Kjai Ageng Mangir, pakenira ingandikan Sri Pamasé kalijan sang Dyah Retna, awit kaarsa-arsa wonten salabeting datulaja, sang Maha Prabu langkung oneng dumateng sang Dyah Retna, saha kasesa badé wuninga dateng pakenira Kjai Ageng, karena Gusti Sang Pamasé

dèrèng naté-naté kagungan putra mantu, mila pakenira timbangi sih katresnanipun Sang Prabu”.

Kjai Ageng Mangir mangsuli : „Hé kantja gandèk, manira matur sandika”.

Déné sang Retna Aju pinetuk ing djempana, ladjeng nitih ; Kjai Ageng lumampah darat wonten sawingkinging djempana, Kjai Baru-Kuping boten kénging tebih, santana sami anggrebeg. Sareng dumugi ing pantjaniti, Radèn Adjeng Pambajun énggal tumedak saking djoli ginarebeg kang para tjèti, ladjeng minggah ing sitinggil, para kenja salebeting pura sami metuk sarta angemu tangis. Dumugi kori bradjanala Adipati Mandraka ametuk datengipun sang Dyah Retna, arawat waspa, wusana ngandika :

„Aduh njawa wajah ingsun, nini putri, ingsun boja njana jèn isih katemu manèh, sira ingsun ulati nganti lawas ora bisa katemu, nganti anjebar wadya ing Mataram, andjadjah alas gunung tanah pasisir mantja nagara, ora bisa olèh warta, mengko katemu masih rahardja, ija banget suka-sukur ingsun marang Pangéran kang Maha Suktji, miwah marang lakinira, ija Ki Djebèng Mangir, kang bisa nemokaké marang nini putri, saupama boja putu Mangir kang nandangi, sira ora bisa mulih marang pradja Mataram.”

Sesampuning ngandika ladjeng sami lenggah, sang Dyah Retna awatjana dateng Kjai Ageng Mangir :

„Duh kakang, punika prajagung kaprenah éjang kula : Adipati Mandraka, ingkang njepeng pangwasaning tijang nagari Mataram. Kang djeng rama Nata boten njumerepi amis batjin miwah bambang-pangalum-alum, Kangdjeng éjang ingkang amisésani.”

Tumunten Sang Retna angabekti sang Adipati, punapa malih Kjai Ageng Mangir énggal angabekti ngaras pada sang Adipati manembra manis arum dateng ingkang nembé dateng.

Aturipun Kjai Ageng Mangir : „Nuwun kapundi”.

.....
(Babad Mangir).

II. KUMPENI NDESEK TANAH PASISIR

Sinom

1. Nulja kondur srinaréndra, sapraptanirèng djro puri, nimbali sang mantri muka, mjang Pangéran Mangkubumi, tan antara gja prapti, adipati kalhipun, ngandika sri naréndra : „Marma sira sun timbali, kawruhana jèn praptané kaki Djéndral.
2. Darbé paminta maring wang, anggađuh bumi pasisir, ingsun ora bisa onđan, kudu sah sadjroning linggih, dadi ingsun nuruti, ing rèh kađesek ing wuwus !” Angungun atur sembah, sira dipati kekalih : „Déné sampun dawuh lilah padukéndra.”
3. Sang nata malih ngandika, : „Ija apa kang pinikir, mung pame-tuné kéwala, sira rembuga kang nuli, apa ginawé keđik, apa ta

- ginawé agung," Dipati Sinduredja, umatur ing sri bupati : „Duh pukulun dinamel kedik kéwala.
4. Kalih leksa saben warsa. „Déné rahadyan Dipati, Pringgalaja aturira : „Kawan leksa saben warsi," Ri sedengnja anggalih, paos pasisir sang prabu, wau ta praptanira, Djeng Pangéran Mangkubumi, ladju marek ngastuti ngarsaning raka.
 5. Sang nata alon ngandika : „Wruhanira Mangkubumi, jèn praptané kaki Djéndral, minta anggaḍuh pasisir, sun jaji wus marengi, Kumpeni pamintanipun, wit kapengkok witjara." Djeng Pangéran matur aris : „Duh pukulun déné ta boten kadosa !
 6. Punapa tan kaengetan, lamun djenenging narpati, mung darma mengku kéwala, bang-bang lum-aluming nagri, jekti wonten patih, najaka para tumenggung, tuwin para sentana, punika kang darbé wadajib, amisésa angalangna angudjurna.
 7. Inggih dèrèng wonten adat, ratu pepadon pribadi!" Sang nata alon ngandika : „Ija bener sira jaji, nanging sun duk pepanggih, minta sarèh datan antuk," Pangéran atur sembah : „Djéndral sadjatiné djalmi, sanès buta punapa ngarah ngaletak.
 8. Sajekti tuhu nglengkara, jèn ngroda-paksa Kumpeni, dateng pandjenengan nata." Ngandika sri narapati : „Lah kaja priyé jaji, panggawé wus katarutjut, dadi nora am mantra, ingsun lawan sira jaji, tan prajoga lamun ngekéhna witjara.
 9. Marma sun mupus kéwala, sumarah titahing Widdhi, ija pira bara béndjang, jèn manggih kaardjan luwih, dé kadangira sami, lamun ana ingkang mesgul, réhing pada rumangsa, tinilaran rama swargi, mung sun sarah apa ing sasukanira!"
 10. Andeku umatur nembah, Djeng Pangéran Mangkubumi : „Pukulun mangsa wontena, tiwas paduka narpati, tiwas sadaja sami, kang darbé kak amung ratu, sakarsa-karsa tuwan, sinten kang purun mantjèni, kadang tuwan mung nedya apes kéwala."
 11. Sang nata malih ngandika : „Hèh jajimas Mangkubumi, mung pametuné kéwala, pikiren ingkang prajogi, aturé si Dipati, Sinduredja saben taun, pinapantes rong leksa, si Pringgalaja Dipati, aturira patang leksa saben warsa.
 12. Iku endi kang prajoga, paran rembugira jaji?" Pangéran umatur nembah : „Pukulun djeng sribupati, mugi dèn kawikani, siti pasisir sadarum, éstu kaṭah wedalnja, saking bandaring djaladri, mung punika waragad karaton Djawa.
 13. Jèn panudju ing karséndra, tuwan munduta saketè, réjal batu satatus sèket èwu, rupijah ing sawarsa, tumraping siti pasisir, sajek-tiné Kumpeni amung sumarah.
 14. Awit taksih nama mirah, kaṭah untuning Kumpeni, lamun boten makatena, atis kraton nagri Djawi, siti Padjang Matawis, Bagelèn tanapi Kedu, njanggi pakarjan pradja, bau lumebet nagari, ang-ladosi barang rèh karsa naréndra.
 15. Pundi ta daharing nata, bogang arta bogang kerja, tangèh lamun saged njait, Bang-wétan mantja-nagari, tijang mantja-nagari, kaṭah waled paosipun." Srinaréndra duk mjarsa, dawuh mring Sang nindya mantri : „Hèh Dipati kaja paran rembugira?"

16. Samja tur sembah kéwala, andeku pepatih kalih, lir kadya kondjem pratala, sang nata sampun andugi, dawuh timbalan adji, kinèn mundura rumuhun, supadi bakit wawah, utaminipun pamikir, nambah medal sareng wong agung tetiga.
17. Sapraptanira ing djaba, Djeng Pangéran Mangkubumi, ladju kondur maring wisma, sang mantri muka kekalih, kondur sareng nèng margi, reraosan kalhipun, Dipati Pringgalaja, ngandika sarwi bebisik : „Kadiparan rembugé Kangdjeng Pangéran ?”
18. Modjar Dipati Sindurdja : „Jèn Pangéran Mangkubumi, ing galih tan angon mangsa, mung ngéngeti ageng inggil, luhuring kraton Djawi, tangèh ènget apesipun, lir rembugé Pangéran, tan djamak tumraping mangkin, wit nirnaken manisé karaton Djawa.

Dandanggula

19. Kuneng Djeng Pangéran Mangkubumi, sapraptané sana kareranta, sri naréndra timbalané, dénja kakenan sampun, ing upadi sadu memanis, dadya tansah anggagas, paran wekasipun, karaton ing tanah Djawi, jèn pisaha kalawan tanah pasisir, tan wandé karépotan,
20. Puteking tyas sanityasa tistis, mangunengi laladan tan ardja, kang djumrunuh ing pradjané, déning mangunahipun, budi longok tan wrin ing wèsti, satemah bakal nista, djenengirèng ratu, jata wau djeng Pangéran, animbali abdinira para mantri, tjatur pangadjenjira.

KANGDJENG PANGÉRAN MANGKUBUMI LOLOS SAKING PRADJA

Asmaradana

21. Ngandika sri narapati : „Lah adi sira metua, jaji mas sun timbalané, wusé modjar djawat asta, saksana amit medal, dupi pukul pitu dalu, ingkang raji tinimbalan.
22. Djeng Pangéran Mangkubumi, agupuh gja mandjing pura, wus marek bjantara katong, ngandika srinara nata : „Jaji sun asung warta, adja susah tyasirèku, sumaraha takdiring Hyang.
23. Djéndral tur prajoga mami, angelonga lungguhira, ingkang rong éwu tjatjahé, karia ingkang sanambang, santana midji sira, upama sun tan mituhu, sajekti kurang prajoga.
24. Major mau sun timbali, aturé duk kaki Djéndral, andangu mring patih karo, tjatjah lungguhira sawah, miwah sakadangira, Pringgalaja ingkang matur, prasadja saananira.
25. Major angungun kepati, upama Djéndral tetanja, maring simajor Gendorop, aturé nedya dèn arah, ajwa kongsi ngelonga, jaji kang dadya lungguhmu, déné rembugé Kumendan.
26. Mengko prajoga nuruti, karsané Gurnadur Djéndral, gampang jèn wus saungkuré, sedengé kalingan warsa, sun balèkken mring sira, ora owah tjatjahipun, maksih genep telung nambang.

27. Narimaa baé dingin, jwa kongsi tjuwa tyasira!" Pangéran seret aturé : „Rèhning karsaning naréndra, amba datan suwala, nanging ta prajoginipun, kawula paduka butjal.
28. Ngitjalaken dog satunggil, pinten bangga manggih gesang, supadi paduka katong, sampun ngantos kalépétan, ing labet kang tan ardja, awit paduka pukulun, lawan Kumpeni Walanda.
29. Sabadan sakulit daging, upami tan mituhua, mindak kirang utamané, tuwan ingkang netepana, mbalung sungsum Walanda, déné kawula pukulun, tan nedya durakèng radja.
30. Mung nedya papa prihatin, paduka anglilakena, dèn éklas ing lair batos!" Kang raka duk amijarsa, tjarotjosan kang waspa, trenjuh ing tyas amargijuh, kétang tresnané mring kadang.
31. Kang dadya woting penggalih, amung sadjuga punika, kang kenèng tinaros-taros, barang rèh ingering pradja, ambek santa budiman, mangka bebokong pradjagung, pikuwating kraton Djawa.
32. Dangu sang nata tan ancling, Djeng Pangéran matur nembah : „Ulun nuwun lilah katong, sumedya tilar nagara, njarengi angkatira, ing béndjang tuwan Gurnadur, amérang mijat ing djanma."
33. Sri bupati ngandika ris, pan sarwa anenggak waspa, : „Aduh jaji kaja prijé, rèhning wus kentjeng sadyanta, sun djurung pudja ardja, muga winongwong Hjang Agung, ingsun sung pamugut tresna.
34. Gawénen sarana jaji, asung sandang lawan boga, ing wadya balanta kabèh, arta telung éwu réjal. „Saksana wus tinampan, kang raji umatur nuwun, gja nguswa padèng naréndra.
35. Waspanja Pangran dres midjil, tur sembah medal sing pura, praptané padalemané, dawuh samekta mring bala, nanging tan kawistara, tjinatur tuwan Gurnadur, ngrampungken sakèh prakara.

.....

BADÉ ANAMPÈNI DATENGING UTUSAN SAKING SEMARANG

Sinom

36. Gantya malih kang winarna, Djeng Pangéran Adipati, Sukawati duk sinéba, andèr kang para bupati, tuwin kang para mantri, djawi nglebet munggèng ngajun, aglar mantri pangarsa, miwah para mantri wuri, nanging dèrèng tinata tengen lan kiwa.
37. Dipati Puger nèng ngarsa, sigra kang para bupati, Dyan Rangga Wirasetika, Surjanagara Suwandi, djadjaripun alinggih, Dyan Djajadirdja Tumenggung, miwah Samadipura, Bradjadenta Bradja musti, Sinambungan Tumenggung Reksanegara.
38. Tumenggung Sutadipura, Ranadiningrat lan malih, Natasingron Suradjigdja, Djajaleksana nambungi, déné mantjanagari, Dyan Pusparana Tumenggung, Bupati Djagaraga, Warung wus ngangkat bupati, sinung nama Tumenggung Kartanagara.
39. Dyan Tumenggung Wilatikta, ing Balora lawan malih, Ngabéhi Sélanagara, ing Seséla kang palinggih, bupati ing pasisir, Demak

- Pangéran Tumenggung, Gadamestaka lawan, Suranata Adipati, Dyan Tumenggung Djipang Suradimanggala.
40. Sinambungan pra punggawa, panéwu kalawan mantri, panèket ngabéhi demang, wau ta sang Adipati, Puger umatur aris : „Amba tur uning pukulun, telik kawula prapta, ingkang tugur ing Semawis, pun Kumendur mangké nglampahken tjaraka.
 41. Pun Sukarja Éndranata, wus mangkat saking Semawis, kinantèn raji paduka, Kadilangu Pangran Widjil, menawi béndjing-éndjing, punang duta praptanipun, pisah wonten Madjenang, abdi dalem kang manuki, tjatjahipun kekapalan kawandasa.”
 42. Djeng Pangéran angandika : „Hèh Kakang Puger Dipati, kaja paran rembugira, kalamun ingsun manggihi, apa sun lenggah kursi, apa lenggah ngisor ingsun?” Dipati Puger sigra, noli sagung pra bupati : „Anak putu kabèh kang para bupatia.
 43. Kepriyé pikiré paða?” Umatur kang pra bupati : „Sumangga karsa paduka, sadaja darimi umiring” Puger umatur aris, : „Inggih Gusti penedipun, praptané duta béndjang, paduka lenggah ing kursi, awit saking manggihi dutaning mengsah.
 44. Madjeng mangalèr paduka, ing wétan kang wonten kursi, pun kakang Pangéran Rangga, kursi sesaosan tami, wonten kilèn setunggil, Pangran Widjil badénipun, déné ta pun Sukarja, nung-gila kawula linggih.” Angandika alon wau Djeng Pangéran.
 45. „Apa kakang wus prajoga, pikiren manèh kang wening, Endranata ipéningwang, mbokaju kang dèn rabèni, Ratu Maduretnadi, mbok sinebut deksurèngsun.” Matur Puger Dipatya : „Sampun kekatàhen galih, Djeng paduka satrija dibja sumbaga.
 46. Kangdjeng mbokaju paduka, kula kang dèn garundeli, tan nggepok sarira tuwan, dé Endranata pinikir, amikir tikus mengi, keriga satjindilipun, ginites nggandra pira, mangsa dadosa samenir, Endranata : kakung kuluban katéla.
 47. Endranata beras wutah, kinukup dèn liwet malih, dadi sega sapa dojan, duk berasé wor lan siti, tan kongsi dèn bersihi, ija lamun raganingsun, lalu ngelih kéwala, boja kudu mangan mingin, bok sikepé anak Tumenggung Djadirdja.
 48. Nora mangan pitung dina, suprandéné boja sudi!” Gumer sagung pra bupatia, angling malih sang Dipati : „Basa Endranatèki, njawa masuk ing lelempung, daja lempunga Demak, lempungé wong Kalitjatjing, dèn anggoa grabah telung dina bubrah.
 49. Patut lamun kaarana, Kartinala Kalitjatjing, adol tiké pinggir dalan, jèn nora ambarang suling, mbebarang gambang kanji, kerdangan tjangkem kumruwuk, lamun datan mangkana, patut mbarang Durma Midjil, nganggo teken tinuntun malbèng kampungan.”
 50. Sangsaja ambata rebah, gudjengé kang pra bupati, Adipati undang-ngundang : „Hèh sagung para bupati, ija sadina béndjing, wong angon kuda lan lembu, adja na lija paran, paða dadia sawidji, ngulon baé anèng kiwa tengen marga.
 51. Ija dalané utusan, kang prapta saking Semawis, lan kabèh wong sabarisan, sipat lurah para mantri, paða nganggoa keling, bebed iket sarta sabuk, alas ing kulon ika, babadana mengko bengi, sun gawéné ija pasar pabéwakan.

52. Sagung sutaning bupatiya, kadang kadéjané sami, éndjang pada kasukana, lésan panah lésan beḍil, pada nganggoa keljng, kadangé para tumenggung, anaa kang tetegar, adjar kuda dèn pistuli, amanggonana kanan kéring pabéwakan.
53. Sawétaning pabéwakan, djati sana lan kesambi, tengah pasangana omah, omah djoglo mengko bengi, kabèh mantri pinilih, ngadua gemak lan sawung, anak Djajaleksana, dika nganggo udeng gilig, dika nganggo bebed sambodja bras wutah.
54. Sruwala baludru abang, kang rinénda pandji-pandji, èpèk trembalo nganggoa, brengos andika kapidih ; hèh sira si Suwandi, anggokena salorokmu, dina sésuk kéwala, sagungé kantja bupati, saloroké pendok pada selangena.
55. Mring mantri pinilih pada, dimèné amemedèni, sianak Djajaleksana, brengosa satjengkang sisih, lan anak Puḍakmiring, godèga simbar kang patut, dika nggo djangkang kula, dika bebed sarung bugis, ingkang rega limalas darbèk manira.
56. Lawan pada pepajunga, ing sésuk mantri pinilih, sun wus karja pajung katah, ambilen ing pondok mami, kang lagi teka wingi, tjatjah pajung pitung puluh, laku lelinggihira, béndjang dèn angadi ragi, ngatokena wanter kendel ing ngajuda.
57. Sagung pra mantri pangarsa, nunggala mantri pinilih, ngadua gemak lan sata, wétan pabéwakan béndjing, wong désa krigen sami, konen pada prapta ésuk, jèn duta ing Semarang, lèrèn pabéwakan sami, para mantri dèn kagèt buḍalan séba.
58. Kabèh pada pepajunga, dyan Dipati sigra midjil, angelar-elar paséban, kang tan patut dèn owahi, Djeng Pangran pidjet galih, agèdèg sarwi gumuju, suka dènja ngandika : „Njata wegig njata djulig, mangsa ana wong kang kaja kang Dipatya.”
59. Adeku kang pra bupatiya, Tumenggung papat tut wuri, Dipati Puger lingira : „Anak pada dika bali, dika ngadep Djeng Gusti, lamun masih dèrèng kondur, tyas kula melang-melang, dandanan dèrèng prajogi, saben lawang-lawang sami ingowahan.”
60. Lurah numbak tinimbalan, miwah lurahing saragni, prapta wus pinaréntahan : „Wuwuha kang saos béndjing, sabusananing djurit, nanging dèn pada atambuh, saragni lan panumbak, papat silih lawang sidji,” Para lurah aturé sami sandika.
61. Wong padésan wus ngundangan, binajar pitjis waradin, pra samja kinèn pepasar, sahari jwa kongsi mulih, wong angon kebo sapi, djaran ḍinawuhan sampun, aglar tepining marga, wusnja paréntah waradin, tan winarna ing dalu éndjing putjungan.

Putjung

62. Kang winuwus, tjarakanira kumendur, lan sarowangira, Arjéndranata wus prapti, pabéwakan panggih lan mantri pangarsa.
63. Djajèngranu, ngaturi kèndel rumuhun, baḍé tur uninga, Arjéndranata ningali, langkung ngungun kuda éwon nèng pangonan.

64. Pasar agung, nèng kiwa tengen delangung, wong lésan sendjata, miwah wong lésan djemparing, sawétané gumeder kalangan gemak.
65. Selur anglur, wong tetegar ngalor ngidul, ngulon miwah ngétan, pepinggiring wana wukir, gemah ardja sariné kadi nagara.
66. Sri gumuruh, wong ngadu sawung lan pujuh, dupi amijarsa, lamun ana tamu prapti, para mantri gita bubar samja séba.
67. Apepajung, andulur asri dinulu, djadjar apepantán, wong Bali mantri pinilih, ting salemplah udeng gilig ana djangkang.
68. Langkung ngungun, Arjéndranata amuwus : „Aði Widjil paran, terah Mataram punika, saenggoné teka linulutan djalma !”

(Babad Gijanti)

III. ANA ING KABUPATEN MADIJUN

Kebener anggonku sekolah ana ing ngomah wetara olèh sataun utawa rong taun kangmas sowan rama manèh karo ambekta seraté Kangdjeng marang rama. Surasané, jèn kangmas Surana duwé panjuwun marang rama arep nganti aku ana ing Madijun, pamunduté kangdjeng : „rama keparenga”. Rawuhé kangmas iku mau ija ngagem kabesaran. Déné bab surasané lajang mau klakon kabèh. Rama kepareng, embok bandjur tata-tata sandanganku kang arep dakgawa menjang Madijun. Sakuwaté embok, ija aran tjukup. Nanging sapangkaté awakku dadi putrané rama, sarta bakal ana ing kabupatèn, isih durung padja-padja madjad.

Kamas rawuhé ing Madijun ndjudjug ing dalemé bapakné kakang Kramaprawira, amarga gerah. Bareng wus sawetara dina kamas bandjur bali sowan menjang kabupatèn, aku ingandikakaké ndèrèk. Sowané bengi. Aku didawuhi ngaton ing padangan. Nuli kangdjeng ngandika : „Isih tjilik !” Umurku nalika semana watara telulas taun ; awakku bunder lemu, dapurku kusi, wetengku geði. Kangdjeng wanguné kagungan penggalih mengkéné : „Wong botjah rupané mengkono baé teka banget-banget temen olèhé andjaluk !”

Ing Kabupatèn mau wajahé dahar djam rolas bengi. Aku olèh sega tjadong sepiring, lawuhé rada tjukup dak-pangan, nanging ija enik-enikan. Mengkono kuwi nganti sawetara lawas, nanging wudjudé pangan kang dadi tjadongku sangsaja suda-suda. Wekasan dadi pada karo tjadongé panakawan sing asor, mung katjèk setitik. Esuk, jèn aku duwé duit, djadjan. Jèn ora duwé ija uwis.

Daharé kangdjeng jèn ésuk roti, ora nglorod marang aku. Kangmas olèh lorodan setitik. Iku didahar tjok ana luwihané setitik, bisa tekan ing aku. Awan, daharé djam 2.—. Tibané menjang aku setengah telu, djam telu, utawa luwih. Bengi daharé djam 12.—, tibané menjang aku djam sidji utawa setengah loro. Aku krasa kedjangkring, awakku kuru banget, pada karo nalikané ana ing Magetan. Kangdjeng wanguné nggraita. Bareng bajaran, duit bajaran sakandi f 1000,— (séwu rupijah) isih wutuh disanding, nuli ngandika : „Aku jèn meng-

kéné iki ija duwé duwit séwu rupiah, nanging jèn wus arep bajaran” Pangandikané mung kèndel semono. Nuli mundjuk marang ingkang ibu, surasané : djaré aku njuwun duwit dak-anggo tuku sarapan. Lebar mundjuk bandjur mundut duwit ing kandi mau rong ringgit, diparingaké aku. Iku bisa dadi sambung umur. Saentèké iku kepeksa bali tirakat manèh.

Olèhku suwita ana ing Kabupatèn Madijun mau bañiku : bisa olèh sinau tata-krama, tembung-tembung sarta tjarané ngresiki awak, apa manèh bab kabesusan kang aran patjakan. Nalika kamas njuwun aku marang rama, kabaré nganggo ngaturaké kesagahan arep mulang aku bab nulis sarta lija-lijané kaja ana ing pamulangan. Nanging tibané ora ana kang netes.

Aku ija sinau sabukan barang. Sabukaku kentjeng tur singset, marga kepéngin mbangkèk, sarta manèh perluné njuda krasané luwé. Jèn bengi paturonku ana ing kamaré kangmas. Ing kono ngisoré ana : klasané.

Kangdjeng nalika semana nggalih jasa srimpi rong prangkat : saprangkat wadon, saprangkat lanang, mapat-mapat. Aku didawuhi kangmas : manawa ana karsané kangdjeng aku ingandikaké dadi srimpi, aku gelema. Aku ija njaguhi, ora nganggo mikir kedadéané sarta ora ana krasa isin. Ana botjah kantjaku punakawan sidji aran Mas Achmad, putrané swargi bapak Mangunarsa, ija dipilih, ditjalonaké. Nanging ora gelem, sebab santri tjilik mula.

Aku sida dipilih sarta sida gelem. Sandanganku banget ora kopèné, djaritku mung sing enggoné anggawani embok baé, garapané kasar sarta ala tur wis bawuk. Bodoku semana nganti bisa krasa utawa ngreti jèn iku ala. Nanging aku ora ngresula, ora ngredatin sarta ora duwé karep ndjaluk menjang embok utawa njuwun marang rama. Karo déné manèh ora duwé pangarep-arep olèh saka sapa-sapa. Dadi mung apa anané, iku dakanggo, tanpa pikir mengkèna lan mengkéné. Iku mestiné ija kegawa saka ketulé pikirku.

Kelakon srimpi wadon diwulang. Lebar wadon bandjur lanang. Tutug djam 12.— bubar, mangsané dahar. Mengkono iku saben soré. Wiwit aku gelem dadi srimpi rada kerep olèh pangandika saka kangdjeng, kang pantjèn aran ketudju déwé. Mauné mung saka katut kangmas aku sok kesruwé, sabab kangdjeng priksa, jèn kangmas tresna marang aku, mulané kangdjeng ija kudu katut katon tresna marang aku.

Sega tjadongku diundaki setitik, lawuhé ija wuwuh. Kangdjeng déwé sok maringi panganan marang aku, arupa gedang gorèng setugel nganggo gula pasir. Manawa penggalihé pinudju dangan, gedangé sidji wutuh, mung ditjuwil setitik. Nanging aku dèk samana ora rumangsa tanpa sih.

Bab pasinaonku ndjogèd sadjaké katon unggul, kantjané lanang-lanang wanguné bobrok kabèh. Saben ana srimpi wadon lara, lunga utawa alangan lija-lijané srimpi lanang libur, awit aku dibandjelaké marang srimpi wadon. Lawas-lawas bandjur tetéla jèn srimpi lanang ora bisa dadi sarta ora ngremenaké. Déné srimpi wadon sing sidji lara presasat adjegan. Mulané srimpi lanang disuwak, srimpi wadon didadèkaké, saben soré ambal ping pindo. Aku adjeg dibandjelaké. Srimpi

kang lara mariné lawas, karo embuh sababé teka ora bali-bali. Kirakira pandjogèdé mung dibandjelaké pendak aku lara baé.

Botjah-botjah wadon sing sinau srimpi iku kabèh wus pada wijajah, sok éplak-éplèk, sarta sregep ngindjen botjah lanang. Aku ija katut diindjen. Nanging sarèhné aku boḍo utawa ora Djawa, mulané sepi banget ing tanggap. Jèn soré salah sidjining srimpi wadon mesti kudu ngulungaké sampur marang aku. Menawa arep ngulungaké pada irèn, nanging endi kang ketiban denggung, mangkaté semuné kanthi bungah. Senadjan kaja mengkononé, pangrasaku durung tau aku guneman saketjap-ketjapa karo srimpi mau, sarta temen aku ora sembranan setitik-titika.

Dèk semana wetengku wis wiwit tjilik, takkira saka kurang mangan, tur wajahé mangan lungsé. Karo manèh, amarga dak-olah, dak-sabuki kentjeng banget. Wiwit dèk semana kiraku awakku dideleng rada katon ngresepaké. Kedjaba wetengku mari gedé, awakku rada resik. Daging ing awak isih nedeng-nedengé, watara umur patbelas taun. Tjahja isih padang-padangé. Polataku ora mbesengut. Dadi mungguh awakku awudjud kaju, kaju sing oleh sipatan seraté alus, nanging kajuné pantjèn dudu kaju tjendana. Olèhku bisa ngarani mengkononé iku mau kabèh saka gunemé wong setitik-titik, dak anggit-anggit bareng aku wis tuwa. Kangdjeng wanguné sengsem banget marang djogèdku.

Ana ing pasuwitan mau kang aran pasowanku mung manawa kangdjeng lenggah ana ing buri. Dunungé pendak karo busana. Palenggahan ing buri mau awangun pendapa. Kala-kala kangdjeng tjok rada matjokaké aku marang botjah wadon mungsuhku perang. Sepisan rada banget, mengkéné : kangdjeng lenggah ing pengkeran ana ing tengah, aku ana ing pinggir kulon, mungsuhku perang ana ing pinggir wétan. Dadi adoh banget karo aku. Ananging linggihku, lenggahé kangdjeng, lungguhé mungsuhku iku kapinudjon dadi sagaris. Kangdjeng mriksani aku, nuli mriksani mungsuhku, bandjur priksa jèn lenggahé mau ana ing tengah-tengah bener, bandjur mundur karo ngen-dika sarta gumudjeng : „E, olèhku linggih iki mau ngaling-ngalingi !”

Sepisan aku arep dipanganggoni tjara wadon. Kamas Surana nuli mangsit aku, menawa aku dipenganggoni tjara wadon, gelema. Aku ija nginggihi. Bareng kangdjeng ndangu aku, aku ija njendikani, ora nganggo mikir apa-apa. Baréng tibané arep dipenganggoni tjara wadon, aku katimbangan menjang pengkeran, ing tengah, dadi ana ing papan palenggahané kangdjeng utawa kang ibu. Wong wadon pirang-pirang pada teka ing enggonku. Déné kang menggedèni : kalangenané swargi kangdjeng pangèran. Ana kang ngutjuli klambiku, ana kang mbukak iketku, ana kang ndjupuk djungkatku, ana kang meḍaki. Nalikané iketku dibukak, katon djungkatu sungu tur ala. Nalikané aku didjungkati, digelung, diwedaki awakku utawa dipupuri, ditapihi, mestiné kantjaku srimpi ija ndeleng kabèh. Nanging aku ora weruh rupané, sebab aku ana ing padangan, ing mangka kana ana ing lelindukan.

Sangsaja dadi olèhé ndandani, aku sangsaja krungu pangalemé wong mau warna-warna, embuh saka pangonggrong, embuh saka temenan. Nanging tumibané menjang rasaning atiku, kaja-kaja temenan. Bareng wis rampung aku nampani sampur, bandjur metu ndjogèd.

Dèk semana pangrasaning atiku, kang pada didjinggleng prasasat mung aku, awit akèh kang dirasakaké. Déné solahku ndjogèd mau bisa médoki banget. Lebar ndjogèd ambal ping pindo, wis djam 12.— be- ngi, kangdjeng dahar. Aku olèh tjadong dirampadi telung piring ngang- go iwak derkuku, embuh dara, sidji wutuh. Nanging ija mung sepisan kuwi mengkono.

Ambalèni tjrita setitik. Kakang Djajèngprawira, adiné kakang Kramapawira nalika semana dadi magang Kabupatèn. Sadjroné aku ndjogèd matjak tjara wadon mau, kakang Djajèngprawira iku ngun- djukaké lajang marang kangdjeng njuwun tapak asta, didangu mang- kéné: „Kuwi sapa?” Ndangu mangkono iku karo nudingi aku. Sa- wusé aku ditamataké rada suwé, bandjur mundjuk: „Ngapunten da- lem, kados kagungan dalem srimpi énggal.” Bareng didawuhi jèn aku, bandjur ditamataké, saking kagété, presasat nggeblak.

Esuké nganti tekan awan wanguné wong-wong isih pada ngungun éling marang malihé rupaku dèk benginé. Dadi kerep nggunem ngra- sani aku. Awan iku mau seraté penju kangmas Surana ndikakaké maringaké marang aku. Kamas olèh paringan manèh, gedé sarta be- tjik banget, watara rega fl. 10.—

(Serat pèngetan. K.w. Pusaka Djawi).

IV. PAMARSUDINING KAWRUH BASA INKGANG MLÈSÈD

Ing dusun-dusun utawi ing pondok-pondok terkadang wonten tijang ingkang ahli negesi tembung. Ingkang kaanggé lelandesaning negesi: *swaraning paketjapan*. Tijang-tijang ing sadjadaripun, me- nawi mireng anggènipun negesi tembung-tembung wau sami gumun sarta ngalem dateng kawasisanipun tetijang ingkang mekaten wau. Ingkang dipun gumuni, anggènipun trampil, sarta ketingal trep, utawi mañis, tjotjog kalijan kawontenanipun. Tjoba kapriksanana:

- | | | |
|--------------|---|--------------------------|
| (wong) tuwa | = | untuné dawa-dawa. |
| (wong) tuwèk | = | untuné dèwèk-dèwèk. |
| tjangkir | = | nantjang pikir. |
| wédang | = | gawé kadang. |
| wangsalan | = | njawang angsal-angsalan. |

Tjara negesi mekaten punika nglantur-nglantur tanpa pedot. Se- tunggal-tunggaling tembung dipun tegesi, kaèmper-èmper sagedipun radi mañuk kalijan kawontenanipun. Upami wonten ingkang pitakèn mekaten: „Lah batur punika tegesipun kados pundi?”

- | | | |
|-----------|---|--|
| Wangsulan | : | „ <i>kebat</i> , jèn ana <i>pitutur</i> .” |
| Pitakèn | : | „Kok dipun kramakaken réntjang?” |
| Wangsulan | : | „Kuwi pantjèn ora réntjang, beneré <i>rintjang</i> ; jèn diiri, gantjang!” |

Mekaten tjaranipun. Menawi djuḍeg, ladjeng nglepataken dateng tembung ingkang sampun wonten. Dipun éwahi sekeḍik utawi kañah,

murih saged negesi. Dalah tembung mantja dipun tegesi mawi tjara Djawi. Kadosta :

Pitakèn : „Selènder punika tegesipun kados pundi ?”

Wangsulan : „Kuwi nèk selèn ora bunder.”

Mekaten punika sampun nékad sajektos, éwa semanten meksa dipun alem, amargi saking lantipipun. Kalantipanipun wau ladjeng sok dipun anggè paméran. Njoal dateng ingkang sami mirengaken : „Kowé apa pada weruh wong tuwa sok diunèkaké : gerang daplok ?”

Wangsulan : „Boten sumerep.”

Panggelar kawasisan : „Kuwi rak gampang baé : Gegeré kaja geger urang, dadané arep ditjaplok !”

Pitakèn : „Lah ajam katé, punika werdinipun kados pundi ?”

Wangsulanipun mawi notjogaken : „Pitik katé iku rak tjilik ta. Ija apa ora ? Dadi wis genah, prasasat wis ngarani. Pitik katé : mulané diarani mangkono, sebab tegesé : *èntèng pangangkaté !*”

Sampun-sampun, kula djudjug semanten kémawon. Mindak saja kepanjang-pandjang rembagipun. Bab tjara negesi ingkang mekaten wau, wonten ingkang mastani nganggé kawruh : *kératabasa*, wonten ingkang mastani : nganggé kawruh *djarwa dosok*. Wonten ingkang milah-milah mawi : *djarwa suta, djarwa sota, djarwa sita* ; sarta sanès-sanèsipun. Mangka saking kadjengipun tijang ingkang remen nganggé tjara mekaten wau anggènipun negesi mawi kawruh : etymologie. Para ahli basa ingkang sami marsudi basa sarana sinau, inggih marengaken, mekaten wau kawastanan miturut : etymologie, namung mawi dipun wewahi sekedik, dados etymologie-padusunan, utawi : volksetymologie.

Menawi wonten tijang kalih utawi tiga ingkang sami ngrungkebi tjara utawi ngélmü ingkang kasebut ing nginggil pinudju nglempak ing pedjagongan, punika sok ramé, gumjek, utawi udur-uduran. Semanten wau menawi gèsèh-gèsèh anggènipun negesi salah setunggaling tembung. Anggènipun merdèni pijambak-pijambak dipun wastani sampun trep, saé, utawi mañis. Déné anggènipun merdèni tijang sanès, dipun wastani kirang trep, taksih dèrèng mañis. Kados ta merdèni tembung „kursi”. Ingkang setunggal mastani : angger wong *mungkur, isi*. Setunggalipun : *ukur sidji*.

Mekaten ugi bab nama „salak”. Ingkang setunggal negesi : ngreksa galak, setunggalipun : seselané telak. Mekaten wau dipun udur, dipun bantah, ngantos gumjek, kénging kanggé isèn-isènipun pedjagongan. Ingkang mirengaken : wonten ingkang seneng, wonten ingkang boten patos remen, wonten ingkang pegel, kados mirengaken gramapun utawi radio tanpa muter.

Menawi wonten sedèrèk ingkang tlatos, karsa nglempak-nglem-pakaken tembung-tembung mawi dipun tegesi mekaten punika, kaðapur kados bausastra, ladjeng kakintunaken dateng *Panjebar Semangat* utawi *Kedjawèn*, bokmenawi saged ngindakaken lengganan, sebab ing ngriku pantjèn dipun wonteni papan kanggé lelutjon, temtu ingkang maos sami kaken wetengipun, amargi saking anggènipun anèh utawi lutju.

Wonten malih tjara negesi tembung kaurut saking ngadjeng sarta saking wingkinging tembung ingkang badé kadjarwakaken. Makaten

wau tumrapipun tembung Kawi utawi Mlaju utawi tembung mantja sanèsipun dipun ampjak kémawon kados tijang andjala.

Kados ta :

1). Ambek *para marta*. Para marta punika wontenipun ing basa Djawi ladjeng nggadahi teges pijambak, dipun sukani teges : ngapura, burus, namung menawi ladjeng dipun pilah-pilah anggènipun negesi, kapedot-pedot dados : para lan marta, punika sampun wiwit boten leres. Kedah saking parama kalijan artha”.

2). Asistèn Résidèn : Tembung asistèn dipun tegesi : bakal, dados asistèn Résidèn djarwanipun : bakal résidèn. Asistèn wadana : bakal wadana. Negesi mekaten wau sadléréngan sampun maʔuk sanget, sarta tumrapipun ingkang mirengaken inggih sampun adjeng, sebab moʔak-maʔuk. Namung ndjarwani ingkang mekaten wau boten awewaton kawruh, namung ngendelaken lepasing angen-angen kémawon. Ing batos mungel mekaten : wong pantjèn wudjudé bakal dadi résidèn, bakal dadi wedana, tembung a s i s t è n duwé teges apa menèh, lijané *bakal* ?

3). Ing Pamulangan Djawi wonten serat waosan tjara Mlaju, namanipun „Serba Neka” punapa „Empat Serangkai”, punapa „Dua Se-baja” kula kesupèn. Ing ngriku wonten ungel-ungelan mekaten : Lampu itu *pada galibnja* berisi minjak. Ngleresi Opsiner mriksa pamulangan, gurunipun ing ngriku nerangaken ungel-ungelan wau mekaten : lampu iku *ing blenduké* isi lenga. Anggènipun ndjarwani mekaten wau boten awewaton kawruh, namung ngendelaken „kinten-kinten”. Karutaken ukaranipun inggih mèmper. Namung boten andadosaken danganing opsiner. Ketawis manawi guru wau kirang marsudi. Anggènipun negesi namung ngaras-aras saking swaraning tetembungan : *galib*, swaranipun kok u l e m pantes menawi dipun tegesi : *blenduk* :

(K.w. : Pusaka Djawi).

V. BUSANANING BASA

Inggang kula wastani busananing basa punika tetembungan utawi ukara, limrahipun namung dados rerengganing basa kémawon, inggih punika, ingkang ing basa Welandinipun dipun wastani : beeldspraak. Beeld : djarwanipun : gambar. Gambar ing ngriku kadjengipun gambar utjap-utjapan sarana tetembungan, upami : tijang ingkang remen suka pangapunten, dipus wastani : djembar segarané ; djembaring manah kagambar kados seganten, ladjeng wonten tetembungan : *mugi karsaa andjembaraken seganten pangapunten* (anglubèraken seganten pangapunten utawi samodra pangaksama).

Tijang njenjanga barang awrat, boten saged sasekétjanipun kémawon, kedah ngatos-atos, boten kénging mirang-miring. Mila penda-melan, tetanggelan, sesanggèn, ingkang boten kénging ginagampil, sanès baèn-baèn, punika katembungaken : *boten kénging sinangga mi-ring*.

Bingah tuwin susah kagambar kados sandangan, inggih punika kaslëndang ing ukara : *bubuhaning manungsa kaslëndangan bungah lan susah.*

Ukara-ukara ingkang mekaten wau, ing basa Djawi kawastanan ukara saged ndjogèd. Ing ngandap punika panunggilanipun ukara ingkang saged ndjogèd, peñikan saking serat Pustaka Radja purwa :

Mijarsa pawartos pepekenan (bebaratan), saking asranging samirana, asraking ampuhan, lepasing gundala, bebasan : tutur kelantur, pawartos katular, udjar pinadjarakan djanma, tegesipun mireng pawartos ingkang dèrèng pinitados.

Delap kawula mugi kalilana anuwila-ganda, tembung ngawu-awu, lepata ing saru sesiku, déné kumawani (kamipurun) rumengkuh angraket krama dateng paduka. Sajektosipun kawula punika, tebih-tebih taksih kantenan prenahipun, lamat-lamat inggih ketinggal kukusipun (taksih kantenan tetaleripun), tegesipun : njuwun pangapunten déné kamipurun njenjebut raka, saéstu taksih sadèrèk, senadjan sampun tebih.

Menggah tijang nglairaken krenteging manahipun, pikadjenganipun utawi raosing manah, wontena ing pawitjantenan, wontena ing serat, sesaged-saged mesti murih tjeta, tètèh, luwes, manis, urut, boten worsuh. Awit saking punika pamilihing tembung-tembung kedah patitis, kedah runtut, mapan utawi lenggah, utaminipun resik.

Kedjawi mekaten, ingkang besus ing sastra ugi mawi tetembungan utawi ukara minangka rerenggan, supados sakétja tuwin nengsemaken dateng ingkang sami midanget. Tetembungan punika ingkang kula wastani : *b u s a n a n i n g b a s a.*

Busananing basa punika wonten pinten-pinten warni, wonten ingkang kanggé wonten ing pawitjantenan padintenan, wonten ingkang namung kanggé ing serat-serat, tuwin wonten ingkang kanggé ing padalangan. Ing ngriki ingkang kula tjarijosaken namung busananing basa ingkang kawastanan *pepindan.*

Pepindan punika tetembungan utawi ukara, ingkang njebutaken punapa-punapa, menawi dipun samèkaken utawi katanding kalijan sanèsipun, limrahipun mawi tembung : kaja, kadya, kados, lir, lan sapanunggilanipun. Kadjengipun ingkang nganggé tetembungan wau terkadang namung mewahi katrangan, terkadang kanggé njangetaken, terkadang namung kanggé rerengganing basa kémawon.

1. PEPINDAN INGGANG KANGGÉ PAWITJANTENAN PADINTENAN

Menggah tulaðanipun :

dledjag-dledjeg kaja adjudan ¹⁾). Irengé kaja minangsi ; anggepé kaja prijaji ; ketjuté kaja asem ; paité kaja brata-wali ; leginé kaja gula ; ambuné kaja batang ; djeroné kaja segara ; padangé kaja awan ; abangé kaja dubang ; akèhé kaja semut ; anggoné turu kaja batang.

Pepindan wonten ingkang dados paribasan, upami : tjar-tjor kaja wong kurang djanganan (tjlebang-tjlebung) ; kaja klinting disampar

¹⁾ pepindan punika méntjokipun tumrap kala djaman pepréntahan Welandi.

kutjing (djuwèh); kaja ketèk ditulup (lingak-linguk); kaja mimi lan mintuna (boten pisah); kentang-kentang kaja randaning bupati (boten padjeng sémah malih); dikempit kaja wadé (dipun pilala); bungahé kaja wong nunggang djaran èbèg-èbègan (tanpa taha-taha).

Pepindan-pepindan ingkang kasebat ing nginggil punika sami nganggé tembung „kaja”; boten sedaja pepindan makaten, wonten ugi ingkang tanpa tembung „kaja”, nanging mawi swanten swara irung, kadosta: „andami aking”; tegesipun: kados dami aking, panunggilanipun kadosta: ambanju-mili; ambata rubuh; njéla tjendani; andamar kanginan; nawon kemit; ngombak banju.

2. PEPINDAN INKGANG KANGGÉ ING SERAT-SERAT

Ing serat-serat katah pepindan ingkang ing pawitjantenan boten naté kanggé. Kadjengipun pepindan wau wonten ingkang mewahi tjetanipun ingkang dipun tjarijosaken, dados katingal gawang-gawangan, wonten ingkang kanggé njangetaken. Déné limrahipun dados rerengganing basa. Awit saking punika serat-serat ingkang katah pepindanipun serat waosanipun tijang sepuh, langkung malih serat-serat ingkang mawi sekar.

Ing ngandap punika pepindan-pepindan ingkang asring kanggé ing serat-serat gantjaran, tuwin ing serat-serat ingkang mawi sekar:

Wutahing wadya bala kadya trunaning udaja, kadya samodra kinibur; kang putih kumpul pada putih kaja kuntul neba, kang abang kumpul pada abang kaja gunung kobar (kaja kembang palas), kang ireng kumpul pada ireng kaja dandang reraton, kang kuning kumpul pada kuning kaja kepodang reraton; ingkang séta kadi kuntul saketilumrang; ingkang abrit kadi wana katunu. Busana manéka warna kadya sekar ing udyana; tandangé kaja wong mendem gendjé; suraking bala kaja ampuhan; awaké andedel kaja diububi. Raosing manah kados kasiram ing toja sawindu; bekosé lir sima lodra mangsa bebajangan; polahé kaja manuk sikatan; kaja wangan mungsuh segara; pangamuké kaja sima arebut daging (kaja bantèng ketaton). Angkuhé kaja kumendur angadjawa²⁾. Kaja Kamadjaja lan Ratih. Pesating mimis kaja lintang alihan (kaja udan geni); Peteng kukusing obat kaja tatit sarawungan. Bungahé kaja nemu inten sagunung. Gumuruh wadya wurahan lir kotjaking samodra (lir hérnawa bentar). Kèhing djanma maledug lir gunung kapuk. Nglumpruk lir kapuk. Budiné lir menjan kobar. Paguting tinggal gapjuk lir kupu tarung. Tandangé kaja gadjah meta (kaja djangkrik mambu kili). Polahé kaja prendjak tiambalabar lir samodra tanpa tepi. Gumuruh swaraning gubar lan bèri kadya ambelahna langit. Kèhing pepati kaja babadan patjing. Para putri sirep kabèh kaja iwak tinuba. Prigelé kaja kedasih njampar banju. Mujesting ronronan kaja rerengganing gelung. Sumbaré kaja bisa tungna wesi gligèn. Gilapé kaja njuremna soroting srengéngé. Senggaké ngedasih. Ombaké ngembang glagah. Getingé tandes ing balung.

²⁾ ugi kados no. 1.

3. PEPINDAN INKGANG KANGGE ING PADALANGAN

Ing padalangan katah sanget pepindan ingkang namung dados rerengganing basa. Tembung-tembungipun sanès tembung limrah, kapingilih ingkang pèni utawi kawi, kadosta :

„Duka” katembungaken mekaten : lir sinebit talingané, djadja bang mawinga-winga (asumung-sumung, lir sinetjang, lir wora-wari), kadya bel metu dahana, sarira mangutug kadya agni, nétra andik angatirah (angondar-andir), kumedud padoning laji, kang idep mangada-ada.

Kula nuwun Sinuhun, wonten ing djawi guguping manah kula kados tinubruk ing mong tuna, sinamber ing gelap lepat, upami kambengan salamba pinandjer ing alun-alun sakelangkung kumedjot kumitir tjaruk awor rumaras. Sareng sampun wonten ngabjantara dalem, boten anggadhahi manah ingkang kumarasan.

Kinanda, jata Srinata ingkang kondur angadaton, kèndel wonten plataraning srimanganti, amengkeraken warana, angadjengaken régol dana-pratala. Srinaréndra sarwi aningali rerengganing gapura, putjak sinung kumala sawohing djenggi agengé, inebing gapura gedah tinulis Sang Hjang Kama-Ratih, jèn menga kadi bédang asemajan, jèn mineb kadi pengantèn kepanggih.

Kinanda sireping gara-gara, ana mas tiba saking wijati, jèn emasa mas képon, jèn slakaa slaka tjèlèng. Sinten ta ingkang melik-melik kadya dingklik, mentjorong kadya gencong, ora maido tédjané bendarané, ija Kjai lurah Semar.

Lampah dadap anor raga ngrepèpèh kadya sata mrijembada. Dasar satrija bagus, rinengga ing busana, sasat Hjang Asmara angédjawantah.

Wanodya nedeng diwasa aju warnané, rinengga ing busana, amimbuhhi raras-aruming nétya kadi murtja kinedèpna.

Pranjata sri naréndra sirna kamanungsané, sasat sang Hjang Brahma angédja wantah ; rep sidem premanem ing paséwakan, tan ana bawané walang ngalisik, sanadyan gegodongan tan wonten ébah, kénging pangaribawaning naréndra, namung swaraning pandé gencong, kemas, ingkang taksih sami njambut karja, imbal raras jajah lir pradangga (mandaraga).

4. PEPINDAN INKGANG KAWASTANAN „TJANDRA”

Ing basa Djawi wonten pepindan ingkang dipun wastani : „tjandra”, punika ugi tetembungan utawi ukara ingkang njebutaken punapa-punapa, kasamèkaken barang sanèsipun, limrahipun namung wonten ing gagasan kémawon.

Ingkang dipun tjandra limrahipun : 1) tijang ingkang saé ing warni, 2) kawontenan. (natuur, alam.)

1. Tjandraning tijang, punika pepiridaning warni :

- a) *Tjandra ingkang nganggé tembung* : „kaja, lir,” lan sanès-sanèsipun kados ta : tjahjané nglajung kaja rembulan, lurus kang salira kadi ingogotan, wadana kadya binubut, kadi gambar wewa-

ngunan, wenes idjo kang sarira kadya kentjana sinangling, wadjanja lir mirah (mutyara) sinundukan, sinomé lir lunging pakis kababatan, untuné rata putih lir ombaking warih, kang tjahja lir basanta.

- b) *Tjandra ingkang tanpa tembung „kaja, kadya,”* lan sanès-sanèsipun, kadosta : kuningé nemu giring, pundaké nradju emas, batuké njéla tjendani, aṭi-aṭi ngudup turi, rambuté ngembang bakung, rambuté ngandan-andan, untuné amidji timun, pipiné andurèn sadjuring, lambéné anggula satemplik, lengen anggandéwa gading (anggandéwa pinentang), lémbéhané amblarak sempal.

Pepindan-pepindan „tjandra” ing nginggil wau sedaja boten kénging dipun éwahi (dipun anggit). Kedjawi mekaten, menawi kamanah-manah mula bukanipun utawi sebabipun, asring boten andungkap, upami :

Batuk saé katjandra : njéla tjendani. Punika kados pundi sebabipun déné kasamèkaken kalijan séla tjendani, boten kasumerepan, punapa waradinipun, punapa lumeripun ? Mekaten ugi tjandra utawi pepindan-pepindan sanèsipun, upami : Kaja wangan mungsuh sagara, budiné lir menjan kobar, paguting tingal gapjuk lir kupu tarung, pangungrumé lir bremera ngisep sari, pipiné andurèn sadjuring.

2. *Tjandraning kawontenan :*

Punika limrahipun njarijosaken punapa-punapa, sarana katembungaken utawi kaèmper-èmper kados tijang, kadosta :

Sesendonan senggal-senggak atri,
obahira tjemara ing arga,
kadi kajungjun éstané,
mring para sura wadu,
kaju manis singub kaèksi,
sinomira ngrembaka,
lengeng éstanipun,
lir kadya bisa ngutjapa,
anambrama arum ingkang anjar prapti,
gumlar ing wana-wasa. (Wiwaha Djarwa).

Tjandra ing nginggil punika wonten pepindanipun : ébahing wit tjemara kados kasmaran, ron kados-kados saged ngutjap, kados ambagèkaken para widadari.

Peṭikan saking serat Bratajuda tjekakan :

„Sakatahing kalangenan urut margi, ingkang dipun ambah prabu Kresna, semunipun sami prihatos, ébahipun godonging wit waringin semunipun kados tijang djaler kasusahan, amar-èmpiripun kados ngadjeng-adjeng énggaling rawuhipun prabu Kresna. Baunipun ing gapura kados badé njembah ingkang rawuh. Epanging wit tjepaka sapinggiring margi katempuh ing angin, semunipun kados astanipun Déwi Banu-

wati angawé-awé apitakèn dateng prabu Kresna, punapa Radèn Ardjuna andèrèk. Swaraning ratanipun sang nata, sarta gebjaring sesotya rerengganipun, kados anjauri sarta angudjiwat dateng ingkang pitakèn.

Wondéné sauripun : „Si Djanaka ora milu ngiring, isih kari ana ing Wirata, kadang-kadangé sidji ora ana sing milu !” Epang kanginan èmperipun kados tijang méngo, boten kadugi ing wangsulan wau, awit Radèn Djanaka boten ndèrèk dateng nagari Ngastina andjabel nagaripun. Sekar-sekar ing margi èmperipun kados badé rentah ing djurang, wit-witan ingkang wonten ing pinggir margi katempuh ing angin, gondongipun abosah-basih, semunipun kados tijang prihatos, déné Pandawa boten wonten tumut

Tjandraning kawontenan wau kénging kaanggit.

5. PEPINDAN INKGANG KAWASTANAN SANÉPA

Ing basa Djawi wonten tetembungan ingkang kawastanan : sanépa, punika ugi pepindan, nanging wonten bédanipun sawetawis, inggih punika njebutaken punapa-punapa, katanding kalijan sanèsipun, nanging langkung saking ingkang dipun upamèni (upamèkaken), upami : èsemé pait kilang, èsem katanding kalijan kilang, kilang kaanggep pait, taksih legi èsemipun, tegesipun : èsemipun manis sanget.

Sanépa sanèsipun kados ta : èsemé pait madu, tingalé pait madu (kilang), ambuné arum djamban, tatuné arang krandjang, rindik asu digitik, renggang gula kumepjur pulut, landep dengkul, bening leri, londjong botor (mimis), tjumbu laler.

(Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inkgang ngimpun R. L. Mellema.)

VI. PÈNGETAN ADJALIPUN MAS NGABÉI WIRAPUSTAKA

Nalika dinten Senèn Wage kaping 1 Pebruari 1926 wantji djam 8 éndjing, Mas Béi Pradjapustaka, Panéwu-garap Kapatihan Surakarta ingkang sampun pensiun atilar donja, dumugi umur 86 taun (taun Djawi).

Para maos bokmanawi kañah ingkang katambetan dateng Mas Ngabéi Pradjapustaka wau. Mas Ngabéi Pradjapustaka punika bangsa Djawi ingkang marsudi kasusastran Djawi, kañah serat-serat anggitanipun ing bab kasusastran Djawi, tuwin tjarijos gantjaran, punapa déné serat anggitanipun sardjana sudjana ingkang kawedalaken, sarta sumebar ing ngakatah.

Serat anggitanipun pijambak : *Parama basa, Urap sari, Warna basa, Tembung betjik, Rangsang Tuban, Tata tjara, Pañi basa, Hariwara*, sarta taksih wonten panunggilanipun malih. Inkgang dédé karanganipun pijambak, sekar-sekaran : *Burat wangi*, sarta sapanunggilanipun malih taksih kañah, punika ingkang ngedalaken Mas Ngabéi

Pradjapustaka. Nguningani dateng serat-serat punika, pandjenengan bokmenawi ladjeng terang sinten Mas Ngabéi Pradjapustaka punika, ing ngadjeng nama Mas Ngabéi Wirapustaka, saha nalika taksih mardika nama Ki Padmasusastra.

Djaman alitanipun Mas Ngabéi Pradjapustaka dèrèng djaman pamulangan, nanging wiwit ngumur 6 taun sampun pinardi ing sastra dateng bapakipun, dumugi ngumur 9 taun saged maos sarta njerat Djawi tuwin Melaju (Latin). Djaman semanten dados pangéram-éram tuwin adamel gawoking akatah. Umur 9 taun wau dipun sèlèhi kaleng-gahaning bapa dados mantri gedong kiwa anama Mas Ngabéi Kartadirana, dipun parabi Gus Béi.

Ngumur 19 taun minggah pangkat dados mantri sadasa (panéwu djaksa anèm) nama Ngabéi Bangsajuda. Saladjengipun kapetik njambut damel ing Kantor Kapatihan. Wusana sareng sampun sawetawis taun minggah dados panéwu djaksa gedong-kiwa anama Ngabéi Kartipradata. Watawis ngumur 43 taun kèndel anggènipun dados abdi dalem, dados tijang mardika, nama Ki Padmasusastra.

Samanten Ki Padmasusastra dipun kanthi tuwan van Der Pant, guru ing pamulangan Gymnasium ing Betawi, kapurih nenuntun tèhèng paketjapan Djawi sesaminipun ing bab basa Djawi. Wiwit samanten Ki Padmasusastra alihan gegrija ing Betawi, sarta ladjeng srawungan kalijan para sardjana bangsa Eropa. Awit saking punika katetangi manahipun marsudi basa Djawi. Berkating taberi sarta tlatos ing pangudinipun kasembadan ing sedyaladjeng sumerep dateng alang udjuring basa Djawi.

Inggang kaping kalih Ki Padmasusastra dipun kanthi dateng tuwan Walbeehm, wasana dipun kanthi tuwan de Nooy. Nalika tuwan de Nooy perlop dateng nagari Walandi, ki Padmasusastra kaadjak. Wonten ing nagari Walandi Ki Padmasusastra kirang djodo hawanipun, kasrepen, ladjeng ketjandak ing watuk, mila boten dangu énggal mantuk dateng tanah Djawi. Éman sanget namung sabrèbèt durèn wonten ing nagari Walandi.

Wangsulipun saking negari Walandi, Ki Padmasusastra ladjeng tetep mantuk dateng Surakarta. Wiwit titimangsa punika Ki Padmasusastra ladjeng malebet dateng pabarataning djurnalis, dados djuru ngarangipun serat kabar „Djawi Kanda”; kala samanten ketinggal ramé djagading serat kabar. Kedjadi dados djuru ngarang ing serat kabar, inggih ngedalaken serat warni-warni, anggitanipun pijambak, sawenèh anggitanipun sardjana sudjana ingkang inganggep dados, dwidja waranipun, kados ingkang sampun kapratélakaken ing nginggil. Serat-serat anggitanipun Ki Padmasusastra pijambak sami gantjaran, déning rumaos dateng iketaning kidung kirang, namung tumindak, boten timbang kalijan iketanipun gantjaran, pantjèn ngrumaosi boten kedasaran dateng kidung.

Nalika Kangdjeng Radèn Adipati Sasradiningrat ingkang kaping IV (sumaré ing Imagiri), jasa bibliotik winastan Radya Pustaka ing taun 1899, ingkang tinangganah njepeng Ki Padmasusastra, kapangkat mantri. Wiwit semanten Ki Padmasusastra wangsul dados abdi dalem malih, kapatedan nama Wirapustaka. Kedjawi nglempakaken serat tuwin ngimpun kawruh² Djawi, samanten awit saking usulipun Mas

Ngabéi Wirapustaka, Radya Pustaka ngedalaken tijdschrift (kalawarti) Djawi, ngewrat kawruh-kawruh Djawi, nama Sasadhara, kalijan Tjandra kanta, ingkang dados djuru ngarang inggih Mas Ngabéi Wirapustaka. Sarta ing pawingkingipun ingkang kawedalaken pijambak: Waradarma. Sasadhara serat kabar wulanan Djawi ingkang rumijin pijambak, kapétang dados kadang sepuhipun Pusaka Djawi.

Nalika taun 1920 minggah pangkat dados abdi dalem panéwu garap, kapatedan santun nama: Ngabéi Pradjapustaka. Mas Ngabéi Pradjapustaka sampun sepuh sajektos, kekijataning badan suda katah sanget, nanging kataberènipun njerat boten suda, pamanahipun dateng basa Djawi boten kemba. Awit saking taksih kanggé ing damelipun, mangka kagalih sampun rekaos ing lampah, Nagari paring parimirma kalilan boten sowan, kaðawuhan njambut damel ing grija. Salebetipun taun 1924 Mas Ngabéi Pradjapustaka nandang sakit rekaos, winimbasa dateng putu-putunipun ingkang sami dados dokter. Kabekta saking sampun lungsé ing umur, sareng sampun saras, sampun boten saged tumindak njambut damel. Saking keparengipun Nagari ladjeng kapènsiun. Dumugi tilar donjanipun wau boten wonten antawis sangetipun.

Karangan tetilaranipun Ki Padmasusastra mèh sadaja nudju kabetahaning ngakatah. Déné ingkang pinèngetan dados tetunggulipun:

1. *Bau sastra Djarwa Kawi*, nisihi bausastra anggitanipun tuwan C. F. Winter (kaudal sarta kawewahan saking serat Kawi warna-warni).
2. *Ensiklopèdi Djawi kawerdénan Djawi*, kanamakaken *Bau-warna*, émanipun saweg kaetjap setunggal djilid, aksara „ha”. Kaping kalhipun déné dèrèng angsal bijantunipun para sardjana sudjana. Ensiklopèdi dédé jasan tjlimèn-tjlimènan, sagedipun samekta dados primbon, sarta boten mangsulaken pitakènan kedah kaembat ing para sardjana awarni-warni golongan.
3. Utjal-utjalan *bausastra Djawi: Gericke — Roorda* kawerdénan basa Djawi, tjalon dados bausastra Djawi-Djawi, ingkang dados pangadjeng-adjenging ngakatah. Émanipun dèrèng ngantos rampung, saweg dumugi aksara „nja”, nunten ginandjar sakit, kaladjeng boten saged angladjengaken.

Ki Padmasusastra anggèning kapatedan santun nama Mas Ngabéi Pradjapustaka dèrèng nama lami, anggitanipun sami keladjeng katjirènan nama lami, mila ing wingking aruming nama anggènipun dados sesuluhipun basa Djawi. kaanggé sekar lajinipun para marsudi basa Djawi, kasebut *Ngabéi Wirapustaka*, utawi *Ki Padmasusastra*.

(Pusaka Djawi)

VII. WULANGAN MAOS DJAWI ING ABAD KAPING XIX

Nalika dèrèng katah pamulangan kados ing djaman sapunika, anak-anakipun para prijantun, jèn sampun umur kalih welas dumugi nembelas taun, limrahipun dipun wulang maos bapakipun pijambak, utawi kapasrahaken sanak sedèrèkipun ingkang saged maos.

Namung patrapipun amulang maos para bapakipun laré ing dja-

man samanten, béda sanget kalijan ing wekdal sapunika. Awit saking serat-serat ingkang kanggé gegaranipun mulang maos dèrèng wonten. Sanadjan sampun wonten satunggal kalih, nanging para sepuh dèrèng sami priksa, déné ingkang dipun anggé mulang mendet saking serat-serat waosan mawi sekar matjapat ing sagadahanipun, kados ta Serat Ménak, sapanunggilanipun. Punika dipun pendet sapada utawi kalih pada ingkang dipun remeni, ladjeng kapurih ngapilaken dateng laré dalah sasekaripun, kadamel ura-ura. Inggih katuntun dalah sasekaripun. Menawi sampun saged ura-ura sapada, ladjeng kawewahan sapada malih santun sekar, urutanipun inggih botenurut, namung manut sasengipun kémawon, wonten ingkang wiwit saking sekar Sinom, sekar Pangkur, tuwin sanès-sanèsipun.

Déné patraping anggènipun tijang sepuh mulang dateng anak makaten : laré kapurih anirokaken anggènipun ura-ura. Upaminipun seratipun *Serat Ménak-laré*, punika ingkang limrah karumijinaken sekar Sinom, inggih punika :

Tuhu panguntjanging sukma,
Kalana Djajadimurti,
solahira anèng taman,
tamanira sri bupati,
samana duk upeksi,
naga geng tutuk manguntur,
buka sri kanantéra,
sisik kumala rinukmi,
apan arsa mijat tutuk naga praba.

Manawi sampun apil saha sampun mantun dipun tuntun, inggih ladjeng dipun wewahi sapada malih urutanipun. Mila makaten djalaran kamanah manawi namung sapada punika kémawon seratanipun dèrèng pepak, pamulangipun inggih kados ingkang rumijin. Manawi kalih pada punika sampun apil sajektos, tandanipun : sampun saged ura-ura pi-jambak, angglènggèng njekar „Sinom” laré ladjeng kasukanan uran-uran apilan malih, nanging santun sekar. Santunipun wau inggih sase-nengipun ingkang sepuh. Déné ingkang limrah kasantunaken inggih punika sekar Dandang - gendis, mendet saking tjarijos : lelabetanipun Patih Suwanda, pathipun prabu Sasrabau ing nagari Maèspati, inggih punika uran-uran ingkang dipun senengi tijang kawah dumugi sapunika, makaten :

Jogjanira kang para pradjurit,
lamun bisa samja anulada,
kadi nguni tjaritané,
andelira sang prabu,
Sasrabau ing Maèspati,
aran patih Suwanda,
lelabuhanipun,
kang ¹⁾ kinelun tri prakara,
guna kaja purun ingkang dèn antepi,
²⁾ Suwanda trah utama.

¹⁾ ingkang limrah : ginelung.

²⁾ " " : nuhoni trah utama.

Uran-uran punika inggih ladjeng kapurih angapilaken malih. Pannuntunipun inggih saking sapada lingsa, awongsal-wangsul kados ingkang sampun. Menawi sampun apil, pamulangipun wonten ingkang dipun wewahi sarana santun sekar malih, wonten ingkang dipun kèndeli. Wewahipun kaangkah ing tembé kalijan mlampah. Manawi ingkang mulang saged njerat, uran-uran wau inggih kaserat, ladjeng kaanggé mulang. Menawi ingkang sepuh wau boten saged njerat, inggih ladjeng seratipun kémawon ingkang kadamel mulang, patrapipun mulang makaten :

Tijang sepuh : „Tolé, iki lo lajangé kang muni kaja apalan mau, mara delengen !”

Laré : „Inggih.”

Tijang sepuh (kalih-kalihipun sami nganggé tuding, sada sasaminipun) : „Iki kang muni „*tuhu panguntjanging sukma*”, saandegan iki diarani : sapada lingsa. Padané lingsa : *iki*, (kalijan nudingi pada). „*Tuhu*”, kang muni „*tu*”, iku djenengé aksara „*ta*”, „*Hu*”, iku aksara „*ha*”, tenger kang mangisor iki („*u*”), djenengé sukun, utawa suku. Titènanana, sakabèhing aksara, kang disandangi „*suku*”, uniné „*u*” (metjutju). „*Ta*” disuku : *tu*. „*Ha*” disuku „*hu*”, sapituruté. „*Panguntjang*”, tenger (*u*) iki djenengé sandangan „*tjetjak*”. Sakabèhing aksara kang ditjetjak iku uniné „*ang*”, mangap. Dadi „*pa*” ditjetjak uniné : „*pang*. „*Ta*”, „*tang*”, *ha*, „*hang*”. Nguntjang iki djenengé aksara „*nga*”, disuku, jèn disuku baé uniné ija „*ngu*”; nanging rèhne uruté iku ana aksara tumpuk, kang duwur iku djenengé aksara „*nja*”, nanging mati. Dadi „*nga*” disuku mau matèni „*nja*” uniné „*ngunj*”. Kang ngisor iku djenengé pasangan „*tja*”. Sakabèhé pasangan, uniné pada baé karo aksarané. Pasangan „*tja*”, iku ditjetjak, uniné „*tjang*”. „*Nging*” iki aksara „*nga*” manèh. Sandangan ana ing duwur aksara, bunder tjilik, iki djenengé wulu, mangka ditjetjak. Dadi „*nga*”, diwulu-tjetjak, uniné „*nging*”, jèn „*ta*”, ija „*ting*”.

„*Sukma*” : Iki djenengé aksara „*sa*”, disuku, nanging uruté ana aksara tumpuk manèh. Kang duwur iku mati, djenengé aksara „*ka*”. Dadi kang disik iku aksara „*sa*”, disuku, matèni „*ka*”, uniné „*suk*”. Kang ngisor iku djenengé pasangan „*ma*”, uniné ija „*ma*”.

Kados makaten pamulangipun, saben angsal sapada lingsa dipun kèndeli. ngantos laré saged ngédja pijambak, saweg dipun warahi sapada malih, saladjengipun.

Sinau maos mawi lampah kados ing nginggil wau ingkang katabah ing dalem 6 wulan kémawon laré sampun saged njerat. Déné para laré anggènipun saged njerat punika inggih namung saking madjenging manahipun pijambak, uran-uran wau katurun, wongsal-wangsul. Déné tijang sepuh awis ingkang saged nuntuni patrap-patrapipun njerat, djalaran inggih boten saged njerat pijambak.

Wonten malih tijang sepuh mulang maos mawi lampah sanès, makaten : laré kasumerepaken aksara legena, sadjangkepipun 20, inggih punika tjarakan „*ha na tja ra ka*”, saladjengipun dumugi *nga*, punika kapuriha ngapilaken walikanipun : *nga ta ba ga ma*, saladjengipun dumugi „*ha*”, manawi sampun apil, ladjeng kawulang pasangan, ugi sadjangkepipun. Ladjeng kawulang sandangan, limrahipun saking

wulon : hi, ni, tji, ri, ki, saladjengipun, ladjeng sukun : hu, nu, tju, ru, ku, saladjengipun : taling, taling-tarung, pepet, tjakra, wignjan, tjetjak, lajar, péngkal, keret. Ladjeng sandangan rangkep, wulu lajar, sapiturutipun.

Ing saben adjar, mawi ladjeng kapurih njerat, punapa ingkang kawulangaken wau. Manawi sampun saged sadaja sandangan, punika saweg kawulang pedjahan, ingkang rumijin pedjahan legena, ladjeng medjahi sandangan, saladjengipun.

Mulang maos mawi sarana réka makaten wau, samangsa sampun saged, inggih saged dalah panjeratipun, nanging ingkang katah boten saged njekar, danguning sagedipun inggih mèh sami kémawon. Nalika semanten tijang èstri satunggal kalih, inggih sampun wonten ingkang saged maos Djawi, nanging boten saged njerat. Déné sagedipun wau inggih namung saking getok tular. Para èstri ingkang kadereng kepéngin maos, ing djaman samanten ènetanipun inggih pantjèn sampun langkung, awit pijambakipun sampun anggadahi kepéngin maos serat-serat tjarijos, babad lsp. Déné ingkang sami dipun remeni, limrahipun serat *Ménak-laré*, *Ardjuna Sasrabau*, tuwin serat *Rama*. Manawi tjarijos purwa, namung serat *Parta krama*, tuwin serat *Tjèkèl*, nanging purunipun maos seru menawi sampun ngumur. Awit wekdal wau, para sepuh tuwin rajatipun, taksih dèrèng sami rena menawi wonten tijang èstri saged maos, awit kamanah temtu kadunungan watak tjalak, lantjang tuwin kumini.

Murih senenging manahipun para laré, ingkang saweg sinau ngédja, tijang sepuh wonten ingkang andamelaken uran-uran para laré, supados dipun apilaken, inggih punika adjaran angédja, sinawung ing sekar Asmaradana, kados ing ngandap punika :

- | | |
|-------------------------|----------------------------------|
| 1. Ha diwulu uniné „hi” | 2. Ha dipepet „he” kang uni, |
| ha dilajar uniné „har” | ha dikeret „hre” uninja, |
| ha ditaling uniné „hé” | ha taling-tarung muni „ho” |
| ha ditjakra uniné „hra” | pa keret „re”, ha tjetjak „hang” |
| ha péngkal uniné „hja” | nga lelet „le” uninja, |
| ha disuku uniné „hu” | re, le, dadi lirunipun, |
| ha diwignja uniné „hah” | ra lan la kang kapepetan. |

Kados makaten piwulangipun maos para sepuh ing djaman samanten.

(Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inkang ngimpun R.L. Mellema.)

VIII. WAWASAN BAB MEKARIPUN BASA DJAWI (I)

(Mawas Kados pundi kawontenanipun :
„Basa Djawi ing salebetipun 30 taun”.)

Kula nuwun, ing ngatasipun mawas, ébah-éwahipun basa namung kawatesan salebetipun 30 taun, punika kénging kawastanan satjlérétan,

awit saking tjijuting tjendéla ingkang dipun anggé ungak-ungak, tem-
tunipun inggih namung badé angsal sawangan njlingup, kirang bablas ;
saupami tjendélanipun dipun blakaken, sampun tamtu saged langkung
bawéra.

Kawuningana, umuripun basa punika pandjang sanget, sami ka-
lijan umuring bangsa ingkang nganggé basa. Lampahing basa tansah
mingsat-mingset manut ébah-éwahing pamikir saha raosipun bangsa,
runtut kalijan lampahing kamadjenganipun. Basa punika dados em-
bananing raos lan pikir, boten kénging jèn kapisahna, salampah djan-
traning raos lan pikir tansah binungkus ing basa. Saulah kriðaning
pikir, temtu kababar mawi basa. Basa ugi dados titikan kasusilaning
bangsa, amargi sadaja kabudajaning bangsa kénging winadahan
nganggé basanipun.

Sarèhné kamadjenganing raos lan pikiripun bangsa punika alon
sanget, amila lampahing ébah-éwahipun basa inggih alon, ngetutaken
lampahing kabudajanipun, saking alonipun, prasasat boten ketawis jèn
mingsat-mingset, ananging pundi wonten barang donja boten éwah-
gingsir, namung rikat (ngegèt) kalijan alon (boten ketawis).

Lampahing kamadjenganipun bangsa (evolusi-nipun) punika boten
kraos, boten sakedap santun, sakedap gantos, kados gambar hidup,
sontan-santunipun katingal tjeta, nanging kamadjenganing gesang
anggremit boten ketawis, baji ingkang dipun tungkuli saben dinten,
indakipun boten kasumerepan, mangké sumerep-sumerep sareng sampun
ageng, sampun lutju. Makaten lampahing kodrat.

Basa inggih makaten, ébah-éwahipun saben dinten boten ketawis,
sumerep-sumerep sampun santun. Upaminipun basa Djawi kina malém-
baripun dateng basa Djawi anjar, boten wonten tijang kina ingkang
mligi nijat mèngeti ébah-éwahipun basa saben dinten, ananging pun
basa tansah lumampah ngantos santun dados basa anjar kados sa-
mangké punika, boten sumerep.

Leres basa Kawi punika inggih basa Djawi, nanging kawontenan-
ipun sampun gèsèh sanget kalijan basa Djawi djaman samangké.
Tijang-tijang sapunika sampun boten wanuh, malah katah ingkang
mastani Kawi punika sanès Djawi, amargi tetembunganipun béda,
tataning panjerat inggih gèsèh, iketaning ukara ngalèr ngidul, amila
sanadjan Djawi sami Djawi, sampun boten gepok sénggol (asing).
Bokmanawi basa kina punika boten namung Kawi, malah kénging
dipun gagapi, saged ugi basa Djawi sadèrèngipun Kawi kinten-kinten
sampun naté wonten, dipun anggé gineman tijang Djawi klutuk sa-
dèrèngipun wonten bangsa-bangsa sanès ingkang sami mriki. Ananging
kados pundi sipatipun, tembung-tembungipun, paketjapanipun, sarta
laguning swaranipun, boten wonten ingkang sumerep, djalaran tijang
Djawi djaman samanten dèrèng saged njerat, dados boten damel tja-
tètan punapa-punapa, amila lelampahanipun sirna tanpa tilas, itjal
latjakipun. Inggih kala mangsa saged kepanggih namung balung-
balungipun, tjumplung sarta barang-barang damelanipun. Punika para
ahli barang-barang kina saged andugi-dugi umur-umuranipun, sarta
gesangipun nalika djaman punapa.

Jèn makaten njinau keahlian barang kina ageng sanget paédahipun amargi kénging kanggé nglatjak gesangipun masarakat kina, ladjeng saged kanggé mewahi tjetanipun serat-serat babad utawi babading bangsa. Makaten ugi para ahli basa kina, Kawi sasaminipun, inggih ageng sanget pigunanipun, amargi saged maos serat-serat tetilaranipun tijang-tijang kina, ladjeng saged sumerep lelampahan utawi kawruh-kawruh kina ingkang dipun simpen wonten ing seratan. Wasana inggih saged mewahi tjetaning babad kasusastranipun.

Basa ingkang sampun boten dipun anggé gineman, ngarang-ngarang, njenjañeti, kintun-kinintun serat, punika kawastanan basa pedjah, sampun boten éwah malih, tetep kados wontenipun ing seratan kémawon, dradjadipun kados museum, dados pasimpenanipun kawruh-kawruh kina, babad tata tjara masarakat ingkang sampun kapengker, amila sinten ingkang badé ngawuningani punapa ingkang dipun simpen ing serat wau, kedah saged ambikak, inggih punika sarana njinau dateng basanipun, makaten punika ingkang minangka kuntjinipun. Sana-djan boten katah tjatjahipun para ingkang njinau jektos dateng basa kina, ananging wonten ingkang ngantos bontos, saged ngawuningani isi suraosing seratan-seratan kina pedjah, amargi inggih punika wau, sampun boten dipun pigunakaken déning umum.

Déné basa Djawi kados samangké punika nama basa gesang, sabab taksih sami dipun anggé gineman, pradjandjian, tetakèn, ngarang-ngarang, tetembangan, ngrumpaka sasaminipun; saged njampeti polahing gagasanipun masarakat, malah boten ngemungaken dipun anggé gineman tijang sami tijang kémawon, malah nglandjak dumugi dipun anggé dateng para lelembat, para roch, danjang, peri perajangan, déwa-déwa, nenuwun dateng Pangéran, inggih mawi basa ingkang gesang.

Basa gesang punika watakipun tansah éwah, amargi kanggé ngruntutaken lampahing raos lan pikir, soka raos lan pikir saja madjeng, saja mindak pinter, saja sugih kabudajan, basanipun ngetutaken. Inggih anggènipun saged ngetutaken sapari-polahing raos lan pikir punika ingkang nama mingsat-mingset ébah-éwah.

Ebah-éwah salebetipun 30 taun, punika ing ngatasipun kamadjenganing bangsa prasasat adjeg, dados dèrèng ketawis. Manawi nitik sawangan ing Djawi, gagraging sandang panganggé, wewangunan tjakriking grija dalah prabot-prabotipun, bédanipun sampun katah sanget, kawontenan makaten wau sampun madjeng, srawanganipun bebrajan sampun sanès, sadaja wau inggih sampun temtu aning djawi kémawon, ladjeripun dèrèng punapa-punapa.

Sampun temtu kebandjiran tembung-tembung mantja ingkang awujud tembung aran, tembung krija lss. Wonten ing basa Djawi ladjeng dipun anggé makaten kémawon, terkadang inggih dipun rimbag tjara paramasastra Djawi; jèn namung makaten kémawon dèrèng nama ngéwahaken dasaring basa Djawi, malah mindak terang ingatasipun tijang ingkang ngertos dateng tembung mantja wau. Mangké manawi sampun dumugi ngrembag bab risaking basa, badé kulu djèrèng sawatawis.

Mangsuli bab éwahipun basa, sarèhné namung kawatesan 30 taun, manawi kaétang mundur, dados kirang langkung ing taun 1923. Manawi sami kapareng njatitèkaken, sumangga kula aturi mriksa karangan wedalan taun 1924, ladjeng taun 1925 saladjengipun urut-urutan ngantos dumugi taun 1953, dèrèng kraos gèsèhipun, punapa bab dapaning ukara, punapa bab léléwanipun basa, taksih adjeg. Déné kala mangsa wonten ingkang boten kulina dateng basa Djawi, sareng gineman ladjeng nganggé tembung-tembung mantja kaslundhngaken wonten ing ukara Djawi, terkadang iketanipun tjéngkok ukara mantja, wontenipun ing ukara Djawi ketingal kaken utawi sanès ukara Djawi, punika meksa dèrèng kénging katetepaken ngrisak basa Djawi, tijang inggih kerep dipun akeni sadèrèngipun gineman, bilih tijang wau boten lebda dateng basa Djawi. Bab punika mangké inggih badé katut karembag pijambak. Déné tembung-tembung ingkang Djawinipun boten wonten, malah ladjeng langkung tjeta tinimbang dipun prusa kadjawèkaken. Rumijin naté wonten ada-ada badé andjawèkaken tembung ingkang sanès tembung Djawi, nanging ingkang pantjèn Djawinipun boten wonten, ladjeng dipun otak-atik, inggih punika : fiets (sepéda) dipun Djawèkaken : „pada jantra” inggih dados ger-geran, temahanipun inggih meksa boten gesang ; — menang pun *pit* utawi *sepéda*. Sanadjan kala mangsa wonten ingkang ngandika, „pada-jantra” sadjak namung kanggé gegudjengan ngémutaken nalika samanten.

Nalika ing taun 1923 bangsa Indonésia dèrèng lair, basanipun Indonésia inggih dèrèng wonten, lairipun basa Indonésia sareng kalijan bangsa Indonesia, kaot sakedik sepuh pun bangsa. Ananging suku-suku bangsa sampun wonten, sarta sadaja inggih sampun sami gadah basa pijambak-pijambak, nanging basa manut namining bangsanipun, kados : basa Sundha, tegesipun basa ingkang dipun anggé suku bangsa Sundha, basa Djawi tegesipun basa ingkang dipun anggé déning suku bangsa Djawi, makaten sapiturutipun, dados namaning basa punika manut namaning bangsa. Awit njatanipun inggih pantjèn sepuh pun bangsa tinimbang pun basa. Ing ngriki tetéla basa punika dados kapluaning bangsa, boten walikanipun, bangsa dados kapluaning basa.

Nalika tahun 1923 suku-suku bangsa wau taksih dados bangsa djadjahan. Soka bangsa punika dados djadjahan, tegesipun dados batur, gesangipun inggih kados gesangipun tijang dados batur, boten gadah adji, bebasanipun : „Adji goḍong djati aking”. Bangsa Djawi inggih dados djadjahan, boten béda kados bangsa-bangsa sanèsipun. Anggènipun dados batur punika boten namung bangsanipun, ananging dalah kabudajanipun pisan katut boten gadah adji ; sarèhné basa punika inggih nama kabudajan, amila inggih ladjeng tanpa adji. Inggih boten ngadjèni punika sanès bangsa ingkang gadah basa, ananging bangsa ingkang ndjadjah, déné ingkang sinungga-sungga punika kabudajan sarta basanipun kaum pandjadjah.

Ing ngriku bangsa-bangsa ingkang dipun djadjah ladjeng ojak-ojakan sami njinau basanipun kaum pandjadjah, sabab kadjawi angsal berkah pangadji-adji inggih nggampilaken angsalipun pandamelan, dados gegandéngan kalijan ekonomi (sandang teḍa), amila pangojakipun dateng basanipun madjikan anderpati, amargi dasaripun ngojak

panggesangan. Njatanipun sinten ingkang saged dateng basanipun madjukan, gesangipun kénging kawastanan sakétja, malah terkadang dumugi mukti wibawa turun-tumurun. Kawontenan ingkang makaten wau andadosaken pepénginanipun tijang-tijang sakiwa tengenipun, boten anèh manawi laré-laré pangojakipun basaning madjikan kados balapan, rikat-rikatan, unukul-ungulan rebat ondjo, kabekta saking anggènipun sami ngupados panggesangan utawi kalenggahan.

Inggih nalar ingkang makaten punika ingkang kawawa njababaken boten kapénginipun dateng basa Djawi, dados boten tetéla ndjarag badé ngrèmèhaken, ananging pun basa Djawi ladjeng télé-télé kados nandang kanin, namung saking boten kopèn (kapiran). Dangu-dangu saja suda derengipun tijang-tijang sami njinau basa Djawi déning tjara daganganipun boten madolaken. Pepestènipun basa Djawi ladjeng boten wonten ingkang ngurus, gesangipun bebasan : namung sagesang-gesangipun pijambak, amargi kaum madjikan pantjèn boten maélu, boten migatosaken, déné putra-putra Djawi sami katut boten maélu, namung ingkang sembada, mladjeng mangilèn ngojak sjaratipun kawibawan ; wondéné basanipun Djawi prasasat kapasrahaken dateng bangsanipun ingkang sami „buta wetenschap”.

Para putra pladjengipun mangilèn saja tebih, wasana letipun kalijan basanipun Djawi saja ndjenggowah, ngoblah-oblah. Achiripun sareng laré-laré wau sami mantuk, kaken srawunganipun kalijan basanipun pijambak. Sarèhné basa Djawi namung kaampil déning tijang-tijang ingkang buta wetenschap, sarta inggih boten dipun upakara, wudjudipun ladjeng memelas, malah katah ingkang mastani basa Djawi risak, kedah dipun bangun malih. Swara makaten punika sampun dangu, sarta salebetipun 30 taun sapriki kerep wonten ada-ada badé ambangun basa, grombolan kasusastran pating djredul, mawi nama warni-warni, kadosta : mardi basa, marsudi basa, grombolan kasusastran, Taalraad, lss. Angkahipun sami badé ndandosi basa, ananging sarèhné boten wonten ingkang njembadani wragad sarta kawruh tjaranipun marsudi basa, temahanipun kirang kuwawi, ladjeng bur tjangak. Wonten tilas-tilas anggènipun sami rerembagan, kadosta dipun ewrat wonten ing organ-organ basa, buku-buku sawatawis, ananging boten saged dipun klempakaken dados satunggal, kénginga kadamel bahan kanggé ngladjengaken ingkang kantun-kantun.

Manahipun para tijang ingkang tresna dateng basa Djawi saja karanta-ranta, dasar buta wetenschap, tur mbalung peking boten wonten ingkang tjawé-tjawé, badé ndjagèkaken pitulungipun para ahli wetenschap, inggih rekaos anggènipun badé mitulungi, kabekta saking sami rumaos „buta basa Djawi”. Lah rak kodjur pepestènipun basa Djawi, nemahi lelampahan ingkang élok. Pun basa pijambak taksih gesang, bangsa ingkang gadah basa inggih taksih gesang, mangka pun bangsa boten nijat njia-njia pun basa, lah kok nemahi lelampahan apes. Déné sabab-sababipun makaten jèn dipun taliti larah-larahipun, djebul un-deranipun saking anggènipun pun bangsa kedjadjah déning bangsa sanès. Punika bibit kawitipun, ladjeng sadaja ingkang nama kabudajabetahaken déning kaum madjikan.

Bangsa boten saged ngekahi kalenggahaning kabudajan, terus apes, mlepes tanpa daja dumugi dasaring siti, kadosta ingkang awudjud seni, seni tari, seni drama, seni dalang, seni swara, boten wonten ingkang kadugi ngopèni; satunggal kalih para ingkang keduwitan; déné djedjeripun boten gandèng kalijan kabangsan utawi badé ngopèni kabudajan, nanging namung pirantos kanggé seneng-seneng jèn nudju lega panggalhipun. Déné para ingkang sami purun njinau inggih bangsanipun para : „buta basa mantja,” terkadang „buta huruf”, punika ingkang prasasat mbélani dados wadahing kesenian (de drager). Sajektosipun kita wadjib sami ngaturaken panuwun dateng para sadèrèk ingkang sami ngampil kesenian wau, amargi saupami para sadèrèk wau boten purun njinau, sampun lebur rumijin-rumijin. Leres sedyanipun pantjèn boten nijat mbélani bangsa sumedya anggondèli kabudajan, bakunipun inggih namung kanggé sambèn pados pangupa djiwa, luwung kénging kanggé tjagak tuwak, tijang nalika samanten seni barang-barang punika inggih boten mbedjadji angsal-angsalanipun. Amila sukur déné sapunika Pangéran paring pitulung, para seniman seniwati angsal pangadji-adji, pamedal nglegakaken, minangka ulih-ulhipun nalika tanpa adji kala samanten.

Sarèhné samangké bangsa Indonésia sampun mardika, suku bangsa Djawi ugi katut, punapa kabudajan sarta basa inggih taksih kawuri, tegesipun adjeg dinèkèk wingking, alias boten dipun opèni. Anggènipun kesakit-sakit sampun dangu, sareng kalijan kasangsaraning bangsa; sarèhné sapunika bangsa sampun mardika, punapa pun basa inggih taksih lestantun ketula-tula?

Limrahipun bangsa sampun mardika punika kabudajanipun inggih ndèrèk wibawa, damel kuntjaraning bangsa. Prakawis dipun wangun malih, dipun dandosi, dipun éwahi, punika sampun samestnipun, djer dados kabetahanipun bangsa ingkang nganggé, sampun temtu dipun padosi sagedipun sreg.

.....

Sajembara karangan. Djawatan Kebudayaan/Tjabang Bag. Bahasa. Jogjakarta 1953.

IX. WAWASAN BAB MEKARIPUN BASA DJAWI (II)

.....

Wawasan bab mekaripun basa Djawi salebetipun 30 taun sapriki, grebanipun wiwit ing taun 1920.

Ing ngadjeng sampun kapratélakaken bilih sabibaripun perang Dipanagaran ing taun 1830, ladjeng salebetipun abad kaping 19, wiwit wonten pangetjapan mawi aksara Djawi; ngembrahipun buku-buku tjap-tjapan ingkang sumebar ngakatah; timbulipun para linangkung nganggit-anggit, amewahi tjatjahing kapustakan Djawi, tur isinipun salaras kalijan lampahing djaman, dados betahipun ngakatah, kados-ta : Serat Kalatida Ranggawarsitan, serat sekar-sekaran saha gérongan Mangkunegaran, Bausastra kawi-djarwa saking Winter, buku piwu-

lang-piwulang saha tjarijosipun wajang sapanunggilanipun. Ing djamman wau ugi wiwit wedalipun serat kabar saha kalawarti; ing sabentaun maéwu-éwu sumebaripun almenak basa Djawi; Paréntah Walandi bribik-bribik ngadani Balé Pustaka; katahipun tijang marsudi basa Djawi saja mindak-mindak. Kados makaten punika ngantos ngantjik ing kawitanipun abad ingkang kaping 20.

Ing pamanggih, salebaripun kraton Mataram sapriki, inggih ing djaman wau mekar-mekaripun basa Djawi (Sasampunipun 1855 dumugi watawis ing taun 1912).

Samangké wiwit mawas ing mangsa sampun njelaki taun 1920. Ing semu teka wiwit wonten raos-raos ingkang boten sakétja, kadosta:

Awit saking ada-adanipun Paréntah Walandi damel Balé Pustaka punika djebul ladjeng katah buku-buku Djawi ingkang kaserat mawi aksara Latin. Pantjèn Paréntah nijat mlaksana, dalah pamulangan-pamulangan ugi dipun-dawuhi, supados laré-laré kawulang basa Djawi kaserat Latin. Bab punika dados rembag ramé, wonten ingkang gadah pandakwa, bilih Paréntah Walandi badé medjahi basa Djawi.

Para saged Djawi mastani boten dados punapa, nanging ngakatah sampun kaladjeng gela, malah dumugi sapunika, taksih katah bangsa Djawi ingkang rumaos wegah maos buku Djawi kaserat ing aksara Latin, langkung malih ingkang mawi tembang, boten rila sanget kaserat mawi aksara Latin.

Ing taun 1912 pamulangan rakjat angka I wiwit mawi wulangan basa Walandi, malah ing taun 1914 sadaja pamulangan wau kadadosaken H.I.S., inggih punika pamulangan Walandi-Djawi. Ugi ing wektu punika wontenipun pamasésa, wulangan basa Djawi dipun kawonaken kalijan tjara Walandi, lripun: bidjinipun murid ing basa Djawi angsala 8 utawi langkung, manawi bidjinipun tjara Walandi kirang saking 5, murid wau boten kainggahaken klas utawi tamat pasinaonipun.

Kados makaten punika para ingkang tresna dateng basa Djawi mesti mlenggong, nanging ingkang manah dateng panggesangan, mangajubagja sanget madjengipun basa Walandi, amargi nalika samanten pantjèn dados dedamel ageng, sinten ingkang saged basa Walandi, gampil sanget angsal panggesangan.

Para murid sami sengkud pasinaonipun, nanging limrahipun ladjeng boten nggatosaken dateng wulangan basa Djawi, ngantos wonten guru basa Djawi ingkang sambat, djalaran rumaos dipun sapèlèkaken, dipun wastani; „Tjara Djawa ora paju dol-dolané. Wa gembung didol Pa' pintjang, sabribil 3”.

Menggah babaranipun laré-laré saking H.I.S. ndemenakaken, medal djedul boten susah magang, ladjeng saged dados punggawaning Nagari, blandja pantes.

Perlu njelani rembag bab panggesangan, amargi wonten gajutanipun kalijan bab basa, malah ugi ngéngingi kabudajan, makaten:

Nalika samanten ngakatah — langkung malih ing Surakarta — sami taksih gadah panganggep, bilih mulja sarta sakétja-sakétjanipun ngagesang punika, boten kados tijang dados prijantun; punika kedah dipun saranani magang, ngréntjangi ngiras sinau njambut damel, boten

tampi pituwas punapa-punapa. Dangunipun watawis 5 — 6 taun, terkadang ngantos 10 taun dèrèng tumandja.

Para ingkang gegrija tebih saking kiya, sarana mondok-mondok. Sadaja wragad pijambak saking tijang sepuhipun. Ing kiya Surakarta atusan para muja ingkang sami magang, wonten ing kraton, kantor Kapatihan, kantor Kadipaten saha Kabupatèn sanèsipun.

Saweg datengipun kémawon, para muja punika sampun kedah ngrepèpèh-ngrepèpèh sumerep ing tatakrama, amargi sanguning batos : *kedah andapasor* ; saged ngétjani tyasing sesami ; saged nudju prana inggil-inggilanipun. Sawenèh wonten nènèman ingkang nalika pangkatipun, turut margi ngapalaken uran-uran welinganipun ngasepuh makaten : (tembang Dandanggula 2 pada karingkes dados 1, mendet sarinipun.)

Pawitané wong urip puniki,
pan sadasa lamun tan bisaa,
ništa kutjiwa dadiné,
dingin karem ing ngèlmu,
kaping kalih bisa angadji,
ping tiga bisa matja,
ping sakawanipun,
limpat pasang ing grahita,
wruh sasmita trapsila akrama niti,
budaja miwah sastra.

Pramila salebetipun magang wau, para muja gesang wonten ing kiya ageng, kawah sawunganipun, gampil ngiras marsudi bab warni-warni, upaminipun :

Ngudi lemes luwesing trapsila saha tatakrama.

Marsudi kawruh sarta ngèlmu warni-warni lair batos.

Matengaken basa Djawi, maos saha kasusastran.

Tansah mulat saha nitèni leledjeming polatan inggil-inggilanipun, ngantos limpat dateng pasang ing grahita ; sampun malih ingkang tinedah sarana tembung, saweg dipun kedèpi kémawon, sampun ngretos dateng sasmita punika.

Tjekakipun djalaran saking sugih sawungan wau, prasasat mbeksa, nggèrong sarta kabudajan sanèsipun, kalijan mlampah saged pijambak. Dados magang punika ugi wonten saénipun.

Ratjakipun manawi pamagangipun punika sampun 5 — 6 taun, ladjeng katetepaken dados djadjar, blandja 6 rupiah sawulan ; tiga kawan taun malih djangkep 10 taun, dados djuru serat pembantu : 10 rupijah.

Lah punika prijantun sagedipun namung tjara Djawi. Tata krama djangkep, sakedik-sakedik ngertos dateng kabudajan, ingkang prelu saged gesang kalijan masarakat.

Samangké dipun tanding kalijan laré wedalan H.I.S. Medal dje-dul tanpa magang, ladjeng katetepaken dados punggawaning Nagari, upaminipun wonten ing kantor pos, ladjeng gadah blandja 30 rupijah. Tjara Kapatihan Surakarta, laré wedalan H.I.S. dje-dul bebasan dèrèng saged sila, njerat Djawi dèrèng djangkep, dados djuru serat pembantu

blandja 10 rupijah sewulan, malah ladjeng tampi wewahan 15 rupijah adjining diploma H.I.S.

Ngakatah ladjeng saged nggambar, kados pundi raosipun djuru serat pembantu ingkang sampun njambut damel lan magang 10 taun, ingkang sagedipun namung tjara Djawi.

Raos-rumaos makaten punika ngantos dumugi ing taun 1920.

Raos-rumaos utawi kamèrèn boten susah kamanah, djalaran tarung kalijan sanak pijambak, saboten-botenipun inggih bangsa pijambak, nanging ingkang dados korban punika *basa* Djawi.

Njandak taun 1920, laré-laré tamatan H.I.S. ingkang ladjeng boten njambut damel, manawi badé ngladjengaken sinau, katah marginipun, kadosta dateng :

MULO, pamulangan tjalon opsihter bagéan jejasan, bagéan ilèn-ilèn toja saha bagéan mesin-mesin.

Kultur, pamulangan tetanèn saha babagan wana.

Saha sanès-sanèsipun malih, ingkang satamatipun ladjeng gadah pangkat kados Walandi, blandjanipun tikel tinimbang pangkat Djawi.

Nènèman wedalan MULO, manawi ladjeng njambut-damel, tjara Kasunanan Surakarta, diplomapun dipun adjèni 30 rupijah. Dados upami saweg dados djuru-serat blandja 15 rupijah, tampinipun 45 rupijah sawulan.

Saking MULO ngladjengaken dateng pamulangan tengah A.M.S. 3 taun. Medal saking A.M.S. manawi purun njambutdamel, sampun wonten gadanganipun blandja 100 sawulan.

Wongsal-wangsul njarijosaken balandja, sasat sadaja mawi ukuran arta. Pantjèn! Nalika samanten nedeng-nedengipun sugih betah; kabetahan lair kepàra ngadjeng. Dasar nalika samanten katah lan pepak sanget pepénginan, kadosta : ingkang awujud panganggé warni-warni bebadénipun ladjeng kadadosaken kemédja, dasi lempit lan dasi pandjang ; topi sawarnining modèl topi ; mantol saha djas hudjan saben tijang mbetahaken.

Saking banteripun mbudjeng makaten wau, ngantos kasupèn migatosaken basa saha kabudajanipun. Inggih boten sadaja kados makaten, tandanipun para muda ingkang saged tjara Walandi, ngedegaken pakempalan nama *Jong Java*, punika pakempalan kabangsan.

Para djedjenggul sepuh ngwontenaken konggrès kabudajan, sarta ing taun 1924 ngwontenaken konggres basa ; éwa samanten ugi boten dados *palijasing kala bendu*.

Njarengi kala mangsa, para gegémbong saha ahli politik, ing batos saha kanti lampah kèndel-kèndelan, ngudi kamardikan. gadah pamanggih, bilih bangsa Indonesia umumipun, bangsa Djawi khususipun, boten sajuk rukun dados satunggal, saéstu boten gampang nggajuh kamardikan. Menggah ing bangsa Djawi pijambak, bangsa luhur kalijan rakjat limrah punika tebih sanget reraketanipun. Wosipun ladjeng wonten Panitya Kabangsan ; warganipun pakempalan ingkang ageng-ageng, Budi Utama, Sarékat Islam, Narpa Wandawa, inggih punika pakempalanipun para santana kraton Surakarta ; pakempalan Darah Mangkunegaran, sarta sanèsipun malih saking Ngajogjakarta.

Panitya Kabangsan (Komité Nasional) punika naté damel paretan wonten ing Surakarta. Putusaning rembag ingkang perlu kapratélakaken ing ngriki : para luhur saha santananing ratu punika kedah ngraketi rakjat, katingala dados satunggal.

Bibar makaten punika sanès wulan pantjèn wonten sesorah bab „pamoring kawula gusti”. Suraosipun : para gusti (para luhur, panga-geng, para darah) sampun wiwit tumelung nedya gegandèngan kalijan para kawula. Mila para kawula inggih nglanggatana.

Manawi pamoring kawula-gusti sampun kalampahan, saèstu badé santosa, minangka sarana ndjundjung daradjating bangsa.

Adjak-adjak makaten punika dumuginipun para ingkang saged tjara Walandi, wedalan H.I.S., Mulo, A.M.S., dumuginipun para ingkang saweg dados mahasiswa, sakawit katingal adamel pakèwed. Dangu-dangu sareng dipun pèpètaken kaadjak pinanggih para gusti, wangsulanipun : „Wegah, mundak tiwas olèh sesiku ora bisa laku doḍok, lan dièsemi ora bisa *dalem-dalem* !”

Pantjèn praktikipun kados makaten punika ! Saja para luhur ingkang boten nggalih kamardikan, manawi kataman klinta-klintuning tata krama, gampil sanget ndawahaken sesiku. Klintuning basa, dipun gegudjeng.

Inkang adakan punika panganggénipun tembung *dalem*. Para emban, inja, para njai saha abdi ingkang ketjelak pijambak kalijan para luhur, panganggénipun tembung *dalem* kaanggep ngokonipun *aku* ; upaminipun :

Dalem njuwun pamit,

Dalem dèrèng naté sumerep.

Sumebaripun ing djawi, ngakatah ladjeng tiru-tiru katut basanipun para njai. Mangka *dalem* punika ngokonipun panambang *mu*.
Upaminipun :

asta dalem reged = tanganmu.

abdi dalem = baturmu.

raji dalem = adimu utawi bodjomu.

Upami wonten nénéman kepanggih prijagung luhur, kadangu : „Rupamu kok mèmper Gitawatjana !”

Wangsulanipun : „Inggih, Gitawatjana punika bapak dalem”.

Hla, klintu ! Dipun èsemi, dipun gegudjeng !

Leresipun *aku* (tijang kapisan) punika kramanipun : *abdi-dalem kula* (dados tijang katiga), katjekak *adalem kula* utawi *adalem kémawon*.

Aku kepéngin mèlu = adalem kepéngin ndèrèk

Omahku adoh = grijanipun adalem tebih.

Bodjomu wis mangkat = garwa (raji) dalem sampun tindak

ḍisik, mengko bodjoku rumijin ; mangké sémahipun adalem

nusul nusul.

Makaten gawat utawi angèlipun basa mawi tembung *dalem*. Mila njarengi pamasésanipun ing basa, Paréntah Mangkunagaran, ing taun 1940, tembung *dalem* ingkan ateges kula punika ugi dipun plaksana : boten kénging dipun anggé. Makaten ugi tembung abdi dalem kula,

adalem kula utawi adalem, ugi kasuwak, tjekap *kula kémawon*.

Ngrembag basa Djawi, ingkang dados pamanahan punika meng-
gah ing lair, kawon balapipun kalijan basa Walandi. Wonten leresipun
dipun wastani : Ora paju dol-dolané.

Dalah rembagan *Pamoring kawula gusti*, ngangkah raket rukun
mamrih santosa, minangka sarana ndjundjung dradjating bangsa ngudi
kamardikan, ketalipun teka basa Djawi katut ngalang-alangi, pra-
kawis tembung *dalem*.

Dèrèng tjekap samanten, ing wingking taksih wonten rembag
angèlipun basa Djawi.

ANGÈLIPUN BASA DJAWI

Ing taun 1930 para muda ingkang saged tjara Walandi, ing pa-
witjantenan saben dintenipun, migunakaken basa Walandi ; sakawit
kanggé ngulinakaken, dangu-dangu dados kalimrahan, katjarijosaken
witjantenan mawi basa Walandi punika langkung mardika, boten ke-
katahen unggah-ungguh, ndjalari langkung rumaket, sumanak.

Sareng pakempalanipun para muda „Jong Java” santun dados
Indonesia-Muda, warganipun kénging bangsa-bangsa saindengipun In-
donesia, pawitjantenanipun para muda mawi basa Walandi utawi basa
Indonesia.

Nalika samanten sampun katah para muda Djawi wedalan pamu-
langan luhur, dipun takèni punapa kèngetan basanipun Djawi, wang-
sulanipun kirang langkung makaten :

„Pantjènipun kula sampun gadah remen dateng basa Djawi. Wiwit
alit kula sekolah Walandi, boten naté kambetan piwulang basa Djawi.
Saged kula tjara Djawi namung saking kulina witjantenan kalijan
para réntjang wonten ing grija. Saladjengipun kula sekolah dateng
nagari Walandi, ngantos angsal sebutan Mr.

Kula sampun naté sinau tjara Djawi dateng pak Mantriguru. Sa-
weg dipun terangaken bab unggah-ungguhing basa, kula rumaos wegah,
angèl temen. Kalijan malih kok makaten punika, gèk kanggénipun
punapa ? Rak sampun boten laras kalijan djamanipun. Njarengi ka-
tahing padamelan, kula ladjeng neđa kèndel boten sinau basa Djawi ;
sapriki boten kober-kober badé sinau malih

Bab angèlipun basa Djawi punika, sinten-sintena ingkang kulina
mulang basa Djawi dateng Walandi utawi tijang mantja panung-
gilanipun, mesti mastani bilih angèl sajektos. Tjobi dipun-ontjèki sa-
watawis bab *unggah-ungguh kémawon* :

1. **TEMBUNG NGOKO**, punika basa baku, upaminipun :
Aku, obah, dalan, pangan.
2. **TEMBUNG KRAMA**, basa ingkang taklim :
kula, ébah, margi, teđa.

Katjarijos, tuwuhipun tembung krama punika miturut katrangan-
ipun Prof. C. Berg, brik-brik wiwit ing djaman Demak.

Ing djaman Mataram (Sultan Agung?) dipun santosani won-
tenipun. Ing panginten, para ingkang kapatah ing damel, boten kirang
kangélan anggènipun pados kramanipun satunggal-satunggalipun tem-
bung; pakèwed pandamelipun waton, trekadang nempuh ingkang
anèh-anèh kados babadipun tembung, „kuda, djaran-kapal”, kados
ingkang sampun kapratélakaken ing ngadjeng.

Samangké pangalaman angèlipun mulangaken tembung krama,
ingkang anèh-anèh terkadang lutju, kadosta :

Wonten ingkang gampil :

Tembung ingkang wekasanipun *ti*, kramanipun *tos*.

Djati — djatos.

gemati — gematos.

piranti — pirantos.

Nanging : mati — pedjah, boten matos.

Nanging malih : kepati — kepatos (Tilem kepatos).

Prihatin — prihatos.

Ula kramanipun punapa? Katrangan saking Prof. C. Berg ma-
lih: Sasampunipun madosaken kramanipun *ula* ing sawatawis din-
ten, dumadakan wonten wanita, sengkangipun pinudju dipun dandos-
aken; bolonganing kuping nganggé uwer, inggih punika djanur dipun
leker-leker, punika uweripun dawah, kumlawèr. Mangka *ula* punika
damelipun ngleker kados uwer. Tembung uwer saking wod: *wer*.
Wiwit punika *ula* dipun kramakaken *sawer*.

Baé kramanipun kados pundi? Kasambutaken rumijin tembung
Kawi utawi Sangsekreta, dados *kéwala*, gampil dipun kramakaken
kémawon.

Tjalaṭu = witjara, — witjanten.

golèk = upaja, — upados.

asu, bangsanipun srenggala — segawon.

Taksih kaṭah panunggilanipun, angèl anggènipun damel wewaton,
mangka kadjengipun satunggal-satunggaling tembung ngoko kedah
wonten kramanipun.

Déné manawi kepeksa boten saged, inggih kadamel krama-ngoko,
tegesipun : kramanipun inggih ngokonipun, kadosta :

peteng — padang — rosa — woh — pentil — sapanunggilanipun.

3. TEMBUNG KRAMA DUSUN

Djalaran saking angèlipun madosi tembung krama, boten sadéngah
tijang saged mumpuni, punapa malih para sadèrèk padusunan, manawi
dipun djak ngendikan para pangageng, saking anggènipun badé nga-
djèni, malah gugup anggènipun pados tembung krama. Sampun dados
tembung krama dipun kramakaken malih. Kadosta :

Djaran — kapal — kèpèl.

udan — djawah — djawuh.

djeneng — nama — nami.

Déné ingkang dipun wastani tembung *krama dusun* punika, kadjawi mawi tembung-tembung kados inginggil, tjéngkokipun mèmper tembung madya, sarta ugi wonten tembung-tembung sawatawis, kadjengipun tembung krama, kadosta :

Sembados, kadjengipun sembada.
wutjalan, kadjengipun wulangan.
wedos, kadjengipun wedi.
sapanunggilanipun.

4. TEMBUNG MADYA

Tembung madya punika ing antawisipun ngoko kalijan krama, dipun pigunakaken tijang ngadjèni sanget-sanget inggih boten, boten sanget-sanget ngantos mawi basa ngoko, ugi boten.

Upaminipun satunggiling asistèn-wadana :

Dateng lurah-lurah ingkang langkung enèm, limrahipun ngoko.
Dateng lurah dusun ingkang langkung sepuh tur sadjak mrijantuni, badé nanduki basa ngoko : pakèwed ; badé mawi krama, ing manah boten kedugi ; lah punika ladjeng mawi basa madya.

Basanipun boten kawah, kadosta :

Dika — ampun (adja) — empun (wis) — kepripun — krijin — niki, nika, niku, — samang pendet (kodjupuk) mekoten, sapanunggilanipun.

Tjak-tjakanipun : é, aké, né, sarta ater-ater di, boten dipunkramakaken. Upaminipun :

Dika adjeng dibektakaké sawung kalih.

Niki mengké samang sukakaké sémah dika.

Empun ta, empun, wajah ngèten niki betjiké mantuk mawon.

5. TEMBUNG KRAMA INGGIL

Tembungipun ingkang adakan kanggé, dalah laré-laré mèh apal, watawis wonten 100 warni ; ingkang awis-awis kanggé kirang saking samanten.

Inggil adakan kanggé wau kadosta :

Dahar — saré — wungu — tindak — asta — mustaka — tutuk — réma — rawis — mundut — sapanunggilanipun.

Inggil awis-awis kanggé upaminipun.

Pranadja — sundulan (embun-embunan) — tembung (tjameṭi) — ngulik (métani) — megeng (njapih), sesaminipun.

Gampil ngapalaken tembung krama inggil ; namung panganggenipun kerep wonten pakèwedipun. Ing wingking badé kapratélakaken.

Amrih tjeta saha katingal béda-bédanipun, unggah-ungguh 5 warni punika prajogi kadamelaken ukara tjekak, kadjèdjèr urut-urutan inggil. Makaten :

1. Manawa kowé sida lunga nunggang djarané sapa ?
2. Manawi sampéjan saèstu késah numpak kapalipun sinten ?
3. Menawi sampéjan sijos késah, numpak kèpèlipun sinten ?

4. Nèk dika sida lunga, numpak kapalé sinten ?

5. Manawi pandjenengan saèstu tindak, nitih kapalipun sinten ?

Tembung krama inggil ing angka 5 namung kanggé ngalusaken tembung krama. Punika basanipun para nénéman dateng para sepuh, utawi sor-soran dateng inggil-inggilanipun.

Tembung krama ingkang mawi krama inggil makaten punika dipun wastani : Muḍa krama.

Déné ukara angka 5 punika manawi kadamel krama inggil sewe-tahipun, dados : Manawi pandjenengan dalem saèstu tedak nitih kapalipun sinten ?

Punika kanggé basa dateng para prajagung bupati-anom minggah, sarta santana dalem bujut (grad 3) minggah.

Njelani tjarijos salah satunggiling pakèwed.

Tetepangan kalijan sadèrèk énggal, utawi gadah perlu badé pinanggih pangageng ingkang dèrèng naté sumerep prijantunipun, punika asring pakèwed anggènipun badé nandukaken basa, punapa krama wantah, punapa krama inggil, punapa mawi dalem-dalem sesambatipun ? Upaminipun makaten :

Gadah perlu badé rembagan kalijan satunggiling prajagung-pangkat bupati. Sampun mangretos bilih mangké mawi basa krama inggil, dalem-dalem. Ndjudjug ing kantor, ingkang lenggah ing ngriku prijantun bregas, sembada dipun kinten punika ingkang bupati, hla dipun basani dalem-dalem. Djebul punika namung mantrnipun Kabupatèn. Boten dados punapa, setun namung dipun gegudjeng anggènipun ketjélik.

Sareng ngantos dados prakawis ? Makaten :

Wonten prijantun énggal, pangkatipun tjekapan, gadah perlu badé pinanggih satunggaling pangéran ; sowan dateng dalemipun. Ingkang pinanggih wonten ngadjengan : tijang namung sarungan kasuwelaken, dawul-dawul boten mèmper. Mila dipun kinten abdi (batur), dipun takèni mawi basa ngoko :

„Hé, apa Kangdjeng ana ing dalem ?”

Boten nginten babar pisan bilih tijang wau putranipun Kangdjeng Pangéran, sampun apangkat rija. Sanalika maḥentèng kalijan mangsuli sengkak :

„Anggepmu apa ora basa hè ? !”

Hla dados prakawis ngantos gigat-gigatan.

Bab unggah-ungguhing basa punika dèrèng rampung namung 5 prakawis kasebut nginggil, wonten malih basa kaḍaton. Para gandèk punika manawi aḍedawuh taksih mawi basa kaḍaton :

„Manira puniki besaos” = aku iki baé.

Basa kaḍaton sawatawis kadosta :

Enggèh (inggih) — seta (dojan) — kadi pundi (kados pundi) —

ḍawak (dèwé) — pakenira (kowé, ko) — modjar (tjarijos) sapanunggilanipun.

Kadjawi punika tembung ngoko, krama saha madya punika petjah-petjah malih dados nigang warni, manut tjamboranipun, basa, unggah-ungguh sanèsipun. Supados katingal béda-bédanipun, ing ngan-

dap punika kadamelaken tulada ukara njatunggal, miturut buku „War-
na basa” karanganipun Ki Padmasusastra.

Tembung ngoko, petjah dados :

1. **Ngoko lugu :**
Kowé muliha disik.
2. **Antya basa :**
Sariramu tak-aturi kondur disik.
3. **Basa antya :**
Sariramu takaturi kondur rumijin.

Tembung krama :

1. **Wreda krama :**
Milané pun anak mlebet ing nagari, punapa wonten karsané kang prelu. (Ater-ater *di* saha panambang-*é*, *-aké*, *-né*, boten dipun kra-
makaken).
2. **Muda krama :**
Mangké manawi pandjenengan kondur, kula badé ndèrèk njarengi.
3. **Kramatara :**
Mangké manawi sampéjan mantuk, kula badé tumut njarengi.

Tembung madya petjah dados :

1. **Madya ngoko :**
Dika napa arep ?
2. **Madya krama :**
Sampéjan napa kersa ?
3. **Madyantara :**
Lo, si paman ! Kang sarira wau saka ing pundi déné awan-awan ?

Tjekap semanten andaran bab angèl saha ruwedipun basa ingkang badé saha dipun-anggep damel pakèwed, saha rekaosipun bangsa Djawi ingkang migunakaken basa wau.

Makaten punika ugi ladjeng dados pamanahipun para gegémbong-
ing kamadjengan. Witikna kados pundi, manawi satunggaling bangsa njingkur, agengipun ngantos ngemohi basanipun pijambak ? Langkung malih ingatasipun basa Djawi, basa ingkang sampun inggil kabudaja-
nipun. Maèwu-èwu buku Djawi ngemot kawruh lair batos, ingkang kina-kina saha ingkang énggal-énggal.

Bangsa Djawi ingkang nilar basa Djawi, mesti ladjeng boten saged ngangsu kawruh saking buku-buku wau, temahan kemadjengan-
ipun badé mundur pinten-pinten taun, amargi sanadjan mempenga pangudinipun kawruh mawi basanipun énggal, ingkang ngéngingi ka-
batosan lan kabudajan, mesti boten laras kalijan kodratipun lair dados tijang Djawi wonten ing masarakat Djawi.

Para gegémbonging kamadjengan wau inggih ladjeng ngedegaken Panitya malih, pangarsanipun ugi Paheman Radya Pustaka ing Surakarta; warganipun para wakil utawi utusanipun karadjan-karadjan saha gegrombolaning kasusastran. Wosipun badé niti priksa sabab-sababipun basa Djawi ngantos kesingkur; saladjengipun tumunten badé ngéwahi, ndandosi basa Djawi, ingkang ngantos saged mekar malih.

Mireng badé ada-adanipun panitya mekaten punika, katah para sepuh pamanggih kina ingkang suka pepènget kanthi pangadjrih-adjrih, gemblesing tembungipun: „Tembung Djawi dalah aksaranipun punika tilaranipun tijang kina. Satunggal-tunggaling tembung punika isi kadjeng ingkang lebet. Satunggal-tunggaling aksara, tjorèkipun wonten kadjeng ingkang sinandi, boten béda kalijan *alif* aksara Arab. Mila sampun ngantos dipun éwah-éwah, *malati*.

Nanging pamanggih makaten punika ladjeng gampil dipun saponi déning nénéman ahli sastra, sedjarah saha kawruh kina, sarana katrangan makaten:

„Basa saha seratan Djawi punika damelanipun tijang kina. *Leres!* Nanging ingkang dipun wastani *kina* punika djaman kala punapa? Amargi Kartasura, Mataram, Madjapahit, djaman purwa inggih kina. Upami ingkang jasa aksara saha basa Djawi punika para déwa, para resi lan pandjenenganing nata ing djaman Djenggala; nanging dumuginipun djaman Madjapahit, teka tetijang boten ngertos saha boten saged maos jajasan wau? Katjarijos djalaran sampun dipun-éwahi, dipun-bangun, dipun dandosi saking sakedik pados prajogi saha saénipun. Dados tegesipun basa lan aksara punika dumuginipun sapunika sampun dipun éwahi wongsal-wangsul.

Manawi ingkang sampun-sampun tetijang wani ngéwahi, kénging punapa tijang djaman sapunika boten kénging utawi boten wani ngéwahi. Tembung kuwalat malah dados witjaksana, sumerep ing prelu, ngertos dateng lampahing djaman”.

Panitya kalampahan ngadeg. Gampilanipun, sesampunipun mupakatan ngakeni angèl lan pakèwedipun bab unggah-ungguh, prelu kedah dipun-prasadjakaken, para warga bibaran, badé rembagan kalijan golonganipun pijambak-pijambak rumijin.

Inkang kepareng ramé rembagipun punika grombolan kasusastran Mangkunegaran, amargi ingkang djumeneng kapareng tumut njarirani parepatan pijambak.

Rembag ingkang perlu: Bab mrasadjakaken unggah-ungguhing basa punika sakawit namung kadamel *ngoko* lan *kråma-inggil*, dados manawi witjantenan dateng tijang ingkang perlu dipun adjèni, makaten upaminipun:

Apa sariramu mengko sida tindak menjang Ngajogja; nitih apa, njaré apa ora?

Kalampahan dipun tjobi. Sdr. Mr. Daljana ingkang nalika samanten suwita wonten Mangkunegaran, ngedalaken kalawarti mawi basa ngoko.

Sanès wulan Ki Adjar Dewantara sowan dateng Mangkunegaran. Sesorah bab mrasadjakaken basa Djawi. Ing Mangkunegaran ladjeng damel putusan, kaundangaken medal pepréntahan, kados ingkang

sampun kapratélakaken ing ngadjeng : Basa *ngoko* namung kanggé ginenan padintenan wonten ing grija. Déné resmi utawi wonten panggénan umum, mawi basa *krama*.

Malah tembung *kula*, boten kénging dipun kramakaken : dalem, adalem, abdi dalem. Tjekap *kula* kémawon.

Bab mrasadjakaken unggah-ungguh punika wonten kepireng malih rembagipun golongan Katolik, Swara-tama. Katjarijos njuwun pamang-gihipun tuwan Dr. Zoetmulder (samangké Mahaguru ing Gadjah Mada), wangsulanipun tuwan Dr. Zoetmulder „Manawi kula, prajogi tjara Djodipati”.

Wasana dèrèng wonten putusaning Panitya, kaselak gègèr perang donja ingkang kaping II, tanah Djawi kebrokan Djepang.

.....

Sajembara karangan. Djawatan Kebudayaan/Tjabang Bag. Bahasa Jogjakarta 1953.

X. KASUSILAN DJAWI

Kala semanten gerbong sepur ingkang kula tumpaki kepara kebak. Nadyan boten djedjel rijel kados kala ing djaman Djepang utawi kala djaman Republik 1945 — 1948, nanging tijang linggih ing bangku ladjuran sami ketingal èmpèt-èmpètan.

Boten tebih saking panggénan kula linggih wonten laré èstri kekalih udakawis murid S.M.A. utawi S.G.A. Ing satjelakipun ngriku katah laré djaler, sami ngempal linggihipun. Kilap punapa ingkang karembag, nanging nitik gumering gudjeng, gar-ger ambal-ambalan, tjeṭa menawi rembagipun gajeng lan gobjos sanget. Wonten satunggal ingkang dasaripun tjutjut kasembuh baut mitjara ; lah inggih punika ingkang suka grengseng sarta damel gajeng anggènipun sami rerembagan. Boten pedot kapireng gudjeng kaworan panjengès dateng salah satunggaling putra wau. Sanèsipun ingkang sami mireng, ingkang le-resipun boten sami tumut-tumut punapa-punapa, asring kémawon keprodjol èsemipun, malah katah ingkang ladjeng udu gudjeng.

Ing salebetipun gudjeng angombak toja ambal-ambalan wau, wonten ingkang tetep panggah, boten ketarik tumut udu èsem, sampun malih kok tumut gumudjeng. Linggihipun anteng, prasasat boten mobah boten mosik, keplasing paningal tumudju dateng buku bikakan kaadep ing pangkonipun. Gar-ger saha gumering gudjeng babar pisan boten angrégoni pandjinglengipun buku ingkang nembé kawaos. Nadyan kala mangsa ketawis menawi ing batos sami sadjak ketjipuhan, éwase-manten babasan salugut pinara sasra, boten ketawis jèn badé kegliwang tumut anggapé dateng gumering gudjeng. Menggah sedjatosipun sinten ta ingkang anteng ruruh tadjem polatanipun, boten mobah linggihipun punika ? Boten sanès inggih namung putri kekalih ingkang kula aturaken ing ngadjeng.

Kula mangertos punapa ingkang dados panguneg-uneging manahipun putra-putri kekalih wau. Ing batos kula ngalem sanget dateng tatag teteg sarta tadjeming polatan, ruruh, pangah boten kéguh ing gar-gering gudjeng mawantu-wantu ambal-ambalan. Sedjatosipun lutjonipun para putra-putra ingkang sami gajeng gegodjègan wau resik, babar pisan boten wonten ingkang tjengkah kalijan anggering tata-krami tuwin suba sita wétanan, utawi minggahipun malih ngantos keladuk kesupèn jèn ing satjelakipun ngriku wonten putri sesarengan kekésahan; dados saupami putri kekalih wau ngantos boten saged ngampet gudjengipun, kados inggih boten nggumunaken sarta boten wonten awonipun. Nanging sadjakipun putra putri kekalih wau sami mangertos bilih lèdjeming polatan utawi keprodjoling èsem punika asring damel kutjeming sarira. Awis-awis ingkang mangertos saha saged tumindak makaten. Inggih kawah sami mirah ing gudjeng, kirang djatmika, polatan kirang ruruh sarta tadjem.

Tumrapping laré èstri pantjèn kawah sawan saha awisanipun. Keladuk ing gudjeng, kesoran ing pangandika, kekésahan pijambakan, punika sedaja asring nuwuhaken alangan ageng menggahing para putra putri. Kawah ingkang sami boten mangertos bilih kepara wingit lan werit, kepeksanipun kepara njenjengit, punika malah dados pasrèn utami saha rerengganing putri Djawi. Langka ingkang saged kados sang Kusumaningdyah Banontjinawi :

putri éndah ing warna, prasadja ing busana, kaduk ruruh tadjem-pasemoné, ajem anteng polatané, djatmika solah bawané, datan rètjèh ing watjana, kepara wingit lan werit, éwa déné Radèn Ardjuna sor prebawa

Makaten tjarijosipun ing padalangan. Mugi-mugi punika dadosa katja benggala sarta tepa palupi tumrapping putra putri Djawi. Langkung-langkung ruruh djatmika sarta prasadja, punika mugi katanema wonten ing manahipun laré èstri, dadosa taneman èdi, pasrèn utami menggah ing kasusilan Djawi. Prasadja ing tembung, prasadja ing solah bawa, ing panganggé, tjekak ing samudajanipun. Sok sintena prasadja ing tembung, temtu inggih boten badé umuk, boten badé angkuh utawi anggep. Soka prasadja ing pangandika temtu sabar sarèh, burus sarta purun ngawon ing ginem. Inggih prasadja ing solah bawa boten badé kumawasa kumedah-kedah ngeblak nélad lagak lagéjaning sanès bangsa, boten kesesa ngémba patjakaning tijang mantja, boten badé daja-daja niru padatan saha tata tjaraning bangsa ngamantja, jèn kamanah kirang laras lan raos wétanan.

Dèrèng dumugi anggèn kula ngenut lampahing gagasan, sepur sampun dumugi ing setasiun. Sepur mandeg, kula mandap. Ing salebetipun mlampah medal saking plataraning setasipun, manah kula kumedah-kedah nglambrang malih, gentos ngrembag bagéaning para muḍa. Nanging dèrèng ngantos angsal pantjataning rembag, kaselak angsal betjak.

(Pradapa).

XI. KERANTA-RANTA

„Wis setengah pitu ngéné Prijana apa durung mulih Ti?”

„Durung kuwi Mas!”

„Menjang ngendi ta dolané?”

„Ora ngerti aku, tangga-tangga kéné ija wis dakubres, nanging ora ana sing weruh”.



Mekaten pitakènipun Prijanggana dateng adinipun èstri nama Prijati. Prijanggana mèndel, manah-manah, ing batos sadjak getun déné ngantos kumlawé tanganipun, keldjeng purun ndawahi tangan adinipun ingkang alit, nama Prijana. Ingkang sampun-sampun Prijanggana momong sanget dateng adi-adinipun, tijang dasaripun pantjèn sabar, sumepuh lan gumatos sanget. Dinten punika wau pijambakipun radi kemuriten, telas sabaripun. Menawi dipun manah mekaten pantjèn inggih adini-

pun pijambak ingkang kesangeten, tansah wonten-wonten kémawon pokalipun ingkang damel muringipun, malah mentas kémawon ngrisakaken gambar Bhinneka, ndadak mbebéda Prijati ngantos damel lan nangisipun.

Prijanggana mapan linggih wonten ing pendapi, deleg-deleg, manah-manah lelampahanipun : sampun lola, momong adi kekalih, ingkang ageng èstri nama Prijati, sekolah wonten ing klas I S.M.A./A., déné ingkang alit djaler, Prijana, wonten ing klas II S.M.P. Bapak saha ibunipun sampun boten wonten, anggènipun pinundut ing Pangéran mèh sarengan wekdalipun, sami déné ing salebetipun taun 1950. Ingkang ngrumijini ibunipun, awit saking nratab saha was ing manah ngémuti tiwasing anak kekalih. Anak ingkang pembadjeng makaten, inggih punika kamasipun Prijanggana, sampun nama genah pamuwungipun ; malah èstunipun adamel agenging manah, amargi tiwas awit saking labuh nusa ndepani pradja. Ingkang damel atising manah punika rak anakipun ingkang angka tiga, inggih punika adinipun Prijanggana tjer, djer tilaripun amargi saking ambek sijaning wadya Welandi. Kala samanten kiya Sala dipun broki ing tentaranipun Overste Slamet Rijadi, inggih punika ing wulan Agustus 1949. Minangka pakumawani saha kumawasa ngrebat kiya, tentara Welandi bebasan lajeng itjal kamanungsanipun, njendjata lan ngedrèl sawenang-we-

nang tanpa mawi mawang tijang. Sok sintena asipat warga Indonesia, badéa pemuda utawi pemudi, anggota Tentara utawi P.M.I., uger kumliwer tentu dados lésaning mimis, langkung-langkung ingkang wonten ing satjelakipun Peken-sekar. Inggih kala semanten punika adinipun Prijanggana anggènipun manggih tiwas, pedjah dipun senjata ing wadya Welandi, awit kaleres wonten ing pos P.M.I. ing Kampung Kusumadiningratan sawétan Peken-sekar.

Boten let dangu sesampuning ibunipun ngadjal, gentos bapakipun ketjandak ing sakit sanget, wekasan ladjeng nusul ing djaman kalang-gengan. Boten kotjap sedih saha anglesing manahipun ingkang sami katilar, pinetot ing katresnaning ibu, pineget ing pangajomaning bapa ; ing mangka kala semanten Prijati saweg ngumur 10 taun sarta Prijana 7 mlampah. Nadyan kapétang dèrèng djangkep ing umur, kala semanten Prijanggana ladjeng rumaos dados tijang sepuh ; nadyan asipat djaler, ladjeng rumaos dados ibu, nadyan taksih laré ladjeng kedadak dados bapak ; nadyan dèrèng naté njambut damel, tijang dasaripun laré kepama, ladjeng rumaos daja-daja énggala angsal panggaotan, awit dados saka guruning brajat. Prijanggana boten sambat boten ngresula, amargi ngrumaosi menawi kedah suka penglipur dateng adi-adinipun.

Angsal kamirahaning Pangéran gesangipun Prijanggana saadi-adinipun boten sanget-sanget kesrakat ; wonten-wonten kémawon Gusti Inggang Maha Mirah anggènipun maringaken sih kawelasan. Inggang anggumunaken punika déné karang kitrining pekawisanipun, ing salebetipun pensiuning bapa dèrèng mandap, ambijet wohipun, satemah kénging kanggé anjampeti betah saben dintenipun.

Prijanggana sakelangkung tresna saha gumatos dateng adi-adinipun. Katresnan saha gumatosipun nglangkungi katresnaning ibu, saha pandjagininipun dateng sadèrèk-sadèrèkipun ngeplegi pandjagining bapa. Adi-adinipun inggih sami ngrumaosi jèn sampun lola, rukun, nrimah tuwin mbangun turut dateng kamasipun. Neda kirang boten naté sambat, njandang nganggé lungsed, agengipun suwèk sewatawis boten naté ngresula. Boten kepénginan kados wataking laré alit, dateng tetinggalan boten naté ketarik, tjekakipun namung sarwa mèndel lan narimah. Kala-kala menawi kamasipun kaleres katingal sedih, deleg-deleg ngulir budi ngupados margi, kados pundi sagedipun damel senenging adi-adinipun, Prijati ladjeng sumela : „Mas Na kok susah, ana apa ta Mas ? Apa gerah ? Apa mikir anu-anuku ? Aku ora luwé kok Mas ! Lan Prijana mau ja wis akèh lèhé mangan !”

Mireng tembung ingkang mekaten punika Prijanggana sanget keranta-ranta ing manah, gulu ngondok-ondok, kumedah-kedah mbrebel medal eluhipun. Ing batos sanget ing panuwunipun dateng ingkang Murbèng Gesang, mugi-mugi énggala gadah pamedal kénginga kanggé srana ngopèni adi-adinipun. Pijambakipun boten sambat, émut bilih bibar djawah temtu ladjeng terang, bibar peteng ladjeng padang.

Mèh sarengan lan mandaping pensiunipun bapa, Prijanggana angsal padamelan wonten ing Djawatan Sosial. Kados punapa kémawon bingahing manahipun boten saged kabèbèr ing ngriki. Malah kami-

rahaning Pangéran boten namung mandeg samanten kémawon. Menggah terangipun mekaten :

Bapakipun Prijanggana punika rumijin satunggaling prijantuning kang ahli gending saha sungging. Langkung-langkung gambaripun ringgit dipun gandrungi tijang kawah. Sambènipun nggambar saha njungging ringgit suka pamedal ageng dateng brajatipun, adamel djedjeng gesangipun. Satilaring bapa kawah tijang nembung, murih Prijanggana puruna nglestantunaken padamelaning tijang sepuh. Sekawit Prijanggana godjag-gadjeg, nanging danguning dangu tjobitjobi njorèk gambar ringgit kados pakulinaning bapa. Lan wohipun ? Prijanggana pijambak ndjenger njawang wohing ka-
prigelanipun. Tijang-tijang sami alok jèn boten kawon lan bapakipun. Sadaja sami ngalem anggènipun gesang. Gampilipun kémawon gambaripun Prijanggana dipun adjengi sanget, ngantos nampik-nampik pedamelan.

Ngadjengaken pitulasan Agustus 1956 kawah tijang ingkang ndandosaken bendérah, pandji saha gambar garuda (bhinneka). Wekdal sampun njepeg, ndadak wonten gambar bhinneka ingkang dipun soki mangsi Prijana. Pramila boten anggumunaken jèn ing dinten punika Prijanggana muring-muring dateng adinipun, kasembuh Prijana pijambak wongsal-wangsul mbebéda mbakjunipun. Gampilipun Prijanggana kemuriten, itjal sabaripun, sarta ladjeng kumlawé tanganipun. Déné ladjengipun sampun tjeta, Prijana nangis, bibar nangis ladjeng mak klépat késah wiwit sijang ngantos dumugi djam setengah pitu sonten punika dèrèng wonten ketingal wangsul.

Nalika Prijanggana saweg deleg-deleg makaten punika kepireng wonten swanten kula nuwun ; Prijanggana gita ngatjarani tamunipun : „Mangga Pak, kula aturi pinarak !”

Ingkang dipun bagèkaken punika bapa pamanipun, grijanipun ing kampung Kepatihan Kilèn, datengipun klajan ngirid Prijana. Sesampunipun tata linggih wonten ing kursi tamu ing pendapi, Prijanggana ngladjengaken tembungipun :

„Sonten-sonten kok kepareng rawuh, wonten kersanipun punapa Bapak ?”

„Anu Na,” makaten wangsulanipun, „aku iki mau rak njandhet adimu Prijana. Siré mono nggoné menjang nggonku rak mung sedéla. djaréné ja mung mligi tilik, réhné wis suwé ra sowan, ngono kandané. Djebul bandjur daksambat nganti tekan soré iki mau.”

„Boten dados punapa Pak, uger larènipun saged kémawon, malah kaleresan ; dipun dawuhi punapa ?”

„Ja kuwi durung dakomongké baé Na. Ibumu kuwi rak kepéngin mbañik Kakrasana lan Narajana, kanggo pasrèn témbok. Mula bareng weruh klébaté adimu, djadjal-djadjal dakatag njoba njorèk, wong aku déwé ra isa apa-apa. Djebul ora lidok ! Tjekaké urip tenan tangané adimu ! Wis, djiblès Kamas swargi, malah dakkira bésuk jèn wis dadi, tjorèkané luwih betjik adimu katimbang Kamas bijèn. Saiki isih ketara jèn tangan botjah, kurang ngremit, nanging sing kaja ngono mau rak mung marga kurang latihan lan pakulinan. Mula botjahé dak-tjandhet nganti sasoré bendé iki mau. Lèhku mréné iki tjetaa mono rak

arep nembung njilih adimu, ja ora kêtang wis dakbedog disik. Mestiné dadi pangarep-ngarep ja Na, adimu mau?"

„Inggih sawetawis pak, nanging boten dados punapa, tijang laré-nipun inggih asring dolan makslenjer mekaten kémawon."

„Jati ki kok ora kêtok! Rak ora ana apa-apa ta lé?"

„Angsal paringipun pangestu boten punapa-punapa pak! Laré-nipun wonten ing wingking kalijan mbok Ta."

„Mbok Ta abdi lawas kaé apa? Ja sukur ta jèn isih setya."

Sesampunipun gineman sawetawis ngrembag bab mawarni-warni, bapa pamanipun Prijanggana ladjeng pamitan wangsul. Ing grijanipun Prijanggana sampun sepen malih. Prijati sinau Perantjis, Prijana nguteg-uteg garapan ukur, déné kamasipun njrempeng nggarap bhinnéka. Muringipun dateng adinipun sampun itjal blas, ing batos malah ngalem adinipun, déné boten purun wewadul agengipun purik. Anggènipun késah wau inggih namung mligi ngésahi grija; inggih nama limrah, manah laré kedawahan srengen ladjeng késah sawetawis.

Djam setengah sedasa ing grijanipun Prijanggana sampun sepen. Adi-adinipun sampun dangu anggènipun mapan tilem, kantun Prijanggana pijambak ingkang taksih njambut damel njrempeng gambar bhinnéka. Ing manah radi kemrungsung, tijang sampun tanggal gangsal welas Agustus, katik taksih kirang tiga. Bawaning manah kemrungsung, badan kesel pikir sebel, lampahing pènsilipun rendet sanget. Raos-raos matjet tanpa angsal wewengan, dangu boten wonten kandinipun. Awit saking sebeling manah Prijanggana malah ladjeng mapan tilem, sedaja garapan taksih kaglétakaken wonten ing médja, ing pangangkah dalunipun badé dipun wangsuli malih. Sakedap kémawon sampun wonten ing alam pengimpèn, pules tilemipun.

Ing salebeting ngimpi kados-kados adinipun djaler dados bebandaning Welandi, nanging rahajunipun ladjeng kénging karebat malih, mila sanget ing bingahipun, kados-kados badé mbengok-bengoka awit saking bingahing manah. Wusana pijambakipun kagèt, nunten nglilir amargi mireng swanten watuk-watuk wonten ing kamar tengah. Prijanggana tangi alon-lonan, mlampah djindjit-djindjit murugi médja panjeratan, papanipun njambut damel. Kados punapa kémawon kagèt sarta gumunipun sareng njumerepi, bilih ingkang watuk-watuk wau adinipun wragil. Mila mekaten awit sareng sumerep bilih kamasipun sampun tilem kepatos, Prijana ladjeng ndjrunjul dateng médja panjerataning kamasipun, tjeg njandak potlot lan mori ingkang gumlétak ing médja, ladjeng ureg-ureg damel ngénggréngan bhinnéka. Nadyan mripatipun sampun arip, punapa déné malih anggènipun njorék sadjak namung klajan sasekétjanipun kémawon, nanging lampahing pènsil kados sampun tjinihak, istingarah sadawah saha satjorék-tjorékipun sarwa kaleresan, amila sakedap kémawon sampun angsal ngénggréngan garuda kalih. Tjorèkanipun widjang, gambaring garuda ngengreng amrebawa, sampun djiblès gambaraning bapakipun rumijin.

Prijanggana dangu ngadeg wonten ing wingkingipun, mèndel, boten mobah boten mosik, namung mripatipun ingkang ngetutaken lampahing tanganipun Prijana. Adinipun sekecik kémawon boten nglegéwa, jèn wonten ingkang nenggani, kala-kala watuk awit kala

semanten asrepipun sanget. Sareng sampun sawetawis anggènipun nenggani, tanganipun Prijanggana ladjeng kumlawé alon-lonan, ingkang kiwa njepengi pundaking adinipun, ingkang tengen ngelus-elus sirah kalijan witjanten lirih „Wis Pri, mapana turu, sésuk kowé rak sekolah ta?”

Adinipun namung kèndel kémawon, keplasing pandulu tansah namataken kamasipun klajan ngemu adjrih. Ing telenging manikipun saged kawaos getering manah keduwung, medal saking manahing laré, taksih murni, resik wening. Prijanggana mangertos dateng maknani-pun, wusana ladjeng kawedal tembungipun seret, sadjak sumumpel ing gulu : „Gagé Pri, énggal turua, aku wis ora nesu !”

Adinipun namung mènèl kémawon, ladjeng mlampah alon-lonan murugi papanipun tilem. Kamasipun ngetukaken, mrenahaken anggènipun tilem, mawi ngemuli punapa nganggé sarungipun pijambak, sarta ladjeng tenguk-tenguk linggih wonten ing sandingipun, nenggani anggènipun tilem, ngantos sawetawis. Sareng sampun tjeta jèn adinipun sampun kepatos saweg kémawon purun sumingkir murugi kamaripun pijambak, mripat akatja-katja, manah mbededeg ketjampuran raos keranta-ranta.

(Pradapa).

XII. KABENAN

Kaleres ing tengah-tengahing mangsa rendeng, djawahipun nggedjeg rintén dalu prasasat tanpa kèndel. Katah tijang ngresula déning teka boten kados adatipun. Boten sanès sababipun amargi saking tjugag lan kagoling pikadjengipun. Katjarijos sampun antawis tigang dinten tigang dalu djawahipun deres sanget tanpa menda. Tijang ing padekahanipun Ki Kasan Ngali ketinggal tintrim sami mempen wonten ing grija amargi saking asrep bengkeresen, aras-arasen kumréngkang. Deresing djawah angwontenaken pedut peteng ngantos njilepaken paningal. Sareng sampun pikantuk tigang dinten leres, ing wantji bakda asar namung kantong grimis kremun-kremun, nanging ing iring lèr wétan, langitipun ngendan peteng kados badé nangkebnangkeba ing bumi. Kumruwuk swaraning djawah wonten katebihan, binarung gumalegaging benanipun lèpèn Seraju, adamel saja kekesing manahipun tijang ingkang dedunung urut sapinggiring lèpèn. Mila sok ugi wonten tijang ngengakaken kori, ingkang tjelak lèpèn namung ngungak, ingkang tebih nedja nuwèni. Ing wekdal punika ladjeng kaping reng sambatipun tetijang ingkang sedih : „O Allah, apa arep kijamat apa pijé !” Sawenèh mungel : „Jatallah, udan kok ora terang-terang !” Namung laré-laré alit ingkang ketinggal bingah ing latar, tjiprat-tjipratan atjikrak-tjikrak, pladjengan pating djlerit, kados kapal bigar mentas ontjat saking kereman. Tijang ingkang boten tégan ketak-ketek anguwuh anakipun kapurih mantuk.

Kasan-Ngali ketinggal medal saking grijanipun murugi ing pinggir lèpèn, kèndel sekedap, gedèg-gedèg ningali agenging toja sampun papar daratan. Sakedap ningali lèpèn, sekedap njawang pémahanipun,

kados saweg nanding inggilipun. Ketawis ing semu menawi kuwatos sanget, mak gligap nglinguk ngiwa kados tijang kèngetan punapa-punapa, tumunten lumampah urut pinggir lèpèn, nrutjuk manginggil murugi sangandaping uwit elo. Mandap sekedik njemplung ing lèpèn ngantos wates bangkèkan, gogoh-gogoh ing ngandap elo leres, ladjeng mentas anggèrèd baita, kauger malih wonten ing tjelak buritan, sangandaping uwit eso.

Kala semanten mbok Kasan-Ngali kaleres mendet kadjeng ingkang katumpuk wonten ing ambèn-ambènan sawingking lumbung. Sumerep ingkang djaler langkung dipun pitakèni : „Niku Kjainé saking pundi ?”

Ingkang djaler rèhning suwau boten sumerep dateng bodjonipun, nolèh setengah kagèt : „Anu, mentas ngentasaké prau kaé apa ! Wong kaliné kok gedé temen, rada njilik-njiliki ati.”

„Angsalé boten adjeng ageng priipun, wong udané kaja ngoten, nèk boten kebener inggih minggah tenan banjuné, kaja dèk taun embing ngrika nika.”

Ingkang djaler murugi ing kandang maésa, ngolak-alik bebijang, dipun tjuliki mrambutipun ingkang teles, ladjeng tjeluk-tjeluk kepénakanipun èstri : „Sah, Ngaisah, Ngaisah !”

Kepénakanipun sumaur saking pawon : „Kula pak !”

Kasan-Ngali : „Nggawaa senik kana, epèkna mrambut njang lesung, ning milih sing garing.”

Ingkang èstri kala semanten sampun wonten ing pawon, njelani witjantenipun ingkang djaler, : „Niki mawon si Dakim, kadjengé mendet mrambut enggih, wong Ngaisah seg ketanggungan ngratjik sambel.”

„Apa Dakim anang kono ? Lah ija ta ! Endang gelis Kim, geniné selak sirep.”

Dakim wau pangèn. Sareng mireng préntahing lurahipun mangsuli. „Enggih” njandak senik, tumunten medal dateng lesung, dikut anggènipun ngeruki mrambut, milih ingkang rasi garing, djalaran mèh waradin teles sedaja. Sareng kebak saseni netel, kabekta dateng kandang, dipun urugaken ing bebijang. Lurahipun ngelokaken : „Lah kok teles kabèh ngono hè ?”

Wangsulanipun : „Enggih ; wong garing-garingé mung niki, lintangé empun toja etok.”

„Damèné lèhmu tando dèk anu kaé isih akèh apa ?”

„Empun telas dèk wingi sonten nika. Niku sing kula pakakaké : angsal kula ngarit éndjing wau.”

„Dadi udan kaja ngana deresé ki kowé ngarit ngono ?”

„Lah witikna priipun, napa enggih kula enengaké mawon !”

„Wélah bagus tenan kowé, ija suk Bada taktukokaké klambi ireng sing apik ja !”

Dakim mèsèm kalijan mangsuli : „Enggih kjai !”

„Lah Dipa karo Nala pada anang ngendi ?”

„Sami wangsul, wong turéné grijané keleben toja, napa ngoten niku wau”.

Ing wantji ngadjengaken mahrib sampun katàh laré dateng pa-

ting ketiplik badé sami ngaos, djalaran sampun tigang sonten djawah kémawon, dados namung sekeḍik laré ingkang sami mriku.

Sareng ragi terang, gumrudug kados dipun welingaken. Bakda sami makmum salat mahrib, ladjeng ramé pudji-pudjian sesarengan, swaranipun rampak minggah mandapipun, anenarik lamlaming manah. Ron pisang ingkang ragi sèngklèh katempuh ing angin, ébahipun kados tumut dikir ambagèkaken swaranipun pudji-pudjian. Taleḍoking toja djawah ing ron, pangraos atut runtut kalijan lagunipun pudji-pudjian. Mekaten ngantos dumugi mandjingipun salat ngisa. Bakda ngisa ladjeng ramé pating tjrowèt sami ngapil-apilaken wutjalani-pun, ingkang ngédja sami ngédja, ingkang ngaos kur'an sami anderes, namung laré alit-alit ingkang taksih ngaos apal-apalan, swaranipun pating djlerit dipun antep, ngantos ambrebegi. Éwa semanten swaranipun Kasan Ngali ingkang saweg mutjal inggih meksa katawis njelé sarta genah boten bawur kalijan laré-laré. Sekeḍap ndjengèk njentak, sekeḍap ngglajem, semunipun kados dipun sambu amaneh prekawis sanès.

Wantjinipun sirep tijang, djawahipun deres malih. Saking agengipun ngantos kados dipun esokaken. Kasan-Ngali djaler èstri taksih linggih pating trenguk wonten ing ngambèn, njandjing anakipun tilem. Pun Ngaisah linggih ing ngandap léndéan saka, ngantuk teklak-tekluk, dipun atag kapurih mapan, boten purun. Kasan-Ngali raosan mekaten : „Lah kijé embokné, ora pénaké omah nang pinggir kali. Wis pendak dina kijé ora bisa turu. Pidjer melang-melang baé”.

„Nah enggih niku, sijèn mula kula edjak ngalih teng ḍusun, ngenggèni tilasé kjainé ngrika, lah sampéjan mopo. Nah enggih nèk ngoten niki krasané !”

Kasan-Ngali saweg kémawon kumetjap badé njauri ingkang èstri, kagèt ningali Ngaisah menjat kiprah-kiprah kalijan mungel : „O Allah banjuné mlebu, teles kabèh djarité !” Wewah-wewah mawi mireng tanganipun tjelak alok : „Bandjir ban bandjir tulung-tulung !”

Kasan Ngali trengginas angengak-engakaken kori, badé nuwèni ing djawi. Djoganing grija tojanipun sampun lambah-lambah. Wenganing kori sareng kalijan panjempjoking toja lumebet ing grija, pun Ngaisah mlumpat ing ngambèn njampé adjug-adjug, ḍawah dilahipun sirep. Kasan Ngali alok sora : „Wut, blai ! Embokné, bopongen anakmu. Entènana nglawang kéné, tak-ndjupuk prau. Adja lunga-lunga ḍisik lo !”

Kasan Ngali medal angrubjuk, toja sampun saḍengkul. Sarèhning peteng ndeḍet manah bingung, wah malih mireng swara pating glembor pating djlerit, kumrubjuk tijang sami ngili, wonten ingkang nangingis, sambat anak bodjonipun, wonten ingkang anggluruh, mila Kasan-Ngali muk-mukan bingung kesasar-sasar, kebentus-bentus, keḍap-kedap ḍawah karéngkangan kaléjob ing toja. Ngantos dangu anggènipun manggih baitanipun, tumanten dipun tuntun kabekta mantuk kalijan tjeluk-tjeluk : „Embokné, embokné embokné Sajidi ? !” Nanging boten wonten sabawanipun tijang mangsuli. Mangka toja sampun wates lakang. Swaraning tijang sesambat tuwin alok sampun angawis-awisi, namung wonten pating djareḍot pating

kreteg, kados grija badé rebah. Kasan-Ngali sampun itjal manahipun, nginten menawi anak sémahipun sampun ngili rumijin, djalaran boten srantos angentosi. Ewasemanten dèrèng pitados, taksih djelah-djelih lumebet ing grija mak-makan anggrajangi samukawis. Sareng mlebet ing sentong tanganipun njemak peṭèn. Ing sakala kèngetan, menawi peṭèn wau isi sesimpenan barang pangaos, énggal dipun djundjung kadèkèkaken ing baita. Sareng sampun tita boten pinanggih, mangka toja sampun wates ḍada, trengginas numpak baita, dipun welahi. Sarèhning petengipun ndjlimet boten sumerep dateng pundi purugipun, asring meḍun, baitanipun katuntun, djalaran kerep ketanggor-tanggor ing kekadjengan. Purun-purun numpak sareng toja dumugi ing wates tenggak. Nanging manahipun sampun itjal, tjat ènget, tjat boten, djalaran saking sangeting bingungipun kèngetan dateng anak sémahipun. Djulalatan ngiwa nengen kados wonten ingkang dipun upadosi. Ladjeng tjeluk-tjeluk, gumremeng witjanten pijambak, sekedap malih njebut sora, njuwun pangapunten.

Gebjaring kilat ingkang pantjènipun saged tedah margi, malah njirnakaken angen-angenipun, djalaran samukawis ingkang ketinggal, rumaosipun santun sipat angadjrih-adjrihi. Mila saben gebjar : anggènipun maos tangawud andjengèk sora, kalijan merem boten mentala ningali. Galegeking toja, jèn keleres sareng kalijan djedoting baita natab kekadjengan, kados tijang mbanting mungel : „Heeh”, saking gemesipun. Asring kémawon Kasan-Ngali kongseb tuwin kalenggak, déning itjaling kekijatan, kabekta saking susah. Tanganipun gura-gapan, ambengoki anak-sémahipun. Jèn sampun kèngetan, sebutipun andruwili. Sangsaja kagèt malih sareng baitanipun nradjang kadjeng rungkad. Saking santering toja, tjumloroting baita lumebet ing selaseling pangpangipun, kados dipun balangaken. Kasan-Ngali kesempjok ing godong tuwin ketampeg ing epang, ḍawah kalenggak, léndé-léndé sirahipun angsal katiring baita, welahipun mrutjut katjemplung ing toja, tanganipun babak bunjak kekalih pisan, saking sangeting sakit, kala „betipun”, sumaput ngantos sawetawis dangu anggènipun, ḍawah. Sareng ènget gereng-gereng anggluruh sambatipun melas asih. Namung èngetipun ramjang-ramjang angantjik alam supena. Tanganipun ingkang kemeng awrat sanget jèn ta kanggéa angglawat, rumaosipun djimpé saweg mangku anakipun ingkang nembé pinanggih kantasaken saking toja mumpal-mumpal. Panggegesing manah kawedar ing supena „angguguk raosipun saweg neter angambungi anakipun.” Sumijuting angin kepireng kados tangisipun ingkang èstri, ingkang ketinggal gurawalan kapang-kapang lumadjeng angrubjuk ing toja santer, surawéan nedya ngrangkul anakipun. Mingsering baita margi saking ingseding kadjeng kabekta ing toja, rumaosipun grijanipun badé rebah katempuh ing bandjir, énggal angkat tanganipun, éstanipun kados tijang anjenjandangi, amargi supena anakipun ketjemplung ing toja. Ngantos sora anggènipun mungel : „Anakku enggèr !” Anggènipun mungel mekaten punika kalijan menjat tjekékalan, tanganipun surawéan anggrawuki ron. Ing sakala ngriku kèngetan sajektos. Sora anggènipun anjebut asmaning Pangéran. Ladjeng tumungkul nangis angguguk, karanta-ranta ing manah.

Baitanipun Kasan-Ngali lestantun kesangsang ing kadjeng ageng, kombak kombul ing toja, boten saged anguwalaken, djalaran welahipun itjal. Kalijan malih saupami boten mekatena, kados mutawatosi sanget, djalaran saged ugi kèrem ing sanalika, saupami katendang ing sarah utawi ketanggor ing kekadjengan. Wontena welahipun pisan tumunten kados pundi anggènipun badé nglampahaken, tijang petengipun alimengan, djawahipun deres, anginipun banter sanget.

.....
* Punika bena ageng ing tanah Banjumas kala taun 1861.

(Mrodjol selaning garu).

XIII. OTO MOGOK

„..... djudeg aku!” Punika angluhipun satunggaling prijantun, ngadeg, tjantjut, wonten ngiringanipun motoring oto, ingkang sampun kabikak tutupipun. Wironipun kablesekaken manginggil, ngantos tjlananipun katingal sakedik, djasipun sampun kabikak, kantung nganggé rangkepan. Patjaking badan matèntèng radi mbungkuk. Ner-ing paningal tumudju dateng motoring oto. Sadjak migatosaken sanget dateng kawontenaning motor punika.

Nitik tètèsing kringetipun saking batuk tuwin saking gulu, dalah telesing rangkepan ingkang wingking, tjeta jèn prijantun wau sampun kapara dangu tumandang damel awrat. Saboten-botenipun inggih ka-esuk ngongsronging manah.

Prijantun wau umuripun udakawis sèket taunan, nanging kabekta saking saéning badan, lan saged ugi saking anggènipun boten alitan manah, ketingalipun saweg umur kawandasa taunan.

Ing salebeting oto wau ingkang linggih ing bak wingking sisih kiwa, prijantun èstri, umur tigang dasa gangsalan taun ; ingkang wonten sisih tengen ugi prijantun èstri watawis saweg pitulas taunan.

Mèmperipun prijantun èstri ingkang wonten sisih kiwa punika bodjonipun, ingkang wonten sisih tengen anakipun.

Ing salebetipun prijantun wau utek madosi ingkang ndjalari mogoking otonipun, ingkang èstri ketingal suntrut. Tanganipun tengen sedakep, badan kasèndèkaken ing tjagaking tènḍa, sirahipun kabantal-an tangan kiwa. Kados boten mokal jèn ta kawastanan saweg sisah manahipun.

Nanging anakipun boten mekatèn. Linggihipun sèndèn, ketingal sadjak sasekétjanipun ; sumèlèhing pasemon kénging dipun wastani mèsem adjegan. Tanganipun tansah ngolak-alik katjunipun sutra ingkang sinulam pèni.

Ngantos sawatawis dangu prijantun ketiga wau boten sami tjetjri-josan, dumadakan ingkang èstri sumela sandjang dateng ingkang djaler semu netah :

„Ta, pak ! Bijèn mula aku rak wis kanda, jèn wong ngingu oto iku akèh kasusahané !”

„Hem ! Ibuné mono wasis jèn mung nutuh !”

Anakipun njelani : „Jah, ibu ki ! Punapa inggih oto menika namung murugaken kasisahan tok ? Wong lagi sepisan wé dingendikaké akèh !”

„Lah ja kuwi Tin nèk ibumu.”

„Njatané nèk kaja ngéné iki priyé hara ? Mangka nèng tengah bulak, wis djam setengah nem, katik atisé kaja ngéné. Gunung Sumbing wis kemul ampak-ampak, dalah ing Klédung ja wis mèh putih, dasar dalané sumengka, kok djebul otoné bobrok !”

„Jah ibuné ki ta ! Rak ja lumrah ta jèn oto kuwi sok mogok, ora kok bandjur bobrok ngono. Iki rak mung saka ana adon-adon sing durung maṭuk utawa mlèsèt saka mestiné. Ana oto isih kintjling-kintjling ngéné djaré diarani bobrok !”

„Ingkang risak menika menapanipun ta pak ? Mangké gèk dipun paéka ing sopir ingkang mentas medal menika.”

„Mèmperé ja ngono Tin, mung baé bapakmu ora priksa.”

„Hara ta ibuné kuwi, rak tanduk manèh olèhé nutuh ! Nèk pangiraku wis ora. Sabab metuné kuwi djalaran dèwèké dadi lurah désa, tur manèh nèng djadjahanku, dadi mestiné ora gelem gawé wisuna menjang aku.”

„Ngono-ngonoa kaé njatané ! Nèk kaja-ngéné iki bandjur priyé hara.”

„Sawisé kepriyé, lah ja kudu nrima ! Mengko jèn ana oto saka Wanasaba, utawa saka Parakan sing wis nggléndang, ja pada nunggang kuwi waé.”

„Inggih pak, terkadang mangké wonten saèstu, namung kémawon séwanipun inggih ladjeng awis.”

Ibunipun njambeti :

„Prakara laranging séwan kuwi dudu barang-barang, balik anané waé durung karuwan ! Mangka dina iki ora kebener pasaran-Kreteg utawa Parakan, katik wis wajah ngéné, bisané ana saka ngendi ?” Wedaling witjanten mekaten wau kanti sugal, mratandani saja sanget anjeling manahipun lan kados déné sampun telas pangadjeng-adjengipun.

Boten dangu ladjeng grimis. Anakipun alok :

„O, grimis, pak ; mbok sampun mangga, lenggah nglebet kémawon, pak !”

„O, ha kok ija ! Ja wis nrima disik !”

Prijantun wau ladjeng mlebet ing oto, linggih ing bak ngadjeng. Ingkang èstri njambeti kalijan sadjak mbéda.

„Hara ta rasakna ! Ora grimis kuwi anaké sapa ! Wong mendungé kaja ngana kandelé.” Tjarijos makaten wau kalijan mbenakaken rimongipun kanggé kudung lan kaubetaken ing gulu, ngantos rapet, kupingipun boten ketingal. Linggihipun manengah ladjeng sila. Makaten wau perlu kanggé namèngi pangamukipun hawa ingkang sakalangkung atis.

Mogoking oto wau wonten ing tengah-tengahing bulak, kaprenah sangandaping dusun Klédung. Déné Klédung punika dumunung ing papan ingkang inggil, kaleres èrèng-èrèngipun redi Sumbing lan Sindara, wonten saantawisipun Parakan (Temanggung) kalijan Kreteg

(Wanasaba). Saking Klédung dateng Parakan utawi Kreteg sami tumurunipun.

Ing Klédung punika misuwur atisipun. Dasar anginipun sumribit, sinembuh grimisipun tanpa kendat, sampun temtu atisipun tikel. Sampun ingkang kados kawontenan kasebut nginggil wau, saweg ing wantji djam kalih welas sijang, tur surjanipun djumeprèt kémawon hawanipun meksa atis. Langkung-langkung tumrap para tijang ing tanah ampah.

Kala samanten ing salebeting oto boten wonten ingkang sami tjetrijosan, namung sami sedakep, awit kedjawi ngraosaken atising hawa, inggih saja djudég manahipun. Boten kantenan tudjuning kadjeng, sadaja namung sami ngetut lampahing gagasanipun pijambak-pijambak. Pinten-pinten lelamunan. Nanging boten wonten ingkang saged mbirat ewed-pakèwedipun, destun namung malah saja ngimbeti ribeding manah.

Namung anakipun ingkang ketingal boten patos sisah. Sakedap ningali redi Sumbing utawi Sindara, ingkang saja dangu namung katingal ngregemeng kémawon. Sakedap ningali padusunan ing lengkèhing redi Sumbing. Sawenèh wonten ingkang ketingal petak déning ampak-ampak, sawenèh namung pating krompol kados tijang sami ndodok ningali prijantun tiga ingkang wonten salebeting oto wau. Sakedap malih ningali raining ibunipun, ingkang ngendanu kados mendung. Ing batos ngèsemi, déné sampun sepuh teka kirang sabar ing manah. Dangu-dangu kepéngin gineman, takèn dateng ibunipun:

„Bu, bu! Nuwun sèwu inggih bu! Ibu kok ngendikan klesak-klesik menika ngendika kalijan sinten ta, bu? Menapa saweg ndonga?” Anggènipun pitakèn makaten wau kalijan gumudjeng sarwi nutupi lambénipun mawi katju. Bapakipun njambeti kalijan mèsèm:

„Nengna wé rak uwis ta Tin! Ibumu kuwi lagi mudja semèdi, kok.”

„Kowé mono Tin, botjah ora Djawa, wong kuwi rak ija sabisa-bisané, nenuwun menjang sing Gawé Urip ta.”

„O, inggih sukur ta bu!”

Tik-tiking sekon dados menit, klempaking menit dados djam. Sareng sampun sawetawis djam anggènipun wonten salebeting oto mogok ingkang kinepang pepeteng, grimis lan angin ngidit, dumadakan katingal ténnda ingkang wingking mak bjar, katingal padang. Padangipun terus dateng katja ngadjeng, njrambahi salebeting oto. Sadaja sami nolèh dateng wingking. Ingkang wonten bak wingking ngindjen saking katja, ingkang wonten bak ngadjeng kapeksa manglung dateng djawi, nanging namung sakedap ladjeng mlebet malih, amargi sapisan ing djawi taksih grimis, kaping kalih silo déning soroting lentéra ingkang dateng.

Anakipun gugup, sandjang dateng bapakipun kalijan ketingal bingah ing manah: „Hla menika wonten oto mriki, pak!”

„Ija pak, djadjal diendeg, mbokmanawa taksi barang.”

„Ija, nanging kiraku dudu taksi, awit jèn taksi lumrahé lentérané ora” Saweg dumugi samanten kapunggel déning suwara Hrrrrrrrr — Ssssssst! Oto wau kèndel ing wingking leres.

Kenèking oto mandap rumijin nggandjel roda wingking, awit wonten ing margi sumengka. Lentéra ngadjeng kalih pisan dipun pedjahi. Zuklicht dipun gesangaken, punapa déné motoripun inggih taksih dipun gesangaken prelu kanggé nggesangaken zuklicht.

Sopiripun ladjeng meḍak, murugi oto ingkang mogok. Sanadjan wekdal samanten taksih grimis, boten karaosaken. Sareng tjelak, sopir ladjeng takèn, tembungipun andap-asor ;

„Kados pundi ndara, kèndel wonten ngriki ?”

Prijantun djaler wau ladjeng meḍak saking oto lan maspadakaken dateng tijang ingkang takèn. Ing manah kèwedan anggènipun suka wangsulan, awit ingkang takèn wau radi ngodengaken manah. Sabab larènipun bregas, tata-kramanipun djangkep. Jèn kaanggepa sopir limrah boten pantès. Nanging saupami sanès sopir taksi, lah punapa. Awit sanadjan tjlananipun bregas, nanging sami katingal pating dlemok tilas kénging lisah, tur rambutipun morak-marik, mèmper jèn namung sopir taksi. Langkung-langkung manawi ngèngeti anggènipun njebat ndara. Ewadéné ing manah dèrèng sreg. Badé nggenahaken sinten pijambakipun, inggih kirang sakétja, boten tjunduk kalijan empan papanipun. Mangka anggènipun takèn wau badé suka pitulungan. Mila murih sakétjanipun ladjeng mendet palih-palih. Suka wangsulan mawi tembung madya, makaten :

„Rèwèl, mogok boten purun mlampah !”

„Ingkang rèwèl menapanipun, ndara ?”

„Kula kirang terang.”

„Menapa dalem kapareng nuwèni ? Mbokbilih saged ngleresaken.”

„Kénging ! Wé lah kleresan !”

Sadangunipun sopir tumandang, prijantun èstri kalih ingkang wonten wingking sami katingal bingah. Gadah pangadjeng-adjeng badé sumingkir saking kasisahan.

„Na, Na, Kasna !”

„Kula.”

„Hara djadjal iki kabèh bukakana !”

„Enggih.”

Sareng sampun dipun bikaki sadaja, ladjeng dipun tingali. Sarèhning soroting zuklicht saking wingking boten saged dawah ing motor mogok, anggènipun ningali inggih boten patos terang, mila ladjeng nedà sumerep dateng prijantun ingkang gadah :

„Menapa sadaja sampun resik, ndara ?”

„Jèn bab resik kula tanggel, nanging renggang-rapeté satélan kula boten ngretos, wiwit rumijin boten kula éwah-éwah.”

„Bab renggang-rapetipun kados sampun tjekapan, sadaja sampun dalem gagapi.”

„Pantjèn wingi-wingi enggih boten naté rèwèl.”

„Slingeripun wonten pundi, ndara ?”

„Niki onten ngriki,” Kalijan nedahaken bak ngadjeng.

„Na, kaé slinger djupuken ”

„Engih.”

„Sarèhning grimisipun taksih, mangga ndara lenggah nglebet ké-mawon !”

„Boten dados napa.”

„Boten ndara mangga lenggah kémawon, adalem sampun kulina dateng djawah lan bentèr, pandjenengan dalem kirang prajogi.”

„Ning kok raosé kirang sakétja, wong ditulungi kok malah ngé-nak-énak.”

„Boten ndara, sampun kagalih kadospundi-kadospundi. Jèn pandjenengan dalem boten lenggah nglebet, ngrendeti padamelanipun dalem, amargi manahipun adalem ladjeng kirang tentrem, déning sumerep pandjenengan dalem kegrimisan tur wonten ngriki, papan ingkang hawanipun asrep.”

„Inggih ta jèn ngoten.”

„Wis, Na, puteren sing adjeg ja, Na!”

„Enggih.”

Sareng sampun kaputer kinten-kinten samemit dangunipun sopir ladjeng matur malih :

„Menapa kapareng dalem bikak?”

„Mangga, mangga!”

„Na, oborana nganggo rèk ja Na!”

„Enggih.”

„Nanging ngati-ati adja ketjedaken, awit tèngé wadiah bènsin oto iki ana ngarep, jèn ana pipa sing botjor barang.”

„Enggih pun.”

Sareng sampun kabikak sarta dipun tingali, ladjeng préntah dateng kenèkipun.

„Na, ndjupuka gombal!”

„Enggih.”

Prijantun ingkang gadah oto njelani :

„Kadospundi?”

„Boten menapa-menapa, ndara. Kintenipun adalem, samangké saged gesang.

„Sukur ta!”

„Niki lo gombalé”.

„Resik ora, Na?”

„Resik sanget, tijang niku halsduk kula.”

„Halsduk kok kaja ngéné?”

„Kantenan blatjo adjeng kula damel kotang boten sida.”

„Kok ora sida ana apa?”

„Tijang tasih kirang.”

„Hla tuku kok nganti kurang?”

„Tijang niku boten tumbas, kok. Dèk bapak pedjah nika ulesé turah, ha enggih niku turahané.”

„Wis iki nja!”

„Pundi, ngriki, adjeng kula anggé kuḍung, wong taksih grimis. Kula niki sok mumet nèk kegrimisan.”

„Pambekanmu kaja ndara menggung. Wis iki businé pasangan. Sing kentjeng ja!”

„Enggih.”

Busi ingkang kabikak sampun kapasang malih, sarta sanèsipun sampun kentjeng sadaja, kekeping motor dipun tutupaken malih, sopir ladjeng sandjang.

„Samangké tanggal gesang motoripun ndara !”

„Wah, ketrima banget, kuwi Tin dompètku ana ngesak kuwi djupukna.”

„Mangga pak !”

„Ndara, mangga dipun stater”.

Oto dipun stater ladjeng gesang, lentéra bjar padang.

„Sampun ndara, mangga ladjeng tindak, amargi sampun djam sadasa.”

„Niki lo !” Sandjang makaten wau kalijan ngulungaken tangan ingkang sampun isi arta.

„Sembah nuwun ndara, mangga ladjeng tindak kémawon, adalem ndèrèkaken ing wingking.” Sopir terus murugi otonipun pijambak kalijan nggèrèd rambutipun Kasna, awit Kasna mlongo déning lurahipun boten purun nampèni arta. Mangka sajektosipun sampun kumetjer sumerep tanganipun prijantun isi arta wau. Mila ing semu gela sanget déning mlèsèd pangadjeng-adjengipun tapi panduman. Satemah namung ngingetaken kalijan mlongo. Nanging dèrèng ngantos kasumerepan déning ingkang badé suka gandjaran kesesa dipun sèrèd sopiripun.

MEKSA GAGAL

Oto kalih-kalihipun ladjeng sami bidal. Lampahipun saé, swantenipun motor boten wonten gèsèhipun, mratandani oto ingkang risak sampun pulih kados waunipun.

Prijantun tetiga wau bingahipun boten kénging winiraos. Rumaos tapi kanugrahaning Pangéran, ontjat saking raos pegel, àtis lan sumelang. Inggang èstri sandjang dateng ingkang djaler kanthi bingah, katitik saking lagu lan swantenipun :

„Kuwi mau sapa ta, pak ?”

„Embuh ja, bu.”

Anakipun njambeti : „Dateng bapak kok matur : ndara. Sadjak sampun sumerep.”

„Kiraku ja uwis, nanging aku durung weruh. Ajakna sopir taksi.”

„Ah kiraku dudu pak. Wong botjahé bagus, ki, polatané djetmika.”

„Apa sopir taksi kuwi ora kena duwé rupa bagus lan polatan djetmika ?”

„Ajaké nèk manut ibu, rupa bagus kuwi dadi monopoliné prijaji Paduné ibu kuwi mung arep ngalem waé, dumèh gelem nulungi !”

„Ja ora ngalem mono, wong njatané. Kono pikiren : ing ngatasé durung nganti diendeg kok mandeg déwé ! Ora didjaluki tulung, bandjur nulungi. Duwé pangéman menjang bapakmu, déning kegrimisan, tur tembungé kaja ngono mau, hara ta, andak watak kaja ngono mau dumunung ana angger uwong ?”

„Nanging ija bener kandané ibumu kuwi, Tin. Apa kowé ora weruh nomeré oto buri mau, Tin?”

„Menika wau terang wonten bordipun : huurauto, AA nomer 1013.”

„Apa dudu taksi Parakan?”

„Kados sanès pak, sadangu kula wonten Parakan dèrèng naté sumerep dateng sopir punika. Menapa malih taksi Parakan ingkang katah Dodge, sareng menika wau mèrek : Buick.”

„Diparingi persèn kok ora gelem ja, pak?”

„Hla ja kuwi!”

„Kiraku kurang, pak!”

„Mau arep takwènèhi seringgit; rumangsaku wis mèmper. Nanging sopir mau durung nganti weruh pira anggonku arep mènèhi. Dadi tetep jèn dèwèké ora gelem nampani. Ja mèmper, wong iku jèn bagus, dasar wataké alus, mesti sugih kaprawiran!”

„Ah, bapak ki saiki ngalem, tiru-tiru ibu”. Jektosipun anakipun ing batos ngleresaken tjarijosipun bapak lan ibunipun. Nanging limrah, kenja punika boten purun ngalem dateng djaka wonten sangadjengipun tijang ingkang dipun rikuhi.

„Wis ngéné waé, mengko jèn tekan Parakan diendeg, utawa samangsa dèwèké mandeg, endang kandaa aku!”

„Inggih, pak.”

„Ija pak, aku rudjuk. Lan manèh diimbuhi seringgit engkas, miangka patukoné kaprawirané lan pangémané menjang kowé”.

„Ija, karepku ja ngono kok bu.”

Lampahing oto kekalih wau remben sanget, djalaran sasampunipun nglangkungi dusun Klédung, marginipun tansah mandap lan rumpil, tur katah énggok-énggokanipun ingkang njikut, dasar ing wantji dalu tur grimis. Sanadjan lentéranipun boten kirang padang, nanging kala-kala kasaput ing ampak-ampak, ndadosaken rekaosipun para pange-mudi oto. Versnelling kalih kerep dipun ginakaken, menapa malih pédaling rèm tansah ing dlamakan. Makaten wau namung rumeksa wiludjenging lampah.

Sanadjan Buick wau pantjènipun saged mlampah rikat, déning sopiripun sampun kulina sanget dateng margi ingkang dipun langkungi, nanging kapeksa sabar, amargi ing mangsa punika saweg rumeksa oto Overland alit. Ndjagi alanganing lampah sanèsipun malih. Rembening lampah saèstu kados prabu anom Gatutkatja nalika ngiring ingkang raji satrija Plangkawati R. Abimanju nalika dipun kèngkèn madosi pandang ingkang mlebet ing taman Kedilengeng. Mangka jèn boten saged njepeng, badé kadamel pangéwan-éwan wonten ing nagari Ngastina. Lampahipun mandeg-mangu, saking rubeding manah, wusana ladjeng mrebes mili. Satrija prabu anom Gatutkatja boten tlompé, énggal njelaki sarta ambombong murih gambiraning manah.

Boten dangu saking katebihan katingal soroting lampu-lampu margi, sumorot manginggil, kados wana kabesmèn. Mratandani bilih sampun mèh dumugi ing kiya. Inkang makaten wau inggih kajektosan, let saprasekawan djam oto dumugi Parakan.

NGADJARI KAPAL

Dinten Minggu tjandakipun, langitipun ketingal sumilak resik. Dalunipun mentas djawah, dados wit-witan sami katingal seger, ronipun ngrembujung idjem rijep-rijep, adamel sakétjaning paningal. Margi-margi katingal resik boten mbletok. Hawanipun sakétja, mila prajogi sanget kanggé ngénggar-énggar manah.

Dèn bèi Asistèn-wadana sakalijan tuwin anakipun medal datang margi ageng, lampahipun alon-lonan, sadjak badé sandja.

Rapingun sumerep dèn bèi Asistèn-wadana sakalijan tuwin anakipun késah, manahipun seneng sanget. Ladjeng ngungak datang margi ageng, dèn bèi Asistèn-wadana sampun boten ketingal. Énggal-énggal madosi réntjang èstri pun Salijem. Sareng pinanggih saweg njapu wonten èmpèr wingking, dipun takèni :

„Jem, Jem !”

„Wonten menapa, mas Rap ?”

„Ndara setèn wau tindak pundi ?”

„Kala wau ndara dèn aju ngendika badé tindak kemantrèn guro.”

„Jèn tindak sandja niku asring dangu napa boten ?”

„Adaté ngantos setengah kalih welas saweg kondur.”

„Dados ngantos dangu ?”

„Enggih ! Ndara dèn aju menika awis-awis tindak. Nanging jèn sampun kersa tindak, inggih sok mrèmèn-mrèmèn kados alang-alang kobong.”

„Tiwas kebeneran !”

„Dospundi ta ?”

„Boten napa-napa.”

Rapingun késah, mlebet datang kamaripun. Boten dangu medal, nganggé sruwal dril idjem tjekak, rasukan namung rangkepan, dipun tjantjutaken dumugi sikut, gulonipun dipun bikak tjara Amérikan, mawi njangking dadung bago ageng, pandjangipun nem mèter ; tanganipun kiwa njangking sarungan kendali, kabekta datang gedogan. Ladjeng wangsul malih mendet pisang, perlu kanggé makani Hèl kados adat saben.

Hèl sampun wanuh datang Rapingun. Mila sareng Rapingun datang, ladjeng gereng-gereng, endasipun dipun anglungaken ing slarak kalijan ngambus-ambus tanganipun Rapingun, déné pisang dèrèng dipun tedahaken. Rapingun ladjeng mèmèt ing gedogan. Sirah lan badanipun dipun ambus-ambus sadaja, kados adat saben. Hèl gentos dipun elus-elus saking tjitak ngantos dumugi ing djalakipun. Samangké tjeta bilih Hèl boten namung wanuh kémawon kalijan pijambakipun, nanging kénging dipun wastani sampun andjilma.

Kreta sumerep, gumun, witjanten :

„Wah gumun aku, Hèl kena digunani mas Rap !”

„Ta ngandel boten saniki sampéjan ?”

„Enggih empun !”

„Guna bisa niku sing mandi déwé : sambang serawungan, bisa nudju prana.”

Hèl dipun ulungi pisang sauler, terus dipun mamah. Saben telas

dipun sukani malih. Sadangunipun Hèl neđa pisang, gulunipun dipun puk-puk, dipun djak rembagan mawi tembung manuara, dipun sukani ulat manis. Mila sanadjan kapal bandol, Hèl inggih ladjeng tutut, mèn-del kémawon kalijan neđa pisang.

Rapingun ladjeng ngetrapaken dađung ing gulunipun Hèl kanți lon-lonan. Sadangunipun Hèl neđa pisang, tjangkempun dipun lebeti kendali kalih, trèś lan pangèn. Sareng sarungan bađe kaetrapaken ing giłok, Hèl bađe budi, nanging ladjeng dipun arih-arih lan dipun elus-elus, sarta boten kendať dipun sukani pisang, satemah ladjeng anteng malih. Sareng sarungan sampun kaetrapaken, tangsul uwang dipun ang-slupaken, ing timangan. Dađung ladjeng kaslobokaken ing gelangan-ing kendali kiwa tengen, kaubetaken malih kalijan dađung ingkang saking gulu, murih gelangan boten mlèsèt ngiwa utawi nengen. Ran-téning kendali trèś dipun pasang.

Sareng Hèl kraos tjangkempun kaerèh ing kendali, ladjeng budi, palanging geđogan dipun péngkali. Nanging sarèhning sampun dipun wékani, mila boten ngutjiwani. Polahipun Hèl kados bađe mlumpat-mlumpata, nanging slarikipun dipun kerepi manginggil, mila namung gidro-gidro kalijan nendang-nendang kémawon.

Kreta sumerep polahipun Hèl kados makaten wau adjrih, maras, sumelang.

„Empun mas Rap, empun. Rijin mawon dilimani, kok saniki adjeng diidjèni. Blai mangké !”

„Diidjèni pripun, ta ? Rak enggih diloroni ta kalih sampéjan.”

„Ah boten djandji ! Kula boten saguh lo mas Rap. Rijin mawon sing tijang kaťah kula boten wantun ; mung mendetaké lapak łok. Sa-niki malih mung sampéjan idjèn, wantuna. Mangka sampéjan kulinané mung kalih oto sing boten saged méngkal. Boten, boten èstu lo !”

„Sampéjan mung njekeli mawon, kula sing nglapaki.”

„Boten ah, boten ! Rijin mawon sing tijang kaťah kuwalahen ; kula malih bisaa !”

„Enggih, ning nèk sampéjan sing njekeli, mesti nuruté.”

„Ah, boten èstu lo mas Rap. Wong njawa mung sidji djaré arep dienggo dolanan. Gumampang sampéjan niku.”

Rapingun namung gumudjeng kémawon mireng wangsulanipun Kreta kipa-kipa wau, Kreta tansah ngulataken Hèl, uger mbekos, Kreta kagèt, sadjak bađe mladjeng kémawon. Ing batos Kreta nemtokaken jèn Hèl mangké bađe utjul lan dados damel. Boten wandé pijambakipun meksa tumut ngrekaos, mila manahipun tansah sumelang kémawon.

Tangsul bago ingkang saking kendali, dipun wedalaken nglang-kungi sloroking konten, terus kaulur, katangsulaken ing wit sawo ma- nila ingkang sampun ageng, kaprenah satengen geđogan. Sloroking konten wonten tiga. Slarak ingkang ngandap pijambak dipun bikak. Slarak nginggilipun pantèkipun dipun lolos, nunten slarak kabikak sa- reng. Sami sanalika Hèl mlumpat saking geđogan kados sima nubruk mangsan. Makaten ugi Kreta, énggal mladjeng nebihi geđogan, dateng panggénan ingkang boten mbebajani. Manahipun trataban, tangan lan sukunipun sami ndređeg.

Dumugi plataraning geđogan Hèl bigar, bađe terus mbandang,

nanging boten saged, djalaran dadung kendali lan witipun sawo santosa sanget.

Rèhning anggènipun badé mbandang ketjuwan, Hèl ladjeng nglumba-nglumba, nendang-nendang, nubruk, milar ngiwa-nengen ngubengi wit sawo. Rapingun ladjeng murugi wit sawo, dadung kadamel longsor klowonganipun. Hèl mubeng-mubeng, dadung boten saged nggubed. Polahipun Hèl ngédab-édabi sanget. Sakedap kémawon plataran sakubengipun wit sawo sampun dados patjulan.

Rapingun ketingal bingah. Saben polahing Hèl katingal kendo ladjeng dipun opjak-opjak mawi wilah pandjang. Sampun temtu kémawon Hèl ladjeng ngetog karosanipun malih. Satengah djam kémawon Hèl tandangipun ketingal radi kendo. Dadung ladjeng katarik mepèt wit sawo. Sareng tjongoripun Hèl sampun mepèt wit sawo, ladjeng kaerut mepèt, ngantos Hèl boten saged ndangak utawi ndingkluk.

Hèl ketingal tutut, ladjeng dipun epuk-epuk, wiwit saking sirah ngantos dumugi ing djalak. Sareng tangan dumugi ing geger, Hèl kraos kerik, badé nggiwar, nanging boten saged. Dados namung suku wingking ingkang minger adegipun. Awit ingkang makaten wau mratandani bilih Hèl badé angèl dipun abah-abahi. Rapingun ladjeng nindakaken réka-daja. Sukunipun Hèl ingkang ngadjeng sisih kiwa dipun tjepeng, kadjundjung, katekuk mepèt kalijan pupunipun, ladjeng dipun tangsuli. Dados Hèl adegipun namung kasanggi suku tiga.

Hèl polah, badé uwal, nanging inggih namung mugat-muget kémawon, amargi suku ingkang tumapak namung tiga, tur tjongor sampun mepèt wit sawo. Mila prasasat boten saged ébah.

Kreta sumerep kawontenan wau suda sumelangipun, lan pitados jèn Hèl badé kénging dipun abah-abahi déning Rapingun pijambak.

Rapingun ladjeng mendet slébrak, katumpangaken ing gegeripun Hèl. Hèl mèndel kémawon. Lapak ladjeng katumpangaken, kapèpètaken madjeng, murih boten ngéwahaken kentjenging amben. Amben katangsulaken ngantos kentjeng, karangkep kalih. Ladjeng dipun rangkep malih mawi amben gèndong. Sanadjan Hèl ngetog budinipun, amben boten saged kendo lan boten sumelang jèn pedot.

Lis ingkang satunggal kaetrapaken ing kendali pangèn ingkang dipun slurupi dadung wau; satunggalipun malih kaetrapaken ing kendali très. Sanggawèdi kaukur tjekapan pandjang tjekakipun. Lis katangsulaken ing gelangan pongoling lapak. Dadung ing gulu ingkang kaslurupaken ing kendali pangèn, ingkang katangsulaken wit sawo, dipun utjuli. Hèl kraos longgar saking wit sawo, ladjeng badé budi. Nanging ladjeng meksa boten saged, djalaran sukunipun ingkang satunggal dèrèng tumapak, taksih katekuk, dipun tangsuli. Dadung ladjeng kaubedaken ing gulu.

Rapingun wiwit tata-tata badé numpak. Lis kapendet saking gelangan lapak, katjepeng tangan tengen, tangan kiwa njendal tangsul wangsul ingkang ngerut suku kalijan pupu. Sukunipun Rapingun sampun tumumpang ing sangga wèdi. Sareng lan tumapaking suku ingkang kaerut, Rapingun sampun tumumpang ing lapak, suku tengen mantjal sanggawèdi sisih tengen. Tangan kalih njepengi lis. Sami sakala Hèl nglumba, ndjondil kalijan nendang, nggiwar ngiwa-nengen, nubruk-nubruk lan badé mbandang. Amargi sadangunipun Hèl dipun abah-

abahi, punika prasasat ngaso, dados napas pulih kados waunipun malih. Mila badé bigar malih. Nanging lis kapekak, dados kadung, namung nglumba-nglumba kémawon. Rapingun kedjawi ngèngeti rupaking papan, djalaran wonten pekarangan, mila kadjarag supados Hèl suda kelijatanipun dèning anggènipun nglumba-nglumba, awit badé ngambah margi ageng, kaṭah tijang-tijang mlampah. Samangsa kekijatanipun suda, tandangipun inggih suda, dados boten patos mbebajani. Lan malih kanggé andjagi sampun ngantos Hèl pedot napasipun. Awit kaṭah kémawon kapal Sandel ingkang mbandang ladjeng ambruk terus pedjah. Makaten wau djalaran saking lepatipun ingkang numpak, déning kirang dugi-dugi, dumèh kapalipun kijat mbandang kémawon.

Kreta sumerep Rapingun kabekta nglumba-nglumba Hèl, manahipun geter, badanipun ngoplok, kuwatos mbokbilih Rapingun katjilakan. Sarèhning boten saged nulungi, tur Rapingun inggih boten betah dipun tulungi, Kreta namung ngetut wingking saking katebihan kémawon.

Sareng Hèl anggènipun nglumba-nglumba lan bigar sampun radi kendo, lis dipun inger. Hèl terus dateng margi ageng, ngener mangalèr dateng Tjandirata. Lis dipun kendoni, Hèl mlumpat ladjeng njongklang meḍar, badanipun nguler kilan, mbandangipun dipun etog saestu. Kreta nututi dateng margi ageng, nanging namung sumerep sageblasan. Rapingun sampun boten katingal.

Ing ngriku ugi kaṭah tijang ingkang sami ningali. Sanadjan Rapingun sampun boten ketingal, tijang-tijang boten énggal sami késah, malah sami rembagan ngraosi tindakipun Rapingun wau. Wonten ingkang nglepataken, wonten ingkang nutuh. Nanging ingkang kaṭah sami ngalem. Ewadéné sadaja wau boten sepen was-sumelanging manah. Langkung-langkung Kreta, namung tansah kaworan maras tok, boten ngertos kados pundi murih Rapingun saged wiludjeng.

Mbandangipun Hèl sampun angsal tigang pal, dèrèng ketingal kendo. Rapingun pantjèn saged ngerèh dateng kapal, dasar tatag tur prajitna. Mila sanadjan mbandangipun Hèl kados mimis, tur wonten margi ageng ingkang sanadjan boten nama ramé nanging inggih boten sepen, inggih wiludjeng.

Sareng lampahipun njandak kawan pal, lis kapepeg, Hèl purun kendo, ladjeng mlampah drap. Angsal saepal malih lis dipun pepeg malih, lampahipun dados adéan. Tindak makaten wau minangka kanggé ngasokaken Hèl. Sareng lampahipun dumugi distrik Tjandirata, kringetipun kados dipun sokaken, sami urut suku. Nanging wantering manahipun Hèl dèrèng mantra-mantra suda, katitik saking raosing lis.

Saking pangangkahipun Rapingun, lampahipun Hèl badé dipun kendokaken malih. Lis ladjeng kapepeg malih. Nanging boten kendo, malah badé mbandang. Rèhning ing ngadjeng marginipun badé nekuk sanget lan ndjuleg tur wonten kretekipun tjijut, panjepengipun lis kendali très dipun rosani. Hèl nglumba, mèh ngadeg djedjeg, kupingipun ndjepiping, mbekas-bekos kalijan gebrès-gebrès, mratandani jèn muring. Panjepengipun lis terus dipun pepeg, awit ngèngeti rumpiling margi. Sareng lampahipun sampun nglangkungi margi ingkang ndjuleg lan kreteg ingkang tjijut, lis dipun longgari, malah dipun gedeg

sawetawis. Hèl ladjeng mbandang. Marginipun tansah minggah mandap. Saben badé minggah, lis dipun gedeg. Sampun temtu Hèl ngetog kekijatanipun. Sareng lampahipun angsal tigang pal malih, Hèl keningal kendo. Sanadjan kasereg, lampahipun inggih namung drap. Ing ngriku njata jèn Hèl sampun lempèr saestu. Sakedap malih lampahipun Hèl dados adéan. Dumugi onderdistrik Bèdjèn purun dipun kèndelaken. Rapingun ladjeng meḍak. Hèl dipun epuk-epuk lan dipun djak witjanten mawi tembung manis.

Boten dangu Hèl katingal gambira malih. Rapingun énggal njéngklak. Lis kaputer, badé wangsul. Hèl lampahipun drap, nanging kalakala taksih purun ngosog. Sanadjan makaten, sareng lampahipun angsal tigang pal, drapipun inggih ladjeng kendo, dados drap alus. Boten dangu dumugi Tjandirata malih.

Saking Tjandirata marginipun majat. Saking kadjengipun Rapingun, murih Hèl kapok anggènipun purun mbandang, lis ladjeng dipun gedeg. Hèl inggih ladjeng mbandang. Dèrèng angsal tigang prasakawan pal sampun malih drap. Hèl dipun gedeg malih. Ladjeng mbandang malih. Nanging saweg sawatawis tebihipun inggih dados drap malih. Makaten wongsal-wangsul, ngantos Hèl keningal lemes. Wiwit punika Hèl kalampahaken lon-lonan ngantos saepal tebihipun, minangka kanggé ngaso. Jèn mentas mlampah lon-lonan, ladjeng dipun drapaken. Makaten gantos-gantos. Sareng mèh dumugi Ngadiredja, saking katebihan Rapingun sumerep Kreta mladjeng meḍukaken. Kala samanten lampahipun Hèl adéan. Sareng kapetuk Kreta, Hèl mandeg greg. Rapingun panjepengipun lis mawi tangan kiwa, tanganipun tengen mendet katju kanggé ngusapi kringetipun ingkang pating dlèwèr ing rai lan ing gulu, kalijan mèsem-mèsem.

Kreta pitakèn semu gugup :

„Rak boten napa-napa ta mas Rap ?”

„Enggih napa-napa mawon”.

„Lo, rak boten onten alangan napa-napa ta ?”

„Onten mawon alangané”.

„Jah mas Rap ki, ditakoni tenan kok gegujon.”

„Lah pripun ta ?”

„Napa boten manggih kasangsaran ?”

„Nèk kasangsaran boten. Mung alangané, teng Bèdjèn pantjèné kula ngelak banget, nanging boten bisa tuku wédang.”

„Nèk mung ngoten mawon nggih boten dadi napa. Kuwatos kula boten kanten-kantenan kok.”

„Ndara setèn napa empun kondur ?”

„Saweg mawon.”

„Napa boten ndangu ?”

„Ndangu, malah kula didawuhi ngrumijini ; ndara setèn adjeng mapag nganggé oto.”

„E lah, empun kula ngrijini mawon.”

Hèl angsal ngaso sakedap, dipun ḍedet lisipun, ladjeng drap memet. Sareng mèh dumugi sadjawining ḍusun, Rapingun sumerep oto Overland ḍateng, nanging ladjeng mandeg. Boten dangu keningal dèn bèi asistèn wadana meḍak saking oto. Hèl dipun pepeg, lampahipun dados matjan nubruk. Dumugi ngadjengipun dèn bèi asistèn wadana,

Hèl dipun endegaken. Upas kalih ingkang sami ndèrèk mlongo, taksih linggih ing wingking. Dèn bèi asistèn wadana préntah supados Rapingun terus wangsul. Lis ladjeng kadedet, Hèl mlampah, ngentrag, sontan-santun kalijan matjan nubruk. Tijang-tijang sami tjingak déné Rapingun saged wangsul kanti wiludjeng. Punapa malih sumerep lampahipun Hèl sadjak gumagus. Mangka lampah makaten wau namung tumrap kapal ingkang sampun mbangun turut lan sampun dipun adjari.

Jektosipun mèh sadaja kapal Sandel ingkang wanter manahipun, temtu saged mlampah makaten punika, uger ingkang numpaki prigel anggènipun ngolahaken lisipun, saged andjumbuhaken kalijan panggraitaning kapal.

.....
(Ngulandara)

XIV. TAKSIH SALEBETIPUN PEPETENG

Katjarijos, kala sapengkeripun Radèn Mas Rijanta, Radèn Aju Nataséwaja ladjeng utusan ngupadosi ing salebeting kiya ing pundi adat pasabanipun Radèn Mas Rijanta, dipun padosi sadaja pinanggih sepen. Sawenèhing djuru pétang tjarijos, jèn purugipun Radèn Mas Rijanta ngalèr ngilèn. Radèn Aju inggih ladjeng njebar tetijang dinawuhan anglatjak purugipun Radèn Mas Rijanta, ananging sadaja sami boten angsal damel. Sareng sampun watawis setengah wulan, Radèn Aju ladjeng èngèt dateng mitranipun swargi ingkang raka, ingkang anama Dipati Pramajoga, inggih punika ingkang rama Radèn Adjeng Sрни ing Tamansari. Radèn Aju ladjeng utusan animbali mawi kapetuk ing kréta, Dipati Pramajoga sagarwa putra ladjeng sami sowan.

Kala semanten amarengi ing wantji sonten. Radèn Aju Nataséwaja pinarak ing dalem gadri wétan, Dipati Pramajoga sagarwa putranipun sami dateng. Radèn Aju Dipati tuwin putra kekalih terus marak ing ngarsanipun Radèn Aju, sang Dipati lenggah wonten ing pandapi, boten dangu tumunten katimbangan malebet.

Radèn Aju Nataséwaja ketinggal suka pirenaning galih angkatjarani tamunipun. Ing ngriku ladjeng satata lenggah, Radèn Adjeng Marsam angadep tjelak Radèn Adjeng Sрни tuwin Radèn Adjeng Nèstri, ing ngandap para abdi emban, para njai tuwin abdi pandèrèk. Sesampuning bagja-binagja Radèn Aju Nataséwaja ladjeng angandika :

„Kakang, anané saliramu sakloron dak-aturi mréné kedjaba aku kangen, ija ana preluné setitik.”

Radèn Aju Pramajoga sumambung : „Gusti, adalem inggih sanget kangen, watawis dèrèng dangu adalem inggih mentas raosan kalijan pun kakang badé sowan mriki. Ananging sareng badé mangkat ladjeng boten èstu, amargi pun kakang angot napasipun.”

Kjai Pramajoga punika kagungan sakit napas, ananging saklangkung tjutjut, jèn ngandika nggumudjengaken, ladjeng sumambung kalajan watuk-watuk, tanganipun ingkang kiwa aseduwa, ingkang te-

nggen anjandak ketjohan : „Uh, uh, uh, o gusti, adalem punika wau rak pantjèn dèrèng saged sowan. Hem saking punapa : napas tansah ngangsur, mila inggih, hem, hem, uh, uh, uh !”

Inggang raji noli ladjeng ngandika : „Hara, pakné ki ngko rak pidjer gowak-gowèk baé.”

Radèn Aju sumambung : „Karebèn ta, mbakju, keprijé, hla wong lagi mangsané watuk, dikapakaké? Apa sliramu kersa ngundjuk pokak ta kakang, karebèn rada anget? Kaé, Sam !”

Radèn Adjeng sampun anggraita, énggal ngengakaken lemari, ladjeng angédalaken plentuk tuwin gelas, nunten lumados, gelas sampun dipun iling, punapa déné wédang tuwin daharan.

Kjai Pramajoga ketingal rahap ladjeng anjandak gelas kalijan witjanten : „Hla gilo ibuné, iki apa ora presasat kaja prabu Baladéwa, kala arep njirnakaké mungsuh kadang déwé?”

Radèn Aju Nataséwaja ndangu : „Sapa kakang?”

Wangsulanipun : „Anu, Gusti, Sang Arja Wresniwira, punika ta, jèn lampahan alap-alapan Setyaboma. Wah punika inggih mawi ngundjuk.”

Gelas ladjeng kaundjuk, pangandikanipun : „Tobat-tobat ibuné, njamleng pokak iki, boboté lagi entèk sagelas, pangrasaku kok wis kaja sang Kapiwara Anoman, kalané dinuta sang Prabu Rama njang Ngalengka !”

Inggang garwa amangsuli : „O, nèk kaja Anoman duta isih kenomen pakné !”

Pangandikanipun Kjai Dipati : „Hla apa kaja Prabu Sugriwa utawa Subali kalané mikut mungsuh ing Guwa Kiskenda?”

Wangsulanipun : „O, ija isih kebregasen, pakné !”

Pangandikanipun Kjai Pramajoga : „Hla kaja sapa? Kabèh-kabèh kok durung mèmper.”

Wangsulanipun : „Nèk patuté : kaja Kapi Djembawan.”

Inggang raka mèsem angandika : „E, hla, kurang adjar kowé kuwi, katik ana bregasé kaja ngéné dipadakaké ketèk bangkok baé.”

Radèn Aju Nataséwaja sanget karenan mirengaken anggènipun gegudjengan Kjai Dipati kalijan inggang garwa, ladjeng ngandika :

„Kuwi Sam, gelasé edjogana manèh ! — Mula anu mbakju, nèk suwé ora ketemu ki sok dakarep-arep karo daksemantakaké, kok kakang Dipati ki suwé temen ora réné-réné, awit sing dakkangeni ija nèk tjrita wajang ngono kuwi.”

Radèn Adjeng Sam ngilingi gelas, Radèn Aju tansah ngandika : „Hla, rak ja ngono, mengko uwakmu rak bandjur suluk.”

Kjai Pramajoga ngandika : „O, bendara Adjeng ki ora meningi swargi bijèn. O pijé ta buné, bijèn swargi Kangdjeng Pangéran kuwi ija ngono. Nèk aku sowan, diadjak lenggahan ing gedong panjeratan, ija karo keng garwa iki, mandak gustimu ki ija karsa ngladèni pijambak. Kangdjeng ngasta gendèr, aku sing suluk. Wah, hla kuwi gubjes nganti ketug wengi, terkadang nganti teka bjar ésuk, awit dèk semana kraton ija lagi wiwit-wiwité angudi wuwuhing gending-gending, laguning suluk-suluk, pakem-pakem sarta betjiking jejasan wajang. Mangka

para luhur wis ora ana sing ngungkuli sagedé kaja swargi, tingarah apa sing diasta mesti betjik, aku nèk ngrasakaké sok nganti djudég. Eeh, Gusti ki menjang samubarang kok sarwa mumpuni; déné enggonku kasihan bijèn marga saka, demenku suluk."

Inggang garwa njelani: „Pagéné kowé saiki wis mari demen suluk?"

Wangsulanipun: „O, kepriyé enggonku isih demen suluk. Hla wong kedjaba swara wis bléro, saiki kabèh mitra-mitraku sing demen wajah wis ora ana. Saikia kaé ija isih ana sidji loro, nanging ora kaja dèk isih swargi. Mula bareng swargi ngontjati, pet sepréné mari tukku demen gendang-gendingan."

Radèn Aju Nataséwaja angandika: „Daksawang sliramu kok rada susut, kuwi apa pantjèn mentas gerah, apa ija mung saka watuk baé?"

Wangsulanipun: „Anu Gusti, adalem punika pantjèn gadah sakit napas, nanging rekaosipun boten kados samangké, djalaran radi kasok saweg antawisipun setengah wulan punika."

Inggang raji nambungi: „Anu kok Gusti, kasok anggènipun mentas tandang grija kabesmèn, tur mèh katjilakan."

„Katjilakan kepriyé, mbakju?"

Aturipun: „E hla Gusti ki rak durung priksa! Anu Gusti, adalem punika rak mentas kètjalan anak."

„O, o, sapa mbakju ding ilang?"

„Inggih pun genduk punika!" Mekaten kalijan anolèh inggang putra. Radèn Adjeng Srini mèsèm sarwi tumungkul. „Wah, toblas Gusti, manah kula punika rak ngantos boten kanten-kantenan."

„Kuwi dèk apa ta?"

Wangsulanipun: „Punika ta Gusti, kala wonten kumidi ing alun-alun kabesmèn menika. O, toblas, kados pundi ta Gusti, sareng dilah ngalad-alad, wah, polahing tetijang punika rak ngantos salang tundjang boten kanten-kantenan."

Radèn Aju ndangu: „Sabandjuré kepriyé?"

„Inggih punika, sareng pun kakang tuwin adalem sampun medal, ing ngriku pun kakang badé nulungi tetijang sagedipun énggal medal, pun genduk ngganduli, nanging ladjeng pisah, amargi kesuk ing tetijang kañah, temah ladjeng katilapan. Amung kémawon rahajunipun Gusti, ladjeng wonten inggang welas, wonten tijang nénéman setunggal anganti pijambakipun, ladjeng kabekta medal saking ing alun-alun. Eh tobat, tudjuné kok ora ketjepit-tjepit nguwong!"

Radèn Aju Nataséwaja ladjeng mèsèm ndangu dateng Radèn Adjeng Srini: „Ija Sri?" Radèn Adjeng mèsèm kémawon. Radèn Aju ngandika: „Saiki saja gedé kok saja kètok ajuné Srini kuwi! Embok ija diombé wédangé kuwi ta Sri! — Kuwi ta mbakju wédang karo daharané disambi, karo tutugna dongèngé Srini. Sam, kaé Sam!"

„Kula."

„Kaé djupukna krokèt ngloḍong duwur médja kaé, uwakmu rak karsa. Kepriyé mbakju, sapa djaré wong sing nulungi mau?"

Radèn Aju Pramajoga ngladjengaken tjarijos: „O, tijang boten kantenan kok, Gusti! Saking tjarijosipun pun genduk: sareng dumugi ing rumah makan Kreteg-gantung, pun genduk ladjeng dipun adjak kèndel sakedap. Sareng pun genduk mireng slomprèting kréta inggang

dalem tumpaki langkung ing ngriku, genḍuk ladjeng medal nguwuh mandeg. Sesampuning kréta mandeg, genḍuk énggal narantjag, adalem sanget kagèt, margi boten nginten jèn genḍuk, tur ladjeng ngrungkebi klajan nangis.

Wah, punika kados punapa kémawon tjumeplonging manah kula, idjab rasa kaja dak-untal-untala mana. Ing ngriku ladjeng dalem bekta mantuk."

Radèn Aju ndangu : „Apa sadjroné bebarengan mau ora takontinakon djeneng lan omahé, Sri?"

Wangsulanipun Radèn Adjeng kalajan njembah : „Boten."

Radèn Aju ndangu : „Sing nemu kowé kuwi wong lanang apa wong wédok, Sri?"

Aturipun Radèn Adjeng : „Tijang djaler."

„Isih enom apa wis tuwa?"

„Sampun sepuh."

Ingkang ibu sumambung : „Hlo, saiki wis malih tuwa! Djaré isih enom, bagus mrak-ati!"

Radèn Adjeng mbekuh ririh : „Ah, sibu ki kok, sing kanda isih enom ki sapa?" Sareng Radèn Adjeng matur mekaten sedaja sami gumudjeng, amargi Radèn Adjeng ketingal kekah kawelèhaken ingkang ibu. Radèn Adjeng Srini ladjeng ketingal katjipuhan sarta sanget ing lingsemipun, kalijan matur : „Sampun sepuh Gusti."

Radèn Aju mèsèm angandika : „Ah, apa ija? Hem, énggané aku dadi djedjaka nemu wong aju kaja Srini ngono, é, bandjur dakgondol mulih baé!" Sedaja sami ger-geran gudjengipun, awit kedjawi seneng anggènipun anggegarapi, Radèn Aju seneng angraosaken lelampahanipun Radèn Adjeng Srini, punapa malih resepipun ningali dateng warninipun, amargi sasolah bawanipun Radèn Adjeng sarwa pantes aprak-ati, sanadyan sasaming èstri sedaja gadah kepéngin ningali warninipun Radèn Adjeng.

Radèn Aju Nataséwaja ladjeng ngunandika : „Dadi lelakonku ki pada karo lelakoné mbakju! Sliramu rak ija wis mireng warta lungané Rijanta ta, mbakju?"

Aturipun : „Késah kados pundi?"

„I, ngamplah anéja! Ana wong saomah sasat kepatèn ngéné kok mbakju ki ndadak tambah."

„Hlo kados pundi ta, Gusti?"

„Anakmu Rijanta rak wis nembelas dina iki lunga ora pamit."

Sanalika Kjai Dipati sekalijan ndjalenger. Sang Dipati ladjeng matur : „Eluh, dados ndara Mas késah?" Kok anèh ta!"

Radèn Aju ngendika asemu suntrut : „Mula ja kuwi kakang! keprijé gèk tukku ora ngenes ngatasé anak mung sidji til, teka téga ninggal wong tuwa. Déné enggonku nggolèki wis ngentèkaké nalar."

Kjai Dipati ngantos ndjegreg, ladjeng matur : „Boten ta Gusti, prajogi kasabaraken rumijin, boten-botenipun jèn boten kondur! Namung kémawon kados pundi bebukanipun, déné putra dalem ngantos mekaten?"

Radèn Aju ngandika : „Sekawit ija sarèhning anakmu kuwi wis diwasa, hla wong saka pétungku anakmu kuwi wis umur selikur mlaku iki, ta kakang, mula saka karepku dakpurih omah-omah, supaja adja

duwé karep embjang-embjangan. Kuwi ora kakang, kedjaba ora manut ing rembugku rina-wengi malah ora tau saba omah. Déné tukku tutur kuwi ija sarana alus, awit botjah wis gedé. Kuwi ora, mandak saja ndaluja, gèk keprijé tukku ora pegel! Saka pegeling atiku, bandjur daketog pisan, ora dak-aruh-aruhi, karepku supaja nuli nduwèni ken-dak. Apa ana? Mandak saja lunga tanpa pamit. Ora liwat kakang, aku njuwun pitulungmu, keprijé anakmu bisané tumuli mulih, aku wis pasrah sliramu."

Aturipun Kjai Dipati : „Inggih Gusti, sasaged-saged inggih kala-jan kula èsti tumuntena saged pinanggih putra dalem. Namung saking panjuwun kula, mugi panggalih dalem ingkang lega-legawa, sampun sumelang sarta sampun nggalih ingkang boten-boten. Bilih katarimah panuwun kula, bokmenawi boten dangu putra dalem nunten saged pinanggih."

Kala semanten Kjai Dipati Pramajoga sekalijan ladjeng sami pamitan. Sampun rinilan, namung Radèn Adjeng Srini kalijan Radèn Adjeng Nèstri katjanDET ing Radèn Aju supados kantung wonten ing ngriku.

(Serat Rijanta)

XV. PRIHATOS

Satunggiling tijang nénéman kados pun Darba, djembar sawanganipun, sampun saged nanding milih, panimbangipun ing samubarang prakawis mawi nalar-nalar ingkang premati, punika pantjènipun sampun kénging dipun etjulaken, kados pundi pamilihipun lampah badé gesangipun. Nanging manahipun Darba tansah peteng, dèrèng saged manggih tékad ingkang dipun antepi. Bab punika boten anggumunaken, amargi gesangipun bangsa Djawi nalika samanten wonten ing mangsa badé santuning djaman. Gagrag énggal ingkang awewaton pamanahan patitis, manawi kesangeten tjengkahipun kalijan kawontenan lami, inggih ladjeng nama boten laras kalijan djaman. Leres sanget tembungipun serat Kalatida, ingkang mungel : „éwuh aja ing pambudi." Pramila ing sabarang pandjanga, Darba remen sanget mintokaken pamanggihipun dateng para wadjib, perlunipun ladjeng sageda angsal karampungan ingkang kénging dipun antepi, kados nalika Darba dipun ojak-ojak kapurih rabi, pamanahipun Darba pantjèn taksih tebih sanget, anggènipun damel sabab ugi patitis, sapisan : Anggènipun dèrèng gadah pamedal pijambak. Kaping kalih : badanipun pijambak kémawon nama dèrèng kantenan, teka badé dipun rangkepi bodjo. Kaping tiga : manawi kelampahan émah-émah, mestinipun ladjeng gadah anak, satunggal, kalih Gèk ladjeng kados pundi, mestinipun ladjeng boten sampurna gesangipun.

Tijang sepuhipun nerangaken, limrahipun kedah makaten, amargi ingatasipun Darba sampun njandak umur 22 taun, punika nama kasèp. Limrahipun, manawi gesang punika namung manut kémawon kalijan ingkang lami, djamanipun nama boten madjeng. Katak-katak

anggenipun mabeni Darba, wekasan telas-telasaning rembag para sepuh anggèning damel sabab : njumelangaken manawi Darba keselak kénging goda (rojal).

Darba bingah ing manah, amargi saged sumingkir saking sabab wau, sarana aprasetya temen-temen badé boten nglampahi tindak ingkang dudu. Tijang sepuhipun inggih narimah, djalaran pantjèn boten wonten titikipun Darba gadah tindak makaten. Dados karampunganing rembag, bab émah-émah kénging béndjing-béndjing.

Samangké ingkang tansah dados pamanahan, bab badé pangupadosipun padamelan. Sampun mesti kémawon wontenipun Darba ngantos dumugi ing kaonderan, punika pantjèn wiwit alit dumugi sekolah saha magang, ingkang kadjangka namung anggènipun badé dados prijantun. Nanging makaten punika Darba namung katut ombjaking ngakatah, lripun anak prijantun limrahipun dados prijantun, mangka nalika pamagangipun Darba angsal tigang taun, sampun kadéderan raos boten sakétja, saja malih sareng Darba mindak-mindak seserapanipun, déning remenipun maos buku-buku saha serat kabar, tetéla bilih kaprijantunan punika inggih satunggaling sarana kémawon kanggé ngupadjiwa, teka dipun anggep mulja pijambak, punika jektosipun dèrèng kantenan. Samukawis menawi wonten sakétjanipun, mesti wonten pait getiripun. Wewah-wewah Darba mentas mireng rembagipun Onder saha djuru-djuru serat bab panjepengipun papréntahan, manahipun saja mindak sempelah, batosipun : Sesawangan makaten katik béda temen kalijan kajektosanipun. Wudjudipun njepeng pepréntahan, katingal andjagedag dipun adji-adji, kinéringan ing sesami, ingkang nglampahi djebul rumaos prasasat dipun srimpong, ing sabarang tindak sarwa pakèwed.

Darba saja tetep kepénginipun njambut damel ingkang mardika, lripun ingkang sakedik sangkutanipun kalijan pangageng ; namung kados pundi marginipun, punika ingkang dèrèng angsal wewengan, amila Darba sakelangkung prihatos, sarta tansah njenjuwun ing Gusti-Allah.

Pangintening ngakatah, anggènipun Darba prihatos makaten punika, saking ngadjeng-adjeng tumuntenipun tetep dados djuru serat, boten wonten satunggal-tunggala ingkang sumerep, bilih njatanipun malah nijat nilar kaprijantunan babar pisan.

ANAK KALIJAN BIJUNG

Kadang kulawarganipun Darba, ingkang katah sami boten najogjani dateng sedyanipun Darba, nanging kedjawi embokipun, tumrapipun Darba boten dados pamanahan, amargi sadaja punika gampil dipun telukaken sarana rembag ingkang patitis. Balik embokipun, manawi rembagipun boten keleresan, saged ugi rumaos kepedotan tresna, utawi putung manahipun. Pramila sasampunipun Darba rerembagan kalijan Onderipun, ladjeng kintun serat dateng tijang sepuhipun makaten :

Serat saha ingkang pangabekti, mugè katur ing pandjenenganipun bapak ki mas Najapada sakalijan.

Sasampunipun ingkang kadya punika, nuwun wijosipun, kula ngatur uninga, kawontenanipun badan kula wiludjeng, boten kirang satunggal punapa, pamudji kula, bapak sakalijan embok ugi makatena. Wondéné bab anggèn kula nglampahi magang dumugi dinten punika sepen ing pawartos, kados pundi kaparengipun nagari kula boten mireng punapa-punapa. Nanging bab punika malah ladjeng boten kula gagas, amargi kula sampun manggih kekentjengan ing manah, badé ngupados padamelan sanès.

Mugi bapak sakalijan embok sampun kagèt ing galih, sadaja ihtijar kula punika ugi mawi ngèngeti, sarta murih ndadosaken danganing panggalih pandjenengan sakalijan. Amila terangipun, béndjing Sabtu sonten ngadjeng punika kula badé mantuk mriki, ngrembag bab punika.

Wasana mugè ndadosna kauningan.

Katur kaping 5 Desember 1902.

*Inkang putra pun
Darba.*

Seratipun Darba ing nginggil punika pantjèn kadamel samar, perlunipun namung supados tijang sepuhipun kisénan rumijin, dados samangsa Darba dateng, sampuna tata-tata. Saupami sadaja sedyanipun punika dipun pratélakna ing serat, Darba sumelang manawi ndjalari klintu serap. Manawi sampun makaten, amesti tijang sepuh angèl dipun eluk. Para maos badé sumerep, kadospundi pangangkah-angkahipun Darba ngrembag bab punika, amurih dangan saha leganipun tijang sepuh.

Ing dinten Sabtu sonten, surja sampun boten ketingal, lentéralentéra ing margi ageng salebetipun kiya Surakarta, wiwit dipun sumedi. Ki Mas Najapada, ingkang èstri saha Darja, waunipun sami djagongan wonten ngadjengan, sareng sampun peteng ladjeng sami mlebet ing grija. Boten antawis dungu kepireng ramé swaranipun keréta langkung, mratandani bilih sepur wekasan saking Ngajogjakarta sampun dateng. Najapada njrantosaken ing sawatawis, awit adatipun Darba boten naté ngandong. Sajektos, ing pakiwan wonten swaranipun tijang-wisuh, sakedap malih Darba mlebet ing grija.

Sasampunipun tata lenggah bagé-binagèkaken, Darba takèn dateng kakangipun.

- „Bakju kok ora mréné mas ?”
- „Ora, tekaku mau rada kesusu.”
- „Kesusu kepriyé ?”
- „Lagi djam lima iki mau olèhku nampani utusané bapak, ditimbali mréné. Takarani ana perluné apa, mulané bakjumu ora takdjak.”
- „Tolé wis bisa apa ?”
- „Wis adeg-adeg antep.”

Salebetipun makaten, mbok Najapada ngedalaken wédang saha patjitan katata ing médja andap, nunten sami ngombé saha matjit. Darba sumerep pasemoning tijang sepuhipun, kados énggal kepéngin

mireng, punapa rembagipun Darba. Pramila Darba inggih ladjeng mbukani, tembungipun dateng Darja :

„Nèk kowé krungu, mas, keprijé kabaré Kapatihan?”

Darja : „Prakara awakmu apa?”

Darba : „Ija.”

Darja : „Kok sepi ora ana kabar apa-apa. Aku wingi ketemu pak bèi Pradjasusastra, kok ija ora ngandika apa-apa!”

Darba dateng bapakipun : „Kadospundi, pak, mangka anggèn kula wonten kaonderan sampun sawatawis wulan.”

Najapada : „Lah kaprijé, upama kowé gawé paturan.”

Darba : „O, boten bapak, manawi makaten kula isin, amargi wonten kula dateng kaonderan punika dédé kadjeng kula”. Darba njawang embkipun, wiwit rembagan njandak badanipun, polatanipun pantjèn sampun peteng, bokmanawi kisénan seratipun Darba anggènipun ngupados padamelan sanès. Darba ladjeng witjanten alon kanthi sumèh, tembungipun : „Kados pundi embok, saupami kula punika keladjeng boten kagalih ing Paréntah”.

Mbok Najapada : „Mongsok ora digalih, lah nèk kowé rikuh gawé paturan, lah bok ketemu pakmu bèi Pradjasusastra.”

Darba : „É, mangké inggih embok, kula punika badé matur upami dateng pandjenengan. Anggèn kula badé dados djuru serat punika nama dèrèng kantenan. Saupami sapunika wonten ingkang njukani padamelan blandjanipun langkung

Dumugi samanten witjantenipun Darba pedot dipun selani embkipun. Nalika mbok Najapada mireng tembungipun Darba „..... dèrèng kantenan. Saupami” mripatipun sampun wiwit abrit, sareng witjanten luhipun tjarotjosan, tembungipun : „Langkung limalas, salawé, sèket, kowé rak arep dadi tjarik pabrik, ta?”

Najapada saanakipun sami kagèt, witjantenipun Najapada : „Lo, alon ta, embokné, kowé kuwi kok bandjur ngono, rak ija dirungokaké disik kandané anakmu kuwi, djénengé dirembug.”

Darba : „O, embok, kula inggih sampun sumerèp manawi panggalihan pandjenengan makaten : mila sadaja ihtijar, ingkang kula èngeti kudangan pandjenengan. Tjarijosipun rumijin kadjengipun : kétok”.

Mbok Najapada : „Lah kok arep dadi tjarik pabrik”.

Darba : „Inkang tjarijos sinten? Kula sasampuna matur, bilih boten. Saupami temena, punapa tijang pabrik punika asoring asor?”

Mbok Najapada : „Ija ora, nanging mangsa ngungkulana wong dadi prijaji”.

Darba : „Punapanipun?”

Mbok Najapada : „Kadjèné, lungguhé”.

Darba : „Setatir pabrik, kalijan Asisten résiden punika kok se-kétja kémawon”.

Mbok Najapada : „Lah wong Landa”.

Darba : „Boten dupèh Walandi mekaten. Punika mesti wonten sababipun.”

Ki mas Najapada pantjèn katah pandjomplangipun dateng Darba, mila ladjeng numpangi witjanten : „Sababé keprijé? Anu mbokné,

kandané anakmu kuwi rasakna, sarta timbang-timbangan. Nèk pantjèn ora bener, ija pada digondèli. Wis Darba tutugna kandamu!"

Darba : „Tjobi, sadèrèngipun kula badé matur rumijin bab dados prijantun kalijan boten dados prijantun. Dumugi samangké leres tjarijosipun embok, boten kados dados prijantun. Mila mekaten awit para prijantun punika sami pinter-pinter, apesipun saged maos saha njerat. Béda kalijan para pandé, sudagar, para tani sesaminipun, punika kasagedanipun namung mligi tumrap padamelanipun. Mila inggih tansah kasor ing prabawa kalijan ingkang sami dados prijantun. Nanging sapunika katah pamulangan, béndjing wetawis taun malih, saged ugi ingkang dados djuru serat punika upaminipun wedalan pamulangan angka II, ingkang dados pandé malah wedalan pamulangan angka I, ing kadjènipun mesti gumantung wonten katahing pamedal, ingkang dados prijantun temtu boten wani lanjak-lanjak dateng ingkang dados pandé.”

Sadangunipun mirengaken, mbok Najapada tansah suntrut polatanipun, witjantenipun alot, tembungipun : „Nèk Djawa apa bisa kaja ngono? Lah wong sing wis sugih ing Kauman lan ing Lawijan kuwi pada ngaja-aja tuku kaprijajèn, nganti pirang-pirang èwu rupijah, perluné ija mung golèk kadjèn.”

Darba : „Leres dawuh pandjenengan, embok; tumrap djaman punika pantjèn kesinggihan sanget. Kaparenga kula matur inggih, mbok, ingkang sami kamanah punika badan kula, kados pundi badé nipun, tegesipun kadadosanipun ing béndjing. Béndjing punika dèrèng kelampah, mila sapunika sami karembag, supados ing tembé boten manggih piduwung. Sinten ingkang saged sumerep sabarang ingkang dèrèng kelampahan, boten wonten. Nanging manusa wadajib manahmanah saha nanding-nanding punapa déné nenitèni. Pandjenengan mesti pitados, bilih djaman Kartasura punika béda kalijan djaman Surakarta, djaman larénan pandjenengan, béda kalijan larénan kula. Mekalijan ingkang badé kula lampahi. Nitik nalar-nalar, embok, kadjèning tijang badé boten namung saking dados prijantun kémawon.”

Darja : „Apa manèh jèn prijaji patuh iku sida kelakon ora kepareng nggadhuh bumi, dadi blandjan kaja pulisi, kiraku mungguhing pametu, bakal digeguju marang para krija lan para sudagar.”

Darba : „O, mas Darja, upama para sudagar iku ing saiki pada nduwènanana kawruh umum, mesti bisa ndunungaké adjining diri, wèkasan ija kadjèn.”

Anu embok, sinten ingkang kasinungan arta lan arti, inggih mesti kadjèn. Punika sanès pamanggih kula, namung nirokaken tembungipun para saged, sarta bab punika sampun tumindak wonten ing panggénan ingkang tijangipun sampun madjeng-madjeng. Mangga sami dipun titèni kémawon, ing béndjing sinten ingkang kasinungan arta lan arti, mesti kadjèn kèringan.”

Pak Najapada : „Ija, pantjèn djamané kudu salin. Lah kaé ta, embokné, nèk aku ngadepi para panéwu mantri sing pada remen matja

lajang kabar. Olèhé ngrasani lan ngadjèni marang sing sesinglon Djaka Wijadi, kuwi kaja ora menjang sapepadané, ora sumurup nèk Djaka Wijadi iku sadjatiné anakmu si Darba."

Sajektosipun tembungipun Darba kaṭah-kaṭah tumrapipun embok Najapada radi kinggilen, ngantos mbok Najapada ladjeng boten saged urun rembag, djalaran sakedik mangertosipun. Ewadéné inggih wonten tembung-tembung sawetawis ingkang damel pamarem, wewah-wewah pak Najapada saha Darja sami numpang rembagipun Darba, mila ulatipun mbok Najapada ladjeng radi padang.

Pak Najapada batosipun ngalem dateng Darba, déné saged rembagan kados mekaten, tur kanṭi nalar-nalar saha pamanggih ingkang patitis, mila inggih ladjeng namung pitados, dateng ihtijaripun Darba. Saja bingah malih manahipun, sumerep ingkang èstri radi padang ulatipun, nunten ngladjengaken rembag, witjantenipun : „Lah saiki kapriyé karepmu ? Kasebut lajangmu kepungkur iki djaré kowé arep golèk pagawéan lija ?”

Darba ladjeng nerangaken anggènipun tetepangan kalijan tuwan masinis, saéning panganggep, sarta anggènipun badé suka pitulungan. Wekasan tembungipun mekaten : „Dados anggèn kula badé dateng Semarang punika, nijat kula sinau, déné panjambut damel kula punika malah nama sambèn, pamedalipun kénging kula anggé wragad anggèn kula sinau wau.”

Mbok Najapada : „Upamané kowé bésuk wis pinter, bandjur arep dadi apa ?”

Mireng pitakèn punika, Darba kanggeg boten saged mangsuli, awit saupami tjarijos badé dados tukang besi utawi masinis, sumelang manawi embokipun kagèt malih. Dilalah Darja sumerep ing semu, énggal njambeti kanṭi pangangkah ngétjani embokipun, tembungipun : „Gampil, ta, embok, manawi Darba sampun gadah kasagedan. Saupami sampéjan karsakaken kedah dados abdi dalem, ladjeng mlebet dateng Kartipura, utawi Kabupatèn Kalang, mesti mak bleng kémawon, malah boten susah magang”.

Mbok Najapada : „Lah, kowé ana Semarang kuwi nèk ana suker sakité, gèk kapriyé ?”

Darba : „Prakawis makaten sampun pandjenengan galih sanget-sanget, embok. Anggèn kula gadah kekentjengan medal dateng ngamantja punika sampun mawi sabab warni-warni, sapisan : perlu ngupados kasagedan, Kaping kalih : wonten kula ing Semarang wonten ingkang kula gondèli, inggih punika tuwan masinis. Kaping tiga : pandjenengan sakalijan bapak sampun wonten ingkang rumeksa, inggih punika mas Darja saha mbakju tuwin sanak-sadèrèk sanèsipun. Kalijan malih djaman sapunika, Sala-Semarang punika sapinten tebihipun ; manawi wonten perlu semangsa-mangsa, éndjing télégram, sonten sampun sami saged pepanggihan. Manawi sami tuwi, sadinten saged tulak.”

Pamanahipun Pak Najapada, rembag punika nama sampun padang, pramila mituruti sedyanipun Darba dateng Semarang. Mbok Najapada meksa boten saged ketinggal bingar, punika bokmanawi nggagas anggènipun badé pisah kalijan anak, kanṭi pangowel sakedik, déné

Darba sampun mèh dados abdi dalem tjarik-onder, badé katilar. Pak Najapada ladjeng akèn tata neđa, tumunten sami neđa, sinambi omong-omongan bab sanès.

.....

SALEBETIPUN TAUN WALANDI 1903 DUMUGI 1908

Tékadipun Darba nilar kaprijantunan, punika dados gumunaning ngakatah. Nalika samanten ing Surakarta pantjèn dèrèng sapintena katahipun laré wedalan pamulangan. Dumugi taun 1903 wontenipun pamulangan Djawi namung tiga, inggih punika pamulangan angka I satunggal ing Kapatihan, saha pamulangan angka II kalih ing Pasar Kliwon saha Mangkujudan. Pamulangan angka I klasipun gangsal, pamulangan angka II, sekawan. Ing Mangkunagaran kagungan pamulangan pijambak anama : Siswa. Kedjawi punika ugi wonten pamulangan partikelir sawetawis, ingkang wulanganipun kénging dipun wastani namung sinau : matja lan nulis. Tetijang Djawi dèrèng nggatosaken dateng pamulangan, anggènipun sami njakolahaken anak nama namung tumut grubjug. Nalika badé adegipun pamulangan angka I ing Kapatihan kala 1898, Nagari mawi paring wara-wara dateng para abdidalem, suraos paring priksa, bilih badé jasa pamulangan kanggé njaloni para ingkang sami badé dados Narapradja, amila para abdidalem kadawuhan, kedah njakolahaken anakipun, apesipun satunggal. Para prijantun sami adjrih, kepeksa ngintunaken anakipun dateng pamulangan Kapatihan, ingkang wudjudipun limrah kados pamulangan angka I. Para luhur sami nglebetaken putranipun dateng pamulangan Walandi, nanging sami medot banjon ; ingkang ngantos tamat, agengipun ngladjengaken dateng pamulangan ingkang langkung inggil, punika prasasat boten wonten. Tetembungan : „anak prijaji kuwi rak mesti ija dadi prijaji,” punika nalika djaman samanten lampah sanget.

Pantjèn ketingal tjeťa sanget garis watesanipun prijantun kalijan ingkang dédé prijantun. Para sudagar, nadjan ketjekapan, sami rikuh linggihan kursèn ketingal saking margi, amargi adjrih menèk ingéwanan déné mémba prijantun.

Para abdidalem tedanipun tampi gaduhan siti, dipun paosi déning bekel. Nalika dadosipun bekel mawi asok bekti. Samangsa prijantun wau kagungan damel, utawi ing karaton wonten kraman, bekelipun katamtokaken mbajar samanten pasokan, minangka urun utawi pasangon sowan pasamuwan karaton. Déné bekel wau sagedipun ngwontenaken arta, sampun mesti kémawon saking urunanipun tijang alit. Ing saben grebeg, bekel katemtokaken sowan dateng prijantun lelurahipun, kanthi mbekta kuli sawetawis, perlu ndèrèkaken pasowanan grebeg. Datengipun mbekta angsal-angsal uwos, djuwadah binuntel ing djanur djené, sesaminipun apepikulan. Sawenèhipun prijantun ingkang boten burus manahipun tansah ngudi kalepataning bekel, perlunipun manawi saged kakèndelan, ladjeng santun bekel, tampi bekti malih. Sadaja bab punika mahanani raos, bilih tijang alit punika wonten tekemaning prijantun.

Nalika samanten dèrèng wonten pakempalan-pakempalan. Nagari kepareng ngadani kamar bolah (soos) nama Abipraja, punika ingkang kénging dados warga namung para abdidalem. Sasrawunganing tijang boten sapintena tebanipun, kempal-kempal manawi wonten damel, kesripahan, manton, tetakan sasaminipun, punika ingkang mesti lenggahipun miturut pangkat. Prijantun sami prijantun, manawi béda pasuwitanipun, kedjawi ingkang sanak, boten saged djaruh, upaminipun abdi dalem Kasunanan kalijan prijantun Mangkunagaran, punapa déné punggawa Gupernemen. Sadaja sami rebat unggul. Pakurmatanipun para alit dateng para luhur taksih sanget, upaminipun wonten kangdjeng Pangéran langkung, tetijang ingkang kepetuk sami ndodok ngapurantjang wonten sapinggiring margi, dalasan para punggawa Walandi sami remen nganggé pakurmatan Djawi. Satunggiling pangageng kantor, lenggahipun kursèn, manawi djuru seratipun ngaturaken serat kedah lampah dodok.

.....

Petikan ing nginggil punika lowung kanggé antjer-antjer, kados pundi kawontenan saha pamangghipun tijang nalika djaman gangsal welasan taun kepengker. Tetéla tetijang Djawi ingkang mengertos, gadah nijat ébah. Déné tetijang ingkang remen maos serat kabar, sampun mesti mindak djembar seserepanipun, saha sumerep dateng ébahing djaman, langkung malih ingkang sami maos serat kabar Malaju. Serat kabar Malaju ingkang radi sumebar ing Surakarta, kados ta : „*Slomprèt Malaju*” wedalan Semarang, djuru ngarangipun tuwan Appel. „*Tamansari*” wedalan Batawi, djuru ngarangipun tuwan Wiggers. Serat kabar „*Medan Prijaji*” wedalan Bandung, djuru ngarangipun R.M. Tirtaadisurja. Wonten malih serat kabar minggon wedalan nagari Walandi, dipun pangandjuri tuwan-tuwan Brouson saha Abdul Rifai, namanipun „*Bintang Hindia*”, punika rinengga ing gambar saé sanget. Inggih Bintang Hindia punika ingkang ngébahaken sajektos dateng tetijang Djawi, ingriku tukulipun tembung djaman kamadjuan, Kaum muḍa saha kaum kina. Manahipun tijang Djawi ketarik sami kepéngin ngintunaken anakipun sinau dateng nagari Walandi, malah nalika tanggal kaping 6 Juni 1906, ingkang Sinuhun Kangdjeng Susuhunan ugi ngangkataken putra tetiga dateng nagari Walandi inggih punika bandara Kangdjeng Pangéran Arja Adiwidjaja, bandara Radèn Mas Sumèh, saha bandara Radèn Mas Irawan.

Katjarijos wonten satunggaling prijantun dokter Djawi ing Ngajogjakarta, nama Mas Ngabèi Soedirausada, punika sanget pangudinipun amurih madjengipun tijang Djawi, dipun labeti ngedalaken serat kabar Djawi-Malaju nama Retna Dumilah. Malah pandjenenganipun ladjeng lelana mubeng tanah Djawi, manggihi para Bupati saha pangageng sanèsipun, nggelaraken pemanggih : „Saupami para prijantun sasaminipun purun urunan sekedik-sekedikipun setangsul sawulan, amesti klempaking arta kénging kanggé nragadi tijang pinten-pinten, kasinaokaken dateng nagari Walandi dateng babagan kawruh tetanèn, patukangan, kawruh pangadilan, pamelikan, dagang sapanunggilanipun. Ing tembé tetijang ingkang dipun ragadi wau kadadosaken panuntun-

ipun bangsa Djawi. Manawi sampun kalampahan makaten, kakinten mesti badé dados panarik kamuljanipun bangsa Djawi.

Nanging ihtijaripun Mas bèi dokter Sudirausada makaten punika boten gampang tumindakipun, amargi sapisan sawenèhing pangageng malah ndakwa, dokter Sudirausada badé mbibrah tata tentrem. Kaping kalih : ingkang kawah tetijang Djawi dèrèng djembar seserepanipun, bebasan kados kodok kinureban batok, kang-kung, rumaosipun ngebaki djagat, boten sumerep manawi langitipun namung saku-rebing batok. Amila ing sawetawis taun Mas bèi dokter wau kèndel boten wonten benèkipun ; teka ladjeng tanpa tilas : boten, tandanipun ladjeng tukul pakempalan : *Budiutama* ingkang ngadani kawitan para murid dokter ing Batawi, ladjeng para murid-murid pamulangan tjalon prijantun, murid tjalon guru sasaminipun. Dangu-dangu para sepuh tumut-tumut, kelampahan kala tanggal kaping 5 Ocktober 1908 ing Ngajogjakarta wonten parepatan ageng (congres), dipun datengi saking pundi-pundi ing satanah Djawi tuwin Madura. Inggih Budiutama punika pakempalan Djawi kawitan, tumrap tetijang tanah Djawi saha Madura sadaja.


Adegipun Budiutama, sakawit gadah epang wolung panggènan, taun tjandakipun wewah dados sangalas. Ewa déné kawahipun ingkang lumebet dados warga, manawi katimbang kalijan tjatjah djiwanipun tanah Djawi, boten sapintena, mila dajanipun inggih boten rosa, wewakan rembag-rembag ladjeng namung ngerog-erog Pamaréntah Walandi, sarana ngaturaken panuwun saha pamrajogi. Inkang langkung sanget punika panjuwunipun dateng babagan pangadjaranipun tetijang siti. Nalika semanten pamulangan ingkang nama kanggé tijang Djawi punika namung : pamulangan dusun, pamulangan angka II saha angka I, pamulangan tjalon guru, tjalon prijantun saha tjalon dokter, tjatjahipun boten sapintena. Kelampahan Nagari ladjeng boten kèndat amewahi kawahing pamulangan-pamulangan angka I, kawewahan piwulang tjara Walandi ladjeng dados H.I.S. dumugi samangké kawah sanget warni-warnining pamulangan, saha mèh sadaja pamulangan kenging dipun lebeti laré Djawi.

(*Kirti ndjundjung dradjat*)

XVI. SANGKAN-PARAN

Ing wantji djam sekawan sonten srengéngé sampun suda bentèripun, ramé swaranipun tijang sami reresik : njapu latar ngisèni djembangan utawi kulah badé kadamel adus. Margi ageng ing Mataram ketinggal regeng, djalaran kawah tijang langkung, sekedap-sekedap kesarwi abebangkol, tanganipun kiwa njepengi apus, ingkang tengen amandi waos, wangunipun angadjrihi, ing semu kados tijang badé mangsah djurit. Nanging manawi dipun waspaosaken, ingkang wonten putjuring waos wau dédé lelandep, awudjud ubel-ubel sindjang ka-

wangun saé, inggih punika ingkang nama watang, regenging margi saha raméning kita boten anggumunaken, amargi nalika semanten pinudju dinten Sabtu, para satrija, para sénapati saha para ingkang kalebet golonganing pradjurit, sami watangan wonten ing alun-alun.



Ing alun-alun kañah tijang; ingkang sami numpak kapal wau tata djèdjèr wonten satjelaking ringan kurung, sawenèh wonten ingkang mijambak. Ing wingking rantap para santana utawi abdi, ugi sami numpak kapal, pratandanipun satrija utawi pangageng saking mantja nagari, boten dangu kepireng wonten monggang, ingkang Sinuwun Kangdjeng Sunan mijos, ladjeng lenggah wonten ing bangsal pangrawit.

Tengara kaungelaken, nunten wiwit watangan. Para ingkang numpak kapal anggebrag kapalipun, mider akekalangan, miling-miling ngupados tanding, sareng sampun angsal ladjeng ubeng-ubengan kados sawung èrèk, sarta tansah wawas-winawas, apusing kendali katjangkolaken ing bangkol, ladjeng angunda-unða watang. Tumunten ingkang satunggal angingeraken kapalipun, nradjang anamakaken watang, ingkang kaangkah dāda. Satunggalipun prajitna, dawahing watang tinangkis sami watang, kumropjak adamel kagèting kapal, sanalika kipingipun andjepiping, mripatipun murub, ing semu kados murina, déné bendaranipun kaḍawahan ing dedamel, ambekos kados akèn tumunten amalesa. Inggih numpaki sabar ing manah, dèrèng nijat males manawi dèrèng patitis ing pamawas. Kados makaten sagolongan-sagolonganipun ingkang sami adjar tanding, watang-winatang awis-awis ingkang saged angéngingi, sadaja sami katingal wegig-wegig, adamel senengipun ingkang sami ningali.

Wonten sawenèhipun satrija anama Radèn Pandji Sumirang, punika namung tansah anjadjakaken sarira, panganggènipun sarwa mom-

pjor, alis pinidih, apupuran lamat-lamat, kapalipun asesirig, dèrèng angsal tandèng. Tijang katah kepéngin badé sumerep, dumugi tempuk-
ing damel, punapa punika inggih mitajani.

Katjarijos, wiwit ing gladag tetijang sami pijak sumingkir tebih, amargi wonten kapal mbandang, ingkang numpaki djedjaka ugi badé tumut watangan. Sanadjan kapal wau ambandang sarosanipun kabekta saking bigar saha mepengipun badé lumebet ing pabarisan, ingkang numpaki ketingal ajem. Pantjèn wudjudipun sembada, badanipun kasasaban kotang, namung baunipun ingkang ketingal, kentjeng akijeng, mratandani manawi rosa, mripat agilar-gilar minangka tandaning kendel sarta teranging budi, soroting polatan dados gambaripun manah saé.

Dumugi pabarisan kapal taksih ambandang lumebet ing kalangan, boten kénging kapekak, malah ladjeng badé nradjang ing pagelaran. Sang djaka wiwit sumelang ing manah, boten sandé adamel kagètipun Sang Prabu, mila ladjeng angetog kasudiran, kapal piniñing ing wentis kekalih, sanalika kapal mandeg greg, badanipun gumeter, ladjeng kénging kaingeraken, lumampah lonlonan. Sadaja tijang sami tjingak aningali. Inggang Sinuwun Kangdjeng Sunan andangu : „Iku botjah ngendi, lan sapa arané ?” Wonten sawenèhing bupati matur : „Punika Radèn Sangkan, anakipun Tumenggung Gadjah alit”.

Radèn Sangkan sumedya damel bingahipun para ingkang sami ningali. Sareng kapalipun sampun aring napasipun, énggal kineteg. Saweg badé lumadjeng ladjeng dipun pekak, kapal ngadeg anglumba, suku nggebrag, ladjeng malumpat, suku wingking njépak, mekaten ngantos adamel mirisipun ingkang sami ningali, kuwatos mbok bilih ingkang numpak dawah. Nanging Sang Djaka kraket kalijan gigiring kapal, mratandani bilih ahli numpak kapal, boten ambruk jèn boten sareng kalijan tumpakanipun. Radèn Sangkan angendon apus, sanalika kapal rumaos dipun udja, ladjeng njander lumadjeng angubengi kalangan, pladjengipun sakalangkung banter. Ing nalika punika Pandji Sumirang saweg kèndel wonten ing pinggir, kesliring pladjengipun Sangkan, Radèn Pandji nepsu ; wiwit kala wau pantjèn sampun éwa ing salebeting batos, mila ladjeng nututi sumedya ngajoni, kapal kasanderaken. Sangkan sumerep, sareng mèh ketutupan, kapal ingkang saweg ambandang kapekak mandeg greg, Radèn Pandji keplantrang. Sareng méngo, mengsahipun katingal wangsul sampun tebih. Ramé surakipun ingkang ningali.

Pandji Sumirang saja bentèr ing manah, ladjeng ngantjak anamak-aken watang. Sangkan anangkis, kalijan ajem kémawon. Kawatang malih katangkis sami watang. Wongsal-wangsul pamatangipun Radèn Pandji, nanging boten ngéngingi. Radèn Sangkan sumedya males, kapal kasanderaken sakalangkung gambira, mripatipun sumorot, naradjang sumijut pladjengipun, suri arémbjak-rémbjak anggegirisi. Pandji Sumirang miris amiré-miré, sareng sampun tjelak kapalipun milar, Pandji Sumirang dawah kados kababitaken. Suraking tijang ningali kados ampuhan, sinarengan djengkaripun Sang Prabu kondur ngedaton. Abdinipun Radèn Pandji kumrubut dateng, nulungi bendaranipun, Radèn

Sangkan inggih tumunten anggèndjrit mantuk, sumelang manawi kados déné bebasan : gegujon dadi tangisan.

Wantji djam pitu sonten dalemipun Radèn Tumenggung Gadjah Alit sampun sinumedan dilah akentjar-kentjar, Kjai Bupati lenggah ing pandapi, kaadep para santana dalah abdinipun. Pun Matram, abdi kekasih matur, njarijosaken watangan sonten punika wau, Radèn Sangkan dados gumunan, malah Sang Prabu ngantos ndangu. Tumenggung Gadjah alit sanget lega ing galih, ndangu punapa putranipun dèrèng dateng? Matram mangsuli sampun, saweg wédangan wonten ing tengganipun. Boten dangu Radèn Sangkan inggih ladjeng ngadep, pase-monipun adjeg, kados mentas boten wonten lelampahan punapa-punapa.

Sareng sampun ing saantawis, Kjai Tumenggung ngandika : „Tolé, Sangkan, kaja-kaja wis tjukup anggonmu marsudi kasantikan lan kawidjajan ; iki mau wartané Kangdjeng Sunan andangokaké kowé, ora suwé mesti kowé kaabdèkaké. Nanging karepku : adja disik, tolé! Sumurupa, kabèh sing koparsudi iku lagi ngèlmu lair, mungguh ing kabatinan durung sapiraa kawruhmu, mulané pamikirku, iku udinen disik supaja kowé mangertia apa karepé ngaurip, bisaa kadunungan alusing bebudèn, ngèmperi sipating Pangéran, maha welas lan maha asih, wekasan kowé bakal ora kéwran marang patrap agal alus, ing kono kowé lagi tetep kamanungsanmu”.

„Nuwun Rama, kaluhuran sanget dawuhipun rama, pantjèn kula pijambak rumaos taksih tlonḍo. Anggèn kula marsudi dateng kasantosaning badan, pangèstunipun rama kula saged langkung saking kantjajantja barakan kula, ngantos kula saged ngeluk tosan gligèn, ingkang mestinipun kedah dipun tandangi tijang langkung saking sedasa. Nanging menawi pinudju mekaten, manah kula ladjeng asring kesupèn, njepèlèkaken dateng sesami, gadah patrap ingkang angéwak-éwakaken. Sampuna kula kerep tampi paring pepèngetipun rama, amesti kula keladjeng dados tijang remen gegendungan, remen kibir lan tekabur”.

„Ija mengkono, tolé. Satemené akèh wong sing ora ngélingi, jèn kawula iku asipat lali lan apes.”

„Samangké saking pundi saged kula kadunungan luhuring budi, miwah sutji ing manah, boten sanès kedjawi namung andjagèkaken paring piwulangipun rama. Rinten dalu boten sah anggèn kula anjènjadong lumunturing sihipun rama.”

„Ora mangkono, tolé, wong tuwa kaja aku mono mung awèh wewengan lan tuduh dalan, awit anak-anakku dakkudang paḍa duwéa kaluwihan ngungkuli aku. Aku duwé prasanakan, manggon ing dukuh Madjalima, kaprenah ana sikiling gunung Merapi kang sisih wétan, iku wis mungkur marang kadonjan, banget anggoné ngabekti marang Pangéran, patut dadi pandam pangajomané para nonoman. Karo déné manèh, tolé, ngèlmu iku panggajuhé kudu sarana laku, liré : ora gampang manungsa bisa nampani kawruh pangulahing budi, manawa ora nglakoni angeningaké tjipta. Udjaring wong witjaksana : witing katarima iku saka panedā, tumaneming panedā saka hening, dading tyas hening saka heneng, bisané humeneng saka ngasepi. Mulané jèn dadi karepmu, kowé bakal dakpasrahaké marang saduluranku mau.

Ana ing pratapan lereba ing sawetara mangsa, supaja bisaa wening tjiptamu."

Radèn Sangkan ing sawetawis kèndel kémawon, ing batos sanget keraos-raos ing manah, semanten katresnanipun ingkang rama, namung tansah amurih kasaénaning putra, wekasan matur sandika sarta samangsa-mangsa kadawuhan, éndjing utawi sonten tumunten badé pangkat.

Gampiling tjarijos, ing satunggiling dinten Kjai Tumenggung dawuh tata-tata, tijang wolu ingkang ambekta angsal-angsal kadawuhan bidal rumijin, Radèn Sangkan badé nututi.

PARAN

Ing èrèng-èrèngipun redi Merapi ingkang sisih wétan wonten dukuh nama Madjalima, sakelangkung asri kawurjan. Ing salèripun wonten puntuk alit, tanemanipun kañah, dados pasabanipun peksi-peksi, sami mungel pating tjaruwèt, amewahi asrinipun padekahan.

Ing sisih kilèn wonten lèpènipun ageng andjurang, sawétaning dukuh tjaket wonten tuk, tojanipun sakelangkung bening, ilinipun kumritjik mangidul sakedik ladjeng anggubed mangilèn andjog ing lèpèn. Ing dukuh wau wonten grijanipun ageng satunggal, langgaripun munggul, ingkang manggèn ing ngriku satunggaling prijantun sampun sepuh, kala rumijin dados punggawaning pradja Mataram, saha kañah lelabetanipun. Wiwit sasédanipun Kangdjeng Sultan Agung, ladjeng magawan, tansah angabekti ing Pangéran, sinambi amulang ngèlmu bab agami Islam. Kañah murid-muridipun lürugan saking mantja nagari; para murid wau ing wantji sonten sami winedjang ngèlmu, sijangipun pinardi anggarap sabin, warni-warni tanemanipun, mila dukuh Madjalima saja lami saja mindak redja.

Ing wantji ngadjengaken tengangé, ketingal wonten djedjaka medal saking grija, kauntapaken ing tijang sepuh, inggih punika kjai guru. Dumugi ing ngadjeng régol mandeg gineman ngantos dangu, tembungipun kjai guru :

„Kulup, Paran, aku saiki walèh ing kowé, amarga kiraku ija iki wekasané anggonku ketemu karo kowé. Sumurupa kulup, kakèkmu si Karanglo bijèn olèh djandji saka Kjai Ageng Pamanahan, nalika mangkat arep nampani alas Mataram, kakèkmu ketrima anggoné njuguh petjel pitik, dawuhé Kjai Ageng Pamanahan marang kakèkmu : „Saturun-turunmu bisaa tjedak karo turunku." Mulané utjulmu saka aku iki, kena diarani wis mangsané kowé nagih djandji mau. Nanging diprajitna kulup, sadurungé katutugan sedyamu, kowé bakal kena tjoba gedé, ing Mataram bakal ana dahuru, digedé bektimu marang Pangéran, supaja tansah pinaringan éling; iku kang bakal anuntun kowé marang karahajon. Wis kulup énggal mangkata !”

Lepas lampahipun ki djaka, samargi-margi tansah kagagas-gagas ing manah, tembungipun kjai guru ing Madjalima wekasan punika malah adamel koçeng ing dalem batos. Nijatipun sekawit pantjèn ladjeng badé dateng Mataram, ngupados pasuwitan, nanging samangké pakèwed; awit menawi pantjèn badanipun tinakdir sampun dumugi

ing mangsa tjinelakaken ing ratu, perlu punapa déné mawi njengèl-
njengèl pados pasuwitan supados ketingala. Punapa déné malih menawi
angèneti badanipun pijambak, boten kekirangan anggènipun ulah ka-
pradjuritan saha saliring kawignjan, amila siripun sapunika : badé
damel lelabetan ingkang melok, supados ladjeng katarik dados pung-
gawaning pradja. Nanging punapa ingkang minangka srana. Punika
ingkang dados petenging manahipun ki djaka.

Srengéngé sampun ndjomplang mangilèn, bentèripun sanget, djaka
Paran kèndel ngaub wonten sangandaping wit kesambi, ngiras ange-
ningaken gagasan. Ladjeng wonten pikiran ndatengi : kénging punapa
ta déné ngagesang keraja-raja kedah suwita ing ratu, punapa boten
wonten panggesangan ingkang langkung sekétja, upaminipun dados
sudagar, pijambakipun ha rak inggih mangertos. Punapa malih menawi
purun tumut adagang lajar dateng sabrang, upaminipun dateng Ban-
djarmasin, Makasar, saged ugi ing béndjing dados nangkoda.”

Kados mekaten pikiranipun djedjaka mentas saking puruhitan,
molak-malik dèrèng saged gumatok. Wasana Paran angèneti sedy-
nipun sekawit saha piwelingipun tijang sepuh, inggih punika badé
suwita ing ratu, punika ingkang kedah badé dipun temeni. Menawi
boten mekaten pijambakipun tetep nama tijang boten santosa ing budi.
Nanging ingkang badé kanggé djalaran punika punapa ? Paran ladjeng
ngadeg njat angladjengaken lampah, ing pangangkah badé pados sas-
mitaning Pangéran, mila wiwit punika anglampahi ambisu sarta ngam-
pet hawa nepsu. Swaraning peksi ing wana boten kamirengaken,
tetingalan ingkang adi aèng boten karaosaken, namung tansah tumung-
kul aningali margi, kepéngin neđa saha ngombé : kaampet.

Srengéngé sampun mèh tumpak redi, lampahipun Paran ngambah
wana tarataban, dumadakan nalika punika wonten sabawa ingkang
boten kados adat saben, rengeng-rengenging pawèstri sinenggakan
tijang djaler pating gelembor pating braok, inggih punika tijang badé
ambarang djanggrungan dateng padusunan, Tlèdèkipun setunggal,
ingkang mikul gamelan tiga ingkang lumampah ngaléntang kalih,
semunipun pangendang saha lurahipun.

Sareng pun tlèdèk sumerep djaka Paran, saking katebihan sampun
mungel : „Wé lah, ana satrija liwat”. Kantjanipun njambeti : „Hé,
hé mandeg satrija, mandeg !”

Paran sumerep, ladjeng njimpang sumedya njingkiri, nanging
pun tlèdèk énggal mladjengi sarta ngadangi ngadjengipun, ngliling-
liling kados prabu Mènakdjingga, witjantenipun tjara menawi pinudju
ngringgit :

„Tédja-tédja sulaksana, tédjané wong anjar katon, wingking pundi
kang pinangka, ngadjeng pundi kang sinedya ?”

Paran rumaos amanggih goda anggènipun pinudju nglampahi,
mila kèndel kémawon, sarta tansah ambudi sagedipun angladjengaken
lampah, nanging baunipun kalih pisan dipun tjepengi tlèdèk, malah
mawi katjuwol pipinipun, tijang djaler sanèsipun ladjeng sami ang-
rubung. Pantjèn makaten watakipun tijang asor ing budi, samangsa
dipun kawoni utawi rumaos menang sekedik, anggènipun patrap nja-
wijah saja mepeng.

Lurahipun ingkang nama Tjatang pitakèn : „Mas, pundi dalané teng Surawana ?” Paran gadah tjipta prajogi suka sumerep kanti sasmita, mila tanganipun ladjeng kumlawé, nudingi prenahipun dusun Surawana ! Lugunipun Tjatang sakantjanipun namung pados dadakaning paben, amargi sumerep bilih Paran angempit duwung saé, punika dipun méliki, mila ladjeng witjanten malih kalijan briga-brigi :

„Déné iki ija ngreti marang tjaturaning wong, katik nganggo meneng baé, apa pantjèn aku iki dudu uwong. Sumingkira kantja, daktandangané, jèn daktjuwik nganggo kerisku iki ora sambat, ija pantjèn bisu”.

Paran taksih dipun rubung ing tijang gangsal, nenem tlèdèk, saupami anglawana, mesti kepeksa ngedalaken nepsu, dados badé batal anggènipun nglampahi, mila nijat badé lumadjeng, sarana mijak tetijang ingkang ngrubung awakipun. Inggang wonten ngadjeng Tjatang saha pangendang, kaduwa déning djaka Paran sami dawah pating karéngkang : nanging Paran saweg badé lumadjeng, tijang ingkang wonten wingking mentung gares srana pikulan. Paran dawah, énggal dipun tubruk déning pangendang, kalumahaken sarta dipun tumpaki wetengipun. Tjatang ngadeg malang kerik angidak rainipun Paran kalijan sesumbar kemruwuk.

Paran ngeres ing manah, boten nginten jèn ngantos semanten kedadosanipun, wekasan merem pasrah dateng Pangéran.

Nalika punika wonten djedjaka dateng numpak kapal, kairingaken réntjang setunggal, inggih punika Sangkan kalijan Matram. Sangkan pitakèn : „Niki napa kantja ?”

Para pandjak sami ngawasaken Sangkan, boten dangu Tjatang mangsuli dora tjara, tembungipun : „Wong nonoman niki banget enggoné njawijah teng kula. Kalih déné malih tlèdèk diadjak ambarang golèk duwit, siré adjeng dibekta.”

„Lah enggih, nanging niku dédé patrap, rai teka dika idaki !”

„Dika mélu-mélu napa, lah wong siré adjeng wani teng kula !”

„Enggih ta, dika pilara enggih dika pilara, nanging ampun mekaten !”

Anggènipun witjanten mekaten punika Sangkan kalijan mandap saking kapal, amargi kaselak boten tahan ningali patrap sawenangwenang kados mekaten, kapalipun kapurih njepengi Matram, ladjeng murugi Tjatang.

„Eloh, sampéjan adjeng ngréwangi ! Awas kantja !”

Pandjak ingkang tiga sami ngangkat pikulan sumedya tumandang, Sangkan mandeg, manteleng sarwi mingkis rasukanipun, ladjeng abaning ingkang sakelangkung damel girising mangsah „Mandeg, jèn wani maju sapetjak, sida petjah endasmu”.

Tijang tetiga wau inggih tanpa ébah sajektos, awit sanget adjrihipun, kados sumerep simo gémbong anggemping badé nubruk. Sangkan djumangkah, tanganipun njandak guloning pangendang ing gitok, tanganipun kiwa ngrangsang Tjatang kénging gulon leres ing tenggak. Tjatang kasendal, pangendang ingkang numpaki Paran katarik, pating karontjal. Tjatang njongkoli bau saha badanipun Sangkan, nanging malah kraos sakit pijambak, amargi badanipun Sangkan atos kados

tosan, ladjeng badé narik duwung. Sangkan mulat ladjeng santun njepeng kala mendjing. Tjatang pandelikan, boten saestu saged narik duwung, Matram gumudjeng kekel, witjantenipun : „O lah wong bendara kula teka dimungsuh, tau taté njekel gadjah ngamuk !”

Paran ladjeng tangi lon-lonan, inggih taksih tansah pakèwed ing manah, witjanten punapa boten, wusana ladjeng mendak minangka pratanda panarimah dateng Sangkan, tumunten késah ngladjengaken lampah mangidul. Tjatang sakantjanipun sami matur kapok dateng Sangkan, sarta inggih sampun kautjulaken. Sangkan murugi kapalipun kalijan njawang lampahipun Paran, gèdèg-gèdèg ladjeng mèsèm. Sareng sampun njèngklak kapal, nunten angladjengaken lampah mangalèr dateng Madjalima.

Mitra Darma

XVII. RANDA DJULIG

Ing nagara Purwakanda ana sudagar gedé, djenengé kjai Gunawitjara, komuk kasugihané, betjik atiné, demen wèwèh menjang wong mlarat, dialem ing wong akèh. Kjai sudagar mau nudju lara panastis, turu ana ngambèn, ditunggoni bodjoné linggih ing ngisor.

Kjai sudagar tjalaçu : „Mbokné tolé, laraku kiji ajaké ora bisa waras, atiku wis krasa arep mati, dibetjik saungkurku.”

Njai sudagar bareng dituturi sing lanang mengkono banget kagèté, bandjur nangis senggruk-senggruk, tjalaçuné mengkéné : „Gèk kaprijé, bapakné tolé, nèk aku kotinggal, wis ora ngemong anak, kowé ora ana, angur aku andisikana.”

„Wong dituturi kok nangis, lara pati kuwi rak ora kena didjaluk, kabèh-kabèh wus karsa Allah, menenga ta, rungokna kandaku. Jèn aku sida mati, kowé sing ati-ati, adja kaja botjah, sing gemi, sing setiti, lan adja ngebrèh. Adja dumèh akèh tinggalanku, kajata : Omah telu gedé-gedé, barang mas inten sapirang-pirang, duwit ija akèh, saput prantining omah wis pepak kabèh, malah nganti turah pating kledèr, kabèh mau bisa sirna ing dalem saedjam. Kajata : kemalingan, kaapus-apusan, utawa kobongan, kuwi jèn panggarapmu ora pinter. Nanging jèn pinter, malah wuwuh-wuwuh mangsa entèka, mulané diéling wekasku mau. Awit aboting abot kuwi ora kaja wong mlarat, sèwu lara sèwu susah nglumpuk dadi sidji, utang selang menjang sanak sadulur utawa tangga teparo ora diendel, malah sandjan baé disigèni, jèn ana wong kélang-kélangan ditarka ing batin, kodjuré bandjur ditjog-gemol baé ; sédjé karo wong sugih, nglakonana pangawé ala ija kalis ing tarka. Mulané adja nganti kowé wani-wani sembrana nglirwakaké wekasku mau, awit jèn wis kebatjut, angèl tututututané !”

Kjai Sudagar sawisé memekas mengkono, bandjur mati. Njai sudagar banget susahé, kaja karubuhan gunung, kontrang-kontring polahé kambi nangis anggrijeng, tangga teparo, sanak saduluré lan kadang karuhé sadjroning nagara pada teka nglajad, para kadji rahab

pada njalataké, sawisé dibresihi, bandjur dilebokaké ing tabela, karengga ing djarit sutra putih semuwa banget; angkating lajon diiring ing wong akèh, nganti tekan ing makam pisan, bandjur dikubur, gawé ngeresé atiné sing pada nungkuli.

Saiki sing kotjap ganti njai sudagar, sapatiné sing lanang ora bisa tentrem atiné, mari laku dagang, njambut gawé lijané ija ora, kasengsem matja lajang-lajang piwulang anggitané para bisa, lan anderes kuran tuwin kitab-kitab tetinggalané sing lanang, awit mung kuwi sing bisa nglalèkaké prihatiné. Saja akèh wewatjané saja djembar kalingané, osiking atiné mengkéné: Sabeneré manungsa iku ora ana gedé, ora ana tjilik; ora ana lanang ora ana wadon, anggeré kalah pinter, ija diparéntah lan kena dipèk amalé. Nanging lumrahé wong iku sujik kalah, kajata: wong lanang sujik kalah karo wong wadon, ora duwé kapinteran, ija golèk dadakan lija. Wong tuwa sujik kalah pinter, ija diparéntah lan kena dipèk amalé. Nanging lumrahé wong gedé banget lumuhé kalah karo wong tjilik, oraa duwé kapinteran ija ngaku luwih.

Njai Gunawitjara arep njatakaké panemuné mau, gawé lajang uniné kaja sing wis dikandakaké mau, dipasang ana tebeng lawang ing djaba; supaja disurupana ing wong akèh. Sawisé kelakon mengkono saben ana wong liwat, lèrèn angunèkaké, lan éram menjang njai Gunawitjara, déné wong duwé panemu mengkono.

Kotjapa ana sudagar sugih, djenengé kjai Surawatjana, lunga njlamur tanpa réwang, panganggoné sarwa luwas, njanging teken wuluh gading nganggo suh, ing djero diisèni duwit dinar karo wang kretas, kèhé saleksa rupijah, arep golèk dagangan mas inten; déné olèhé manganggo sarwa luwas mau, pamrihé diinaa ing wong. Sabab adaté wong kuwi, nèk ana wong manganggo ora mingsra, ora diadjèni, jèn takon dagangan sing akèh regané, ora disauri, nèk djuwet disentak lan ditjlatoni mengkéné: „Wong dapurmu mengkono baé kok takon barang sing akèh regané. Kuwi arep kokapakaké, dé arep kokutil. Mara enjoh barang kiji rega satus rupijah, duwitana sèket baé aku awèh. Nanging nèk mengko kowé ora djégos anduwiti, bandjur takgitiki pisan, lan bandjur takaturaké njang Préntah. Sabab kowé njata wong arep ngutil, réka-réka arep tuku barang, temené ora.”

Kang mengkono mau mèh saben wong duwé pambekan mengkono, sanadyan bakul utawa prombèng ija sok ngina wong. Dadi pangarahé kjai Surawatjana mau mung diinaa ing wong.

Kjai Surawatjana bareng tutug ing panggonané wong rubung-rubung, lèrèn karo takon mengkéné: „Sing pada dika rubung niku napa?”

Wong sing ditakoni mangsuli: „Nonton tulisan duwur niku napa, daweg ta, dika milu ngunèkaké, ngriki sing rada tjedak!”

„Enggih, tjoba mengké kula milu ngunèkaké, nèk onten unèn-unéné sing betjik.”

Kjai Surawatjana bareng matja tulisan kuwi, banget ing pamuring-muringé, kalalèn olèhé laku njlamur, kélingan tau diadjèni ing wong akèh saka kasugihané, wusana ana wong wadon duwé panemu angrèmèhaké menjang wong lanang. Bandjur takon manèh menjang

wong sing ana kono mau ora basa, tembungé mengkéné : „Sapa, é, sing duwé pokal gawé tulisan kuwi ?”

Wong sing ditakoni mangsuli : „Duga kula enggih sing duwé omah”.

„Djenengé sapa, lungguhé apa ?”

„Djenengé njai Gunawitjara, karan njai randa sugih, tilas bo-djoné kjai Gunawitjara sing empun adjal”.

„Dubilah sétan, déné kuwi kok dudu ndara, utawa prijaji, mung djamak manungsa kaja aku baé, kok tjatjah-tjutjah menjang wong lanang.”

Kjai Surawatjana sumedya nemoni menjang sing duwé omah njai randa sugih, arep dikrawus, bandjur mlebu nglatar, tjeluk-tjeluk, tjalaṭuné mengkéné : „Endi sing duwé omah kiji ? Njai, njai, dika metu sadéla mawon, adjeng kula takoni sing gawé lajang niku, nèk boten wong owah pikiré, mangsa duwéa pokal mekoten, muni sagelem-gelemé !”

Njai randa dèk samana lagi ambeneri ana ing gandok, linggih ing klasa pasir ana ngambèn, nunggoni baturé sing pada olah-olah. Krungu ing lataré ana wong tjeluk-tjeluk, nganggo ngudjar-udjari ala bab unining lajang sing dipasang ing lawangé, osiking atiné mengkéné : „Wong tjeluk-tjeluk karo nesu kaé, ajaké dudu wong sembarangan, utawa wong bodo, amesti wong pinter, tandané bisa ngerti uniné lajang kaé, nanging brangasan, betjik taktemonané sadéla, apa sing dikarepaké, utawa betjik taktembungané alus”.

Njai randa nuli metu mapagaké kjai Surawatjana ; bareng katemu bandjur mendak, sumèh ulaté, andap-asor solahé, lan memelas tembungé, tjalaṭuné mengkéné : „Kula nuwun, anggèr bendara, kula njuwun pangapuntèn ingkang ageng, kalilana kula gadah atur ing sampéjan, njuwun pitakèn punapa ingkang dados kalepatan kula, déné sampéjan ngantos duka ingkang sakalangkung sanget, kula mugi kapingana sumerep”.

„Kena apa dika gawé lajang muni sagelem-gelemé, dika lumrahaké onten ing lelurung, niku boten bener banget. Tjoba kula mawon sing ngajoni njatakaké kapinteran dika boten susah wong luwih, anggèré kula empun kalah, dika enggih njata pinter temenan, lan bakal kula guronu”.

„O, dados duka sampéjan wau djalaran saking ungelipun serat ingkang kapasang wonten ing konten ? Leres anggèn sampéjan duka, mangké kula matur ingkang terang. Sumangga ta, kula aturi malebet ing grija rumijin, tinggal kula sampéjan kados mentas tindakan tebih, prajogi ngaso sawetawis, sedeng sampun éjup, kondur. Nangkah punapa malebet sudung kula, palenggahan awon-awon sampun kula sedijani, pawidjikan toja ing djembangan sampun kebak, pinten banggi karsa angentosi sesegah kula, sawerni-wernipun rak sampun mirantos. Sukur bagé sèwu sampéjan karsa ngaken tijang sepuh dateng kula, randa tur miskin”.

Kjai Surawatjana bareng ngrungu tjalaṭuné njai randa kaja mengkono mau, sanalika ilang nepsuné, lan éram menjang njai randa bisané nampani dajoh, ganep tatakramané, sumèh ulaté, kasembadan betjiking omah sarerenggané.

Tjalatuné mengkéné : „Wau kula mentas ngunèkaké lajang dika, rasaning ati kula bandjur muring-muring mawon, boten saranta kula malebu ing latar, ngundang-undang si bibi tjipta kula : Anggeré si bibi kétok, bandjur kula krawus, wusana boten mekoten, nesu kula ilang kabèh awit patrapé si bibi : betjik ; boten luwih mung maklumé si bibi mawon sing kula djaluk. Sing empun enggih empun, sing buri mawon ditutugaké betjiké, mung lajang dika mawon bandjur dika buwang, lan kepripun nalaré, déné si bibi duwé panemu mekoten ?”

„Sampun anggalih ingkang katah-katah, rak sèwu mokal bilih tijang èstri angawonaken tijang djaler, pandugi kula laré-laré awon nganggur ingkang damel serat wau, kula ingkang rumaos kalepatan, mangké sakedap kula butjalipun. Sumangga ta, malebet ing grija rumijin”.

„Gumrining temen omahé si bibi, rerenggané adi-adi, dasar bisa sing nata”.

„Brekah sampéjan anggèr, kula saged mekaten, sadaja punika tilaranipun paman djengandika. Mbok lukar agem-ageman rumijin ta, nggèr, saha ladjeng siram ing djamban”.

„Inggih, bibi, awak kula dasar prungsang, kadjengé rada ajem setitik, djambané gik pundi, bibi ?”

„Ing wingking, nggèr. Gaṭul !”

„Kula”.

„Dèrèkna ndaramu menjang pakiwan”.

Kjai Surawatjana : „Ajo, lé, tuduhna !”

„Mangga”.

Njai Gunawitjara : „Konjil !”

„Kula”.

„Nèk wis rampung lèhé olah-olah si Rasakarja, nuli tataa mangan, dèpokan baé ; nèk wis, paturon djrambah kuwé tebahana”.

„Enggih”.

Kjai Surawatjana : „Bibi, lèh kula adus nganti aras-arasen, empun banjuné lubèr kimplah-kimplah, wah anjep, dasar djambané bregas angresepaké”.

„Inggih, nggèr, ragi dipun prelokaken resikipun, amargi djamban punika panggènan rereged, menawi damel djindjanipun ingkang siram. Sumangga, nggèr, kula aturi dahar sawontenipun”.

„Enggih, bibi, engga bareng mawon”.

„Bok mangké kémawon ta, nggèr, kula neḍa lorodan kalijan laré-laré”.

„Boten, bibi, bareng mawon, kadjengé énak lèh kula mangan”.

„Enggih sumangga kula dèrèkaken. Punika rékanipun kados semur, sumangga kaḍahar”.

„Enak bibi, semuré, kabeneran bumbuné”.

„Inggih kados saweg nudju, awit abdi sampéjan ingkang olah-olah pantjènipun dèrèng patos saged angabeni bumbu olah-olah ingkang sedengan. Punika nggèr, oporipun kambangan kaḍahar”.

„Enggih, bibi, tjoba kula itjipané bumbuné mawon, iwaké kula boten pati dojan, apeké tesih krasa mawon. Lo, kok énak banget bibi, bumbuné”.

„Sumangga, nggèr, kadugèkaken, sampun wigih-wigih.”

„Empun tutug, bibi lèh kula mangan, napa kula ndadak isin, rak boten.”

„Konjil, undurna daharan kijé, nuli daharané wowohan ladèkna.”

„Inggih.”

„Pangundjukan lan pawidjikan kuwi, adja ko-unduraké disik, mengko nèk wis dahar daharan baé undurna.”

„Sumangga, nggèr, dahar djambet klampok arum, kongas gandani-pun wangi, punapa pelem sengir Begelèn, utawi djeram Patjitan tulèn.”

„Enggih, bibi, nanging mangan djambu klampok arum niku, kudu akèh.”

„Ngangkah punapa ta, nggèr, tijang sampun katjawisaken, malah daharan sadaja punika kawradinana, boten kètang sakedik-sakedik manah kula lega, sukur karsa dahar ingkang katah.”

„Mangga, ta, mengké kula kemlakaren; empun, bibi diunduraké kabèh, kula empun wareg temenan.”

„Konjil, daharan kijé undurna kabèh, dalah pangundjukané pi-san; jèn wis, wadah ses lan panggantènan kaé, ladèkna mréné.”

„Inggih!”

„Sumangga, nggèr, eses utawi anggantèn rumijin; bilih sampun sawetawis dangu, ladjeng angasokaken sarira saré sakedap, mangké wungu saré, ladjeng kundur, sedeng sampun éjup.”

„Enggih, bibi, kula empun nggawa déwé rokok Djawa, nèk wangèn kula boten pati dojan, mung kala-kala mawon. Kula andjaluk lilah adjeng turu sadéla, kula niki empun kepatuh sabèn mentas mangan awan, bandjur amblijut.”

„Sumangga, nggèr, lakar sampun dipun-seđijani.”

„Amit, bibi!”

„Inggih.”

Kjai Surawatjana bandjur mapan turu, krasa nikmat, wusana turu kepati, tekené wuluh gading disanding turu, diseler menjang njai Gunawitjara, ora weruh, lan bandjur didjupuk isiné; bareng wis, dibalèkaké sanding turu manèh. Kjai Surawatjana bareng nglilir bandjur pamitan mulih, ora lali njangking tekené, nanging ora nitèni jèn teken kuwé èntèng boboté, bokmanawa lagi tangi turu: durung papak angen-angené. Barang lakuné wis adoh, lagi krasa jèn boboting tekené èntèng, béda karo mau-mauné. Bareng dibukak, temen jèn kořong ora ana isiné duwit. Kjai Surawatjana andjenger ora bisa tjalařu, njipta kabi-laèn gedé saka panggawéné njai ranđa djulig, énggal bali gegantjangan, bingung kaworan nepsu, sedyané arep masésa menjang njai Gunawitjara. Satekané njai Gunawitjara katemu linggih ana ing ambèn, kambi matja lajang, bandjur ditudingi lan diudjar-udjari ala, nganti kamisosolen tjalařuné: „Eh, genřo, kètju, maling, asu gerang, endi duwitku, mesti kowé sing njolong duwitku ana teken kiji, duwit dinar, duwit kretas, gunggungé duwitku saleksa rupijah, kotjolong. Nèk duwitku ora kobalèkaké, mesti ketiban tanganku, lan takbanda takaturaké menjang Préntah. Bakal dilebokaké dublongan lan bandjur dibuwang sadjegmu urip, ngaku apa ora?”

Njai Gunawitjara diunèni mengkono kuwé ora gugup, sarèh

amangsuli lan ora basa, tjelauné mangkéné : „Mengko ta, kowé kuwi mendem gendjé, apa édan, karuhané lèhku ngelokaké. Ngendi ana teka-teka bandjur nesu, tjotjoté urab-uraban, polahé briga-brigi kaja bangsat, kaja diwedènanana mana. Sing ko-amèkaké duwit kuwi duwit apa, tegesé kaprijé, apa kowé kélangan duwit, apa kowé andjaluk duwit ; sing sarèh ta, aku ora mlaju lan ora wedi karo dapurmu, lan takudja sabudimu, prakaran wani, rukun gelem.”

Kjai Surawatjana bareng ngrungu tjelauné njai Gunawitjara entèk atiné lan sarèh nepsuné, mangsuli memelas, tembungé basa : „Milanipun énggal wangsul, bibi, amargi kula kètjalan jatra wonten salebeting teken wuluh gading punika, warni dinar kalijan wang kretas, gunggung saleksa rupijah, kula kinten pun bibi ingkang ambebédung dateng kula, mendet jatra wau.”

Njai randa ora pisan anggragap, mangsuli sarèh lan mari nganggo tembung ngoko, ganti andap-asor kaja sing uwis, tjelauné : „E, dados kula punika sampéjan terka mendet jatra, wonten salebeting teken wuluh gading punika ! Èwed, nggèr, manawi kula mangsulana pitakèn sampéjan punika, awit nalar mekaten punika dédé gegudjengan, lepatlepat ing salah satunggalipun, manggih bilahi ; kula purun mangsuli menawi sampun wonten ngarsaning Paréntah. Wangsul kula pitakèn dateng sampéjan, sampéjan ngaken kètjalan jatra ngantos samanten katahipun wau, punika sinten saksi sampéjan, kadosta : sapisan saksi ingkang njumerepi nalika pandèkèk sampéjan jatra wonten ing teken, tètès kados tjarijos sampéjan. Kaping kalih : saksi ingkang njumerepi salampah-lampah sampéjan ingkang boten naté pisah. Kaping tiga : saksi ingkang njumerepi panjolong kula. Manawi tigang prakawis wau sepen, kikijatan sampéjan andakwa dateng kula punapa ? Mangka nalika sampéjan dateng, boten pratéla dateng kula bilih sampéjan mbekta jatra, malah ngantos mantuk, inggih boten wonten reraosan bab jatra. Wusana saéng sampun antawis dangu sampéjan wangsul ngaken kètjalan jatra, wah mawi briga-brigi badé masésa dateng kula. Inggang mekaten punika malah kénging kula wastani tijang ngawug awar, tuwin boten sumerep ing kasaénan, tegesipun : sampéjan ngaken kètjalan jatra semanten wau nama mokal, katitik saking solah bawa sampéjan boten mantesi. Kadosta : panganggé sampéjan sarwa luwas, késah darat tanpa réntjang, andupara jèn sampéjan gadaha jatra ngantos éwon. Wangsul kula : sampun kondang nama randa sugih, dasar sugih sajektos, dados pangungsènipun tijang mlarat, amargi saking balaba kula, tur inggih mantesi. Kadosta : grija kula ageng-ageng, rerenganipun adi-adi, panganggé kula saé-saé, katah aosipun, kréta kula katah bagus-bagus, rakitanipun sami kapal pepilihan, lumbung kula kebak pañtun, saben dinten Djumuwah kula dedana dateng tijang pikir miskin, misuwur nama kula saé, mangka sampéjan dakwa anglampahi kadurdjanaan njolong. Punika sungsang namanipun, pinten-pinten-punika boten saé, nggèr.”

Kjai Surawatjana pegel atiné tansah diurugi tjatur. Tjelauné mangkéné : „Sanadjan pun bibi mukir, tuwin baud paben kados bètèt sèwu, inggih kula terka mendet, djer sajektos kula kètjalan jatra.

Kalijan salami kula gesang boten gadah watak amitenah tijang, ngrubagini inggih boten, milanipun kedah boten, kula tempahaken dateng pun bibi, amargi kula boten rumaos kèndel wonten ing pundi-pundi malih, kedjawi namung wonten ngriki, mila mesti sampéjan ingkang menètet jatra kula, kala kula tilem.”

„O, saja boten leres karsa sampéjan punika, nggèr, lepat-lépat sembiripun, sampéjan malah kula gugat matang tuna numbak luput, punika sampun kasebut ing angger Nawala pradata, boten sandé sampéjan dipun-denda saprakawisipun. Aluwung menawi sampéjan miturut kadjeng kula, tuwin purun ngaken tijang sepuh, punika bokmanawi kula saged adamel bingah sampéjan, pinten bangga saged pulih kasusahan sampéjan. Déné manawi sampéjan pugal, kedah adamel prakawis anggugat dateng Paréntah, inggih sakadjeng sampéjan, kula badé boten tjolong plaju, malah kula tadahi danda, sabudi sampéjan kula kembari.”

Kjai Surawatjana bareng ngrungu tjalauné njai randa, banget andjenger, suwé olèhé meneng ora bisa tjala. Osiké: „Angur tak turuta karepé, bokmenawa bisa runtuh atiné, gelem ambalèkaké duwitku, oraa kabèh separo utawa kurang, aku trima, tinimbang prakaran, mangsa menanga, awit aku ora duwé tanda saksi, dalah anak-bodjoku déwé ora takwèhi weruh pandokokku duwit, dadi wis inaku déwé, saka ngapa menanga prakaran.”

Bandjur tjelauné: „Inggih ta, bibi kula namung miturut sakarsa sampéjan, mangsa gèk sampéjan andjalomprongaken boten, saksi lan said Allah, sinten ingkang tjidra, inggih boten manggih wiludjeng, tumpes kélor saanak putu sadaja.”

Durtjara ardja.

XVIII. LELAMPAHIPUN RADÈN UDAKAWIMBA

Katjarijos Rd. Udakawimba karemenanipun anenepi dateng ing redi-redi sarta ing djurang-djurang, pinambeng dateng ingkang rama Kjai Wulusan boten kénging. Galhipun Rd. Udakawimba kados rinudjit kèngetan sariranipun dumawah ing papa, sandé dados gegadanganipun satrija ingkang binadé radja. Ing wantji bakda sembahjang Ngisa nilapaken ingkang rama késah nenepi dateng ing redi kados ing sabenipun. Nudju wulan purnama hjang sitaresmi kataweng ing imalaja nipis rumamjang ketingal lumampah badé ontjat saking pepeteng; lintang-lintang sami surem sorotipun kados déné kenjaring sasangka rudatos angemu susah. Lampahipun Rd. Udakawimba dumugi suku-ning radi Kanaka, wonten guwanipun panepèn, angongkang djurang ngubengi redi. Redi Kanaka boten patos ageng nanging mengger, antawis namung saepal mubeng, lambungipun redi ingkang kidul medal tojanipun ladjeng mili mangilèn angontjori pasabinan ing Sumberredja, ingkang elèr kalètèkan djurang mbanging.

Radèn saré wonten ing guwa alèmèkan ron palasa aking, akadjang sirah tugelan kadjeng sempu; sedalu amerem melik boten saged saré

ngantos mèh gagat èndjing, boten amanoni utawi boten angsal sasmita punapa-punapa, kaken galhipun ladjeng saré pisan. Wantji bjar hjang aruna nJOROTI lawanging guwa, Rd. Udakawimba wungu saking saré kagèt aningali sadasaring djurang njremomong kados wana kawelagar, dipun waspaosaken tetéla jèn mrengangah abrit déning kasorotan padanging srengéngé. Radèn éram ing galih déné wonten ketingal anèh ing salebeting djurang, sekuning galih badé kanjatakaken datang ing dasar. Radèn Udakawimba ladjeng mudun pados margi ingkang rèpèh, wusana manggih undak-undakan séla tjendani sampun katutup ing rumput merakan. Radèn éram ing galih, déné undak-undakan wonten ing djurang, ladjeng gampil udunipun, namung kantun mijak rerungkudanipun. Dumugi ing ngandap Radèn Udakawimba sumlengeren aningali wedinipun abrit kawoworan emas oré sarta seso-tya amantja warni, ketingal pating karelip, saha éram malih tetéla jèn ingkang ketingal abrit wau tutuping kori gapuraning kedaton : tembaga sari kagemblèng, wonten sorogipun ageng taksih mandjing. Kori ladjeng kawengakaken gampil kémawon. Bjar katingal tjandi kedaton salebeting guwa. Kados punapa kémawon éraming galhipun Rd. Udakawimba, saha éram malih déné salebeting guwa kados kaswargan, saged padang kados kapaðangan ing diwangkara, boten sumerep bilih sampun wonten pinten-pinten bolongan margi angin ambekta pepadang saking djawi. Radèn Udakawimba ladjeng mlebet datang kedaton. Dumugi kori ageng kèndel aningali rerengganing kori, tutuping kori gemblèngan selaka peñak, tinatah ing kanaka angrawit, tebening kori wonten seratanipun Budakala, mungel : Sang Prabu Kalapardha, ija Sang Kala Werdati, gegunungan utawa ratuné para diju raseksa kang deðangka saubening guwa sarta gunung-gunung talatah ing nuswa Djawa, kang angrenggani sarta akedaton ing Tirta-kandas.

Radèn Udakawimba saweg sumerep jèn punika kedaton ing Tirta-kandas. Ing galih radi adjrih bilih taksih raseksanipun, nanging ing serat pepakem tjarijos purwa prabu Kalapardha sampun tumpes sawadya-balanipun, kala andusta Déwi Érawati déning Wasi Djaladara sarta Radèn Pamadé. Amargi saking njenjetipun boten wonten sabawa kepireng, nélakaken suwening kedaton, mila Radèn Udakawimba sirna sumelangipun, korining kedaton ladjeng kasorog menga ; sanget éraming galih déné boten wonten ingkang ketingal repit, sedaja taksih wetah ajam, rerengganing praba-sujasa emas. Radèn ladjeng ambikaki gedong-gedong ing salebeting kedaton, sedaja kuntjinipun taksih sami mandjing ing inebipun pijambak-pijambak, pinten-pinten radjabrana kraton taksih pepak, tuwin bekakas dahar sarwa emas tuwin selaka, wusana ambikak gedong radja-brana, ing ngriku klempaking dunjaring arta emas arta selaka pinten-pinten kulah, emas oré sampun kawadahan ing entjèh ageng : pinten-pinten katahipun. Radèn Udakawimba ngan-dika ing salebeting galih : „Jèn radja brana iki lestari kaduwé ing aku kabèh, kasugihanku angungkuli para ratu ing ngalam donja kang misuwur déwé. Nanging jèn luput-luput sembiré nganti kauningan ing ratu kang ambawahaké padukuhan ing Sumber-redja kéné wurung sugih, radja brana kadarbé ing lijan, awaké déwé malah kaparéntah.” Radèn Udakawimba sampun katjarijos ing ngadjeng jèn lantip

jejasan pakartining krija, kagungan osik jèn saputjaking ardi badé kadamel kedaton, saubenging redi kapasangan bètèng, djurang ingkang minangka larènipun; djurang kenaka kabobol andjog ing kedaton, mawi pipa ingkang madangi margi, dados radja brana lestari kanton wonten ing ngriku, namung kapendet saking enggènipun kémawon. Dasaring djurang dados pasimpunan radja-brana agung. Taksih katah malih galhipun Radèn Udakawimba, ladjeng medal saking djurang ladju kondur kepanggih ingkang rama. Kadangu déné ngantos sijang saweg wangsul, Radèn matur bilih katileman wonten ing djurang. Antawis dangu Radèn Udakawimba matur dateng ingkang rama jèn anggènipun asring nenepi angsal kamirahaning Pangéran, saged njipta wedi dados emas oré.

Kjai Ageng kagèt mireng aturipun ingkang putra: „Tjoba enggèr, njatakna kawruhmu iku, amesti aku lan kowé dadi wong misuwur.”

Ingkang putra matur: „Punika boten kénging kasat mata ing sanès, rama, kedah mawi salat kadjat wonten ing redi namung klajan idjèn. Menawi kepareng, rama namung narimaha nampèni saking kula satjekapipun karsa sampéjan, sarta sakadjeng kula. Nanging menawi kepareng rama sampun mawi amemantjèni kadjeng kula anggèn kula badé angwedalaken wragad katah, angredjakaken dukuh Sumber-redja.”

„Ija enggèr, aku bakal nurut ing sakarepmu, nanging njatakna kandamu iku, dadi ora kaja tjaturané wong ngimpi.”

„Mangké dalu kula wangsul nenepi, éndjing kula wangsul, ambekta kasagahan kula wau.”

Bakda Ngisa Radèn Udakawimba tindak kados sabenipun, sarta ambekta kandi ageng. Dumugi ing guwa ladjeng saré kémawon, éndjing mudun dateng ing djurang malebet ing guwa kedaton, ambikak gedong radja-brana mendet emas oré sakandi ngantos kebak, ladjeng kondur kepanggih ingkang rama. Ingkang rama gita metukaken ingkang putra sarta ladjeng dipun adjak malebet dateng dalem, pratingkahipun kadamel wados. Bebektanipun ingkang putra ladjeng dipun sokaken wonten ing bèri salebeting gedong. Ingkang rama andjenger déné wonten mas oré semanten katahipun, nanging ingkang putra boten pisan-pisan ketinggal tumut éram. Éramipun sampun katilar wonten ing djurang kedaton, ingkang taksih winados. Ingkang putra ladjeng rinangkul, sarta ladjeng dipun pangandikani: „Enggèr, kowé lan aku bakal misuwur sugih radja-brana peparinging Allah; aku kang bakal anglebur emas iki sarta andadèkaké dandanan kang akèh pengadjiné.”

Katjarijos Radèn Udakawimba ladjeng angirup tijang krija sami dipun djak gegrija ing padukuhan Sumber-redja, dipun tjekap kabektahanipun. Boten antawis wulan padukuhan Sumber-redja dados nagari. Karsanipun Radèn Udakawimba dipun leksanani: njitak banon pinten-pinten keti, ngobong gamping pinten-pinten lumbung, tando wedi ngantos kados redi, kasareng panggaraping bètèng sarta pangeburing redi, punapa déné pangrakiting kedaton, tuwin margi ageng, margi terusan lan margi simpangan. Dalasan taneman rerengganing kedaton miwah pepetètaning margi-margi wau ingkang murih aub;

kadjeng kenari, tjemara tuwin asem, wringinipun katanem ing prapatan, kagalih sarenga dadosipun. Amargi saking kawasisanipun Radèn Udakawimba dadosing negari breng kados negari tiban, uparengganing kedaton sarwa kentjana, kori djeplakan ingkang mandjing guwa dasar winadi, sumingit ing lengkonganing paningrat panepèn, tinatanan rerengganing pamudjan asarwa kanaka, bilih kabikak, bolonganipun bunder pinda pipaning margi angin. Wonten timbanipun besatan tarikan sarta uluran kawat bledèg, sakedap saged dumugi ing ngandap, sakedap sampun wangsul dumugi ing nginggil, senadyan tukangipun ingkang sami nandangi boten sumerep kadjengipun, sarta boten sumerep dasaring guwa.

Wedaling prabéja sadinten-dinten ambèr kados udaling umbul ing mangsa rendeng, tetijang alit ingkang sami njambut damel sadinten-dinten tanpa witjalan; katah ingkang ladjeng sami andjrak tumut gegrija ing padukuhan Sumber-redja. Èrèng-èrènging redi satjelaking margi ageng kasipat kadamel pakampungan, traping grija atarik-tarik tiningalan anglam-alami.

Katjarijos Kjai Ageng Wulusan tansah ngalembana ing kagunanipun Radèn Udakawimba, boten njana bilih padukuhan Sumber-redja énggal dados negari agemah rahardja, mirah sandang pangan, para djuragan sampun katah ingkang sami dateng saha adamel pamondokan ageng. Tjiptanipun Kjai Ageng: „Radèn Udakawimba tumunten badé kapundut mantu.”

.....

Ing wantji saput siti sang Prabu putri sekaligus ingkang raka tedak saking pretapan, pedut angampak-ampak angremeng margi, rumput kebun kasrampat ing pada angebesi busana, lamuk sinerang soroting surja ingkang saweg mungup saking langit saja tipis wusana sirna, kantong ingkang angremeng ing kekadjengan, kawistara djelarehing margi katah sesimpanganipun, sang kalih awirandungan lampahipun sarwi gineman prekawis remèh-remèh ingkang adamel astjaraning galih. Wantji bjar rawuh ing pasanggrahan, wadya bala sami kagèt déné sang Prabu putri rawuh sampun sekaligus ingkang garwa Pangéran Warihkusuma. Para abdi boten wonten ingkang pandung dateng sang Pangéran, sami surak gumuruh ambal-ambalan. Kjai Patih sarta punggawa kagèt ladjeng medal saking pakuwonipun pijambak-pijambak, kepanggih kalijan sang Pangéran sampun akantèn asta kalijan ingkang raji sang Prabu putri, sami suka sukur sarta sami ngaturaken pambagé wiludjeng, ladjeng satata lenggah ing pasanggrahan. Sang Prabu putri ladjeng mangandikakaken anggènipun kepanggih kadikakaken lelampahanipun sang Pangéran kalajan titi boten wonten ingkang kelangkungan. Sang Prabu putri mundut pirembag ing bab pamalesipun dateng kraman ingkang ngrabasèng kiya Tuban.

Aturipun Kjai Patih sarta para najaka sarembag kalijan sénapatining prang: pantes sang Pangéran angsal piwelas pamurina saking sang prabu. Dèrèng dumugi anggènipun pirembagan kasarudatengipun patjalanging baris, ngaturi uninga jèn wonten dedamel ageng lumampah nudju ing pasanggrahan. Sang Prabu putri anginten jèn punika

mengsahipun ingkang raka sang Pangéran, ladjeng adedawuh samekta ing prang sarta dawuh nata gelar wana kawelagar, angèl sasak-sasakanipun.

Radèn Udakawimba sampun kaaturan uninga jèn putjuring baris kandeg déning kepambengan baris malang ing margi, kados srajanipun ratu ing Tuban. Radèn Udakawimba anguningani gelaring mengsah rumaos kawekèn sarta ngalem salebeting galih bab rapeting pasangipun gelar angèl sinusupan. Éwadéné Radèn Udakawimba saged anggalih ungguling judanipun, ladjeng dedawuh masang gelar ombaking samodra pasang tumempuh ing parang, angelem ubaling dahana, ladjeng prang brubuh sampun kañah longipun ing pepedjah. Sang prabu putri sumerep jèn gelaripun kénging kasusupan ladjeng amalik gelar sétubanda ambrol. Bala ing Sumber-redja kèrut larut kapalaju kalebet ing gelar. Radèn Udakawimba kesisan bala, badé katukup ladjeng ontjat saking palagan, kaðèrèkaken para pradjuritipun sinelir lèrès sumedya kondur abebiting wonten salebeting kiña, supados mengsahipun ngelud sapurugipun; wonten ing kuña Sumber-redja amesti gampil kapratjondang saking santosa sarta weriting balowarti, angèl lebet-lebetanipun; marwasa mengsah saking sangingiling balowarti gampil kémawon. Tikang-tikunging margi, lampahing mrijem gampil sanget, boten wonten kidungipun pisan-pisan, awit saking kawasisanipun Radèn Udakawimba.

Sang Prabu putri sumerep jèn sésaning mengsahipun ingkang boten katawan lèrès, ladjeng ingelud sapurugipun dumugi ing Sumber-redja, malebet ing balowarti ingkang angéram-éramaken santosanipun. Sang Prabu putri kandeg wonten ing djawi, penggalhipun sang prabu: wadya balanipun amesti badé anemahi risak bilih pangrebating balowarti namung kalajan wantah kémawon, gampil tinumpes ing gurnat gutuk api déning kepapan wonten ing margi sungil. Sang Prabu ladjeng ambudi sarana ingkang kénging kadamel gelar garuða nglajang, ladjeng adedawuh jasa palwa udara, bakalipun moña kinelam ing wesi djanur, ingasepan saking latu bledèg, saged mumbul ing gegana. Sareng sampun samekta ladjeng katumpakan para pradjurit pepilihan sami asikep dedamel, sang nata pijambak jasa sekotji boma, katitihan kaliyan ingkang raka sarta para wirotama, sami andedel muluk ing gegana angungkuli balowarti, ladjeng tjumlorot saéngga tañit, tumudju ing kedaton sarta ladjeng dipun bregi. Para pradjurit mangrempak saking wingking adamel karisakaning mengsah. Radèn Udakawimba gugup déning dipun kagètaken datengipun, boten kantenan tataning baris, awit linambung saking wingking datengipun saking gegana rikat kados angin. Radèn Udakawimba kaselut ing papan, katjepeng déning sénapatining prang, ladjeng kaaweran ing tjindé kaladosaken ing ngarsanipun sang Prabu putri, sakalijan sampun sinéwaka wonten ing pendapa ageng. Sareng kaliyan sowanipun para wirotama kairid sénapatining prang ambekta pengagenging kraman sampun kaaweran tjindé, kasowanaken ing ngarsaning sang prabu mabukuh wonten ing siti. Sang Pangéran Warihkusuma boten pandang jèn pangagenging kraman ingkang putra kwalon Radèn Udakawimba, ladjeng kadangu: „Kalingané kowé Udakawimba, kang gawé hura-huruning pradja ing Tu-

ban, sarta agawé karusakanku, awit kowé pandjalmaning satruku, turasé jaji prabu Warsakusuma. Ing mengko kowé bakal anampani pidana saka panguwasané jaji déwi maha prabu." Radèn Udakawimba tumungkul tanpanon rat idepipun.

.....

Rangsang Tuban.

XIX. PITUTURIPUN NJAI BUJUT TJEMPORÈT DATENG RARA KUMENJAR

Dandang-gula.

1. Nahen pradjèng Pagelèn ing mangkin, kawuwusa dukuh Tjengkarsasra, Ki Tjemporèt lan sémahé, samana samja sinung, kasenenan sasananing sih, sahasèng tyas kaskaja, kajumanan kajun, dénja mardi mamardawa, maring Rara Kumenjar sinambang liring, salwiring dedongèngan.
2. Kambila kang pantes dadya misil, sudarsana ning ngèstri utama, kang mumpuni sabarang rèh, sarèh tan arsa saru, Dyan Kumenjar dènnja mijarsi, karasèng tyas memalat, émut kang kalimput, temah tuman ameminta, dongèngan kang keni kinarja palupi, lewijaning wanudya.
3. Njai Bujut teka anuruti, nudju ratri sang Dyah kinelonan, dangudangu andedongèng, ing kuna ana wiku, wikan lwiring pamudyastuti, panengran Resi Drawa, turasing Hjang Baju, tapa sangkaning taruna, atetruka mergil anèng wukir Kawi, laladan ing Mamenang.
4. Somahira aran Endang Rasi, kadang werdhané wiku Rasika, kang ajoga sakaroné, Sang Resi Darmakétu, turasing Hjang Kamulasi-dhi, samana resi Drawa, sampun asesunu, wanudya ju kang suwarna, sinung aran Kusuma Rara Sarwasri, dènnja tanpa kutjiwa.
5. Duk diwasa sangsaja kaèksi, raras ingkang pamulu wiletan, sumèh pasang pasemoné, nanging tyas muða punggung, marma tansah dahat pinardi, déné kang jajah réna, rinirih rum-arum, ing wuwus sarta winawas, sasmitaning nitya kang sinawang sarwi, wataréng pituturan.
6. „Kawruhana wadjibing pawèstri, kudu nganggo kanti pangkat-pangkat, nigang warna sapangkaté, déné ta kang rumuhun, rigen tegen mugen winardi, kang rigen iku bisa, barang karja rampung, angreraket djroning wisma, tinata kang pantes sembadèng pangrukti, tan ana winaonan.
7. Lwiring tegen djenak barang kardi, kang sinambut nora salèwèngan, kongsi teka sarampungé, kang mugen wardinipun, wekel mungkul ati sawidji, tan mangro tingalira, mantep tékadipun, lumuh ing rèh kadursilan, pangkat ingkang kapindo gemi nastiti, angati-ati ing tyas.

8. Lwiring gemi bisa angrumati, mjang mamardi dadining branarta, tan alèr wèh nora brah-brèh, sirik ing basa saru, sarwa sasab sabarang wadi, lwiré nastiti tansah, matitirken étung, lumuh tuna barang karja, ngéman marang laku kang datan pakolih, melang jèn kalong-longan.
9. Lwiring ngati-ati djroning ati, masang nétya murwéng manubawa, ngarah-arah sabarang rèh, patraping tanggap tanduk, laku linggih solah lan muni, mung ngèsti tyas wiwéka, wikan ing pakéwuh, lamun lagi pinitaja, pinasrahan angopèni barang wadi, tan kena asembrana.
10. Pangkat kaping tri ingkang winarni, gumati mjang pangreti mirantya, kang gumati iku lwiré, tumemen kang tinemu, tumaneming manah denjamrih, ngopèni mulasara, tanpa taha tuhu, kang mangerti werdinira, bisa nudju angon angawruhi wantji, wahjaning masa kala.
11. Mungguh werdining kang amiranti, tansah dénnja tjetjadong ing karsa, mantji-mantji sawantjiné, taberi amrih sardju, djaga karja rahina wengi, jèn iki tinuhonan, kinasih ing kakung, kasebut ambek utama." Kèn Sarwasri mastuti tumamèng ati, wulanging jajah réna.
12. Marma kasub kotamaning èstri, akèh ingkang ngebun-ebun éndjang, sesowangan wong sesawèn, tan ana kang panudju, dénnja masih karem semadi, sang resi anggung tikbra, wawangsoning wuwus, apa baja sutaningwang, tembé antuk djodo singa-barong langking, samana katemahan.
13. Sri baçara Djajabaja nguni, samuksané garwa déwi Sara, tansah tadjin dahar saré, taken ketaman ing kung, mung manungku pudyasemadi, anèng djro pamursitan, kongsi tigang tèngsu, antuk wangsit winasita, sarahsaning tjipta sasmita marengi, mèh luwar kang subrata.
14. Waskita jèn garwa pamèswari, wus anunggal dadi sakahaman, lan palijan kamulané, duk samja atmèng dangu, mangkja karan Rara Sarwasri, joganing Resi Drawa, ingkang adedunung, graning Wukir Kawi wétan, sri naréndra nekung tyas arsa ngulati, wisata tanpa wadya.
15. Praptèng srengganing kang wukir Kawi, amijarsa lamun sang dyah rara, durung ngèsti wikramané, kongsi kang rama kau, awewangson wuwus pribadi, angira tembé baja, antuk matjan wulung, samantara sri naréndra, ngungun ing tyas malih singa-barong langking, asmu wilis sembada.
16. Tumamèng djro paçepokan nuli, anor raga solah bawanira, tina-kénan muwus sarèh, Késawa namanipun, nedya momong Rara Sarwasri, sang resi kampilèng tyas, mangu amiduwung, dénnja muwus wewangsonan, katemahan matjan wulung anemahi, sang wiku katambetan.
17. Nanging sutanira Kèn Sarwasri, wus waspadèng pandulu tan samar, lamun iku sadjatiné, kadadyan ratu agung, pandjanmaning Hjang Wisnumurti, djumeneng ing Mamenang, sang dyah sinung émut, kang ametja djroning rasa, Kèn Sarwasri djatu kramanirèng wuri, awarni singa kresna.

18. Winarahken mring rama sang resi, anggraita jèn pandoning déwa, dadya mupus ing pepestèn, samana sampun daup, kaèstrènan sagung maharsi, tekjan séwa sugata, samja nguju-uju, rahajuné pamiwaha, pareng para widadara widadari, sesanti mangastawa.
19. Ing antara sampurnaning kardi, kang samja sung mangèstu bubaran, matjan wulung duk pamité, minta kang mangka sangu, amung widji kekatjang wilis, wewelingira marang, mara sepuhipun, jèn martuwi amanuta, tuwuhané katjang idjo dipun kongsi, kapanggih kang pinaran.
20. Resi Drawa amituhu jekti, tan antara singa kresna mesat, anggawa kang garwa mangké, ginéndong anèng pungkur, sapraptaning pradja wus salin, suwarna djatinira, Djajabaja prabu, samana wus kawartèng rat, lamun Déwi Sara mangkja gesang malih, Sarwasri namanira.
21. Ing antara rama sang maharsi, arsa tuwi maring sutanira, wus miranti gegawané, saananing wong gunung, Endang Rasi kang nggéndong dadi, sagrengan winatara, kelaring lumaku, mangkat tan amawi rowang, dénja durung karuwan paraning pamrih, tumekèng pangupajan.
22. Muḍun saking ngarga duk udani, tetuwuhaning katjang wilisan, tan atebih antarané, tinurut ing sapurug, kongsi praptèng djro pradja maksih, anurut kang kawurjan, katjang idjo tuwuh, temah mangka ingatjaran, dénira sang apatya kinèn tutwuri, tumamèng datulaja.
23. Sang Resi Drawa anut tumuli, praptèng ngarsa nata duk tumingal, Kèn Sarwasri pasilané, djadjar lan sang aprabu, angungun tyas tan wruh ing wadi, samanten kawistara, saking pasang semu, semangira Resi Drawa, marma ladju ingatjaran wuwus manis, déning Sri binaṭara.
24. „Lah ta paman dèn kepareng ngriki, sampun tebih enggènira lenggah, lawan sutanira mangké, jwa paé duk nèng gunung, dèn parek lan swaminta bibi, suba sita sirnakna, wruhana wak ingsun, mangkja dadya sutanira, darunaning nguni ngong kundjara kingkin, wit tinilar ing garwa.
25. Aran Déwi Sara pramèsuari, sanalika tyas limut karantan, taksih geng wagel wiragé, musti mangèsti kajun, jèn tan antuk lelipur nuli, kang kadi Déwi Sara, nedya nganjut tuwuh, milalu laraning nala, nèng pahoman meheng mahas pudyastuti, megeng maneges karsa.
26. Tanduking don Sang Murwèng-dumadi, sru marsudi sidhining parasdya, kadi paran kasidané, lelakon wekasipun, sinunga sih pitulung nuli, ing Hjang kang Amisésa, walujaning kajun, jajah mangajut pralaja, kadautan ing usada wanudya di, dadyardèng tyas hardaja.
27. Tan kawawa mamèt gengging wingit, labet karoban turidasmara, marawajan luh widjilé, saking kinungkung ing kung, nekung ing rèh manungku pudji, sarira tri mangrentang, ngrerentak lir wijung, tan sinujunan ing toja, temah madres katrahan warsa martani, anartani wasita.

28. Wewéntahan dénira mamarti, adan nanduki tuduhing déwa, mém-ba luméambar nalangké, mring wukir Kawi wau, marma paman ngong leksanani, wit rindyah Déwi Sara, amanuksmèng dunung, nèng Sarwasri sutanira, wus kapasti paman kedah minangkahi, amidjèni pradjardja.
29. Mangujuni kawirjawan wuri, mila kula nempuh bjating lampah, sesandiwaranan ing rèh, mantjala singa wulung, supadi tan kata-rèng djanmi, mjang amijarsa warta, jèn sutanirèku, dèrèng nedya mangun krama, lamun kula tan sarana malih warni, mbok tinampik ta nista.
30. Marma kula ameminta winih, katjang wilis pan minangka tanda, ing pratingkah wekasané, tarlèn mung minta maklum, maring paman kalawan bibi, dénira dahat karja, sangsajaning laku, asung-samar ing ngawerdha, katudjuné sami karahardjan mangkin." Sang resi duk mijarsa.
31. Sabdaning sang Sri Djajabaja-dji, jajah djinait raosing drija, sakala sirna nalaré, kapileng mari kelu, kaluntan ing tjipta lwir ngimpi, sadjroning pagulingan, wungu pungun-pungun, tansah ngungun anglotjita, „Hé batara nora kena dèn kikibi, buka salir-ing sedya.
32. Teka élok ing lelakon iki, nora njana mangkéné dadinja!" tan antara lon aturé, : „Duh pukulun sang prabu, sakamantyan so-tyaning dasih, anglir kalap sakala, limut ing tyas muput, kalingan sekeling tjipta, kaprabawan wibawaning sang siniwi, lir sumeng-kawak bradja.
33. Mrodjol saking panjakraning budi, aprasaksat manggih swarga mulja, déné kamuljaning tembé, tan andipé pukulun, jèn mang-giha kadi puniki, jekti pun patik begdja, kamahjangan séwu, sukur ing Sang Murwèng tingkah, maangsung genging nugraha andatengi, ingkang tanpa timbangan.
34. Sakelangkung dahat ing pamundi, tjianandi ing embun pinusaka, pinudyardjèng kasidané, ing sabda djeng sang ngulun, susatya sih maring ing dasih, mugi tulusa lama, sumela nèng kajun, mangajun-ajun ing tjipta, mangujuni pangajomaning sabumi, sumrambah tri-bawana.
35. Awasana angsung ling ing siwi : „Babo sutaningsun dèn abisa, suwitèng dudu samané, :dasar ratu dibjanung, pandjanmaning Hjang Wisnu-murti, kasub kaonang ing rat, susantyambekipun, waskita salwiring tingkah, sirā nini èngeta asaling tjilik, dèn banget sukurira.”
-
36. Nihan ing antara ri sang resi, pamit lèngsèr maring padepokan, wus linilan sakaroné, datan winarnèng ngenu, sampun prapta ing wukir Kawi. Kèndel pandongèngira, ni Tjemporèt wau, mring suta rara Kumenjar, alon modjar : „Nini dèn nggraitèng galih, tuladan kang utama.
37. Keni kinarja lepijan iki, pratikeling wong suwitèng prija, menawa tembé siranggèr, angawula ing kakung, angéstokna dongéngan iki,

- amanggih karahardjan, ing salaminipun, dénira mangun akrama," Sang Dyah Rara Kumenjar suka mijarsi, dongèngan singa kresna.
38. Wus katjatet saraosing galih, alon mangsuli mring bijungira: „Kang mangkono sukur bagé, dongèng dadi wewuruk, mangka wungkal lukitèng budi, dumadi sudarsana, sasananing wadu, wi-dagdèng sawadinira, pira bara kasawaban nugrahèng sih, kaja kang wus ginita.”
39. Njai Bujut sukanira ngenting, sang Dyah rara tansah ingarasan, tumeleng kasok tresnané, andungkap bangun ésuk, retnaning dyah midjil ing djawi, sedyarsa maring sendang, sarjwangindit edjun, asta anjangking wantingan, karerantan tyasira manawung wingit, limut ing kalaksitan.
40. Kawarnaa kang awarna peksi, linggar saking ing lelangjan sekar, patamanan ing Pagelèn, sedyanira mring dukuh, Tjengkar-sasra parlu martuwi, ing kaardjaning bapa, lawan bijungipun, dupi praptèng pinggir sendang, aningali wanodya aju linuwih, tjahja anuksmèng wulan.
41. Paksi mèntjo kastjarjan angliling, anenawang wawangunanira, pantes pasang pasemoné, paksi wangson ing wuwus, „Iki baja kenja ing ngendi, ngasorken langening rai, senené sumunu, semuné angemu susah, katongton ing nétya alum-alum anglih, malah sru wewiletan.
42. Déné memela memelas asih, éman-éman jèn tan kasatmatan, rinaket déning wong gedé, lan iki wong ing dukuh, parigelé tan angamboni, lamun widjilan désa, kaping kalhipun, ing pasang rakiting wanda, mjang pamulu rompjohing sarira mirib, gusti sang narpatmadja.
43. Déné salawasé ingsun tan wrin, ing warnané wanodya punika, nora nduga ingsun kijé, sunaring tjahja mantjur, baja iki trahing narpati, kinarja lelampahan, déning djawatagung, paran reh ing mula buka, teka dinunungken anèng Tjengkarsari, amémba wong padésan.
44. Méndah iki sun aturken gusti, kadi dadya usadèng turida, énggar dénja mong wiragé, ija manawa iku, kena ingsun puluti pamrih, katur ing gustiningwang, méndah sukanipun, mbòk mangkja mangka djalaran, anenarik nirmala waluja djati, saking sih katarima.”
45. Sawusira ngrerantam ing batin, méntjo mulja meðar kekidungan, sinawung ing tembang gedé, swaranja manis arum, laju-laju amilangoni, kagjat sang retnaning dyah, maksih umun-umun, samun remeng-remeng mamang, kalimunan déning amun-amun éndjing, karja mar maras ing tyas.
46. Wingwrin awrin kènggran angaweri, dadya muwus wewangson prijangga, „Lah swaraning apa kijé, kaja wong angengidung, kadingarèn ana memedi, lukitèng lelagonan, mawèh salang gumun, apa kedadéan djanma!” wus apadang sunaring pradanggapati, katon sang roning kamal.

(Tjemporèt.)

XX. WIRA WIJATA

Sinom

1. Srinata déra makirtya, Wira wijata nudjwari, Respati tanggal sapisan, sasi Saban wuku Wukir, Ehé sangkalèng warsi, murtyasta amulang sunu, asung wasijat putra, Djeng Gusti Pangran Dipati, Arja Mangku Nagara ingkang kaping pat.
2. Iki ta wasitaning wang, marang kang dadi pradjurit, adja kemba ing wardaja, rèhné wus sira lakoni, balik dipun nastiti, marang ing kuwadjibanmu, owelen sariranta, reksanen luhurmu sami, jèn kutjiwa gawé punggel dradjatira.
3. Awit sira wus prasetya, nalika djinundjung linggih, saguh nut anggering pradja, mjang pakoning narapati, sineksèn dèn èstrèni, mring para wira sawegung, upama sira tjidra, njirnakken adjining diri, temah nista wèh wirang ing jajah réna.
4. Jwa sira duwé pangira, lamun wong dadi pradjurit, karjané abot prijangga, wruhanta sagung pakarti, kabèh dunja puniki, tan ana prabédanipun, kang dagang nèng lautan, miwah ingkang among tani, sumawana kang suwita ing naréndra.
5. Mjang kang tapa djroning guwa, kang manusup ing asepi, lakoné pada kéwala, awit iku dadi margi, mrih katekaning kapti, sapangkaté pandumipun, nanging sarananira, mantep temen lan taberi, samaptané ingaranan laksitardja.
6. Lawan sira sumurupa, kang kalebu pangabekti, nora sembahjang kéwala, kang dadi parenging Widdhi, kabèh panggawé betjik, kang mantep sutji ing kalbu, uga dadi panembah, jèn katrima iku sami, sinung rahmat samurwaté badanira.
7. Lamun tan mawa sarana, paran katekaning kapti, lir bedag tanpa sendjata, ing ngatasira Hjang Widdhi, tan karsa mituruti, marang wong kang tanpa laku, nir ngamal mjang panembah, kumudu dipun turuti, ngendi ana gusti rinèh ing kawula.
.....
8. Déné djedjeré wandanta, ing mengko dadi pradjurit, madju baris lawan djaga, tijori lès lan sepèksi, iku dudu pakarti, adjar-adjar djenengipun, wus dadi wadjibira, pradjurit dipun gelaði, pepadané santri ingadjar sembahjang.
9. Sinung ukum sawetara, jèn anglirwakken ing wadjib, iku wus lakuning pradja, djedjegé kalawan ngadil, senadyan sira nguni, duk ngèngèr jajah-rénamu, jèn luput rinengonan, utawa dèn djemalani, dadi sira wineruhkan tata krama.
10. Mengkono uga jèn bisa, miturut sarta nglakoni, temtu dèn opahi sira, wit gawé leganing ati, akèh tuwin setitik, minurwatan karjanipun, tan béda patrapira, pradjurit djinundjung linggih, mjang ingundur iku ngadil djenengira.
11. Jèn tan bisa samaptanja, nora djumeneng pradjurit, gawé tuna marang pradja, wèh lingsem ing nara pati, amung sira pribadi, kang nduwurken pijangkuhmu, mung lagi bisa aba, anggepmu mbutuhkan nagri, jwa kebandjur duwé tjipta kang mengkana.

12. Wruhanta lelakonira, sedjatiné wus angemping, mring pradja miwah naréndra, déné durung potang kardi, sira wus dèn paringi, sandang pangan ora kantu, sinuba kinurmatán, pundjul sasamaing abdi, mungguh médja linilan lungguh satata.
13. Apa kang sira upaja, kamuljan anèng negari, ingadjènan mring sasama, njawabi mring anak rabi, nadyan para maharsi, ingkang tapa nèng asamun, mong tani lan nangkoda, rinéwangan anderpati, nora lijan kamuljan kang dèn upaja.
14. Upamané raganira, nora dadia pradjurit, ija maksih mangan sega, apa déné nginum warih, saking wetuning bumi, uga kagunganing ratu, lan sira ingajoman, rinaksa kalawan adil, lamun datan rumangsa sira duraka.
15. Marma dèn sumurup sira, mring sih kamuljaning Gusti, béndjang jèn tinuduh sira, lumawan ngadoni djurit, jèku karjanta jekti, pangudangirèng gustimu, kono adja pepéka, dèn madèp marang sawidji, nanging tjipta sedyakna males mring pradja.
16. Praptèng papan tjumadanga, ing paréntah sénapati, adja abawa prijangga, dumèh sira banda wani, lumangkah mrih ngulabi, kang mangkono sasat mungsuh, gawé guguping rowang, wèh giḍuh ing sénapati, jèn kasora dadi sira antuk dosa.
17. Lungguhing para prawira, jèn ana madyaning djurit, nora wenang duwé karsa, ragané pama djemparing, kang musti sénapati, ing sakarsa kang pinanduk, linepas jwa saranta, angsahira dèn mrani, maring mungsuh adja kéguh ing bebaja.
18. Dèn kadi sang Parta-suta, Bimanju kala tinuding, mangrurah kang gelar tjakra, déning sang Juḍistiradji, sukaning tyas tan sipi, dupi rinoban ing mungsuh, kèsti trahing satrija, wedi wirang wani pati, jèka mangka tamsiling para prawira.
19. Kono sedengé meḍarna, ing kasuran guna sekti, njirnakna paningalira, ing tékad jwa walang ati, wruhanta sénapati, wakiling gusti satuhu, gusti wakiling Suksma, kang kinon angudanèni, mring kawula kang sumedya mrih utama.
20. Paḍa ingaran utama, ing pakarjan mangun djurit, iku kang luhur prijangga, wus kasebut lajang Sruti, jèn tapaning pradjurit, ngasorken tapaning wiku, wit sumungkuning pudja, nèng putjuring gunung wesi, sang pandita anèng putjuring aldaka.
21. Ing tékad dipun sentosa, adja angrasani pati, awit tan winenang sira, gumantung karsaning Widdhi, jèn wus tibaning pasti, nora kurang marganipun, ala mati nèng wisma, betjik mati kang utami, tur sumbaga dadi ngamalé trahira.
22. Wus ana kajektènira, sang Parta-suta ing nguni, palastra anèng palagan, lawan legawaning ati, wit dènnja anglabuhi, Pandawa manggiha unggul, puwarantuk nugraha, sira wau Parta-siwi, turunipun angratoni tanah Djawa.
23. Lamun durung takdirira, nadyan ana hru saketi, jèn tan waswas ing wardaja, sajekti nora ngenani, amung sadjroning djurit, adja sira darbé kajun, ing lair amanuta, ing sakarsa sénapati, batinira kumambanga ing Wisésa.

24. Ri sedeng neng bajantaka, kalamun ana kang wèri, nungkul wus buwang warastra, nora wenang dèn patèni, binandang iku wadjib, jèn kantia nemu lampus, tetep anganiaja, gawé nistaning pradjurit, nemu dosa temah apes ing ngajuda.
25. Mengkono prijanganira, jèn kaselut ing ngadjurit, adja gugup dèn prajitna, ing tékad dipun patitis, awit wong murwèng djurit, ana pepangkatanipun, nista madya utama, jèn kober dipun èneti, kanistané wong kaselut neng ranangga.
26. Ing papan nora kutjiwa, gegaman samapta sami, atanding pada kèhira, tanpa kiwul ing adjurit, tangèh ana pepati, mjang tan ana nandang tatu, mundur tan palarasan, mung labet kekes ing ati, kang mangkono antuk dosa tri prakara.
27. Dinging marang ing narèndra, dènira tjidra ing djangdji, kapindo ngasorken pradja, kang muljakken marang diri, katrima mring hjang Widdhi, ngukuhi gaḍuhanipun, kokum pantes linunas, padané sato wanadri, jèn djalmaa jekti ana tékadira.
28. Madyané para prawira, jèn kaseser ing adjurit, nadyan kèh kediké pada, kasor papané kasupit, mundur amrih pakolih, ing pangolah nora gugup, sarana winiwéka, kaangkah dènja mangungkih, jèn sinerang rikat rinupek marwasa.
29. Utamanirèng prawira, senadyan karoban tanding, tatag tur simpen wiwéka, wengkoning papan liningling, linanglangan kang wèri, endi kang suda ing purun, pinarak pinarwasa, winisésa amrih titih, éstu djaja sahaja samja rahardja.

.....
(Wira wijata.)

XXI. TIJANG INKGANG TINAKDIR MLARAT

Nalika Kangdjeng Gusti Pangéran Adipati Arja Mangkunagara ingkang kaping IV ing Surakarta karsa nggeguru dateng setunggiling tijang ahli ngèlmu iladuni prekawis pepestèning manungsa ingkang tinakdir sugih utawi miskin, kalampahan angsal guru waskita sidik ing pametja. Nanging sadèrèngipun kapuruhitan karsanipun Kangdjeng Gusti guru wau badé katjobi rumijin kanjatanipun.

Katjarijos setunggiling dinten Kangdjeng Gusti karsa tedak ameng-ameng mubeng salebeting negari. Kjai guru kakarsakaken ndèrèk nitih wonten salebeting karéta tinarik kuda sekawan, kaploporan déning drahgunder, mawi kadèrèkaken ing punggawa panèwu mantri sawatawis sami anumpak kapal. Tedakipun Kangdjeng Gusti wiwit éndjing djam 8.— saking margi ageng Mangkunagaran dumugi ing gladag terus mangétan, ladjeng ménggok mangidul dumugi ing Baturana, ladjeng ménggok mangilèn ménggok dumugi ing Gading, terus mangilèn dumugi ing Serengan, ladjeng ménggok mangalèr sampun djam setengah sanga.

Ing sadangunipun ameng-ameng wonten salebeting karéta, Kangdjeng Gusti wawan pangandika kalijan kjai guru, tembungipun : „Bapa guru, mara sadjroné mubeng-mubeng kowé matitisna ngélmunira iladuni, ndelenga wong-wong endi kang tinakdir mlarat !”

Aturipun Kjai guru : „Nuwun inggih sendika.”

Ing sadangunipun mubeng-mubeng kjai guru amesu budi mendeng patitising ngélmunipun. Sareng karéta sampun dumugi ing Singasarèn sakilèning Setjajudan, kjai guru ladjeng matur sarwi mariksakaken dateng Kangdjeng Gusti, tembungipun :

„Tijang sadé kambengan punika Gusti, ingkang tinakdir mlarat, boten saged sugih.”

Kangdjeng Gusti ladjeng maspadakaken dateng tijang ingkang kapratélakaken sadé alang-alang wonten sapinggiring margi Singasarèn, titihan karéta taksih terus lumampah. Sareng sampun dumugi ing dalem, Kangdjeng Gusti ladjeng tumedak saking karéta, énggal ndawuhaken bebisik dateng mantri ingkang katjelak, ndikakaken numbas kambenganipun tijang ingkang kawetja kjai guru wau, ladjeng bibaran.

Masbèi Mantri énggal lumampah rerikatan. Sareng sampun dumugi Singasarèn, ladjeng pinanggih kalijan tijang sadé kambengan ingkang kénging wetja, tembungipun : „Kakang adol alang-alang, alang-alang dika niku regané pinten?”

Wangsulanipun : „Mangga mawon, sing empun kalampahan gangsal welas uwang.”

Masbèi ngawis : „Jèn olèh wolung uwang daweg ndika teraké teng Mangkunagaran.”

Si kakang alang-alang amangsuli malih : „Sampun ta kula sukaken sangang uwang jèn kersa masbèi !”

„Nggih ta, daweg ndika gawa.”

Ladjeng sami lumampah, masbèi kairing ing pikulan alang-alang. Sareng dumugi Mangkunagaran, kadjudjugaken ing pengkeran sakilèn Ujung puri. Masbèi ladjeng witjanten : „Empun ndika-sèlèhaké ngriku mawon, ndika entèni disik.”

Kakang alang-alang mangsuli : „Inggih !”

Wekdal punika Kangdjeng Gusti pinudju lenggah pijambak, masbèi énggal marak ing ngarsa dalem Kangdjeng Gusti, ladjeng mundjuk sarèhing dinuta. Kangdjeng Gusti alon angandika : „Mara ditjedak maréné.”

Sareng Masbèi sampun njelak, ladjeng winangsit seperlunipun tarékah ingkang dados kersanipun Kangdjeng Gusti. Masbèi tampi wangsit sedaja sampun mangertos, Kangdjeng Gusti ladjeng kondur ing dalem. Masbèi wangsul dateng panggènanipun kakang alang-alang awitjanten : „Kang, ndika teng buri ngrika disik, alang-alangé ndika tinggal mawon ngriku.”

Kakang alang-alang miturut ing pakèn, ladjeng kapernahaken kapurih angisahi piring sarta bala petjah sawetawis. Sesampunipun kapernahaken si kakang alang-alang tumandang. Masbèi wangsul dateng panggènan kambengan ingkang tinilar, ladjeng nandukaken tarékah seperlunipun, inggih punika deling pikulanipun kambengan ka-

djedjelan uwang kertas ngantos katab, kinten-kinten wonten gangsal èwu rupijah. Sesampuning rampung pamatrapipun rapet boten katawis, masbèi wangsul tjengkélak dateng panggènanipun kakang alang-alang ingkang saweg angisah-isahi. Sareng anggènipun angisah-isahi sampun rampung, ladjeng kaparingan neda tuwuk, nunten kabajar pambasipun alang-alang sangang uwang. Masbèi witjanten : „Empun ta pikulané alang-alang ndika tjopot, ndika gawa mulih, alang-alangé ndika sèndèkaké pager bata.”

Sesampunipun si kakang alang-alang njopot pikulan anjèndèkaken alang-alang, ladjeng mantuk sarwi mbekta pikulan. Sikakang bungah : alang-alang paju larang, weteng wareg tampa uwang ! Gaganipun : „Ah, bésuk daktawa mréné manèh baé !”

Kotjapa kakang alang-alang ngutu lumampah mantuk sarwi mbekta pikulan pring. Sareng lampahipun saweg dumugi ing lèpèn Djenes sakidul Gaḍing, si kakang alang-alang kabelet mbebutjal. Pikulanipun kasèndèkaken ing ḍaḍah pagering margi ageng, kakang alang-alang énggal mandap dateng ing lèpèn mbebutjal. Ing salebetipun mbebutjal dumadakan teka wonten tijang klenṭung-klenṭung langkung mangidul, sumerep deling pikulan saméndé ing pager, ladjeng kapendet étja, kabekta aglis, bablas boten katjarijos.

Sareng kakang alang-alang sampun rampung anggènipun mbebutjal, ladjeng minggah ing margi, nuwèni pikulanipun sampun boten wonten, ladjeng terus mantuk. Anggepipun : „Ora dadi apa, pikulan pring wé, gawé manèh rak uwis !”

Énggalipun kakang alang-alang dumugi ing grija, ladjeng gotèk dateng sémahipun. S i g e g.

(Dongèng tjarijosipun tijang sepuh ing djaman kina)

XXII. DONGÈNGIPUN DALANG RINGGIT PURWA DIPUN TANGGAP ING LELEMBAT

Djaman rumijin wonten ḍalang ringgit purwa nama Gandawignja, gegrija ing kiṭa Salatiga, pantjèn sampun kondang kapinteranipun andalang, karana ingadjeng kawulang kangdjeng pangéran Arja Kusumadilaga, ing Surakarta adiningrat.

Ing satunggiling dinten ketamuan lelembat aménda djalma, datengipun kabagèkaken déning ḍalang Ganda : „É, bagus punapa sampéjan wiludjeng, sarta punapa ingkang dados wigatos sampéjan ?”

„Nuwun, kjai, saking pangèstu sampéjan wiludjeng. Menggah sowan kula ing sampéjan punika kula dipun kèngkèn lurah kula nama kjai Bangsadarma, petinggi ḍusun Tjandidukuh bawah ing Bahrawa, menawi sampéjan ḍangan dipun aturi angringgit dateng grijanipun lurah kula kalih dinten kalih dalu. Déné wigatosipun sidekah merti ḍusun, béndjing dinten Setu Paing dumuginipun Akat Pon, tanggal kaping 14 — 15, wulan Besar ngadjeng punika.”

„Inggih dangan kula, sadèrèk, awit boten wonten ingkang nanggap dateng kula. Lah, ringgit tuwin gamelan kadospundi pambektanipun, awit langkung tebih saking ngriki?”

„O, kjai, boten susah mbekta saking ngriki, awit lurah kula sampun gadah pijambak, ringgit purwa sakoṭak, punapa malih gamelan inggih sampun gadah kalih rantjak, saléndro kalijan pélog. Lah, sapunika kula ngaturi pandjer kalih ringgit.”

„Inggih, sadèrèk, kula tampèni, lan malih béndjing dinten Djemuwah Legi éndjing kula neḍa peṭukan kapal tumpakan kalih.”

„Bab tumpakan sampun kuwatos, nanging kula badé ngaturi jatra paséwaning kapal kémawon saking Salatiga ngriki dumugi kretek Tuntang; ing Tuntang kula peṭuk baita kekalih ingkang ageng; saking Tuntang sampéjan numpak baita ngantos dumugi dusun Tjandiḍukuh. Ing sapunika sampéjan kula aturi ingkang minangka paséwaning kapal kalih ringgit, ing dinten Djemuwah kula meṭuk wonten ing kreteg Tuntang.”

„Inggih, sadèrèk, sanget panarimah kula, kula kantja nijaga sanga.”

„E, mèh supé, Tjandiḍukuh punika tebih tijang sadé tjandu; béndjing menawi kjai pangkat kula aturi mbekta saking ngriki.”

Ḍalang Ganda witjanten: „Jèn mekaten tjadong kula tjandu kalih dinten kula teḍa sapunika, déné taḍah kula sadinten sadalu saringgit, dados kalih ringgit.”

„Inggih, kjai, sapunika sampéjan kula aturi kalih ringgit. Sarèhing sampun terang kula sampéjan lilani mundur.”

„Inggih, sedèrèk, kula anjangoni wiludjeng kémawon.”

„Inggih, kjai.”

Sareng sampun dumugi dinten Djemuwah Legi, ḍalang Gandawignja sakantjanipun nijaga sanga pangkat saking Salatiga; sareng dumugi ing Tuntang peṭukan baita dateng, ḍalang Ganda sakantjanipun ladjeng numpak baita, lampahipun muḍik kalijan abingah-bingah.

Boten katjarijos lampahipun wonten ing rawa, sampun dumugi ing dusun Tjandiḍukuh, nanging sajektosipun sanès dusun Tjandiḍukuh, inggih punika ingkang winastan Pening. Sareng ḍalang Ganda sampun mentas dateng darat aningali dusun ageng kados negari, grijagrija langkung kaṭah babandjengan aṭarik-ṭarik; déné radinan katingal wijar bawéra kentjeng resik, tataning tijang gegrija angadjengaken radinan sarta ingadjeng mawi sekètèng sadaja, tengahing dusun mawi alun-alun sarta kataneman waringin kurung djèdjèr kalih, ing tepining alun-alun ugi kataneman waringin aṭarik-ṭarik sami agengipun. Ladjeng katingal grija ageng-ageng djèdjèr tetiga, pendapi, pringgitan sarta grija wingking tuwin gedang selirang, gandok. Saking alun-alun lumbetipun mawi kori ageng kadjagi tijang kaṭah.

Kotjap, ḍalang Gandawignja sakantjanipun malebet ing kori ageng ladjeng ngambah palataran wijar dumugi ing pendapi. Kjai Bangsa-darma saweg linggih ing pendapi dipun adèp para panekaripun kaṭah, sumerep ḍalang Ganda dateng, énggal angawé-awé ngundang kapurih njelak.

„Kula nuwun, kjai lurah, pasang aliman tabé, linepatna saru si-kuning lampah kula, mugé aparinga ing pangaksama.”

„Inggih, kang Ganda, sami-sami kémawon, kula asuka pambagé dateng kang Ganda sakantja sampéjan sadaja, punapa sami rahardja?”

„O, inggih, kjai lurah, saking pangèstu sampéjan sami rahaju.”

„Mila kang Ganda kula purih ngringgit kalih dinten kalih dalu, awit kula sakantja badé sidekah merté dhusun. Mangké dalu kula neđa lampahan Wiwaha, awit kula remen nalika Ardjuna bantah kalih resi Padya. Lah, béndjing sonten kula neđa lampahan Bratajuda nalika sang prabu Salya nata ing Mandraka madeg sénapati ngalaga ing Kurawa.”

„Nun inggih, kjai lurah.”

„Kang Ganda sakantja sampéjan, sarèhné sajah sampéjan ngaso wonten grija pisang salirang, dados mangké sonten boten rekaos.”

„Inggih kjai lurah, sakalangkung sanget panuwun bingah ing manah kula.”

Kotjap, dalang Ganda lèrèh pondokan tamu ingkang kawastanan pisang salirang, ingriku sampun kagelaran babut prangwadani saking sutra diwangga, tuwin bantal-bantal inggih sampun kasedijanan, sarta gandanipun amrik arum angambar. Boten dangu ing pambudja medal wédang lan panganan awarni-warni, déné piringipun sadaja kantjana punapa déné talam patađahan inggih kantjana tinarètès ing sesotya. Jèn katingalan tjahjanipun murub amadangi ing gedang salirang. Dalang Ganda andjenger aningali rerampadan ingkang éndah warinipun, ladjeng witjanten dateng kantjanipun djuru pangendang nama Tjremakarja : „É, Tjremakarja, iki panggonan dudu suwadiné ; aku iki nalika ngabdi ana Kusumadilagan Surakarta, mèh saben dina aku ndèrèk kangdjeng pangéran malebu marang kađaton, nanging ora mengkono pirantiné, piring ija piring blaka. Inggih Sinuhun ora kagungan kang mangkono rupané bekakas. Kang katjarita kađatoné kangdjeng njai ratu sagara Kidul kasebut ing babad Mataram, bekakasé mengkono rupané ; wis temtu iki negara pangalapan, mulané kowé kang prajitna lan adja pisan duwé kamélikan apa-apa ; jèn atimu sutji mesti rahardja.”

Tumunten gumantos segah warni sekul ulam sapanunggilanipun, pirantosipun boten sanès kalijan ingadjeng. Inggih angladosi angidjabaken :

„Punika kijai, sampéjan dipun-aturi dahar sawontenipun.”

„É, inggih sakalangkung panuwun kula.” Dalang sakantjanipun ladjeng sami neđa sarta anggènipun neđa sakalangkung déning miraos.

Kotjap, sampun wantji serap surja, dalang Ganda sanijaganipun sampun madjeng dateng pendapi, anata gamelan saléndro tuwin ringgit ingkang badé kanggé, dalang Ganda sakamantyan gawoking manah, déné angungkuli gamelan kraton ; menggah udjuring ringgit sadaja gegelipun emas mawi kapatik ing sesotya barléjan, punapa malih ringgit-ringgit para ratu sinukarta sesotya sadaja, tangsuling gapit kawat kantjana, déné gapitipun sadaja saking salaka. Ringgit ladjeng kapangung kados adat badé kadamel angringgit. Déne dalang anggènipun anata ringgit tuwin gamelan wonten ing grija paringgitan, ing pen-

ɖapi sampun kebak tijang djaler ingkang djagong, sadjak penganggènipun tijang djaler èstri kados prijantun ing negari Surakarta, inggih sami ngabotohan warni-warni, kadosta : kasukan gitikan (kertu gangsal), tjeki, pèi, setuteran, salikuran. Saenggèn-enggèn wonten tijang ngabotohan, sampun kados pabrik gendis ingkang nembé badé giling rosanipun. Déné grija ing wingking kebak sami lenggah dèpokan, gelungipun gondèl, sami tjunduk djungkat tanggalan kang katrètès sesotya, sengkangipun blosokan ingkang katrètès ing berlijan, mawi kembenan, déné rasukan warni kalih, ingkang kaṭah takwa tuwin kebajak tjekak kados ingkang kanggé djaman Kalijoga punika.

Kotjap, ðalang asasmita talu, sasampuning talu ladjeng djedjer, ingkang minangka djedjer ratuning raksasa adjedjuluk prabu Niwatakawatja, ing nagari Imantaka. Sareng wantji badé tengah dalu ðalang amedalaken sang hjang Pramèsti Guru, sadaja tijang ingkang aningali angobong menjan, awit sadaja ingkang aningali sami ambekta latu merang punapa déné ing pendapi tuwin ing grija wingking inggih angobong dupa, kukusipun kumelun kados ampak-ampak utawi pedut, saged anjuremaken urubing dilah kaṭah. Boten kagantjaraken lelampahaning anggènipun angringgit awit para maos sampun temtu nju-merepi.

Katjarijos anggènipun ngringgit ðalang Ganda sampun dumugi kalih dalu, sesampuning pragat pangringgitipun ðalang Ganda neḏa pamit mantuk sakantjanipun.

Kjai Bangsadarma : „Inggih, kang Ganda, sanget ing panarimah kula awit anggèn sampéjan ngringgit damel suka bingahing kadang warga kula sadaja ; déné anggèn sampéjan angringgit kalih dinten kalih dalu kula aturi kawan dasa ringgit, sarta sampéjan kula bektani kunir sakedik kinarja usada padaran mules, sanadyan sakit sanèsipun kénging kadamel sarana ; punapa malih kula meling, salebeting sampéjan wonten baita sampun ngantos njebut asmaning Pangéran, punika awisanipun lèpèn Tuntang, jèn katerak asring manggih bebaja.”

„Nun inggih, kjai lurah, badé kula éstokaken ; manawi sampun terang dawuh sampéjan, kjai lurah, kula njuwun mundur sakantja sadaja.”

„Inggih kang Ganda, kula asuka wiludjeng sadajanipun.”

Sareng ðalang Ganda sampun dumugi sadjawining kori, pitakèn kalih pangendang : „É, Tjremakarja, kunir mau kowé apa ora lali ?”

„Boten kang, punika kula beкта.”

„Sukur, di, senadjan ing Salatiga ora kurang kunir, aèngé déné pawèwèhé kjai petinggi, takkira gedé paédahé.

Lah, Tjrema, kang separo takgawané, kang separo gawanen !”

Ladjeng kabuntel saputangan gembaja katangsulan ladjeng dipun sabukaken kentjeng, Tjrema inggih makaten.

Sadumuginipun ing babagan ðalang Ganda tuwin sakantjanipun sami numpak baita kados nalika pangkatipun ; lampahing baita milir para nijaga sami asuka-bingah awit badé pikantuk panduman jatra kaṭah. Sareng dumugi sanginggiling kreteg Tuntang, ðalang Ganda teka kasupèn welingipun kjai Bangsadarma, dumadakan anjebut asmaning Pangéran : „É, kantja kuwasaning Gusti Allah iku ora kena tjina-

krabawa." Witjantenipun saweg dumugi samanten, baita kekalih sareng kèremipun ladjeng musna kalijan tijang ingkang melahi, déné tijang ingkang numpak sami pating krambang. Tjremakarja sakantjanipun anulungi dalang Ganda, ladjeng kaentasaken dateng darat, sanèsipun sampun mentas sadaja, awit sami baut anglangi, sami lèrèh wonten sapinggiring lèpèn.

Dalang Ganda witjanten : „É, kantjaku kabèh adja ana kang ngresula utawa keduwung lelakon iki, karena kaja ana sadjroning pangimpèn. Lah, saiki aku mudeng jèn kang nanggap iki pantjèn lelembut kang pađa makajangan ing umbul Pening, déné lurahé lelembut ora kjai Bangsadarma, kang bener kjai Sarpabangsa arupa taksaka naga. Sanadyan demit atiné betjik lan ambek utama. Mara, Tjrema, duwit kang kogèmbol apa ora katjemplung ing banju ?”

Pangendang kalih pangrebab angedalaken jatra ingkang dipun gèmbol ladjeng kapétang taksih djangkep kawan dasa ringgit.

„O, sukur-sukur déné ana kang ginawé sangu mulih, nanging wetengku kok mules, takira nggonku kekum ing banju mau, mara tak-tjobané mamah kunir paringané kjai petinggi. Ladjeng dipunutjuli saking saputangan ; sareng dipun waspaosaken amalih warni kentjana. Ingkang kabekta Tjremakarja énggal katingalan inggih dados emas, para nijaga abingah-bingah sadaja.

Dalang Ganda witjanten : „Iki barang jèn wis tutug ing ngomah baé didol kabèh, sapira pajuné didum warata ; wis, ajo pađa nuli mulih mumpung isih rada awan.”

„Sumangga suwawi, kjai.”

Katjarijos saantukipun ngringgit saking rawa Pening, dalang Ganda nanđang sakit mripatipun ngantos dados wuta. Sanadyan sampun wuta boten suda ingkang ananggap, karena prigel wasis panjepingipun ringgit taksih kados nalika awasipun, nanging sareng wuta wonten ingkang angladosi amendet ringgit ingkang badé kawedalaken. Malah ing tjarijos pedjahipun kjai dalang Gandawignja boten mawi sakit ing satengahing ngringgit wonten dusun Dadapajam distrik Salatiga.

(Dongèng warni-warni.)

XXIII. TJILAKA ANÉ

Sijang-sijang, wantji bedug kentang-kentang, ing pinggir margi prasekawanan wonten djedjaka ngadeg ndjedjer kados retja gesang-gesangan. Tangan kiwa malang kerik kalijan njangklong tas, mbedudug isi untel-untelan anduk, sarung lan rasukan telesan. Tangan tengen njeketem katju, sekedap-sekedap kanggé ngusap batuk awit keraos risi djalaran kala djungkatan wau katut keblonjo pomade. Sak kiwa-tengen ing ngandap ngetombol isi katju, pèmès, arta, djungkat. Déné sak nginggil isi pulpèn, djèdjèr rèntèp kalijan pul potlot pisan, kalijan tismak garan penju saha djam rantènipun nglawèr pandjang, tuwin malih senadjan kala semanten mangsa terangan éwa déné dje-

djaka wau meksa sedija djas-hudjan, kasampiraken ing pundak. Wah teka pating srendil, pepak meh kados bakul prombengan.

Boten antawis dangu bisipun sampun ketinggal, nunten dipun setop. Djedjaka wau angsal papan sanding podjok ing wingking, „Klaar!” Bis mlampah malih, kenek boten keduman enggen, namung ngadeg kemawon, mobat-mabit gondelan konten, ndojong mangiwa, nggléwang manengen anut ombak lampahing motor, mripatipun léra-léré ngenut ébahing badan, rambut modal-madul, dipun tumpangi pétjis klawu karingaken manengen. Taksih ketawis bilih ingkang klawu punika wau nipun petak, nanging rehning sampun lami tur kekerepen kanggé njungga-njungi bagor, krandjang senik, pramila inggih sampun itjal petakipun. Teke malah dados lan pantesipun. Déné kemédjan dalah sruwal pantjen sampun dasar tjemeng, ndadak sampun rahi kekatahen gemuk semir-oli; wah, sadjakipun ngantos kandel meleng-meleng!

Rehning pantjen sampun kebak, pramila lampahing bis saged terusan kemawon, boten kekerepen kendal-kendel, nanging grondjalan sanget boten sekétja, tijang lakar ngleresi bis sampun kepara risak! Tur swaraning mesin dalah momotan ing pajon pating glodag gram-bjangan mbrebegi kuping sajektos.

Djedjaka kasebat nginggil penganggènipun sarwa setlikan tur anggènipun dandan ketinggal rahi dipun kajang. Sa-ebis ngriku kaleres namung sarwa tjemeng amblurus, dados boten elok upami laré wau nggadahana raos-rumaos bregas pijambak, rumaos kadi déné regulo mawar, medem éndah, njelap édi pijambak wonten madyaning bebon-dotan. Pasemonipun kemawon sampun ketawis, tuwin inggih katitik saking bringkang-bringkunging solah bawa. Kinekeri kados punapa, sumuking batos punika saestu inggih tumus dateng ledjeming lahi saha liringing nétra. Dasar kepara njata: lair utusaning batin! Linggihipun tanpa mobah tanpa mosik kedjawi namung krana kontrag kaentrog-entrog ing ebis. Plelenging mripat namung kaeneraken dateng djogan longaning bangku ing ngadjengipun. Tijang sa-ebis asring gar-ger gumudjeng, awit wonten ingkang nglutju nirokaken lelutjon Garèng-Pétruk tuwin Bagong anggènipun ningali wingènipun. Namung wonten setunggal ingkang boten nggatosaken dateng bebanjolan wau, inggih punika tijang èstri sampun sepuh, awit saweg ngemataken anggènipun tonak-tanuk anggegajemi sedah-gambir-endjet.

„Djaka-bregas” asring aklétjam-klétjem keprodjol èsemipun, nanging genah boten margi saking lelutjon Bagong, sampun temtu nènèman wau ngandut gémbolan sanès, genah jèn boten barès!

Kotjap mbah sepuh ingkang tonak-tanuk ngemataken gantèn wau klihihan badé ndubang, boten wonten „ketjohanipun.” Wusana tékad-tékadan, ladjeng kaidokaken medal djendéla.

Tjilakanipun sang Djaka-bregas, dubang katampek ing angin, kewangsul mbalik lumebet, sumamburat njiprati djas setlikan. Kodjuripun pun kenek, kedrawasan lambé kesrèmpèt pesating warastra rekta alias djemparing ketjoh-rudira wau. Njai Tanuk putjet-bijas ulatipun. Badé witjanten kamisosolen boten medal tembungipun. Kenek kraos anjep-anjep ing lambé, sareng dipun takjinaken, djebul idjem-idjem mawi semburat abrit.

„Boten genah sampéjan niku mbah !”

„Wong boten kedjarag kok Mas, nggih ngapunténé mawon djing kajah.”

„Napa boten ngerti nèk boten èntuk nginang ?”

„Ngapunténé tijang sepah, niki !”

„Mbok nika diwatja, dilarang ludah !”

„Tijang empun sepuh, boten saged maos kok Mas !”

„Lajak ! Lah wong ora tau mangan sekolahan !!! Prijantun, djasipun abrit punika lo !”

Djaka-bregas gita anggènipun ngiling-ilingi : „Tjilaka ané !” Djas ing pundak kénging dubang saèstu. Pepes raosing manah, kadi déné ketaman ing gas-ratjun. Badé nepsu, mindak tiwas namung petjutja-petjutju. Pun Nini Tonak-tanuk gèk badé dipun punapakaken ? Namung kémawon ulatipun meksa ketingal : sanget gela, sanget tjuwa, sèwu susah sèwu seđih, awit anggènipun bentèr-bentèr kesesa-sesa nunut bis punika wau margi déning sampun kentjan, badé sesarengan mara-tamu kalijan kantja-kantjanipun sawetawis, dateng panggénaning mitra gadah damel, kařik mawi pijulan, gitaran barang. Apesing badan djebul kepalang bandjir seganten rudira ! Temtunipun Djaka-bregas kepeksa wangsul ing margi, kepeksa tjidra ubaja mbaléndjani djandji, gela-tjuwa boten èstu seneng-seneng kepanggih mitra karuh, getun-ngungun, sandé anggènipun badé gijak-gijak gegudjengan kalijan kantja tuwin para sadèrèk. Tjilèmèt ané !

(Simpai).

XXIV. RADÈN RANGGA

Radèn Rangga, putra Kandjeng Panembahan Sénapati, iku misuwur digdaja, rosa sarta teguh. Wataké panasbaran lan tjengkiling Jèn nempiling uwong mesti matiné.

Anudju sawidjining dina ana wong neneka saka ing tanah Banten, sedyané arep ngajoni kadigdajané Sang Panembahan ; bandjur ditemoni ingkang putra, Radèn Rangga, pada ngadu karosan. Wasanané wong Banten mau kasoran, lan mati amarga tinempiling déning Radèn Rangga.

Ora let suwé Radèn Rangga kadawuhan ingkang rama maguru marang Ki Djurumartani. Nanging Ki Djuru nalika semana lagi salat ana ing masdjid. Radèn Rangga ngentèni, lungguh ana ing undakaning masdjid, sing digawé watu kumlasa atos-atos banget. Sajroné lungguh njrantèkaké Ki Djuru, watu kumlasa mau ditjublesi nganggo dridjiné, nganti pada dekok ; lah kok majar baé, kaja njublesi lemah lempung kaé. Salebaré salat, Ki Djuru nemoni Radèn Rangga, sarta kagèt déné watu undak-undakaning masdjid pada dekok tilas ditjublesi Radèn Rangga mung nganggo dridjiné baé.

„Radèn Rangga, watu kotjubles iku apa ora atos ?” Mangkono pangandikané Ki Djuru. Watu ija bandjur atos pada sanalika. Ditjubles ora pasah. Radèn Rangga mitjara ing sadjroning ati : „Bener

rama Sénapati, aku didawuhi anggeguru marang éjang Djuru. Wong tuwa mono ora kena diungkuli ing wong enom ing kasektèné utawa ngèlmu lijané.”

Radèn Rangga bandjur njuwun wulang marang ingkang éjang. Kjai Djuru akèh paringé wulang marang ingkang wajah. Radèn Rangga tumuli bali. Pungkas-pungkasané Radèn Rangga mireng pawartos jèn ing Patalan ana ula gedé, angluwihi galaké, kerep nguntal wong liwat. Radèn Rangga arep ngajoni. Ula énggal anjander, njakot sarta muled. Radèn Rangga panggah, tjinakot ora pasah, pinulet ora obah. Ula bandjur binetot-betot, dadi lan tiwasé. Radèn Rangga nuli mulih, tekan ing dalem bandjur gerah, andadèkaké ing sédané.

ADJA NGITIK-ITIK ANAK PUPON

Katjarita Panembahan Sénapati iku nalika timuré dipundut putra karo Kangdjeng Sultan Padjang, banget kinasih, kaja putrané Kangdjeng Sultan pijambak. Bareng wis diwasa winuruk sakabèhing ngèlmu, kasektèn lan kateguhan, apa déné bandjur dimuktèkaké ana ing bumi Mataram. Wasana ing pamburiné djebul wani marang Kangdjeng Sultan ora kersa sowan menjang Padjang, sedyané arep ngratoni tanah Djawa.

Tindak kang kaja mengkono mau ndadèkaké dukané Kangdjeng Sultan. Saking gempunging panggali, Kangdjeng Sultan Adiwidjaja kawedal pangandikané mengkéné : „Saturun-turunku adja ana sing duwé anak pupon.” Wiwit semana trah Sultan Padjang bandjur pada njirik, emoh mupu anak, utawa ngitik-itik anak pupon.

ADJA NUNGGANG DJARAN BATILAN

Mirid dedongèngan, Radèn Ngabèi Loring Pasar, ija kang ing pamburiné djedjuluk Panembahan Sénapati, iku nalika perang mungsuh Arja Penangsang ing Djipang nitih belo, suriné batilan. Déné titihané Arja Penangsang aran Gagakrimang. Nalika satrija loro mau perang tanding, pada arep-arepan, titihané Radèn Ngabèi Loring-Pasar mbandang, ora kena dipekak nganti sawatara dohé. Adjaa ngrangkul kentjeng ing guluning titihané, Radèn Ngabèi mau kalakon dawah. Bareng wis mandeg, Radèn Ngabèi énggal medak, titihané dituntun, kasparahaké marang ingkang abdi, kanthi prasapa : „Bésuk saturun-turunku, jèn perang adja ana kang nunggang djaran batilan, sebab bakal neniwasi.”

Nganti sepréné tedak-turuné Radèn Ngabèi Loring-Pasar, ija Panembahan Sénapati mau, pada ora wani ngingu utawa nunggang djaran batilan.

(Serat Kasusastran Djawi.)

XXV. BAB GRAHANA

Saka tjaritané wong ing djaman kuna, nalika kangdjeng nabi Musa kalamollah, anglurugi sang hjang Pramèsti Guru marang wukir Déwani, ija gunung Himalaja kang kasebut ing Suralaja, nganti prang gedé, nanging bałara Guru kasoran, awit kasektèné ora dadi, satemah djengkar aninggal Suralaja, lolos mangétan sapara déwa kabèh. Nabi Musa mijosaké adji kemajan maudjud peksi dara séta sadjodo, kang pangawak utawa nggawa wisa mandi, kinon angetutaké lolosé bałara Guru lan para déwa sapanané, sarta kinon angudani wisa, nanging jèn bałara Guru tutug ing nuswa Djawa manuk dara kađawuhan bali.

Kotjap bałara Guru wus tutug ing pulo Djawa, manuk dara bali, nanging sang hjang Guru lan para déwa kabèh nandang kasangsaran, awit ketaman déning dajaning wisa kemajan. Lakuné sang hjang Guru lan para déwa andjog ing aldaka Lawu, bandjur pađa lèrèn; sang hjang Guru uga kalebon wisa kemajan, nanging durung malebu sadjroning guwagarba, wisa lagi tutug ing gorokan nuli dirogoh kawetokaké ing tenggok, mulané sang hjang Guru anandang tjiri tenggaké belang putih, bantjur asesilih asma sang hjang Nilakanta. Déné para djawata kang ketaman wisa tansah nandang raga; jèn ta kenaa ing pati temtu lebur tumpes tapis tanpa kukuban.

Amung bałara Wisnu kang kalis déning wisa kemajan.

Sang hjang Nilakanta ngandika marang bałara Wisnu: „E, kulup Wisnu, énggal para kadangmu déwa kabèh, kang ketaman ing wisa pađa usadanana. Lah iki, kulup, usadané aran tirta Marta, takwadahi ing tjupu manik Astagina, kulup; kang angombé banju iki luput ing pati bisa urip ing salawas-alawasé.”

Katjarita, para déwa wus diusadani marang bałara Wisnu pađa waluja kabèh.

Ing wektuné bałara Wisnu angusadani para djawata, ana raksasa aran Lembutjulung anjlamur mađa déwa, ndjaluk usada marang bałara Wisnu, uga diwènèhi, nanging bałara Surja ora samar jèn kang ndjaluk usada iku raksasa tjandala njalimur pinđa déwa. Énggal bałara Surja ndjawil marang bałara Wisnu: „Kakang Wisnu, ingkang paduka sukani usada punika wau sanès djawata, sajektosipun danawa dusta; énggal kakang paduka lepas sandjata tjakra; jèn ngantos toja Marta mrasuk ing angka temtu boten saged pralaja; menawi mbaléla sinten ingkang saged anjembadani, mangka agengipun saprabata siwi.”

Sang hjang Wisnu sigra mentang langkap anglepasaké sandjata tjakra, kena guluné sang Lembutjulung tigas pantjing, karena tirta marta durung mlebu sadjroning angka, isih ana ing gorokan. Satemah endasé Lembutjulung bisa mesat angambara marang ing gaganana; iku urip tanpa gembung saka dajaning tirta Marta, déné gembungé dadi lesung ana ing martjapada; mungguh endas buta mau pakarjané tansah amemangsa surja lan tjandra. Mulané jèn ana grahana srengéngé utawa rembulan, ija iku dimangsa endasé Lembutjulung, wong kabèh pađa mbéndrong kotèkan gendong barong, awit lesung-lesung kabèh iki gembungé sang Lembutjulung; jèn gembungé digawé ko-

tèkan, wis temtu endasé komet lan ngelu, dadi wurung sedyaning endas bakal anjirnakaké srengéngé lan rembulan. Saupama ora digendongi anggoné amangsa srengéngé lan rembulan mesti entèk, jèn srengéngé lan rembulan entèk, kang temtu ngalam donja patjoblong : rina wengi dadi peteng ndèdet alimengan.

(Serat Kasusastran djawi.)

XXVI. BAGAWAN TÉGA-ING-RAT

Dèk bijèn ana alas gedé banget. Saka kikis wétan tekan kikis kulon kira-kira lakon sepasar, saka kikis kidul tekan kikis lor samono uga, malah kepara luwih. Ing sisih kulon lan sisih wétan sing dadi tapel-watesé kali bengawan, ing sisih kidul segara, ing sisih lor pagunungan sing djurangé djero-djero. Alas mau akèh banget pategalané. Mulané djenengé Tegal Pangangen-Angen.

Sing ngenggoni alas mau kéwan tratjak loro, jaiku bantèng, mendjangan kidang lan weðus. Sing akèh déwé weðusé. Ana jèn mung rong èwu. Bandjur kidang, kira-kira telung atusan. Bandjur mendjangan, mbokmenawa ana satus. Sing setitik déwé bantèngé. Tjatjahé mung ana telung puluhan. Ananging senadyan mung setitik tjatjahé, sarèhné gedé lan rosa déwé, mangka ja kendel lan pinter déwé, mulané saben-saben ana pilihan lurah, sing dipilih déning sakabèhing kéwan ing Tegal Pangangen-Angen mau mesti bantèng. Ing kalaning lelakon sing taktjaritakaké iki, sing dadi lurah djenengé Ki Tulus. Olèhé mréntah ana ing Tegal Pangangen-Angen adil banget, mulané ditresnani déning sakabèhing kéwan.

Kotjapa, ana ing èrèng-èrènging gunung tjedak kikis lor, ana patapan djenengé Wukir Rinengga. Sing tapa ana ing kono weðus bérok, djenengé Bagawan Téga-ing Rat. Jèn pinudju ora mudja-semèdi utawa ngeningaké tjipta, Sang Bagawan mau gawéné mlaku-mlaku karo mriksa olèhé pada njambut gawé para tjantrik lan para éndang. Saking djembaré pakarangané lan pategalané mula olèhé ngingu tjantrik éndang ja rada akèh. Mulané sanadyan weðus tapa, Bagawan Téga-ing-Rat kuwi klebu kéwan sing uripé mukti déwé. Panganan apa waé sing dadi karemaning weðus ana. Kedjaba kuwi, apa waé sing kapénak tumrap ing pantja-indrija, ing patapan wis tjumepak. Sing ngladèni éndang, tjèti, para njai, manggung lan ketanggung. Mulané muktiné Sang Bagawan ja wis ora ketanggungan. Ora béda karo muktiné radja Turki utawa radja Prantjis ing djaman bijèn.

Wis tau ana weðus nonoman takon marang Sang Bagawan, kena ngapa jèn njata weðus tapa temenan, uripé kok luwih saka mukti ngono. Awaké nganti lemu banget. Wangsulane Sang Bagawan :

„O, kowé kuwi tjempé wingi soré ! Jèn oraa, mestiné rak ngerti jèn lairing urip kuwi ora magepokan karo batin. Apa kowé durung tau krungu tjaritané Gagang-Aking karo Bubuksah ? Durung ? Jèn durung taktjaritakaké.

Ngono ja : Ing djaman kuna kuwi ana sedulur kakang-adi. Sing tuwa djenengé Gagang-Aking, sing enom Bubuksah. Sedulur loro mau arep tapa ana ing alas. Sarèhné ora tjotjog kepriyé olèhé arep tapa, mulané bandjur pepisahan. Gagang-Aking olèhé tapa sarana ngurang-ngurangi : gelem mangan jèn krasa ngelih banget, gelem ngombé jèn krasa ngelak banget, gelem turu jèn krasa ngantuk banget, jèn mangan, sing dipangan mung gegodongan lan wowohan ; jèn ngombé, sing diombé mung banju tawa. Tjekaké ngurang-ngurangi sakabèhé. Awaké nganti kuru banget. Mulané djenengé ja Gagang-Aking.

Aḍiné tapané rada anèh. Mangan ngombé ora lèrèn-lèrèn. Sing dipangan apa waé sing ketjandak : manuk, tjèlèng, kidang lan lijalijaning sato-kéwan. Malah jèn bisa njekel manungsa, ja dipangan. Wowohan ora ditampik. Tjekaké apa waé sing kena dipangan, dipangan. Déné jèn ngombé, kedjaba banju tawa, ja brem lan tuwak. Jèn ngombé nganti mendem. Bandjur turu nglempus sadina-sawengi. Awaké nganti lemu banget, ja ora béda karo aku iki. Mulané djenengé Bubuksah, tegesé hawa nepsu mangan.

Kotjapa ing Suralaja, Baṭara Indra arep njoba tulusing atiné sedulur loro mau. Bandjur utusan Baṭara Kalawidjaja, ndikakaké malih matjan lan nari marang Gagang-Aking lan Bubuksah apa gelem dipangan.

Baṭara Kalawidjaja bandjur tumurun ing martjapada, malih matjan. Marani Gagang-Aking.

„Gagang-Aking, aku iki ngelih banget kowé apa gelem takpangan ?”

„Aku iki lung-lit ngéné kok arep kopangan. Mbok tjoba menjanga enggoné adiku si Bubuksah. Kuwi awaké lemu tur isih enom. Jèn dipangan mestiné énak banget.”

Matjan bandjur marani Bubuksah.

„Bubuksah, aku iki ngelih banget, kowé takpangan apa gelem ?”

„O, gelem waé, Kjai. Nanging mengko disik ja, entènana sedéla. Aku tak nutugaké olèhku mangan.”

Sawisé mangan, Bubuksah bandjur adus reresik awak. Bareng wis resik awaké, bandjur marani matjan.

„Wis Kjai, aku panganen.”

Matjan bandjur mblakakaké jèn awaké kuwi satemené waé utusané Baṭara Indra, ndikakaké njoba tulusing atiné Gagang-Aking lan Bubuksah. Saiki njata jèn sing tulus iki Bubuksah, lega-lila masrahaké pati-uripé. Ja bener Gagang-Aking kuwi wong tapa, nanging durung sutji atiné, durung téga ninggal donja. Sedulur loro mau bandjur digawa sowan Baṭara Indra ing Suralaja. Bubuksah dililani nunggang ana ing geger, Gagang-Aking mung kena géndolan buntut. Dawuhing Déwa, Bubuksah pinarengaké munggah swarga sing duwur déwé, Gagang-Aking kalilan manggon ana sing swarga endèk déwé. Mangkono tjekaking tjarita.

„Aku iki kaja Bubuksah. Sanadyan olèhku tapa kuwi tumrapping weḍus lumrah kena diarani anèh, malah sanadyan uripku kuwi kena mukti pisan, ananging aku wis téga ninggal kadonjan, legalila masrahaké pati-uripku. Mung ana bédané seṭitik tumrapé aku karo Bu-

buksah. Jèn Bubuksah isih nganggo munggah swarga barang. Jèn aku wis ora mreduli marang swarga. Sing takèsti mung manunggaling Kawula kalawan Gusti. Malah saiki iki uga, satemené waé njawaku kuwi wis djumbuh karo Gusti. Tumrapping aku wis ora ana Kawula, ora ana Gusti, sing ana mung „Iku”. Ananging jèn aku mati, ja ing kono kuwi sampurnané enggonku manunggal kalawan Gusti.”

Weḍus nonoman krungu kandané Sang Bagawan mangkono mau bandjur rumangsa isin banget. Ndjuluk pangapura, déné nganti ora ngandel marang Sang Bagawan. Tekan ngomah, weḍus mau ngandakaké apa sing diandaraké déning Sang Bagawan. Sang Bagawan saja kondang. Muridé saja akèh, pundjungané saja akèh.

Kotjapa ing alas Srigalabumi, panggonaning asu adjag. Ing kono ana patjeklik. Akèh sato kéwan kang mati djalaran saka pageblug. Wusana asu adjag banget anggoné kekurangan pangan. Mulané bandjur pada ngumbara tekan ing endi-endi. Malah ana sing nganti njabrang bengawan tapel-watesing Tegal Pangangen-angen. Asu sèketan sing bisa slamet tekan Tegal Pangangen-Angen mung ana salawé. Bandjur pada golèk pangan. Sing katon disik déwé weḍus. Suwé-suwé mregoki kidang, bandjur mregoki mendjangan. Sarèhné kidang-mendjangan sok nglawan, mulané jèn isih bisa milih, sing dipilih weḍus. Gampang patèn-patènané. Nanging jèn kepeksa amarga ngelih banget, apa waé ditempuh. Malah wis tau ana bantèng isih rada tjilik, saba déwé misah karo kantja-kantjané, kawruhan ing asu adjag, bandjur dikrubut nganti tekan patiné. Saking mirisé, kéwan ing Tegal Pangangen-Angen nganti ora bisa ngèstokaké apa dawuhé Ki Lurah Tulus. Dawuhé jaiku supaja sakabèhing kéwan nglumpuk dadi sidji, bandjur gawé pager sing pengkuh. Sing ndjaga mengko bantèng lan mendjangan lanang sing gedé-gedé. Ananging saking djembaré Tegal Pangangen-Angen, mangka ana ing dalan sok dibégal asu, mulané weḍus utawa kidang mendjangan akèh sing ora wani mlaku marang omahé Ki Tulus. Wani-wani jèn diteraké bantèng loro utawa telu. Mulané sing bisa ngumpul ana ing kalurahan mung setitik. Tjekaké uripé kéwan ana ing Tegal Pangangen-Angen nalangsa banget. Sing rada kepénak mung sing tjedak Ki Tulus sabalané. Saking rosané lan kendelé, sadayan asu adjag sing gedé-gedé jèn ora kapeksa ora wani nempuh. Déné jèn meksa nempuh, Ki Tulus ora bakal atinggal glanggang tjolong plaju!

Ing patapan Wukir-Rinengga uripé para tjantrik, éndang tjèti, sapituruté uga ora pati ngrekasa banget, amarga saking sugihé Bagawan Téga-ing-Rat, jèn kedajohan asu adjag, bisa njuguh panganan sing énak-énak. Jèn wis wareg, asu adjag trima ora sida ndjaluk tjantrik utawa éndang. Malah jèn meksa arep mangan tjantrik utawa éndang, bandjur diendemi brem karo tuwak. Bandjur digotong menjang ndjaban patapan. Régol dikantjing. Karepé para tjantrik, asu sing mendem mau arep dipatèni pisan, nanging ra dililani déning Sang Bagawan. Ora betjik matèni sapaḍa-paḍaning urip. Mundak ngalang-alangi manunggaling Kawula kalawan Gusti. Utawa manèh, anané asu adjag ana ing Tegal Pangangen-Angen kuwi rak wis pinèsti déning Sang Hjang Atjintya. Kanggo njoba bebudèning para weḍus lan kantja-kantjané.

Asu adjag ja wis pada ngerti marang bebudèné Sang Bagawan, mulané bandjur pada rembugan. Wosing rembug mangkéné : Bagawan Téga-ing-Rat kuwi wedus sing kadjèn-kèringan ing Tegal Pangangen-Angen. Mangka sanadyan ngerti jèn asu adjag kuwi gawéné mangan bangsané wedus, nanging Sang Bagawan katoné ora serik atiné. Malah ngandani marang murid-muridé jèn asu adjag kuwi sapa-pada-padaning tumitah, dadi ora kena diaru-biru. Béda karo bantèng. Jèn bantèng, apa manèh si Tulus kaé, ora kendat-kendat olèhé ngandani kantja-kantjané jèn asu kuwi mungsuh. Tur jèn kadang-kadang dikrubut, mesti nglawan. Wis tau ana asu adjag sing durung akèh pangalamané, weruh ana bantèng rada adoh karo kantjané, bandjur dikrubut. Ora ngerti jèn sing dikubrut mau si Tulus. Hla, asu adjag akèh sing tiwas. Kepénaké sing didadèkaké lurah kuwi Sang Bagawan waé, supaja saising Tegal Pangangen-Angen mari sudjana tumrapping asu adjag. Jèn wis ora sudjanan, gampang bedog-bedogané. Asu adjag bandjur pada marani Sang Bagawan. Ditari dadi lurah.

Wangsulané :

„Adja dadi atimu, ki sanak, aku iki wis tuwa tur durung tau nje-
kel papréntahan. Kowé ngerti déwé jèn aku iki wedus tapa. Sing tak-
golèki mung manunggaling Kawula kalawan Gusti. Jèn kowé takon
aku, sapa sing patut dadi lurah ana ing kéné, ja kuwi lurahmu déwé,
Ki Ageng Srigalanata. Sababé, jèn aku ora klèru, Wahju Tjakraningrat
kuwi saiki wis ana ing lurahmu.”

„O ija ta, Bagawan, jèn kowé ora gelem dadi lurah ja ora dadi
apa. Nanging pandjalukku, sato kéwan saising Tegal Pangangen-
Angen kuwi kandanana jèn bangsaku asu adjag kuwi ana ing kéné
rak ora arep gawé ala, malah arep gawé betjik. Wedus lan kidang-
mendjangan sing kadang-kadang takpatèni, kuwi rak amarga dosa.
Apa ija kéwan ora dosa kok diukum pati ! Kantja-kantjamu kuwi
kandanana jèn sing dosa gedé banget kuwi sabeneré waé si Tulus.
Djalaran, si Tulus kuwi tansah ngala-ala waé marang bangsaku. Jèn
wataking satrija utawa wataking pandita-ratu kaja kowé kuwi, mestiné
orabakal ngala-ala sapa-pada-padaning dumadi. Rak ja ngono ta, Ba-
gawan ?”

„Bener banget kandamu kuwi ! Mulané lurahmu énggal-énggal
aturana djumeneng nata ana ing kéné.”

Kotjapa ing alas Sardulapada, panggonané matjan kombang. Ing
kono uga ana patjeklik. Saking ngelihé, matjan kombang bandjur pada
ngumbara, menjang ngendi-endi. Nganti dilabuhi njabrang bengawan
tapel-watesing Tegal Pangangen-Angen. Ing kono sing katon disik dé-
wé asu adjag sing lagi pada sarapan wedus. Matjan kombang bandjur
pada munduk-munduk ngrunduk asu adjag. Bareng wis rada tjedak,
pada mentjolut nubruk sing lagi pada énak-énak sarapan. Bandjur pada
kerah ramé banget. Asu adjag kelindih ing juda. Sing durung kebatjut
mati, pada mlaju nggolèki kantjané. Wiwit dina iku, asu adjag terus
perang nglawan matjan kombang. Wedus, kidang lan mendjangan pa-
da kekes weruh perangé kéwan galak pada galak. Sing wani ndeleng
tjedak saka panggonan enggoné ndeleng, bantèng meksa sumingkir.

Suwé-suwé asu adjag keseser. Sing isih urip kepeksa lunga saka ing Tegal Pangangen-Angen.

Sang Bagawan Téga-ing-Rat krungu jèn asu adjag kalah, atiné sedih banget. Sebabé, sanadyan kéwan galak, asu adjag kuwi wis tepung betjik, mangka ja durung tau ngganggu gawé ana ing patapan. Satekané matjam kombang, uripé wedus, kidang, mendjangan, lan bantèng saja ngrekasa, amarga matjan kombang kuwi sanadyan dedeg-pangadegé ora sepiraa, nanging karosané ngungkuli asu adjag. Mangka gamané ora mung sijung waé, tjakaré ja landep banget. Kedjaba kuwi, mènèk wit-witan bisa, ngrunduk pinter banget. Weruh-weruh. jèn wis njokot gulu utawa ngetapel ana ing punuk. Wedus sakantja-kantjané saja akèh sing mati dadi mangsané matjan kombang. Malah bantèng ja wis ana sawetara kang kena dilimpé. Ki Tulus nganti djudeg banget.

Ing sawidjining dina Ki Tulus nékad arep marani panggonané matjan kombang. Sing didjak mung kantja papat. Lijané dikon tunggu omah. Karepé Ki Tulus, matjan kombang arep ditantang prang tanding. Tekaning ngendon, djebul sepi. Matjané mbok manawa lagi pada saba utawa ngalih panggonan. Ora olèh gawé, tja, matjané ora ana sidji-sidjia. Wis ajo, mulih waé. Awas, Ki Tulus! Nduwurmu kuwi apa? Waduh, kasèp! Punuké Ki Tulus wis ditjengkerem matjan kombang. Matjan mau andjlog saka ing uwit. Ki Tulus ndjola. Lagi arep ngipataké sing ana ing punuk, geger, lambung, pupu, bokong, sirah wis diéntjoki matjan. Ki Tulus kepeksa gulung-koming. Matjan sing pinudju ketindhian ja bandjur uwal, nanging jèn wis mari ketindhian, nubruk manèh. Adjaa ditulungi kantjané, mbok manawa Ki Tulus tumekèng lajon temenan. Saking akèhé lan djeroné tatuné, Ki Tulus bandjur lara banget. Ana salapan dina ora bisa obah. Tudjuné isih bisa mulih.

Kotjapa ing Wukir-Rinengga, Begawan Téga-ing-Rat wis ngerti jèn bakal diparani matjan kombang, mulané régolé saben dina wis disadijani panganan sing énak-énak. Perluné jèn matjan teka, bèn mangan ana ing régol nganti sawaregé. Jèn wis wareg, sukur jèn nganti kemlakaren, mestiné ora bakal énggal-énggal mangan wedus. Temenan, ora antara suwé matjan kombang teka ana ing patapan. Tekan ing régol, bandjur pada mangan nganti wareg banget. Malah ana sing nganti kemlakaren temenan. Sawisé mangan bandjur mlebu ing pendapa sarana nglumpati pager. Sang Bagawan kepeksa metukaké. Para murid, tjatrik, éndang, tjèti sapanunggalané wis pada ndelik ana ing omah, ing gandok utawa ing sanggar palanggatan. Pada ngindjen menjang pandapa. Gumum banget weruh kekendelané Sang Bagawan. Matjan sing gedé déwé bandjur tjelatu:

„Bagawan, wruhanamu, aku iki Ki Ageng Sardulapati, lurahing matjan kombang kang ana ing kéné. Aku wis ngerti jèn kowé kuwi wedus tapa, mulané ja ora arep takkapak-kapakaké. Mung aku krungu kabar jèn muridmu utawa tjatrikmu lan manèh éndangmu lan tjè-timu kuwi akèh banget tur isih enom-enom. Hla kuwi waé aku ndjaluk sawatara.”

„O ija ta, Ki Ageng, nanging arep kokapakaké. Jèn arep kopangan, mbok aku waé. Aku iki wis tuwa, wis tau mukti. Saking tuwaku, danginku wis alot banget, wis sepa rasané. Mulané aku waé panganan.”

„Ora susah kokandani wis ngerti déwé jèn dagingmu kuwi wis alot, wis ora énak. Olèhmu ora takkapak-kapakaké kuwi ja awit dagingmu ora énak, ora kok amarga kowé kuwi wedus tapa. Ngerti kowé hé?”

Krungu tembung bengis kuwi Sang Bagawan atiné deg-degan, kringeté gumrobjos. Ing batin nenuwun marang Djawata : „Duh, Djawata kang Maha Asih, aku njuwun slamet jèn matjan iki malihané Batara Kalawidjaja, aku gelam-gelem waé dipangan. Nanging sadjaké kok matjan temenan. Aduh laé, keprijé olèhku golèk akal supaja slamet !

„Ja wis ta, Ki Ageng, jèn kowé ndjaluk murid-muridku, ja takwènèhi, nanging sarèhné isih enom-enom, adja énggal-énggal kopangan disik. Antèkna sawatara dina, bèn lemu disik awaké.”

Olèhé kanda mangkono kuwi karo bisik-bisik, bèn ora krungu muridé.

„Supaja adja nganti pada wedi, étok-étok pèken anak.”

„Ja, betjik. Saiki aku ndjaluk papat waé disik. Mbésuk manèh gampang. Pilihana sing lanang sidji waé, sing wédok telu. Jèn dagingé mono memes sing wédok, nanging jèn sing takgawa wédok kabèh, mengko mundak sudjana. Mulané ila-ilané wènèhana sing lanang sidji.”

„Ja, Ki Ageng, nanging kowé ngentènana disik ana ing régol. Mengko takpilihaké sing awaké wutuh-wutuh.”

Bareng matjan wis sumingkir ana ing djaban régol, Sang Bagawan bandjur ngundangi muridé lanang-wadon.

„Anakku, nggèr, aku mau kedajohan matjan. Kowé wis pada weruh déwé. Mauné aku sumelang. Djebulané karepé betjik banget. Saking tresnané marang bangsaning wedus, mulané arep ngepèk anak wedus. Wédok telu, lanang sidji. Mulané kuwi, sapa sing gelem dipèk anak, ngatjunga.”

„Wedus pada tingak-tinguk. Ora ana sing ngatjungaké tangan.”

„Sapa sing gelem? Wis ta, ora susah sumelang. Sing mréné kuwi mau Ki Ageng Sardulapati déwé, lurahing matjan kombang, ratu pinandita, ora tau mangan daging.”

Wedus meksa durung ana sing mangsuli.

„Elo, keprijé ta kuwi? Ana ditari guru kok pada meneng waé! Wis jèn mengkono kowé waé, nggèr, ni Gandes, ni Kèwes, ni Menik karo ki Teguh. Kowé waé sing isih dapur tjempé, patut jèn dipèk anak déning matjan pinandita. Iki djenengé begdjamu, nggèr!”

Éndang lan tjantrik sing dituding pada tumungkul, ora mangsuli apa-apa.

„Wis ajo, nggèr, takteraké tekan régol. Bapakmu ngentèni ana ing djaba.”

Ni Gandes, ni Kèwes, ni Menik karo ki Teguh bandjur pamitan karo kantja-kantjané. Sing mangkat karo sing kèri akèh kang pada mrebes-mili, kabèh pada sumedot. Tekan régol, tjempé ditampani matjan kombang, bandjur digawa menjang padunungané.

Ana ing omahé Sardulapati, tjempé papat mau katoné digemati banget. Mangan apa waé diudja. Malah jèn krasa ora kepénak setitik waé wis digolèkaké djamu. Ora antara suwé awaké lemu-lemu.

Ing sawidjining dina ni Gandes didjak déning Sardulapati. Esuké Sardulapati mulih déwé. Djaré ni Gandes kèri ana ing omahé Sardulamuka, adiné Sardulapati. Ana ing kana krasan banget, mulané ora gelem mulih.

Bareng wis sawatara dina ni Gandes ora mulih, ki Teguh bandjur saba ing satjedaké omahé ki Sardulamuka. Rékané arep niliki ni Gandes pisan. Nanging arep mlebu wedi, mulané mung dèpèl-dèpèl betèk karo indjan-indjen. Sarèhné tetandurané rungkud, ora weruh apa-apa. Ora let suwé krungu swarané matjan kombang pirang-pirang. Bandjur ana sing kanda :

„Mréné nduk, tjah aju, mlebu kéné, adja wedi-wedi iki omahé pamanmu.”

Elo, iki kok swarané Ki Ageng Sardulapati ! Teguh bandjur krungu swaraning tjempé. Bareng ditilingaké, tetéla jèn swarané ni Kèwes.

„Mbok aku tak ana ing kéné waé ta, pak. Aku wedi.”

„E, ora, nggèr, mrénéa ta, mlebu. Iki rak omahé pamanmu déwé. Iki hlo, pamanmu arep mbagèkaké !”

„Paða slamet tekamu, nduk ? Aku iki ala-ala pamanmu déwé. Ajo ta, tjah aju, mlebu ngomah.”

„Ija ta, paman, nanging mbok olèhmu ngrangkul kuwi adja kentjeng-kentjeng. Aduh, paman, guluku, lara ! Pak, bapak, iki hlo, paman kok njakot aku ! Tulung, pak ! Aduh !”

Ki Teguh bandjur krungu pandjeriting Kèwes. Mentas ndjerit, bandjur meneng. Atiné ki Teguh kaja diiris-irisa.

„Wah, hm, olèhé gurih getihé ! Kéné gentènan ngokop. Nèk uwis, dagingé ndjur didum-dum !”

„Mbésuk nèk si Menik, aku hlo sing njokot disik. Iki aku mèh ora kumanan getih setitik-setitika.”

Krungu tembung kaja mangkono kuwi, sirahé Teguh ngglijer, mripaté peteng, bandjur tiba sumaput. Bareng wis éling, Teguh bandjur mlaju mulih menjang ing omahé Sardulapati.

„Ni Menik !”

„Apa, ki Teguh ?”

„Ajo paða minggat ! Ni Kèwes dipangan bapak saseduluré ana ing omahé Sardulamuka. Mbokmenawa ni Gandes kaé ja wis dipangan. Ajo rikat, pumpung bapak durung mulih.”

Teguh karo Menik bandjur paða minggat. Karepé arep mulih menjang Wukir Rinengga. Lakuné gegantjangan. Bareng wis rada adoh, bandjur mlaku. Sawengi mung lèrèn sapisan perlu ngombé ana ing sendang. Bandjur terus mlaju manèh. Ésuké ni Menik sambat sajah, arep lèrèn sedéla. Ki Teguh ja nuruti. Ni Menik malah dikon mangan suket pisan, dienggo sarapan. Ki Teguh déwé munggah puntukan lemah kang rada duwur. Bareng ngingetaké mangidul, weruh jèn ing kadohan ana ireng-ireng mlaku ana ing bulak. Tjatjahé lima utawa enem. Bareng ditamataké djebul ki Ageng Sardulapati karo kantjané. Ki Teguh bandjur muḍun saka ing puntukan. Ni Menik didjak mlaju manèh. Ora antara suwé Menik ndéprok.

„Wis, kakang, aku tégakna. Aku wis ora kuwat, kowé mlajua déwé.”

„Adja ngono ta, di, ajo, kuwat-kuwatna sedéla. Lor kono kuwi kaja ana kali. Mengko jèn wis njabrang, lèrèn manèh kena.”

Ni Menik dipeksa-peksa wis ora kuwat, bandjur digéndong, digawa mlaku. Mlaju Ki Teguh wis ora bisa. Mlaku waé wis mèjèk-mèjèk. Nanging meksa isih tekan kali.

Ni Menik diudunaké, dikon mlaku. Olèhé mlaku mudik. Sikilé terus diambahaké banju. Perluné matjan bèn ora bisa nggolèki tipaké. Ana papan rada tjetèk, tjempé loro bandjur pada njabrang. Tekan ing pinggir ora pada mentas. Terus mlaku mudik. Sawatara adoh lagi mentas. Tepining kali ndeder manduwur. Kabeneran ing kono ana plekahaning lemah, rupané kaja guwa tjilik. Ing sandingé akèh watuné rada gedé. Ni Menik dikon mlebu ing guwa kono. Lawangé ditutupi nganggo watu.

„Wis kowé kéné waé disik, ja, di. Jèn durung tak-parani utawa diparani kántjané déwé, adja metu.” Teguh bandjur bali njabrang kali. Mbalèni tipaké nalika njemplung ing banju, bandjur terus mlaju. Olèhé mlaju ngalang, bali ngidul manèh, bandjur ménggok ngétan. Karepé arep minta sraja marang Ki Lurah Tulus.

Kotjapa Sardulapati sakantjané wis tekan pinggir kali, ngambus-ambus lemah, nurut tipaké ki Teguh.

Sing digolèki wis tekan ing omahé Ki Lurah Tulus, bengok-bengok ndjaluk tulung. Dipetukaké Ki Mulus, adiné Ki Lurah Tulus.

„Ana apa, ki sanak?”

„Aku diojak-ojak Sardulapati sakantjané.”

„Pira tjatjahé?”

„Kira-kira ana lima, enem Sardulapati.”

„Wé hla, mangka kéné sing djaga mung ana telu, papat aku. Saploké dikrubut kaé, kakang Lurah isih lara. Durung bisa apa-apa. Ja wis ta, kisanak, kowé mlebu ngomah, nanging terus metu manèh metu butulan buri. Perluné mengko jèn ana apesé, kowé wis ora ana ing kéné. Wis kana, andum slamet. Matjan tak petukné.”

„O ja banget panarimaku.”

Teguh bandjur mlebu ing omahé ki Lurah, metu manèh saka ing butulan buri, bandjur terus mlaju ngidul, ménggok ngulon, ménggok ngalor, ngener marang Wukir-Rinengga.

Tjekaking tjarita, Teguh wis tekan ing patapan, bandjur niba ing ngarepé Sang Bagawan. Bareng ambegané wis rada sarèh, bandjur njaritakaké apa kang dadi lelakoné, saka wiwitan tekan pungkasan.

Sang Bagawan suwé meneng waé. Wusana bandjur tjelatu :

„Wis adja kopikir dawa-dawa. Ni Gandes karo Ni Kèwes wis pada munggah swarga. Mati déning Ki Ageng Sardulapati kuwi prasasat déning Batara Wisnu, tegesé mati ketrima. Djalaran Wahyu Tjakraningrat kuwi ing wektu iki wis ana ing Ki Ageng Sardulapati. Bab Menik, ja wis bèn disik ana guwa. Idep-idep pasa.”

Tjantrik kang pinudju ngadep Sang Bagawan, ngungun banget krungu tembungé, nanging pada meneng waé.

Benginé tjantrik pada rembugan. Ni Menik kudu énggal-énggal diparani. Tjarané kepriyé? Enaké ngéné waé. Supaja adja nganti ana matjan saba ana ing satjedaking guwa, jèn wis wajahé pada arep golèk pangan, weðus sawatara akèhé kudu ngaton ana satjedaking padunungané matjan. Perluné bèn diburu. Sarèhné akèh, matjan sing mburu mestiné ja akèh, sukur jèn bisa kabèh. Mengko weðus bandjur mlaju ngidul, bandjur ngulon. Jèn kepèpèt, kudu wani njegur ing bengawan. Jèn mung nglangi waé weðus rak ora pati kalah karo matjan. Teguh karo kantja sidji utawa loro marani Menik. Bandjur digawa menjang gunung. Kana akèh guwa. Gampang dienggo ndelik.

Esuké umun-umun, ana weðus rong puluh minggat saka ing patapan. Sing pitulas lakuné ngener marang padunungané matjan kombang, sing telu ngener panggonané Menik.

Tekan ing satjedaking padunungané matjan, weðus pitulas mau bandjur diojak-ojak temenan.

Teguh lan kantjané bisa slamet tekan panggonané Menik. Menik bandjur didjak munggah gunung, golèk pandelikan ana ing kana.

Kotjapa ing nalika semono, langit mendung lelimengan, bledèg njamber ngampar-ampar, udan deres awor lésus. Ora let suwé kali wis pada bandjir. Esuké Tegal Pengangen-Angen. rupané wis kaja segara anakan. Mung kari panggonan sing duwur-duwur sing durung keleben ing banju. Saking santering angin lan deresing udan, akèh uwit pada runkad, kéwan pada kèrut. Sing ora kèli, akèh sing kesamber ing bledèg. Bareng wis oleh sapasar, prahara mau lagi lerem, nanging sawatara dina isih terus grimis. Suwé-suwé mendungé ilang wusana langit sumilak padang.

Bantèng, mendjangan, kidang lan weðus ing Tegal Pangangen-Angen kèri setitik. Matjan kombang entèk babar pisan.

Ki Tulus lan Ki Mulus isih pada slamet, nanging Ki Mulus uga lara kaja kakangné. Nalika metukaké lakuné matjan kang ngojak Ki Teguh kaé, dikrubut matjan telu. Tudjuné ora kalah, nanging tatuné arang krandjang.

Weðus pitulas sing ndjarag supaja diojak-ojak matjan ja pada slamet. Semono uga ki Teguh, ni Menik lan kantja-kantjané sing pada mèlu tetulung.

Sang Bagawan Téga-ing-Rat ja isih slamet. Isih kadjèn kèringan, isih dipundi-pundi. Muridé ja isih akèh. Jèn omong-omongan karo muridé, ora tau lali kanđa jèn Wahyu Tjakraningrat wis bali manèh ana ing Ki Lurah Tulus.

Sing ora bali dadi muridé mung Ni Menik, Ki Teguh lan kantja-kantjané sing minggat saka patapan kaé. Amarga wis ora ngandel lan ora pratjaja marang Sang Bagawan. Nanging ki Teguh sakantja kuwi kena diarani weðus anèh. Jèn weðus lumrah mestiné rak ja ngadjèni lan pratjaja marang weðus bérok kang ngèsti marang djumbuhing Kaningrat!

(Dongèng sato kéwan)

XXVII. ADIPATI KÉNTJAKA PEDJAH DÉNING DJAGAL BILAWA

Durma

1. Wanti-wanti dénira numbak rahadyan, Birawa nora busik, kadya gunung wadja, malèséd ginagaman, malah pupug praptèng pesi, kari landéjan, asru kinarja gitik.
2. Asru modjar sira risang Abirawa : „Élinga sang dipati, adja apepéka, mrih pati tanpa dosa, patiné baturmu iki, kang karaséng wang, ingsun mung memalesi.
3. Udjer iku ingkang miwiti sikara, matèni bapa mami, ja sapa wongéa, wèh anak pinatènan, ngamuké wong tuwa mami, sira kang karja, sikara marang mami.
4. Jèn ta adja mangkono wong tuwa ningwang, paran margané wani, ing mengko buk-bukan, wis tjog tan ana utang, élinga sira prijaji, wrangkaning nata, santananing narpati.
5. Ingsun lagi nglakoni pakoning déwa, tinitah dadi tjilik, jèn kong-sia lawan, aprang kalawan sira, utawa ingsun ngemasi, uga ta sira, mati kalawan mami.
6. Saja iba gujuné wong ing Wirata, baja ta sri bupati, isin ngaku kadang, kasor prang lan wong kumpra, utawa tumekèng pati, bebatang ira, sapa sudi mbetjiki.
7. Déné prabawanira sasat matengga, wong sapradja gung wing-wrin, kèdèp déning sira, dadi sapolah-polah, tan ana wani malangi, temahan sira, mati sinronggot gendjik.”
8. Sang dipati mjarsa wuwusé Birawa, memirang memiringi, riwut dukanira, sigra anjandak panah, Birawa wus dèn lepasi, tiba ing djadja, nanging tan anedasi.
9. Pupug punggèl djemparing renjuh tugel pat, pinindo djinemparing, krep tinunda-tunda, djemparing nara wantah, nanging tan ana nedasi, jata sang Arja, Kéntjaka jun mekasi.
10. Langkung krođaning tyas njandak limpingira, sarwi sru dénira ngling, „Hèh Birawa sira, tuhu prawira ing prang, jèn adjaa lawan mami, kaja-kaja ta, wèt mangan pedes asin.
11. Saking déné luwih kasantikanira, jèn mungguha wak mami, katekan prang muka, jèn wus sun nganti sira, tikel pitajaning ati, mungguh timbangan, mèh pađa karo mami.
12. Mung setitik tjatjadé wus mesti sira, atmamu toklak-taklik, mung kari sakedap-, nétra ing uripira, katon wus sun pulung maring, ing limping ingwang, dadi sun liwat asih.
13. Lan awelas sun andulu angganira, tuwin lamun sirèki, arep amekas, lah apa karepira, manawa sirarsa mukti, kang énak-énak, mengko sun kang nekani.”
14. Anahuri sugal Djagal Abilawa, : „Sun tan mitjara maning, mung agé élinga, ajwa kadurus sira, ngrodjongi tyasmu tan jukti, pan limpingira, iku kang sira pusti.
15. Tanpa gawé tumiba ing angganingwang, mundak iku akardi, muwuhi sangsaja, bingungé atinira.” Rahadyan duka tan sipi, ngajati sigra, pamunah satru sekti.

16. Limpungnja geng tumibèng djadja Birawa, gumadung tan nedasi, rosanja rahadyan, limpung apinda malam, sangsaja kroda mawengis, angasta denda, tinibakaken malih.
17. Wanti-wanti pandendanira ki Patya, sang Birawa tan osik, anglir tugu wadja, sinusog ngalang-alang, nora mantra-mantra sakit, akon malesa, sang adipati nitr.
18. Sang Birawa anggereng-gereng kéwala, bingung sang adipati, entèk gegamannja, tan ana kang tumama, kaku tyas sigra marani, anggraut daða, tangan ro anggruweki.
19. Tokar-takur : „Mara gé sira malesa, tak rasakné satitik, gadamu kuwé ta, baja nora karasa, tiba nèng awak ngong pasti.” Sang Abirawa, nolih marang kang raji.
20. Risang Parta mangsit kinèn amalesa, sang Birawa nampani, wangsiting arinja, gadgada gja rumupak, ki Patih bingung népangi, gantya dinupak, djadjanira dipati.
21. Sru kuwalik katikel tiba ping sanga, tanginira ambiði, ginereg rinupak, patih akutètèran, tibanira dèn ideki, mring sang Birawa, tepung tan bisa osik.
22. Kinakahan djadja sinudèt kanaka, suwèk brak angemasi, mawur wong kapatyan, maledug asarsaran, tan ana wani anolih, sanget adjrihnja, mung arsa tur udani.
23. Mring kadangé ki patih ingkang taruna. Jata wau kang wuri, sang Djagal Birawa, lir tugu sinukarta, ngadeg ing natar pribadi, kadi taksaka, kaidek ingkang peñit.
24. Mingak-minguk nolah-nolèh ngéring nganan, tan ana kang kaèksi, wadya kapatihan, wau Arja Palguna, wruh lamun kang raka sedih, nulja amerak, nembah ngraup padèki.
25. „Paran kakang punapa kang dados susah, lampah sampun pinasti, karsaning batara, pundi nggèné suminggah, begdja tjilaka lan pati, tunggil marganja, paran nggèné njélaki.
26. Sinten wruha prakara dadining juda, paduka lan kja Patih, senadyan leres, saéstu dados lepat, Sang Birawa ngandikaris : „Lamun sembada, sira muliha ñingin.
27. Marang ngarga lawan kakangmu sang Tanða, si Kembar konen midjil, pada gawanana, aminggat mring papatapan, ajwa na kang sidji kari, senadyan ija, mungsuh gedé ing wuri.

Pangkur

28. Ajwa sumelang ing drija, dumèh ingsun tanpa rowang mung sidji, witing tan kogel atiku, mring kakang tuwin sira, wis tégakna baé sira dèn amungkul, atunggu kaki Bijasa, sukur jèn sun nemu urip.
29. Suka pasrahna ing déwa, dimèné ta didjur luluh wakmami, suka dadia mun-amun.” Sang Parta duk mijarsa, andikanja kang raka kinèn mring gunung, angrangkul pepangkonira, : „Duh kakang sedulur mami.
30. Teka ngandika mangkana, paran karsa pun ari pinrih tebih. Duk dinten punapa ulun, pisah lawan andika, jèn sampuna djawata

kang wèh pituduh, pinisah pinrih mring ngarga, angater mring ibu Kunti.

31. Punapa ndadak kawula, purun pisah sadalu twin saari, aluwung upaminipun, kakangmas manggih bodja, sapintena ing tilem boten ngrempelu, ngresula kantun nenaḍah, ing mangké paduka manggih.
32. Wijoga margi paduka, sinikara wasana karja pati, tansah ing wuri mawujung, wigena pinḍa papa, jèn kongsia pisah ugi ta ing pungkur, kakangmas manggih tjintraka, siniksa mring sri bupati.
33. Sinten ingkang nglabuhana, ja marmané sampun salah ing budi, mring kadang amrih tinungkul, ḍuh kakang ḍuh si kakang, pedjah gesang saèstu lumuh jèn kantun." Jata sang Djagal Birawa, duk mjarsa wuwusing ari.
34. Sumedot tyasé ketaman, ring wuwusé sang ari ngasih-asih, raras mangres-res ing kalbu, mimbuihi duka tjipta, tjiptanja wus datan mamang praptèng lampus, sangsaja kroḍaning drija, nirbaja tumekèng djurit.


.....
(Djagal Birawa)

XXVIII. MUTER TAMAN SRIWEDARI

Asmaradana

1. Warnanen radèn Sumantri, saungkuré srinaréndra, dèrèng sah saking enggèné, langkung saking kawlas sarsa, sruning wardajana, dènja mrih suwitèng prabu, tjuwa kaputungan karsa.
2. Wus sasat lamun tinampik, nenggih pangawulanira, saking abot pamuduté, Sumantri angles tyasira, kadya winangsulana, solahira kang wuluput, nanda samadyaning aprang.
3. Marang prabu Maèspati, temahan gantya tinanda, binotan ing pamuduté, kinèn amutera taman, Sriwedari wutuhan, wukir Ngun-tara nggonipun, rumangsa nora kaduga.
4. Kadya pedjah tanpa kanin, Sumantri raosing drija, wus pinatok pratignjané, wurunga dènja suwita, ing Sang Ardjunasasra, suka matijèng wana gung, wirang mantuk marang ngarga.
5. Kuneng ganti kang winarni, nenggih ditya Sukasrana, radèn Sumantri ariné, nalika marang pratapan, honeng marang kang raka, praptaning pratapan dalu, takèn ing sudarmanira.
6. „Si kakang ana ing ngendi?" winartanan lamun lunga, mring nagri Maèspatiné, sumedya suwita marang, prabu Ardjunasasra, Sukasrana langkung ngungun, pamit sumusul ing raka.
7. Lampahira wor lan angin, anèng marga mambet ganda, nulja pinarpekan agé, tiningalan jèn kang raka, pitekur gènja lenggah, semuné sungkawèng kalbu, winedalan saking wuntat.
8. Inguwuh kagjat anolih, kang raji rinangkul sigra, : „Aduh babo ariningong, baja teka ngendi sira, déné wruh prenahingwang," kang raji alon sumaur, : „Ija teka ing pratapan.

9. Honeng marang sira sepi, winartanan lamun lunga, mring nagri Maèspatiné, lah ing mengko kaja paran, nggonira asuwita, déné ta pidjer pitekur?”, kang raka anutur purwa.
10. Nalikanira tinuding, ing prabu Ardjunasasra, putri Magada kenané, prang lan ratu ing Widarba, miwah nalikanira, dadiné ing aprang pupuh, lan Prabu Ardjunasasra.
11. Saking ngluwari punagi, nanda samadyaning aprang, myang sang prabu pamunduté, tinuturaken sadaja, margané kaputungan, Sukasrana sru gumuju, : „Lah ing mengko kaja paran.
12. Pamunduté Sri Bupati, apa ta sira kaduga?”, kang raka alon sauré, : „Jaji pan ora kaduga, marmané sru sungkawa, wruh prenahé baé durung, kang aran wukir Nguntara.
13. Iku dawuhé nerpati, kabèh wangunaning taman, peṭétan kembang-kembangé, sidji nora kena owah, praptaning pradjanira.” Sukasrana asru muwus, : „Wis adja sira wewarta.
14. Ala sirnané tinampik, sang prabu Ardjunasasra, nora kaprah pamunduté, sapa wongé ingkang bisa, muter taman wutuhan, ingkang akonkon punika, mutera mangsa bisaa.
15. Sang Prabu ing Maèspati, destun ratu angalatak, lah wis pajo mulih baé, suwita asilé apa?” kang raka angandika, : „Ingsun wus ubajèng tuwuh, jèn kongsi wurung suwita.
16. Marang prabu Maèspati, suka matia nèng wana, wis jaji muliha déwé, matura mring kangdjeng rama,” Sukasrana mijarsa, kang raka rinangkul gapjuk,” : „Andel temen kakang sira.
17. Nora nganggo mamarèni, kang mangkono budinira, sabarang dadi atiné, jèn tjuwa tan katutugan, kudu-kudu palastra, mulané adja kumentus, lunga tan nganggo wewarta.



18. Udjer pangrasanirèki, duwé kadang ala rupa, mundak angribeti baé, dupèh wus guna prawira, déné nora piraa, samono toging budimu, muter taman nora bisa.
19. Éman warnamu apekik, tjobak Sri Ardjunasasra, akona ingkang mangkéné, sadéla baé sun bisa, muter taman Nguntara, dèn teka lan gunungira!" Sumantri duk amijarsa.
20. Ing wuwusé ingkang raji, rinangkul sarwi ngandika, : „Baja ta iki swargané, wong duwé sadulur lanang, jaji apuranira, srah pati urip wakingsun, pamunduté sri naréndra.
21. Muter taman Sriwedari, mangsa ta bođoa sira". Sukasrana lon wuwusé : „Ija kakang adja susah, nanging djandji wakingwang, mèlu suwita ing bésuk, tan betah pisah lan sira.
22. Pantès baé Sri Bupati, mundut Sriwedari taman, apan wus duwèké déwé, udjer sri Ardjunasasra, panuksmaning Késawa, Hjang Wisnu duk maksihipun, kahjangan wukir Nguntara.
23. Nggoné jasa Sriwedari, dadiné kalawan tjipta, mulané luwih asriné, lah pajo nuli sun gawa, marang wukir Nguntara, anitiha gigiringsun, lawan ngeremena nétra.
24. Sun gawa margèng wijati, manawa saputen sira!" kang raka mituhu lingé, wus anitih gigirira, sarwi ngeremaken nétra, Sukasrana gja sumebut, kang raka binekta mesat.
25. Mring ngawijat kadi tatit, sumijut kras iberira, sakedap prapta lampahé, ngungkuli wukir Nguntara, sigra nijup mangandap, ndjudjug djroning taman santun, Sumantri ngelèkken nétra.
26. Éram dènira ningali, sringing Sriwedari taman, sarwa mas uparengané, peţétan awarna-warna, sangkep ing kembang-kembang, botrawi mas katon mantjur, gumilang kinambang toja.
27. Sumantri lingira aris, „Lah jaji mengko kaja pa, pamuterira rakité, taman seméné ambanja, nadjan silih mutera, mung sidji peţétanipun, sajekti alum ginawa.
28. Mring nagari Maèspati." Sukasrana wuwusira, : „Pantès jèn wong kompra baé, lamun wus pada utama, mangsa ndadak kéwrana, udjer ta taman puniku, dadiné kalawan tjipta.
29. Ing mengko pamuter mami, ija sun tjipta kéwala, wis kakang sara baé, ing kono nèng jasa kembang!" kang raka mandjing sigra, sadjroning botrawinipun, ineb lawang dandang gula.

.....

**PITUTURIPUN PATIH SUWANDA DATENG PARA NATA
INGKANG KEPLADJENG ING JUDA**

Sinom

1. Kjèh miris mawur sarsaran, pradjurit ing Maèspati, takut mulat-
ing Rawana, boting prang sarira agni, kadya luput ing pati, ma-
ledug kang para ratu, gusis sawadyanira, mjat Rawana krura sekti,
lir baţara Kala arsa ngrurah djagad.

2. Amung sang mantri wasésa, manggala pangirit baris, sénapatining ngajuda, pradjurit panata baris, pamungkasing bupati, panutaning para ratu, sira patih Suwanda, malang ratané tan osik, sru gumebjar katrangan surja tumédja.
3. Makuta sri ngandakara, lir Baṭara Surapati, rekjana Patih Suwanda, njandak pustaka tinulis, ing kenaka wus dadi, tinangsul ing tjakranipun, mesat sendjata tjakra, tibèng ngarsaning paradji, pustakané rekjana Patih Suwanda.
4. Sagung kang miris lumadjar, para ratu Maèspati, satrija mantri punggawa, tiniban pustaka aglis, muni rekjana patih, Suwanda ingkang pitutur : „Hèh sagung pra nata, kang paḍa lumaju djurit, kawruhana niṣṭa madya lan utama.
5. Sagung nerpati manggala, ajwa tan amrih utami, apan ija gustinira, maha prabu Maèspati, niṣṭa madya tinampik, mung utama tetepipun, jekti kang linampahan, sirèku para nrepati, tinggal madya paḍa ngarepaken niṣṭa.
6. Rong prakara dosanira, ḍingin dosa maring gusti, tan anut ing parikrama, atinggal watek sajekti, sang prabu Maèspati, Sri Ardjuna-Sasrabahu, nggoné amengku bala, para dji kinulit daging, pan sedaja pinrih inganggep tenaja.
7. Tan lila jèn nemu ala, kabèh pinrih nemu betjik, mjang kepatèn ing delahan, rineksa marang ing gusti, ing mangkja manggih kardi, mengkono solahirèku, tangèh lamun malesa, rumeksa ngawak pribadi, nora bisa tan wun mati manggih papa.
8. Kapindoné dosanira, sira mring Hjang Baṭaradi, déné tinitah naréndra, kudu mèt niṣṭaning pati, paḍa lumaju djurit, awedi sekti-ning mungsuh, jèku saidjab-idjab, liwat niṣṭaning nrepati, wong lumaju ing prang tetep wong urakan.
9. Anggeḍèkken kaluputan, ratu kang lumaju djurit, ing pati urip tan angsal, pagéné madeg nrepati, suwitèng Maèspati, ratu ambek santa nulus, rahaju mardikèng rat, unḍagi pratamèng djurit, ratu wingit patitis mrih mati mulja.
10. Kabèh jèn mengkono paḍa, adja tanggung wong aurip, ngawula ratu utama, tan ana bisa nglakoni, angur si wong aurip, adja na tanggung ing laku, wis paḍa suwitaa, marang ratuning raseksi, ambek salah nora angèl linakonon.
11. Kang djamak manungsa nedya, amrih utamaning pati, apan sa-tengahing aprang, nggon amèt pati patitis, mati tengahing djurit, jèn bener pratikelipun, tan ana nimbangana, kautamaning kang pati, angesorken lan pati sadjroning pudja.
12. Tur urip datanpa sama, jèn ratu lumaju djurit, tan arsa ing pati mulja, kudu mati mor memedi, upata kang dèn amrih, nora mrih pati rahaju, apan dadining tjipta, djroning prang nedya patitis, kasudiran kang nora ḍompo ing aprang.
13. Kang tapa sirahing tapa, kang pasrah sadjroning djurit, amung Hjang Djagad Pratingkah, kang anitah pati urip, manusa tan ndarbèni, mung sumangga darbenipun, pagut ngasmarèng laga, tjiptaneñ mangsah semèdi, papaning prang wewadiah dupa pamudjan.

14. Panduking sagung warastra, tjiptanen urubing geni, dupa wewangining reksa, utama marganing pati, gong tengara ing djurit, tjipta genta kalèngipun, memudja djaja-djaja, mungsuh reruweding pati, jèn lestari ing béka nemu kamuljan.
15. Jèn tan mati ing ngajuda, malah kjèh dènnja memati, anumpesi satru salah, amanggih gandjaran luwih, kadi sasangka rawi, tan kalingan nggoné luhur, tan kena ing memala, jèku utamaning djurit." Wus mangkana wau sagung para radja.
16. Mijarsa pituturira, Suwanda luwih prajogi, nggardjita kang para radja, sigra wangsul ambek pati, dènnja rekjana Patih, Suwanda pituturipun, rinasa-rasèng drija, dadya mrih mangungkih pati, prapta aglar ngarsané patih Suwanda.
17. Satrija punggawanira, tan kari ratuné sami, lan sagung mantri prawira, ndaledeg nusul ing gusti, sagunging kang para dji, wus samja anjipta tuhu, nganggep pituturira, Suwanda rekjana patih, ambek pati ing prang tan nedya mundura.

(*Ardjuna Sasrabahu*)

XXIX. KANG TETEP MANTEP ING SEDYA, WIDADA KANG SINEDYA

Katjarijos lampahipun Arja Séna, boten dangu sampun tebih, mlebet wana medal wana, minggah redi mandap redi. Ing manah sakalangkung suka, gandrung dateng toja amerta. Lampahipun ladju, boten nolihi ngiwa nengen, tuwin boten manah dateng bebajaning margi, ingkang pinandeng boten sanès namung toja gesang, ingkang badé nutjèkaken badanipun. Saksana ngambah djurang pepèrèng, nglangkungi redi mengger pinten-pinten, ketingalipun saking ketebihan ndjenggereng. Katah lelurung ingkang dipun langkungi, sanget rupit ingapit-apit ing séla. Rupi-rupi tetaneman ingkang tukul sapinggiring margi, sekaripun éndah ing warni, saha mbabar ganda marbak arum. Dasar andjrah déning kadawahan djawah ing mangsa kapat. Warnining sesekaran : banar, bogem, puḍak, tjapaka, andul, angsana, kanigara, wilasa, malaṭi, tandjung, prabusètmata, srigading, kananga, kemuning. Sawenèh wonten ingkang tumelung manglung ing margi, istanipun anambrana dateng Radèn Wrekodara, ingkang saweg gandrung dateng toja gesang. Brengengening kombang ngisep sarining sekar lir péndah tangisipun sang dyah kaswasih déning kepéntjut dateng Sang Séna.

Kala samanten surja sangsaja inggil, saha sangsaja mindak sanget bentèring sorotipun, ngrangsang dateng Radèn Wrekodara, kringetipun ngantos kumjus. Sarèhning keblerengen ing surja, lampahipun nundjang-nundjang. Wasana njandung sukuning redi, ngantos ngrebahaken wiwitan pinten-pinten, saha ngwontenaken swara atri gumuruh. Saisining wana sami kagégèran katradjang ing sindung prahara, tuwin pantjawora tarik. Kéwan-kéwan sami kebrasat, swaranipun ramé ma-

wurahan. Pladjengipun salang tundjang arebat dutjung, katah ingkang kebentus ing séla utawi kekadjengan. Saking agenging ampuhan kidang sangsam sami ketjemplung ing djedjurang ngantos manggih pedjah. Kantjil patjitjilan mripatipun lumadjeng nggendring boten mawi noliw wingking, kados binudjeng ing sima badé kamangsa. Kuwuk, rasé, lingsang, garangan tuwin mumuk, saha sawarnining bebudjengan wana ingkang alit-alit, pladjengipun kadungsangan aniba tangi. Bantèng, warak, sima saha andapan katah ingkang sami gedjegur ing lebak, blag-blug, ketatap ing séla saéngga petjah sirahipun. Déné sawer ingkang agengipun sawiting putjang sami mulet ing uwit-uwit, temahan witipun rungkat ndawahi sawer ngantos rantas. Peksi-peksi ing kekadjengan sami kabur, swaranipun ramé pating tjaruwèt. Menggah warnining peksi : glatik, emprit, peking, kepodang, gočilang, drekuku, dara, platuk, prendjak, srigunting, djowan, gagak, wulung, biđo.

Kotjapa para tjantrik, wewasi, tjèkèl, manguju saha para adjar ingkang sami tapa wonten ing paredèn, sadaja sami kagèt, gumredeg pladjengipun numbuk bentus, awit adjrih mireng swaraning prahara gumuruh ngédab-édabi. Saking kesesanipun ketunipun mentjelat pating blesar, sandanganipun mèh sami mlesat, tjawetipun kesingsal, satemah sadaja sami katétéran, wonten ingkang brangkangan, wonten ingkang keglundung ing pepèrèng. Sawarnining para tapa manahipun sami tabtaban, sedyanipun sami ngupados pangungsèn ing padusunan ing sakiwa tengenipun ngriku. Sawenèh wonten ingkang saweg amemudja, ngungkung swaraning genta pamudjan, datengipun angin sindung prahara, pantjawora tarik, temahan gugup anggènipun njawuraken sekar-sekar ura, margi kesesa ngungsèkaken gesang.

Lampahipun Radèn Wrekodara, panenggaking Pandawa, sampun dumungkap ing redi Tjandra-muka. Guwanipun énggal binukak, redi dionungkaran, sélanipun inguntjalaken tebih pating blesar. Kekadjengan ageng-ageng kabedolan binutjal ngiwa nengen, redi Tjandramuka ngantos ketingal bosah-basih. Ananging kangèlanipun Sang Séna djebul tanpa tuwas, awit toja gesang ingkang dipun padosi boten pinanggih.

Gantos ingkang katjarijos, buta kembar kekalih ingkang adedangka wonten ing ngriku, anama Rukmuka tuwin Rukmakala. Sareng mireng swara pating glabruk saha angin gumuruh, sakalangkung kagèt saha maras manahipun. Boten dangu mambet gandaning djanma. Buta kembar kekalih medal saking guwanipun sarwi gero-gero kados Batara Kala badé nggempur bumi. Saking seruning panggero siti kados badé bengkah, langit kados kontrag-kontrag. Tumunten sumerep Sang Wrekodara, énggal dipun bandem séla. Nanging Arja Séna boten padja-padja adjrih, panggah sadjangkah boten mundur saking panggènanipun, ladjeng sesumbar : „He buta kembar, kowé pantjèn watak dursila, djer kowé arep ngarah patiku”. Sang Rukmuka tuwin Sang Rukmakala bengis wangsulanipun : „Hèh manungsa, banget anggonmu ora weruh ing tata, ora wurung kowé mati déning aku, awit kowé wis dosa, wani-wani ngrusak gunung sing takenggoni.”

Dèrèng telas anggènipun witjanten, Arja Séna ladjeng katubruk, kinereg sinebrak-sebrak, nanging Sang Séna boten busik, malah wasis ing panangkisipun. Buta kekalih sanget kawekèn ing manah anggènipun nandingi Arja Séna. Dipun tjakot boten teđas, dipun suduk boten

pasah. Déné Arja Séna tansah panggah abakuh, boten kirang ing we-
wéka. Sang Rukmuka énggal kadjambak, sijungipun kabiti ngantos
tugel, rambutipun kaukel, ladjeng kasabetaken ing wit gurda, adjur
mumur anggalepung, utekipun mantjurit sumamburat. Sang Rukma-
kala nunten mangsah badé apepulih, pangamukipun sampun kados
tiwikramanipun Bařara Kala, njakot, ndupak, mbiti, ndengkul saha
njikut. Radèn Wrekodara boten talompé, Sang Rukmakala ladjeng
katjandak, kabanting ing séla gegilang, adjur mbaledug, rahipun pating
semburat. Sapédjahipun Sang Rukmuka tuwin Sang Rukmakala, wang-
kénipun sirna dadakan, djer kakalhipun déwata ingkang saweg mang-
gih papa tjintraka. Menggah sadjatosipun Sang Hjang Endrabaju,
dinukan dateng Sang Hjang Pramèsti, ladjeng malih dados danawa
kembar, adédangka ing guwanipun redi Tjandramuka.

.....

Prabu Juđistira ladjeng ngrangkul Arja Séna, Radèn Ardjuna,
Nakula lan Sadéwa sami njungkemi sukunipun sarwi nangis ngamah-
amah. Radèn Patjawala senggrug-senggrug njepengi pontjoting dodot-
ipun; déné Dèwi Sumbadra saha Dèwi Srikandi nggondèli sabukipun
kalijan rawat waspa. Dèwi Drupadi nggubel ing ngadjeng sarwi nangis
ngantos magep-magep. Akatah-katah pangandikanipun Sri Naréndra
Kresna, tingalipun akembeng waspa, menggak pikadjengipun satrija
ing Djodipati. Radèn Danandjaja nunten njepengi tanganipun ingkang
kiwa, Radèn Nakula saha Radèn Sadéwa sami njikep tanganipun ing-
kang tengen sarwi nangis tanpa kéndat. Nanging sampun watakipun
Radèn Wrekodara boten kénging dipun ampah, pinalangana mlumpat,
dinađunga međot. Ladjeng krođa, ingkang sami nggudjengi kiwa te-
ngen saha ngadjeng wingking sami kakipataken, ngantos sami mantje-
lat dawah ing siti. Arja Séna wekasan mberot, medal saking kađaton,
lampahipun ngiřar boten mawi nolił wingking, sakedap sampun tebih.

Kotjapa ingkang tinilar ing kađaton Ngamarta, sadaja sami nangis
ramé awajang-wujungan. Para Pandawa sagarwa putra sami ngadep
dateng Prabu Kresna, sami ndeku ing ingarsanipun. Badé nusul Arja
Séna kapenggak Prabu Kresna. Katah-katah anggènipun ngrerapu saha
paring pitutur. Para Pandawa sakalangkung kuwur ing manah, temahan
sami kèndel, namung pasrah dateng Bařara ingkang linuhung. Prabu
Kresna nunten kondur amakuwon.

Mangsuli tjarijosipun Arja Séna, sakedap sampun mandjing ing
wanadri. Saking adrenging manah, boten ngétang sawarnining bebaja
ing margi. Tetijang ingkang sami kepeřuk sami gawok. Kekadjengan
ingkang katut ing angin sumjak swaranipun kados nangisi késahipun
Sang Séna. Sekar-sekar mbabar ganda marbuk arum, ébahipun sairib
ngawé-awé Arja Séna, kapurił wangsul dateng Ngamarta. Sekar ga-
đung sumjar binarung sekaring kemuning. Sekar angšana tuwin puđak
kasilir ing angin lir péndah wentisipun para putri nggondèli Radèn
Wrekodara. Tjanggèrètnong swaranipun mawurahan kados panangis-
ipun Dèwi Drupadi. Merak njangungong ing wingking sareng kalijan
swaranipun peksi tjutjur, saèmper panguwuhipun para Pandawa akèn
wangsul Arja Séna dateng Ngamarta. Swaraning peksi pating tjaruwèt

asauran kados suka pitutur dateng panenggaking Pandawa, ing margi ingkang ngatos-atos. Beluk, darès tuwin dokan sami njamber-njamber ing langit, tandukipun pinda badé ngadangi lampahipun ingkang saweg gandrung ing toja gesang, akèn wangsul manggihi para kadang. Ungeling kongkang ing blumbang saha pangorèking kodok kados déné ngènetaken sawarnipun durgamaning margi ingkang kaambah dateng panenggaking Pandawa.

Sareng surja sampun serap, ing wanadri repet-repet ladjeng peteng. Rembulan panudju boten ndadari, namung lintang-lintang ingkang ketinggal pating krelip kados sesotya sinawuraken ing awang-awang, minangka dedamaring dalu. Sirep swaraning peksi alit-alit, namung peksi kuḍasih mungel ing pang asauran, swaraning tikus pating tjlirit, kados-kados ngènetaken Arja Séna dateng bebajaning margi, kabekta saking sandi-upajanipun Danjang Drona. Saèstu jèn udjaripun resi Drona ngamandaka, nedya adamel tjilakaning agesang.

Kawuwusa Radèn Wrekodara, Satrija ing Djoḍipati, lampahipun namung anut ing sukuning redi medal ing djurang trebis. Boten dangu ing sisih wétan ketinggal wonten tjahja sirat-sirat abrit ragi katutupan ing méga, praṭandanipun Baṭara Surja maḍangi djagad, mungup-mungup ing putjaking redi, kados putri adi ngawé dateng semajanipun. Nunten ramé swaranipun paksi ing kekadjengan pating tjaruwèt milengi kuping. Panjengaking peksi tjangak pinda asung wangsit akèn wangsul dateng ingkang saweg kalunta-lunta. Pandjeritipun ajam wana kados awewarah dateng Sang Séna njingkirana wana pringga. Akatah-katah sasmitaning sato kéwan saha sesekaran dateng Arja Séna, tangèh jèn kautjapna sadaja.

Lampahipun Radèn Wrekodara njandung séla njémpar lungka, minggah mandap tanpa kèndel. Boten antawis dangu dumugi ing kisinging samodra, alunipun ageng gumuruh nempuh parang, sumjak lir suraking pradjurit aprang, Sang Séna njaketi sarwi lonlonan. Ing ngriku ketinggal karangipun pating pandukul kataweng ing ampak-ampak. Sawenèh wonten ingkang mèmper liman méngo, sawenèh malih sairib liman ndjerum. Radèn Wrekodara mandeg mangu lampahipun sinambi njawang ombakipun saganten, golong gumulung kados guling. Kepjuring ombak nempuh karang kados sekar glagah katempuh ing angin. Déne ombak ingkang wonten ing tengah mawalikan, gora gumerah nggegirisi, adamel kuwuring manah. Kapjuk-kapjuring toja santawisipun kekarangan kados nambrama datengipun Sang Arja Séna.

Ing ngriku Radèn Wrekodara ngadeg ndjenger, oneng dateng para kadangipun ingkang kantun ing pura. Tumunten kèngetan dateng wewarahipun ingkang raka Nata ing Ngamarta, sajektos jèn pandita Drona ngamandaka udjaripun. Nanging gèk kados pundi malih, watak wantunipun satrija, lingsem jèn wangsula, luwung nempuh bjat nge-masi ing samodra.

Wau ta ingkang ketinggal ing saganten, pinten-pinten katahing baita, lajaripun pating karelab kasorotan ing surja. Tijangipun pating kareḍap kados walang sumamburat. Déne warnining baita : djong, djukung, majang, wangkang, kunṭing, sampan, gijota. Sang Séna ndjenger kados tugu manik sinukarta, njawang sawarnining baita, kadamel

ngleledjar manahipun. Alun ageng nggegilani langgeng agolong gumulung, tojanipun mantjur njiprati kekisik. Wedi maléla ketinggal nengsemaken kados sarining sekar. Sangsang lémbak-lémbak lir péndah tjemara uwal saking gegelunging sang dyah adamel brangta. Pinten-pinten langening toja ing samodra, adamel sengseming manah, pandjang jèn winarnia ing tulis.

Katjarijos Radèn Wrekodara, dangu anggènipun nggagas kawontenaning badanipun, winangwang saking wiwitan dumugi ing wekasan, sinambi njawang langening samodra. Ingkang kaépi-épi boten wonten sanès namung toja amreta. Manawi boten saged manggih toja sutji, suka lila pedjah ing samodra. Nunten tjantjut taliwanda, saksana nempuh bjat nggebjur ing samodra, ladjeng nglangi manengah. Alun ageng agolong gumulung melek badanipun. Ombak djumegur sumembur nampek rainipun tanpa kèndel. Sang Séna boten kirang ing wewéka, ladjeng inggèk, toja sumapat dumugi ing gulu. Sanalika kèngetan adjinipun anama adji Djalasagara. Énggal winatek kalijan patitis, sangsaja wewah kakendelanipun, sapandurat sampun dumugi ing satengahing saganten.

Wau ta ing telenging samodra, dumadakan wonten ketinggal kumambang ing toja, kampil-kampil manut lampahing alun, agengipun angébat-ébat, swaranipun ngakak, tandangipun agalak. Sangsaja dangu sangsaja tjaket ngambang ketinggal gumawang, agengipun saredi anakan kumelap sarwi njembur-njembur sakalangkung nggegirisi. Toja kinebur kados saganten umob, swaraning ombak djumegur kados badé ngrentahna langit.

Sareng Sang Séna sumerep, sakalangkung kagèt, manahipun deg-degan, panggraitanipun : „Iki ana bebaja nekani”. Wrekodara langkung déning éram sumerep agengipun. Sanalika swaraning saganten djumegur kados guntur. Ingkang kumambang swaranipun ngikik tjekikikan, tjangkempipun nunten mangap saèmper lènging guwa, sijungipun mingis-mingis kumilat lir tañit, déné wisanipun sumembur kados grimis. Saksana njaut wani, ladjeng mulet Arja Séna saha ndengkèk sairib badé mbanting Sang Bajusuta, satemah angles kesungsang kapulet ing naga. Wisanipun tumampek ing rainipun, mila Arja Séna sangsaja kéwedan ing manah, sampun njana jèn badé pedjah, sajah marlupa dipun obat-abitaken déning naga. Badanipun sakodjur sampun ginubet, namung gulunipun ingkang boten, nunten sarosa ginèndèng manengah. Nalika samanten sakatahing baita ingkang wonten ing saganten énggal sami ontjat, njana jèn wonten angin prahara tuwin pantjawora tarik dateng, pramila sadaja sampun sumingkir tebih.

Kawarnaa Radèn Wrekodara ingkang saweg pantjakara kalijan naga. Sang Arja Séna tansah prajitna, awas angèn mangsa. Tranginas pun naga ladjeng dipun tjubles kalijan kukunipun pantjanaka. Pun naga ketaton, temahan rahipun sumamburat aderes. Kuku pantjanaka mandjing ing badanipun naga, nunten djinuwing-djuwing ngantos pating saluwir. Rahipun aderes tanpa kèdat, awor kalijan toja saganten, saéngga kiwa tengen sapaningal tojaning saganten dados abrit, sampun prasasat ketinggal kados rah. Boten dangu pun naga sampun tiwas, pedjah déning Sang Arja Séna, ndadosaken suka bingahing manahipun sawarnining isèn-isènipun saganten.

Sadangunipun Radèn Wrekodara aperang tanding kalijan naga,
Sang Murbèng Djagat boten kekilapan. Sanget kamiwelasen dateng
Arja Séna, déné sakalangkung kaswasih kekah ing sedya, ngupadosi
toja gesang manut pitedahing guru.

.....

Bimasutji sasampunipun angsal pantjaretna, ladjeng énggal medal
saking guwa-garbanipun Déwarutji. Sadaja paningal sampun malih,
sakala sampun wangsul ing ngalamipun ingkang lami. Déwarutji sak-
sana sirna.



Katjarijos Radèn Wrekodara, inggih Bimasutji, sasampunipun
tampi kanugrahan saking Déwarutji, manahipun dados mulus rahaju,
awit hardaning manah dateng pepinginan sampun sirna. Sariranipun
maja-maja kados nganggé sutra adi, rinengga ing manik nawaretna.
Mila asesumping sekar mas winarni sekar pudak, kawastanan kasturi
djati, minangka pratanda jèn sampun putus ing sakliring kawruh.
Akekampuh saha atjalana polèng bang bintulu, awarni sakawan, gi-

nubet ing naga minangka pangènget-ènget nalika pantjakara kalijan naga ing telenging saganten. Déné warni sakawan wau minangka pangènget-ènget nalika mandjing ing guwa-garbanipun Dèwarutji. Warni ingkang tjemeng, abrit saha djené punika mengsah ingkang ngadangi lampah ingkang prajogi, déné warni petak punika pralambangipun kasembadaning pangangkah ingkang utami. Rupi gangsal punika ginambar ing busananipun Radèn Wrekodara.

(Bima Sutji)

XXX. BATARA ÉNDRA TEDAK DATENG PATAPANIPUN BEGAWAN MINTARAGA

Ing ngriku batara Éndra ladjeng sumelang ing galih dateng tapapanipun radèn Danandjaja. Déné ingkang dipun sumelangaken mbokmanawi sang Parta wau anggènipun tapabrata namung ngangkah dateng kamuksan, kesupèn dateng radjabrana saha kawirjan. Pramila batara Éndra badé njarirani pijambak ndadar dateng kaantepanipun begawan Mintaraga.

Batara Éndra nunten santun warni, ladjeng tumedak dateng redi Indrakila aminda pandita sepuh, wungkuk atikluk mèh kewudan, lampahipun nunuk-nunuk sarwi tekenan. Datengipun ing patapan nudju djawah deres amor angin. Kawewahan redi Indrakila kaleres kinemulan ing méga, mila sang pandita badanipun ndrodog katisen.

Ladjeng mandeg ngadek sidakep ing pipining kori guwa patapan. Dangu anggènipun ngentosi radèn Danandjaja, nanging boten ingaruh-aruhan. Mila sang pandita tikluk ladjeng asabawa sarwi dèhèm saha watuk-watuk. Begawan Mintaraga kagèt, sanalika ladjeng mudar semadinipun. Sareng sumerep sang pandita, énggal dipun bagèkaken kanti bingahing manah, alon tembungipun : „Duh pukulun, kula mugi kepareng pitakèn, wingking pundi ingkang pinangka, ngadjeng pundi ingkang sinedja ?”

Sang pandita Tikluk sumaur alon : „Jèn sampéjan sudi ngaken pandita dateng kula, saestu badé ndadosaken suka bingahing manah kula. Wondéné anggèn kula tapa punika, manut sadangananing manah. Boten kantenan ingkang minangka patapan kula, djalaran padamelan kula tansah anelasak ndjadjah wana, minggah redi mandap redi, ngudjung dateng sawarnining patirtan. Punika wau kula sumerep tédja ngenguwung, ngriki prenahipun. Tédja mekaten suka sasmita panggenanipun tijang sutji saweg mesu brata. Sareng kula purugi, tetéla jèn wonten ing patapan sampéjan ngriki punika. Kalinganipun sampéjan ingkang ngawontenaken tédja punika.”

Sang pandita kèndel sawetawis dangu, nunten ndumugèkaken pangandikanipun : „Sajektosipun kula punika inggih ulah semadi, boten béda kalijan sampéjan. Namung kémawon kula kuwatos, mbokbilih anggèn sampéjan mudja-semadi punika badé kandeg. Awit saking pangingal kula, kañah duwung, djemparing tuwin tamèng ingkang sami gumelar wonten ing patapan ngriki. Punika mratandani jèn sang tapa

anengenaken sawarnining kabingahan saha nggajuh datang kawibawan. Éman sanget jèn ta sang tapa boten sumedya ngangkah datang kamuksan. Limrahipun tijang meleng ing pudjabrata punika angudi datang rahajuning manah. Samangsa ingkang kaèpi-èpi kabingahaning djagat paraméan, sajektos badé kesasar ing lampah. Pundi tijang mengeraken toja amreta, kumatjèlu mbudjeng datang wisa ?

Sadjatosipun ing djagat paraméan punika katah ingkang sami kesasar ing budi, temahan matang tuna numbak luput. Inkang pineleng ing manah anggajuh datang kanikmatan tuwin kaswargan, dumugining endon manggih sakit. Nujuti ardaning pantjadrija punika mila inggih angèling angèl, awit salebetipun ngampah radjah tamah, temah tingal ladjeng bawur, manah kuwur, anggung wujung akontrangkantrangan.

Tindakipun manungsa ingkang kados makaten punika kénging ingupamèkaken kados tijang ningali datang ringgit. Sampun sumerep jèn ringgit punika watjutjal ingukir rinéka djanma, linampahaken ing dalang. Liripun wonten ingkang witjanten, wonten ingkang gumudjeng suka, wonten ingkang nangis, ébahipun manut pikadjengipun ki dalang. Éwa samanten punika inganggep kanjatan. Inggih punika lampahipun manungsa ingkang taksih kepéntjut datang sawarnining pepénginanipun pantjadrija. Sajektosipun ingkang gumelar wonten ing djagat paraméan punika kénging kawastanan siluman." Telas welulangipun sang pandita datang begawan Mintaraga.

Sang Parta ladjeng sumaur mawi tembung memaladsih sarta pangela-ela datang sang pandita : „Duh pukulun, sakelangkung kasinggihan dawuh pangandikanipun sang maharesi. Boten sanès kedjawi kamisuwaran tuwin ungguling djurit. Samangsa satrija tetep anggènipun ulah tapa ngangkah datang kasudiran, sampun prasasat ngener datang kamuksan.

Pundi wonten tijang boten praduli datang gumelaring djaman paraméan punika ing lair batos. Éwa samanten salebeting gesang ingkang dipun angkah inggih kanirwanan, inggih punika kaswargan pamademing pantjadrija. Sadangunipun anganta-anta ngentosi dawahipun kabegdjan wangsul datang kaswargan, prajogi ulah kasampurnan sinambi ulah suka kawibawan.

Namung punika atur aula. Déné manawi wonten keladuking tembungan, sang pandita mugè ngegunna ing pangaksama."

Sang pandita sumambung : „Anggèr, ing agesang sakelangkung gawat, jèn namung ndjurungi datang kamurkan, sasap-sambir ing tembé badé manggih bilai. Ardaning pantjadrija punika lakar angèl sanget sajut-sajutanipun, asring adamel gingsiring manah rahaju. Singa kesengsem ngubungi ardaning manah, boten badé saged manggih kanugrahan ingkang linuhung.

Kados upaminipun tuwaburu, punika ing béndjingipun badé malih dados sima, awit nalika gesangipun padamelanipun namung medjahi bebudjengan, kateda dagingipun.

Menggah tuwarawa gesangipun rintendalu namung mendet ulam, mila ing tembé manawi pedjah, malih dados badjul, awit saking karemipun datang ulam.

Inggih kados makaten pepindanipun wohing ngagesang. Sinten

ingkang tansah adamel awon, temtu badé manggih piwales awon. Déné manungsa ingkang tansah meleng dateng kamuksan, wekasanipun inggih badé kadumugèn ing pikadjengipun."

Makaten pangandikanipun sang maha pandita. Radèn Danandjaja raosing manahipun kados tinétésan ing toja sawindu. Dangu anggènipun kèndel anilingaken pamedjangipun sang pandita, saha sanget kakenan ing manah. Wasana kèngetan dateng dawuh pangandikanipun begawan Dipajana rumijin, tembungipun :

„Hèh mas putuku, prajoga sira samengko mangun tèki, nenuwuna marang bałara kang linuhung kadigdajaning perang. Ing tembé bakal ana pandita kang nuduhaké sira marang kamuksan."

Atur wangsulanipun sang Parta dateng sang pandita : „Sake- langkung kasinggihan dawuh pangandikanipun sang maha pandita. Menggah ing sadjatosipun kula punika dèrèng kepareng ulah kamuksan awit déning genging katresnan kula dateng sadèrèk kula sepuh sang Darmawangsa, sinatrija ingkang sampun kasub kaonang-onang ing bawana. Anggèn kula keraja-raja mangun tapa punika, sadèrèk kula wau sageda manggih wohipun. Awit ingkang dados angen-angening manah- ipun sageda dados ratu binałara anjakrawati, mangun rahajuning bawana. Manawi ingkang dados pepuntoning manah kula punika boten kasembadan déning bałara ingkang linangkung, saestu kula boten badé purun wangsul saking patapan, suka lila nemahana pedjah wonten ing ngriki."

Sang pandita sareng mireng aturipun begawan Mintaraga, bingah- ing manah boten kénging winiraos, ladjeng ngratjut warni, malih dados bałara Éndra. Radèn Ardjuna énggal tjaos bekti, nanging pinenggak, tanganipun tjinepeng dateng bałara Éndra. Pangandikanipun : „Duh mas anggèr putra ningsun, mara delengen ingsun ! Ija ingsun iki ba- łara Éndra, ratuné para déwa ing Suralaja. Adja sumelang ing atinira ! Sumurupa, ing mengko bałara Siwah, ija bałara Guru, bakal luntur sihé marang sira.

Ing ngarep ingsun utusan widadari pepitu ngrentjana tapanira. Njatané sira wis kuwasa matiraga, njajuti pantjadrija. Mulané sira wis adja samar manèh, mesti bakal tanpa kanugrahan kang linuwih. Mung baé ingsun mau sumelang, mbokmanawa kebandjur anggonira mangun-tapa, temahan ora noli marang karahardjaning bumi. Jèn ta mangkonoa, mangsa bisaa ketutugan antjasing ati ningsun. Ing mengko wus tetéla kaantepanira, tapabrata murih rahajuning bawana. Kang iku di tetep antjasé atinira, disentosa ing budi ! Ing kono margané sang hjang Kawekas, Bałara Siwah, bakal tumurun, maringaké gan- djaran marang sira. Wis anggèr karia rahardja, ingsun arep bali me- njang Kahjangan !"

Telas pangandikanipun bałara Éndra. Ladjeng mesat ngajuh ing gegana, sakedap nétra sampun boten ketingal.

Sang Parta kantun anggana. Ing mangké anggènipun tapa sang- saja sineru, malah tinikelaken sadasa kalijan ingkang sampun. Mila makaten, awit joga-brata punika kénging ingupamékaken tijang ngagar. Jèn tumemen pangagaripun, mesti énggal saged angsal latu. Nanging manawi pangagaripun dipun sambu aleléda, tamtu tangèh sagedipun angsal latu.

**BATARA GURU MARINGAKEN DJEMPARING
PASOPATI DATENG RADÈN ARDJUNA**

Katjarijos ratu denawa ing Imantaka, prabu Niwatakawatja, mengsahipun batara Éndra, anggènipun nglurug sampun dumugi ing Suralaja, pepak sawadya-balanipun. Para punggawa boten wonten ingkang kantun. Sadaja sami tuhu setya, saha digdjaja sudira ing perang, wasis ngrupak djadjahanipun mengsah, angelar djadjahaning ratu gustinipun, angrangsang bètèng, angganjol kapurantjang. Dasar sampun watawis lami anggènipun kapiadreng badé mbélani gustinipun, ngo-brak-abrik saindenging Suralaja, mila polahipun kados sima rebat memangsan. Djadjahan ing Suralaja sampun ingosak-asik déning bala raseksa, swantenipun atri gumuruh anggegirisi.

Batara Éndra ing mangké rumaos kèwedan ing galih, dangu anggènipun ambudidaja sageda ontjat saking pangrangsangipun bala denawa. Pinanggih nalar, sumedya ngétjani manahipun mengsah. Mengsah denawa ladjeng piningan sawarnining radja-busana tuwin radja-brana saha manik nawaretna. Ing ngriku para ditya ladjeng kandeg anggènipun badé nggempur Kaéndran.

Boten antawis dangu ratu denawa boten kesamaran dateng sandi-upajanipun batara Éndra. Awit osiking manahipun, sakalangkung mokal jèn para déwa badé saé panganggepipun dateng ditya raseksa. Pramila pangrangsangipun sangsaja ngatos-atos, anggènipun njebar telik sandi malah dipun katahi, sampun waradin ing djagat tetiga.

Prabu Niwatakawatja sampun mireng pawartos saking telik sekti mandraguna, jèn batara Éndra sampun mintasraja dateng sang Parta, ingkang saweg matiraga wonten ing redi Indrakila. Sang tapa badé katimbangan, kadawuhan nandingi pangamukipun. Mila radja denawa boten katalompèn, énggal utusan punggawa raseksa, ingandikakaken motjok gulunipun sang tapa wau. Inkang pinidji ditya sinelir nama Momongmurka, sampun misuwur sanget kawanteranipun, saged mandjing adjur-adjèr, mantjala putra mantjala putri.

Lampahipun utusan ing margi boten kotjap. Boten dangu sampun ngantjik ing redi Indrakila. Ladjeng sinasak ingideran sumedya ngupadosi patapanipun sang Parta, ananging boten kepanggih. Wasana sang Momongmurka telas manahipun. Saking bingungipun, temahan kalimput ing nepsunipun.

Pangunandikanipun : „Ih lah dalah, jèn kaja mengkéné angèlé golèk-golèkané patapané si Ardjuna, gunung Indrakila betjik tak gempuré.”

Sanalika ditya Momongmurka ladjeng malih dados andapan, sakelangkung ageng anggegirisi, sampun prasasat sang Kumbakarna. Redi Indrakila ladjeng oreg, putjakipun guntur, swantenipun djumegur, korining guwa patapan ngantos rengat.

Sang Parta ing salebetipun mudja-semadi kados angsal wangsitipun déwa ingkang linangkung, ingosikaken ing manah jèn wonten bebaja. Mila énggal medal saking guwa, sarwi njangking gendéwa, djemparing saéndongipun. Boten dangu sumerep wonten andapan ageng kabina-bina ndungkari putjakipun redi, sélanipun ngantos mawud.


Radèn Ardjuna ladjeng prajitna. Pangunandikanipun : „Iki baja tjèlèng apa, déné gedéné nggegilani, nganti gawé kontraging gunung.”

Sakala radèn Ardjuna sampun boten kasamaran, jèn wonten denawa wegig malih dados anḍapan. Mila énggal nganggé rukuh saha kawatja. Kala samanten sang tapa taksih tebih kalijan panggènanipun anḍapan dursila. Sanalika punika ugi ladjeng wonten prahara, swantenipun gumrubug, pinten-pinten kaṭahing wit-witan sami rebah pating sulajah.

Kotjap baṭara Guru kepéngin uninga tapanipun sang Parta, ladjeng tumurun ing martjapada, ingiring dateng para déwa resi. Tedakipun baṭara Guru saking Kahjanganipun redi Kélasa pinudju datengipun ditya Momongmurka awarni anḍapan. Mila baṭara Guru ladjeng minda ratu tjangkrama, mbebeḍag ing wana, ngetut lampahipun anḍapan.

Sang Parta sareng sumerep, ladjeng ngunandika : „Baja wis pinasti ing djawata, déné saiki saja wuwuh mungsuhku.”

Sanalika ladjeng mentang langkapipun, mawas prenahipun anḍapan. Sareng anḍapan baḍé njander purun, énggal linepasan djemparing. Pesatipun djemparing tjumeprot ngèngingi anḍapan, sareng kalijan djemparingipun baṭara Guru, tumantjep dados satunggal. Sang Parta rumaos bingah ing manah, déné titis ing pamawasipun. Énggal murugi panggènanipun anḍapan sumedya ndjabud djemparingipun.



Baṭara Guru nguwuh-uwuh : „Hé ki adjar, adja guru-guru ndjabud panah ! Mara waspadakna, iki rak panah ing sun, banget anggon-ira ora weruh ing tatakrama. Sira iku katonira kaja adjar, nganggo tjawet babakan kaju, parandéné ora sumurup marang unining sastra. Mara ngendi ana wong tapa sikep gegaman ? Sapa wongé kang sira

guroi? Praktikelmu kang ngéwak-éwakaké iku bisa gawé tjatjadé gurunira. Sira kalawan gurunira kelebu wong papa tjintraka, ora wurung dadi isèn-isèning Jumani. Kawruhanira, sing matèni tjèlèng iku djenengingsun. Adja sira sengguh jèn iku panahira!"

Sang Parta sareng mireng panguman-umanipun baṭara Guru, kuingipun kados sinebit, ladjeng bramantya, wangsulanipun: „Hèh ki tuwaburu, disarèh, adja keladuk ing pangutjap! Mara delengen, ija ingsun iki radèn Danandjaja, Panduputra, satrija tengahing Pandawa. Ija bener udjarira, katon ingsun nggegirisi, pepak gegaman ingsun. Sumurupa, sing ingsun tiru iki mung lelakoné resi Ramaparasu. Manawa sun pikir-pikir ora ana alané ingsun tansah sikep gegaman, djer sabaningsun ana ing alas, dadi samangsa ana bebaja ora bakal kاپiran.

Sira iku banget anggonira atinggal deduga lan prajoga, anggonira nguman-uman entèk amèk kurang golèk. Jèn sira, germa tjendala, isih demen mangan wohing dami, lah mara énggal njungkemana padaningsun! Manawa sira suṭik njembah djenengingsun, ora wurung sira bakal lebur tanpa kukupan déning ingsun."

Katah-katah radèn Danandjaja anggènipun nguman-uman dateng ingkang apinda ratu mbebedag.

Para déwa resi ingkang sami ngiring baṭara Guru ladjeng nepsu, énggal sami nglepasaken djemparingipun, sarwi surak pating gerijak. Dawhipun djemparing kados djawah, ngéngingi badanipun radèn Danandjaja. Pinten-pinten katahing tjakra ingkang ngrotjok badanipun, nanging radèn Danandjaja tansah panggah, boten mundur sa djangkah, malah wewah kekendelanipun.

Radèn Danandjaja trengginas nglepasaken bajubadjra, swantenipun gumrubug anempuh para déwa resi. Sadaja sami larud, katut lampahipun angin. Namung baṭara Guru ingkang kantun andjedjer, nirbaja nirwakara, ladjeng perang tanding kalijan Radèn Danandjaja. Dangu anggènipun sami lepas-linepasan djemparing.

Baṭara Guru énggal nglepasaken djemparingipun ingkang nama Ardatjandra. Pesating djemparing Ardatjandra tinadahan kalijan djemparingipun radèn Danandjaja, temah tempuh ing ngawang-awang kados larapipun taṭit. Baṭara Guru sareng sumerep djemparingipun Ardatjandra putung sangsaja sanget kroḍanipun, sampun prasasat baṭara Kala badé nggempur bumi.

Baṭara Guru nunten nglepasaken djemparingipun redi séla, agengipun saputjakipun redi. Radèn Danandjaja boten kalajatan, énggal matak adji, ngusap siti sarwi tumenga ing tawang. Sanalika punika ugi ing ngawang-awang ladjeng ketingal kèbèkan dedamel, katahipun séwu, sakalangkung mingid-mingid, agengipun saputjaking menara. Ladjeng tempuh kalijan redi séla, swantenipun djumebrèt angadjrihadjrihi, temahan ngawontenaken guntur ing satengahing paprangan.

Baṭara Guru sakalangkung kagèt sumerep sirnanipun djemparing redi séla. Énggal njandak sendjatanipun pamungkas ingkang sampun kawentar, inggih punika djemparing latu, kala rumijin sampun naté kanggé mbesmi kiṭa tetiga ngantos lebur tanpa kukupan. Radèn Danandjaja nunten nglepasaken djemparing kanggé mapagaken pangamukipun djemparing latu. Déné djemparingipun ngedalaken méga angendanu wonten satengahing paprangan. Ladjeng katempuh ing angin

dados djawah deres, binarung ing gelap saha tañit aliweran, swantenipun djumegur angadjrih-adjrihi. Sakedap sampun sirna prabawanipun djemparing latu.

Hjang Pramèsti sangsaja kroða, tingalipun andik kados badé anggeseng bawana. Nunten ngedalaken djemparing ranté asirah naga ageng, tjangkempun mangap agalak, kados badé nguntal djagat, anggilot redi. Lepasipun djemparing ranté ingiring djemparing kaladastra, lumarap kados kilat. Radèn Ardjuna sareng sumerep, énggal mentang langkapipun, ladjeng nglepasaken djemparing garuða. Djemparingipun dèrèng ngantos lumepas, ladjeng katungka panempuhipun djemparing kaladastra. Radèn Ardjuna trengginas mendak, wasana djemparing kaladastra ngéngingi gendéwa saha rukuhipun. Temahan gendéwanipun putung, déné rukuhipun remuk, sesotyanyipun mawur. Radèn Ardjuna ladjeng tandang kroða, énggal njandak tugelanipun gendéwa kadamel gada.

Hjang Pramèsti tjikrak-tjikrak sarwi murugi panggénanipun sang Parta. Boten dangu sampun sami adjeng-adjengan, ladjeng nggelut atilar dedamel. Dangu anggènipun sami uleng-ulengan asilih-ungkih. Djedjak-djinedjak, biñi-biniñi, djambak-djinambak. Ngantos djuðeg anggènipun silih tjidra, gentos unggul gentos kawon. Kekalihipun sami tanggonipun tuwin sami kasektènipun.

Sang Parta ladjeng kesikep, binanting ing siti. Sareng rumaos kasoran, ladjeng males. Hjang Pramèsti sukunipun kalih pisan nunten rinangkus, badé binanting ing séla gegilang. Sareng badé dipun djundjung, suku kekalih wau dumadakan musna.

Boten antawis dangu ladjeng wonten djawah sekar, ingurab sawarining wewangi, binarung swantenipun para déwa resi, mangaju bagia datang kaprawiranipun sang Parta. Sakedap nunten wonten tédja ke-tingal, tjahjanipun ngenguwung amblerengi. Ing ngriku tetéla jèn hjang Pramèsti ngédjawantah, tumurun ing martjapada, pinarak ing dampar sekar tundjung pinatik manik nawaretna.

Sang Parta sampun boten kasamaran, ladjeng tjaos bekti datang bañara Guru. Sasampunipun njembah, ladjeng mudja sarwi tumenga ing ngarsanipun bañara Guru. Tembungipun :

.....

Pamudjanipun radèn Ardjuna ladjeng sinauran datang bañara Guru : „Duh putraningsun, ing samengko ingsun wus ora kesamaran marang setyaning bektinira marang djenengingsun, mulané ketutugan ing sapandjalukira. Lah mara iki tampanana gandjaraningsun marang sira, arupa panah kang aran Pasopati !”

Ing ngriku bañara Siwah, nunten ngédjawantah. Astanipun énggal pinurus, ladjeng medal latu, sanalika dados djemparing.

Djemparing nunten kaparingaken datang Ardjuna.

Radèn Ardjuna sasampunipun tapi gandjaran peparangipun bañara Siwah, ladjeng njembah. Kedjawi djemparing Pasopati, ugi kapateñan gendéwa linangkung tuwin makuta pinatik nawaretna. Sasampunipun makaten tumunten winedjang ing salwiring kawruh ulah dedameling perang.

Batara Siwah sasampunipun paring pitedah warni-warni dateng Radèn Ardjuna, ladjeng musna, makaten ugi sakatahing para déwa resi ingkang sami ndèrèkaken tumurun ing martjapada.

Sapengkeripun batara Siwah bingahing manahipun radèn Ardjuna boten kénging winiraos, tjiptanipun sampun boten ngantjik ing djagat paraméan punika, ontjat ing dukatjipta.

Kaante panipun radèn Ardjuna pantes sinudarsana, bebasanipun : sing sapa temen tinemenan. Déné manungsa ingkang neđa kasektèn, kasugihan utawi kawirjan, mangka boten dipun saranani tapabrata, tuwin memudja dateng déwa ingkang kawekas, sampun pisan-pisan gadah pangadjeng-adjeng badé kasembadan panjuwunipun. Awit boten wonten déwa ingkang paring kanugrahan dateng tijang ingkang tansah gesang sarwi ngétja-étja, boten tjegah tēda tuwin tilem, temah angubungi ardaning pantjadrija. Tijang ingkang kados makaten punika tindakipun, boten sandé winilet ing prihatos, saha dumawah ing sangsara.

Sadaja ingkang gumelar ing djagat-raja punika gegajutan kalijan sabarang tindak ingkang sampun kepengker. Sinten ingkang ulah raha-ju, badé manggih karahajon. Para sudjana saha sardjana kados boten kekilapan dateng pituwasiipun kasetyan, inggih punika kabingahanipun manah ingkang langgeng.

(Mintaraga gantjaran).

XXXI. ARJA KUMBAKARNA MANGSAH DJURIT

Asmaradana

1. Mawur ditya alit-alit, mantriné ndeku kéwala, Kumbakarna pamuwusé : „Anapa ingsun ginugah ?” Ditya mantri turira : „Pukulun timbalanipun, raka paduka sang nata.
2. Paduka mandjinga puri, prakawis praptaning mengsah, wanara ampuh judané, katah bupati kang pedjah, tumpes sawadyanira, Pradjangga Pragasa lampus, Mintragna lan Wirupaksa.
3. Bradjamusti Djambumangli, Puṭadaksi wus palastra, Pratamadaksi parengé, miwah prawira Dumreksa, andel-andel sadaja, lan rama paduka lampus, rekjana patih Prahasta.”
4. Sibra maraub asalin, ageganda asesekar, prapta tumpeng lan wuduké, lan kulub-kuluban gadjah, miwah pepetjel kuda, pira-pira gutjinipun, isi badèg lan waragang.
5. Kuluban gadjah binukti, rangkep sepuluh pinangan, adedeg anèng ngarsané, miwah gutji-gutji telas, badèg lawan waragang, kulub-kulub kadi gunung, tan adangu babar pisan.
6. Tan ana kumluwer gusis, tumpeng pirang-pirang leksa, pirang keti tumpes kabèh, wusnja dahar Kumbakarna, ladjeng marang djro pura, prapta ngarsanira prabu, Dasamuka ngawé sigra.

7. Madjeng sarwi awotsari, katingalan kakangira, Rawana atjum ulaté, keketegé sumjar-sumjar, rumaras katingalan, ulaté abengusbengus, ngrerepa dénnja ngandika.
8. „Ah ariku sun tuturi, kasor kaluwihanira, teka pidjer turu baé, mungsuh wanara digdaja, mandra gunéng paprangan, kwèh bupati ingkang lampus, kang pada kawilang guna.
9. Èntèk andel-andel mami, kang titir prawirèng juda, mengko tan ana boboté, apes mungsuh lan wanara, nguni kang nglar djadjahan, ngrupak djadjahaning satru, tumpesan déning wanara.
10. Malah pamanira mati, ija si patih Prahasta, jaji kari sira déwé, sirnakena mungsuhiira, si Rama si Laksmana, si Sugriwa adja kantun, Anoman lawan Anggada.
11. Pupusen kabéh dèn basmi, jaji kang bala wanara, apan sira salawasé, luwih kaprawiranira, tetep digdajéng juda, tan ana kadya sirèku, kaodjat ing tri bawana.
12. Katona sihira jaji, tresna maring kadang tuwa, ija sapa kaja kowé, wus keter isining djagad, tumon kasektènira,” Dasamuka wusnja muwus, kang raji lon saurira.
13. Asendu nanging aririh, Kumbakarna aturira, : „Lah puniki pinanggihé, wong atinggal parikrama, ing nguni sampun katah, kang ngaturken ing rèh tuhu, mila paduka tan arsa.
14. Kalangkung mumpang ing jekti, amung anggunggung sarira, mangké makaten dadiné, amung arda puwa-puwa, naputi amisésa, : Sapa ngalahaken ingsun, prawira ing tri buwana.
15. Jèn ndahara atur betjik, apan ora kekurangan, asor ungguling karaton, adiné déwé Gunawan, undagi witjaksana, nora ana kang ginugu, atur kang amrih rahardja.
16. Nalika gunem ing nguni, sadurungé tempuh ing prang, pada amrih rahajuné, kang guna-guna wiwéka, prawira rèh utama, kabèh tan ana rinungu, pinailaken kéwala.
17. Bulah anaa ginalih, saking pélingé Gunawan, pitutur linebur kabèh, déné iki nora salah, kang duwé atur samja, kang ngarani boting mungsuh, déné pada kalampahan.
18. Punggawané akèh mati, mungsuh wanara ing kana, durung kalong bebetjiké, prawirané wutuh ajam, Ngalengka tetumpesan, bebetjiké datan kantun, mungsuh mung kalong kang ala.
19. Udjar walujaning dadi, rahardja adjur kéwala, kalulun kélu alané, kang sami amrih rahardja, tetepé siniwaka, kawangsul kang amrih aju, kolu kang amrih dursila.
20. Si arja Wibisanèki, aturé kaliwat-liwat, anggoné amrih betjiké, panika nora angawag, matur udjaring tjeṭa, wus omah wiweka putus, waskiṭa djro ning sri-nata.

Sinom

21. Pan si Arja Wibisana, Gunawan sardjana niti, wruh wekasané kang ala, lawan wekasaning betjik, panggawé durung lair, si Wibisana wus weruh, matur saking geng tresna, ing kadang tulusé mukti, lan tulusé ngratoni bumi Ngalengka.


22. Parandéné wèh tinukar, òinupak maksih ngaturi, kaku tyasé nuli lunga, sabalané temen mbalik. Wong Agung Dasarati, sudjana marta pinundjul, wiwéka sadu budya, aparikrama sajekti, nuli kanti si Gunawan Wibisana.
23. Adu manis sinudara, kaluhurané muwuhi, wong agung Rama wi-djaja, déné si Wibisanèki, nagri Ngalengka iki, enggoné wong busuk-mumuk, malah murka dursila, niaja sikarèng budi, ija apa margané menanga aprang.
24. Wuta tuli ring upaja, si kaki milu nuturi, anuta mring Wibisana, jekti anemu basuki, mung sijungé dèn isis, sapa sira sapa ing-sun, ratu djajèng buwana, ngaku lelananging bumi, ja pagéné prihatin kasoran ing prang.
25. Mung sukané pinudjia, tan obah ing atur jekti, ana sesamaning radja, kang pantes kinabektèni, tan arsa angabekti, mungsuh tan patut minungsuh, mung panganggepé uga, amundjuli ing sabumi, tan wruh lamun nuraga kèrem samodra.
26. Apan ta nista paduka, kadi balumbang tan mili, suker reged nora kéntas, dadi suker tanpa kardi, kumaruk tuwan nenggih, kadi kawula satuhu, pan sarira paduka, kadi alun tanpa uwis, tanpa wekas budiné anggung purasa.
27. Kasukanira upama, kudu-kudu angungkuli, maring saisining dja-gad, kroðanira kang upami, ampuhan mawor riris, pantjawora guntur ketug, ing kaluwihanira, parikramaning narpati, méga ndet ametengi sabuwana.
28. Kudu krura amisésa, wasa-wasa anguwisi, murwani ing bumintara, ajwana kang kaja mami, temah winisésa glis, dénja mbek luhur ginempur, misésa pinarusa, marang ing wanara jekti, kamukténé pinèt ing satru utama.
29. Rahajunira tan ana, kudu mbaðog wong sabumi, anjapit barang katingal, mengko ana kang nekani, sarpa lempé tur tjilik, tan katenger dénja naut, pagéné gundam-gundam, gero-gero sambat mati, aran kudu misésa isining djagad.
30. Tjinakot sarpa karasa, ulané kuru tur miskin, alesu tan bisa obah, kontal kéntir nut ing warih, atipis sagoðong pring, nora njakot tanpa nganggur, margané pan dèn idak, si lempé panjokot nèki, nora wirang gundam-gundam sambat pedjah.
31. Saèngganira baita, panarik pangrèhirèki, kamudi pandoman sirna, njananira kang upami, lunas tan ana kari, sungkemira ing Hjang Guru, ingkang upama tihang, wus tikel nora mandiri, trapsilanta upama minangka lajar.
32. Katut punggeling tetihang, lajar suwèk rowak-rawik, sebit rudjit rinaradjap, pandoman sirna wus kéli, paitané upami, nèng gedong wesi tinutup, sorogé nora ana, baita tinempuh angin, remak-rempu maledug sumjur nèng toja.
33. Tibané liwat kesrakat, sabaturé kèsi-èsi, ukumé angrusak djagad, wewalesé anekani, murka niaja jekti, winales ing adjur mumur, saturuné tan kalap, singa kang ningali sengit, sapanané sinarang kasurang-surang.
34. Ngadjak druhaka ngakatah, udjar djenenging narpati, mulané tan kena salah, anggegawa wong sabumi, ratuné minangka wit, wadya

- punggawa pangipun, pang agung kang najaka, pang alit mantri lit-alit, godongé pan sakèhing wadya sadaja.
35. Wit rebah mangsa karia, pan godong gung alit rudjit, wèh upata sanagara, mati-mati salah sami, durung tumon narpati, kadi paduka andarung, akèh ratu danawa, Ngalengka ing nguni-uni, nora ana duwé tindak gora goda.
 36. Mulané tulus rahardja, si bujut lawan si kaki, pada asih ing utama, bekti ring para maharsi, asih samining adji, kang duwé tindak rahaju, ing mengko kadi ngapa, sira gawé nora jekti, salawasé nora kambah parang muka.
 37. Ija nagara Ngalengka, sira kang awèh bilai, apa ingkang pinanggiha, ratu kang mengkéné iki, nusahken wong sabumi, nusahken ing kaki ibu, kabèh wong tuwa-tuwa, susah saking sira mangkin, djer sok anggung amidosa tanpa dosa.
 38. Ana undagi utama, prawira waskitèng wangsit, putus titi tri-buwana, dasaré kadang pribadi, kepati angaturi, Wibisana tan ginugu, pidjer mélik tumingal, Sang Dyah aju salah kapti, kaja nora tau mulat wanodyéndah.
 39. Mas retna sadjroning pura, éwon wanodya kang betjik, dadi tanpa dadi ngapa, mundak angurub-urubi, barana dadi geni, kaju aking wanodya gung, temah murub kéwala, mbasmi Ngalengka nagari, lah ta adja susah katekan ing pedjah.
 40. Apan ta anggep paduka, spolah-polahé jekti, sarèh pan temen kéwala, nganggo beneré pribadi, dèn sandanga ing mangkin, ana bilai geng rawuh, adja angadjak-andjak, nista lakuné kinardi, anggungkurken rembug sanak wong atuwa."

Pangkur

41. Nengna turé Kumbakarna, ngempakaken pamelèh duk ing nguni, sakèhing tingkah kang luput, sang prabu Dasamuka, kroda muntap lir tinepak mukanipun, malatu-latu kang djadja, sumung winga-winga wengis.
42. Gondjing palangka sru modjar, : „Hèh-hèh ah si Kumbakarna lumuwih, suker djedjember rus arus, leletek aleleksan, suker ketèn amis batjin bétja-bétju, angutjap kang ora-ora, huh apa guna baribin.
43. Muwus tan nganggo ukara, dudu-dudu djar tan patut kawidjil, ana wong dèn wèhi weruh, ndadak angundat-undat," Rada senggrang Rawana dedukanipun, ing batin nora patia, dedukané mring kang raji :
44. „Tanpa gawé ngudjar-udjar, tangguh apa pamanané ngemasi, teka ndadak anggadebus, mangsa ngong njenjambata, maring sira jèn wus metu krodaningsun, mangsa wurung déning sira, jèn ingsun kroda ing djurit.
45. Lah-lah hèh-hèh liwat-liwat, memetokken saktining mungsuh mami, hah ah ndekoka dangkamu, nèng kéné apa guna." Dasamuka wus katah dénnja bebendu, dyan sang ari Kumbakarna, umadeg gadgadèng djurit.

46. Mangambil anggremg gurnita, swaranira gora r h ang beki, wijat lir galudug s wu, geter pater wurahan, wukir oreg agranja guntur gumuntur, kumotjak pjuk ombak bakat, arga rug kagiri-giri.
47. Anggro tumindak sang arja, Kumbakarna kadi belah kang bumi, gara-gara r h gumuruh, prakempa mawalikan, gagat wagjut gumleger reg guntur ketug, kadya bubul bumi belah, busananira ngadjrihi.
48. Maku a mas ginapura, bebaon  pinutjak manik-manik, sinung sotya abra murub, bebaong ga owara, pepak bau-bau warna manten murub, j n tinon sariranira, pan kadya wukir kabesmi.
49. Mabungan ng beki djagad, lir Ba ara Kala lagi nedaki, buwana arsa ginempur, m h anjalini alam. Singa mulat sabawa takut umingkus, balerengen pan kantaka, kaplengen metjah ng kuping.



50. Kadya parbata Maljawan, kasor kadi baskara n tra kalih, ringih-ringih mukanipun, kadya parbata sigar, kagjat kang wr  ing djawi ki a kang ngemput, ing djro ki a ana swara, gora r h kagiri-giri.
51. Mengkab mbenggangi ing ki a, mapan angr b wanara ngati-ati, agolong-golong angumpul, sadjuru-djurunira, tan antara lan sagung prawiranipun, samja narka Dasamuka, kang ba   ngawaki djurit.
52. Petak  durga ruhara, sato-sato gusis lumaju ngungsi, ana guwa ana gunung, gunung  mojang-mojag, bubar malih ngungsi djurang-djurang parung, wau Arja Kumbakarna, kang kro a samargi-margi.

53. Tan paé Méru gengira, malongo lir guwa granané kalih, napas metu ngenguruwung, nguweng-uweng ampuhan, rodra kériid niro nirad buta pengung, engung-engung aliweran, wreksa rug rebah kabalik.
54. Kang sijung kadi sijungnja, duk Baṭara Kala anggaru bumi, gumilap kilat maledug, tinon saking mandrawa, sindung riwut graning gunung ngundung-undung, sinandang dangdang wurahan, umung rubung manamberi.
55. Prapta méga kang marbabang, wor andaru runtuh wor wira-wiri, udan rudira wor usus, kumedut mukanira, kekeduten bau gendjot kedut-kedut, pratanda badé soring prang, akèh daladjat kaèksi.
56. Upatarja Kumbakarna, datan gigrig tyasira ambek pati, sangsajardanira ndarus, darpa dres sudarsana, tyas amengku tetuladan reh pinundjul, liring satrija utama, mati angadoni djurit.
57. Nanggulang pradja Ngalengka, praptèng djawi kiṭa sang Arjandjrihi, petak gora guntur ketug. Kagjat bala wanara, kang wreksa puh punggel papal kabarubun, horeg wré arebut papan, kumrutug pareng ngebjuki.
-

(*Serat Rama*)

XXXII. BATU GADJAH LAN BATU GANTUNG

Batu Gadjah punika pakampungan ingkang kadaleman pangageng negari, inggih punika residèn, tuwin padalemanipun para prajagung Djawi ingkang sami kakéndangaken mriku. Padalemanipun adjèdjèrdjèdjèr sami ageng-ageng, tuwin ing ngriku tilas kedatonipun Sam péjan dalem Sinuhun Kangdjeng Susuhunan Paku-Buwana ingkang kaping VI (Ambangun Tapa).

Sasurut dalem ugi, sumaré wonten ing ngriku. Kula ugi langkung sangadjeng pedaleman wau, lampah kula ladjeng dateng pelabuhan. Sakilènipun padaleman ing Batu Gadjah wau wonten sekolahanipun Welandi, tuwin ing Ambon ugi wonten sekolahan Kweekschool. Wusana lampah kula andjog ing pelabuhan.

Sadumugi kula ing kapal raosing manah dèrèng marem ngambah ing daratan, mila sareng kèndel sawetawis kula ladjeng wangsul malih. Lampah kula sareng dumugi ing kreteging pelabuhan kapetuk bangsa Djawi; sareng sami takèn-tinakèn, pandjenenganipun ngendika trah sinatrija ing Ngajodja, sapunika manggèn wonten ing Batu Gadjah wau amanunggil para sadèrèk-sadèrèk saha wonten ing Batu Gadjah wau amandjibi rumeksa pasaréanipun Ingkang Sinuhun Ambangun Tapa. Wondjenipun ing Batu Gadjah sami manggèn wonten ing grija lodji pamarentah déné para prijantun wau sami wajahipun suwargi Kangdjeng Pangran Arja Dipanegara. Kula ladjeng dipun ampiraken dateng pedalemanipun. Sadumugi kula ing Batu Gadjah dipun panggih para sadèrèkipun; sesampunipun bagé-binagé wiludjeng ladjeng sami pi-

takèn kawontenanipun ing tanah Djawi ; kula inggih ladjeng njari-josaken, wusana kula ladjeng njipeng wonten ing ngriku.

Èndjingipun kula sowan dateng pasaréan dalem Sinuhun Ambangun Tapa, dipun irid para ingkang sami rumeksa. Papaning pasaréan punika manggèn wonten ing salebeting pakarangan wau, wewengkoning pasaréan kinubeng ing témbok, kontenipun dumunung wonten ing sisih wétan madjeng ngalèr, sawétaning konten wonten srambinipun, sadjawi tuwin salebeting tjapuri pasaréan dipun tanemi wit pala, wohipun mbijet kados sempal-sempala, godongipun idjem ketel ngajomi sangandapipun, bebasan ngantos boten ketingal ben-tèring srengéngé. Ing salebeting tjapuri ngriku andèr isi pakuburanipun para sentana ingkang rumijin sami ndèrèk Sinuhun wonten ing Ambon. Sisih lèr sekedik sampun pantog kamaring pasaréan dalem, kinubeng ing témbok apajon sèng, ing èmpèr sangadjenging kamar wonten kuburanipun amergil, inggih punika kuburanipun Radèn Ngabèi Tjakra-dipura, kekasihipun ingkang Sinuhun.

Kula kèndel wonten ing èmpèr ngriku, sesampunipun kontening pasaréan kabikak, kula ladjeng mlebet. Inkang sumaré ing ngriku namung ingkang Sinuhun sekalijan Kangdjeng Ratu. Wijaring kamar boten sapintena, pasaréanipun namung dipun témbok kémawon, dados sanès sekaran séla tuwin sanès-sanèsipun ; ing nginggil mawi kalowahan ketingal siti kémawon, tuwin wonten isinipun awarni kuwukan, damar, dupa, punapa déné wonten tabeting sekar tjampur bawur, Saantawising sampéjan dalem (sikil) sakalijan pinasangan songsong gilap mingkub, pamasangipun dandanging songsong tumantjep mestèr sampun dipun lépa. Wonten ing ngriku kraos manah kula, angèngeti ratu kula déné sumaré wonten ing ngriku. Sareng anggèn kula sowan sampun sawetawis dangu ladjeng medal, sadumugining djawi kèndel linggihan wonten sangandaping wit pala, wohipun ingkang sampun sepuh sami mletèk, isininipun sami dawah ing siti mblabar, warninipun abrit sepuh, inggih punika warninipun sekar buntel ing nglebet, limrahipun ing ngriku dipun wastani kembang pala. Sesampunipun kèndel sawetawis ladjeng medal saking tjepurining pasaréan. Sadjawining pasaréan ngriku awarni patamanan, tinaneman sesekaran, klapa géndjah, djambé pol, tuwin sanès-sanèsipun. Kula ladjeng mlampah angubengi tengening pasaréan, sakilèn pasaréan tjaket wonten marginipun alit, andjog dateng lèpèn. Salebeting pakarangan ajom sangget, sumuripun tjetèk-tjetèk, menawi mendet toja namung dipun tji-duk kémawon. Sawingkingipun pakarangan wau wonten lèpènipun, tojanipun bening tur tjetèk, sélanipun pating djenggeleg tur ageng-ageng, tetijang ingkang sami adus tjekap namung aling-alingan séla kémawon sampun pinda akekelir, sapinggiring lèpèn ngriku kawah ti-jang ingkang gegrija, wonten masdjidipun alit angongkang lèpèn. In-kang sami gegrija ing ngriku punika kawah ingkang sami turunan teti-jang Djawi, amargi rumijin ing ngriku dados pakampunganipun para abdinipun ingkang Sinuhun Ambangun-Tapa. Sesampunipun sawetawis dangu kula ladjeng wangsul dateng tjepurining pasaréan malih, saha ladjeng kèndel ing srambi satjelaking pasaréan, wonten ing ngriku sami kèndel sarapan.

Sareng sampun ragi sijang kula dolan dateng ing Batu Gantung,

tebihipun saking kiya kinten-kinten wonten kalih epal. Ing Batu Gantung punika wonten umbulipun, tojanipun ambèr, dados pangangsoning tijang salebeting kiya. Lampah kula urut margi èrèng-èrènging redi, senadyan lampah urut paredèn, nanging tansah ngambah pekampungungan ingkang sanget redja, grijanipun ndendeng, tetijangipun ketinggal sami njambut damel nambal djala, ndeplok sagu, damel tuwak (dèrèsan sagu), amratandani jèn tetijang ing ngriku sami madjeng-madjeng ing damel. Margi ingkang kula langkungi wau ajom sanget, lampah kula saja tebih saja njengkrèk saha ngambah margi ingkang mbamping, margi wau namung urut énggak-énggoking lèpèn. Labet saking nuntaking siti dados tojaning lèpèn wau gumrodjog sanget, kados wutah saking talang. Lampah kula ladjeng dumugi ing papan ingkang sakelangkung ajom, papan wau inggih wonten ing sapinggiring lèpèn, ananging tojanipun lèpèn boten ketinggal, amargi tinutup ing séla, dados ilining toja wau medal sangandaping séla. Séla wau warninipun petak pating tjingih, saèstu kados gumantung wonten ing sanginggiling lèpèn, awit saking kawontenan wau mila ing ngriku ladjeng nama ing Batu Gantung.

Ilining toja ing satjelakipun ngriku santer, lémbak-lémbaking toja ingkang tumempuh ing séla ketinggal muntuk petak muntjrat-muntjrat pinda sekar mlati sumawur ing patileman. Katah tijang èstri ingkang adus tuwin umbah-ubah, benénipun sami tjetjiblon, dipun tingali saking katebihan kados pepindanipun para widadari sami lelumba. Wonten ing ngriku kula kèndel ngantos dangu, saking lam-lamen ningali kawontenan wau. Sareng sampun itjal sajah kula, kula ladjeng mlampah malih, marginipun minggah mandap, ladjeng ngambah pasien munggul ladjeng mandap ndjodjog; wiwit ing ngriku, sakiwa tengening margi dipun tanemi kroton, warninipun sakelangkung asri; wusana ladjeng dumugi panggénan udaling toja, inggih punika ingkang dados sirahing lèpèn wau, manggènipun wonten ing lelengkèhing redi, boten patos wijar, nanging wedaling toja deres sanget. Wiwit udalipun ladjeng kinulah ing témbok mubeng, pinasangan lompongan tinampèn ing urung-urung tosan, terus dumugi ing kiya. Wedaling pipa tosan wau urut èrèng-èrènging djurang, andjogipun ing kiya ladjeng pinarapara dados katah, saben sapanggénan dipun dèkèki bikakan, tuwin wonten ingkang dipun djogaken ing palabuhan, ing ngriku dados pangangsoning kapal-kapal ingkang sami labuh. Satjelaking panggénan tuk punika dipun degi grija alit mawi ambèn-ambènan, kula kèndel wonten ing ngriku saha ladjeng tileman. Kula ningali manginggil ngiwa nengen ketinggal asri sanget, marginipun ketinggal ndjlarèh urut lelengkèhing redi. Kroton-kroton ingkang dipun tanem wonten ing sapinggiring margi ketinggal kados pepaès. Kula ladjeng adus, tojanipun bening kados katja, raosipun asrep kados ès, dateng badan raosipun sekétja; lakar kula sampun sawetawis dinten boten adus, badan kula ladjeng kraos èntèng.

Sesampunipun adus kula ladjeng minggah ing margi sisihanipun, marginipun saja njengkrèk minggah, sadumugi kula ing nginggil kula saged aningali lumahipun kiya ing Ambon, ketinggal tjeta wéla-wéla. Ing ngriku wonten witipun kwèni ageng, ing ngandap mblader kebak gogroganing sekaripun, warninipun abrit mberanang adamel seng-

seming manah. Prenah ing ngandap tjaket ketingal dalem Karésidénan, salebeting pakarangan kebak patamanan isi taneman mantjawarni, ketingal asri sanget, sesekaranipun wonten ingkang rumambat ing andjang-andjang, wonten ingkang namung djinembangan, sawenèh nlorumambat ing siti, satengahing patamanan wonten sélanipun awarni sirah gadjah, tlalénipun medal tojanipun muntjrat-muntjrat, awit saking wontenipun wewarnèn wau, ing ngriku ladjeng karan kampung Batu Gadjah. Utah-utahaning toja ladjeng pinara-para kinalèn ameradini taman, saha ladjeng andjog dateng kalénan ingkang mradini kita, ilinipun pating srèwèh tanpa kendat.

Katjarijos ing redi wau kala rumijin kerep kagem lelangen Sinuhun Ambangun Tapa, jèn pinudju kasekelan ing panggalih, wonten ing ngriku ladjeng saged pentèr. Kados leres menawi ing ngriku dados padunungan kasengseman, amargi kawontenanipun saged damel senenging manah. Ningali mangalèr ketingal grija-grija tarik-tarik manggèn wonten ing pasitèn waradin, grijanipun salong sumamar kaling-kalingan gegodonganing kekadjengan, ing sisih kilèn ketingal lumahing seganten, tojanipun alémbak-lémbak, kapal ingkang sami labuh ketingal mèpèt ing daratan, kukusipun kumelun kados semu sajah lampahipun.

(Késah lajajaran dateng pulo Papuwah)

XXXIII. BAGUS BURHAM WONTEN ING PANARAGA

Sareng Bagus Burham anggènipun wonten ing Panaraga andungkap kalih wulan laminipun, kalijan para kantjanipun sampun sami punduh sedaja, malah wonten ingkang supeket kados sedèrèk tunggil jajah réna. Salebetipun sawulan dumugi kalih wulan wau saben éndjing sonten boten naté kèndel anggènipun sinau, nanging sedaja ingkang sampun dipun wulangaken, boten wonten ingkang ketjantèl sakedik-kedika, paribasan saben ngadeg sampun kesupèn, ngantos andadosaken kakening manahipun ingkang mulang.

Sabibaring ngadji ing wantji éndjing, para kantjanipun sami dipun adjak dateng lèpèn ngupados ulam, menawi lèpènipun nudju alit, pangupadosipun ulam ngantos keplantrang-plantrang sedinten muput saweg mantuk. Sadumuginipun ing pondokan ulamipun ladjeng kaulah, menawi sekinten kantun anggènipun ngadji kantjanipun ingkang sami ngadji sami dipun weling kapurih mamitaken sengadi sakit badanipun. Menawi kangdjeng kjai nudju ndjenengi mulang inggih asring utusan ndangu punapa ingkang dipun sakitaken. Menggah pandangunipun kangdjeng kjai dateng Bagus Burham wau, temenipun namung kagem tata krami kémawon, awit satemenipun sampun wuninga bilih Bagus Burham punika boten madjeng dateng ngadji, ingkang dipun senengi kesenangan ingkang mawi wragad mbeborosi; senadyan ing batos pantjèn boten rena dateng sedaja ingkang dipun lampahi Bagus Burham, saupami boten ngèngeti dateng ingkang embah, ingkang sampun sedèrèk tunggil guru kalijan kangdjeng kjai, saged ugi dipun

antukaken datang Surakarta. Ewadéné menawi taksih dipun ladjeng-ladjengaken, inggih mesti badé kaantukaken datang Surakarta, prelu-nipun sampun ngantos nenulari datang kantja-kantjanipun.

Sareng saja dangu boten wonten indaking kasagedanipun, Ki Tanudjaja ladjeng dipun timbali datang ing ngarsanipun kangdjeng kjai Imambestari. Sareng sampun sowan, dipun paringi pangandika, kaðawuhan njerep-njerepaken datang Bagus Burham, supados tumemen anggènipun ngadji; menawi Bagus Burham boten tumunten saged, kangdjeng kjai lingsem sanget, sarta dipun paribasakaken: katjang tinggal landjaran. Aturipun Ki Tanudjaja sendika. Saunduripun Ki Tanudjaja saking ngarsanipun kangdjeng kjai, sesaged-saged inggih mituturi datang Bagus Burham, kapurih ngéstokaken dawhipun kangdjeng kjai dumateng pijambakipun. Bagus Burham inggih njagahi, ananging saja lami malah tambah-tambah kasenenganing manahipun ingkang mbeborosi, ingkang suwau bentik, béngkat, tor, malah sapunika ladjeng remen keplèk, gimer, kètjèk, nganggur-ngangguripun ombag bédji tuwin lumah kurep.

.....

Bagus Burham anggènipun sinau sampun langkung saking setaun, ing mangka limrahipun sedaja laré ingkang sami sinau ngadji, saben semanten laminipun sampun mesti saged kitab kur'an, apesipun kaping kalih utawi kaping tiga. Déné Bagus Burham, sampun ingkang kitab kur'an, datang turutan kémawon dèrèng katam, amila supados boten ngantos keparan tutuh, kangdjeng kjai mundut panimbang datang para guru sedaja, kados pundi anggènipun njetijari, sagedipun mituhu kados laré sanès-sanèsipun. Aturipun para guru wau, sarèhning wontenipun kados mekaten wau kabekta saking pangugungipun Ki Tanudjaja, amila setijaripun boten wonten malih kedjawi namung kapisahaken kalijan Ki Tanudjaja, amargi menawi taksih dipun emong déning Ki Tanudjaja, salaminipun boten wandé namung dados laré ingkang ugungan kémawon. Nanging kangdjeng kjai Imambestari boten mentala ngésahaken datang Ki Tanudjaja, bilih boten mawi djalaran sabab ingkang perlu. Mekaten malih bab punika, sarèhning sampun kapratèlakaken datang ingkang embah, saged ugi sanès dinten Ki Tanudjaja ladjeng dipun timbali datang negari Surakarta.

.....

NGANTOS DIPUN RĒNTJANGI MBARANG DJATILAN

Lampahipun Kramaléja ngutu boten mawi mandeg tumolèh, saking kuwatos bokbilih ladjeng dipun tilar késah déning tijang sepuh ingkang kawasita ing salebeting tilem. Sareng lampahipun sampun ingkang kawasita ing alun-alun, manahipun Kramaléja teka mawi trataban kadumugi ing alun-alun, manahipun Kramaléja teka mawi trataban kadados manahing tijang ingkang sampun kangsèn, sareng saking katebihan sampun ketinggal bilih sangandaping waringin wonten sajektos tijang sepuh linggih wonten ing ngriku, tjès, raosing manahipun ajem; Kramaléja sampun andugi temtu punika ingkang nama Ki Djasana, mila ladjeng dipun purugi kalijan ngawasaken datang sesipatanipun

Ki Djasana. Sareng sampun tamat ladjeng dipun tjelaki sengadi ngupados latu kanggé udut. Ki Djasana ngéwahi linggihipun kalijan gita mendetaken titiknipun, ladjeng dipun ulungaken kalijan taklim. Kramaléja anggènipun nampèni kalajan anor-raga. Sareng sampun rampung pangagaripun ladjeng kawangsulaken dateng Ki Djasana malih, kalijan pitakèn sinten namanipun, sarta ing pundi grijanipun. Ki Djasana mangsuli kalajan tembung manis, prasadja bilih tijang saking negari Surakarta, abdinipun Radèn Tumenggung Sastranagara, prajagung bupati Kadipatèn Anom. Dumuginipun ing kita Madijun kautus amadosi ingkang wajah nama Bagus Burham, kabekta déning pamomogipun nama Ki Tanudjaja. Mula bukanipun sampun katjarijosaken sedaja, ngantos dumuginipun Ki Djasana kepanggih kalijan Kramaléja punika.

Ki Djasana ladjeng gentos pitakèn dateng Kramaléja, nama sarta grijanipun. Kramaléja ugi ladjeng mrasadjakaken namanipun, abdinipun Kjai Imambestari ing pondok Gebangtinatar, kita Panaraga; déné perlunipun ugi kautus ngupadosi Bagus Burham tuwin Ki Tanudjaja. Saladjengipun Kramaléja njarijosaken djalaranipun anggènipun Ki Tanudjaja kadawuhan késah saking Panaraga, ngantos dumugi kadawuhan ngupadosi punika, sarta njarijosaken nalika pijambakipun tilem wonten ing Sendang, supena dipun gugah ing prijantun sepuh sampun akaki-kaki, ngantos saged kepanggih sajektos lan Ki Djasana, mila Kramaléja lan Ki Djasana sami nglairaken gumuning manahipun dateng kaélokkan ingkang saweg sami dipun awaki tijang kalih wau. Dèrèng ngantos dumugi anggènipun sami pirembagan, ladjeng kabudjeng ing wantji seraping surja, Kramaléja ladjeng dipun adjak dateng pondokanipun Ki Djasana. Sadumugining grija ladjeng ndumugèkaken panggustining manah sapikantukipun, ingkang prajogi sami dipun lampahi.

Sontenipun bibar sembahjang Mahrib lan neda sawontenipun, tijang kalih wau ngladjengaken rembagipun malih. Saking pirembagipun Kramaléja, menawi wantji sijang badé katlengseng dateng salebeting kita. Ki Djasana mangsuli, bilih salebeting kita kémawon prasasat sampun kemptu anggènipun ngupadosi, malah ngantos dipun labuhi mbarang ura-ura, éwa-déné meksa boten saged pinanggih. Kramaléja ladjeng njambeti, kalajan semu gumudjeng: „Saupami saupami mekaten kénging wangsul, menggah anggènipun sami madosi wau mawi warana kados tijang mbarang djañilan, Ki Djasana punapa saged nglampahi?” Pangraosipun Kramaléja, sarèhning sampun wonten ing teba, menawi manahipun kaisènan ing isin, ingkang badé dipun isini sinten, tuwin ingkang badé ngisin-isin sinten, amargi tijang ing ngriku dèrèng wonten ingkang sami sumerep dateng pijambakipun tijang kalih wau. Menawi saged kelampah, bilih Ki Tanudjaja tuwin Bagus Burham taksih sami wonten ing Madijun, tijang kalih boten usah ngawasaken kiwa tengen, ingkang dipun upadosi temtu badé kepanggih, amargi tijang kalih wau pantjèn éwoning tijang ingkang remen dateng tetinggalan, dados saupami anggènipun mbarang djañilan wau pinudju katanggap utawi bébér, Ki Tanudjaja tuwin Bagus Burham temtu ningali.

Wangsulanipun Ki Djasana, „saged” nanging kedah sarana mawi

topèng, perlunipun kanggé aling-aling, bokbilih kapetuk tetepanganipun tijang Kediri, boten sanget-sanget anggènipun lingsem. Punapa déné malih mupangatipun, „saged njumerepi boten saged dipun sumerepi.” Pemanggihipun Ki Djasana ingkang kados mekaten wau Kramaléja sanget anggènipun tjondong ; sareng sampun mateng rembagipun, Ki Djasana sanalika ladjeng mendet arta sekawan réjal katahipun, kanggé tumbas kapal képang kalih, tuwin sapirantosipun. Tirahanipun katumbasaken kendang alit kalijan gugur. Punika swaranipun kados slomprèt, pirantos tabuhanipun tijang mbarang djañilan. Sareng sampun pepak, ladjeng wangsul dateng pondokan malih ; tijang kalih sami dandos, saramungipun ladjeng bidal. Nalika saweg djumangkah ing lawang tijang kalih sami sakelangkung anggènipun nalangsa ing manah dateng Ingkang Adamel Gesang, déné sami angurbanaken badanipun dados badut mbarang djañilan. Kramaléja nganggé pentul akalung kendang, Ki Djasana nganggé tembem njangking gugur. Urut margi kendangipun taksah tinabuh ngaplak alelagon warni-warni ; guguripun sinebul bantas adamel gembiraning tijang pating grubjug ningali. Kramaléja pantjèn gadah dasar tjutjut, prigel dateng samukawis, Ki Djasana saged dateng sesendon, mila pambarangipun djañilan ketingal laris sanget. Katah para prijantun tuwin para sudagar ingkang sami nanggap, saking larisipun, tijang kalih wau ngantos boten kober nginang utawi udut, paribasan dèrèng bibar sampun dipun entosi ingkang badé nanggap gentos. Saking kondangipun, ngantos dados sekar lañnipun tijang Madijun, sandung djekluk, „djañilan Kramaléja, senggakané Ki Djasana !” Mekaten wau boten ngemungaken tijang alit kémawon ingkang sami ngutjapaken, dalah para prijantun ugi sami nirokaken lelagonipun djañilan Kramaléja ; senadyan kondangipun sampun ngebaki kiya Madijun, larisipun ngungkuli bakul ingkang pados sétan, éwa déné tijang kalih wau manahipun boten korup dateng katahing jatra angsal-angsalanipun ambarang ; ing salebeting manah boten kendat panjuwunipun dateng Ingkang Adamel Gesang, mugimugi tumunten sageda kepanggih kalijan Ki Tanudjaja tuwin Bagus Burham, mila Kramaléja tuwin Ki Djasana sedinten-dinten boten kèndel-kèndel anggènipun mbarang djañilan. Menawi boten keplantrang, tijang kalih wau saben sonten sami mantuk dateng pondokanipun, déné menawi ngantos keplantrang, inggih ladjeng sipeng, tilem wonten ing purug, bibar tiga kawan dinten temtu ladjeng wangsul dateng pondokan malih.

.....
Katjarijos ingkang saweg namur lampah, pambarangipun djañilan Kramaléja kalijan Ki Djasana, wiwit éndjing ngantos dumugi asar inggil, boten patosa katah ingkang nanggap, mangka sabenipun laris sanget. Saking katahipun ingkang sami nanggap, paribasan boten kober sami nginang, nanging ingkang mekaten wau malah ndadosaken bingahing manahipun, déné ladjeng saged mungkul anggènipun ngulat-ulataken dateng ingkang dipun upadosi, sarta tudjuning manahipun sami tebih dateng pamrih bebarangan. Wontenipun sami dipun lampahi sami mbarang djañilan wau, saking awratipun kautus ing bendara ; boten kêtang dipun lampahi wirang isin anggeripun pinanggih kalijan ingkang dipun padosi.

Kaleresan wekdal wau ing radinan ageng boten wonten tijang langkung satunggal-tunggal, mila ketipungipun Kramaléja ingkang kakalungaken ing gulu, saha guguripun Ki Djasana ladjeng sami kadadosaken setunggal, namung dipun tjangking kémawon; tembem pentulipun ingkang nutupi rai, sami dipun pendjulukaken manginggil; urut margi sinambi ginem kados pundi wusananipun ingkang dipun lampahi; menawi saben dinten namung tansah kados mekaten kémawon, dangu-dangu badé tuman dados tijang mbebarang.

Tijang kalih wau sadangunipun rembagan rahi ketungkul boten ningali kiwa tengen, lampahipun keplantrang nglangkungi radinan ingkang dipun anggé kèndel tijang kalih wau (Ki Tanudjaja lan Bagus Burham). Kramaléja tuwin Ki Djasana boten sami ngrempelu bilih ingkang sami dipun upadosi saweg ngaub wonten ing ngriku. Bagus Burham boten pangling dateng Kramaléja, ingkang ing wekdal punika nganggé pentulipun kapendjulukaken manginggil, ladjeng dipun tjeluk kapurih kèndel. Kramaléja tuwin Ki Djasana sami boten pangling dateng ingkang undang-undang, mila ladjeng sami dipun purugi; sareng sampun tjelak, Ki Tanudjaja ladjeng dipun rangkul kalijan Ki Djasana, kekalhipun ladjeng sami nangis, semanten ugi Kramaléja tuwin Bagus Burham ugi ladjeng sami tumut nangis. Ki Djasana ladjeng ngekep-ngekep Bagus Burham awit saking kasoking kabingahan, pangekepipun boten uwal-uwal, dangu-dangu Ki Djasana ladjeng kesambet. Sareng sampun ènget, sumerep warninipun Bagus Burham kera sanget, praènipun ketinggal geseng kados tijang ngandut susah, sake-langkung welasing manahipun, ing mangka nalika taksih wonten ing negari Surakarta, rintèn dalu boten pisah kalijan Ki Tanudjaja, badanipun lema, kulitipun djené, labet saking dipun ugung ingkang embah, saben dinten lumintu dipun paringi samukawis ingkang ndadosaken kabingahanipun, déné sapunika ngantos anglampahi ingkang ngantos adamel trenjuhing manah, mila Ki Djasana ngantos kawedal witjantenipun njenjuwun dateng Ingkang Adamel Gesang: „Mugi Gusti Allah mberkahana dateng putu kula Bagus Burham, ing tembé dadosa pangauban, kénginga kula titipi badan kula.”

Saking temen saha manteping manahipun, Ki Djasana ngantos saged amenangi anggènipun Bagus Burham dados abdidalem kaliwon pudjangga. Mila Ki Djasana ladjeng kadadosaken parampara ngiras njepeng pawedalipun Radèn Ngabéi Ranggawarsita (Bagus Burham). Sareng Ki Djasana tilar donja, ladjeng kapetak wonten ing ngastana Pengging, kadèrèkaken Radèn Tumenggung Sastranegara.

(Serat Babad, tjarijos lelampahanipun suwargi Radèn Ngabéi Ranggawarsita).

XXXIV. PATAMANAN

Menawi dipun raosaken isèn-isèning djagad punika kados manut panggraitaning manungsa, upaminipun menawi tijang abingah-bingah, sedaja kaanan sami ketinggal sumèh lan bingah; kosok wangsulipun inggih mekaten ugi. Mangka kajektosaning atur kula punika, tjobi

mriksanana ing patamanan, ing ngriku saged ketawis kanti tjeta éwah-
ing wewujudan ingkang anggambar panggraitaning manungsa.

Rikala manungsa padang ledjar ing manah, sedaja isèn-isèning
patamanan ketingal angresepaken, nenarik dateng ajem gujeming ma-
nah. Ing wantji akiring dinten idjeming gegodongan semburat djené
maja-maja déning sunaring surja ingkang sampun napak agraning
ardi, suka asrep lan étjaning paningal.

Sesekaranipun ingkang petak pating paletuk, sumela ing an-
tawising idjem, ladjeng ketjampuran pinten-pinten warnining se-
sekaran, abrit, djené, biru, wungu, mubjar pating parelok, me-
wahi gesanging paningal, numusi weninging panggardjita. Wit-
witanipun angrembaka, wohipun pating grandul abrit, idjem sarta
djené, sumelap ing sela-selaning godong, menawi katijub ing angin
lumampah, gegedongan pijak, satemah woh sami sesénggolan, ingkang
wingking ndosok ingkang ngadjeng, kados sami ngadjak sarengan ma-
djeng, njelaki panggénaning manungsa supados kaunduhana. Wonten
malih ingkang adamel leganing manah, inggih punika mawar dadu,
ketingal sampun boten sarana, kaselak mepeng anggènipun badé
angsung pakurmatan dateng risang manungsa, saking katebihan sampun
mapagaken ganda sumrebak arum, lan angébaraken listyaning warni.
Katjakrabawa ing gagasan kados-kados pun mawar adjelih-djelih mawi
swara wening : „Duh, manungsa, boten itjal anggèn paduka rekaos
angupakara dateng djasat kula. Sumangga kauninganana saéning war-
ni lan aruming ganda kula. Suwawi, ta, énggal, kula nunten kapejika
kanggé pasréning médja panjeratan.”

Sapunika kula aturaken kosok wangsulipun, tijangipun tunggil,
inggih ingkang kula tjarijosaken ing nginggil, nanging anggènipun
ngraosaken kawontenaning patamanan ugi tunggil ingkang kasebut
wau, teka gèsèh sanget kalijan kala semanten. Rerengganing taman
ingkang sarwa asri boten pisan-pisan adamel sengseming manah, ma-
lah-malah mewahi sumpeg lan petenging gagasan, anenarik kènetan
dateng anakipun pambadjeng ingkang sampun ontjat saking djaman
kalanggengan kala ing dinten wingi. Mulat sesekaran mantja warni
dédompolan urut putjuring pang alit-alit ingkang mantijung ing mar-
gi, kènetan dateng sekar ontjèn ingkang sumampir ing bandosaning
lajonipun anak. Sawenèhing wit ketingal laju angalentrèh kabekta
saking bentèring surja, godongipun wolak-walik boten tata label ka-
silir ing angin, katjakra bawa kados kalanipun ningali garwa karuna
kelara-lara, agegulung, ngantos wudar gegelungipun, adowal-dawul,
sesambat anganjut-anjut suka lila kabélakna dateng sirnaning manik
kumalanipun. Sanalika kuwur raosing galihipun risang nahen kung,
angles anggeges keranta-ranta, ing satemah marawajan wedaling was-
pa, suwung ing gagasan, ingkang kétang namung putra ingkang ki-
nasih, déné saged temen megat tresna. Dumadakan méngo mangiwa,
njarengi putjuring djambé mijad-mijud katut ing angin, ketingal
kados béla sungkawa, papahipun mobat-mabit, éstaniipun pinda asta
sarikutan angusapi dresing waspa. Saja trenjuh raosing galihipun risang
nandang sungkawa, wasana kalépat mlebet ing padaleman, ungkeb-
ungkeb nungkemi guling, raosipun metek, tandes kandas ing dedasaring
sanubari.

Tuhu temen bilih kawontenaning alam punika kénging kaanggep katja benggala ingkang saklangkung tjeta. Ing ngriku sok tijanga saged ngungak anjumerepi gambar kawudjudanipun pijambak-pijambak, malah ugi sedaja lelampahan, obah osiking manah saged katjeta ngégla wéla-wéla. Pramila langkung saking prajogi mitontonaken badanipun ing salebeting katja benggala wau, murih tansah ènget dateng ing lelampahanipun, temahan saged pramana dateng pilahing awon lan saé.

(Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inkang ngimpen R. L. Mellema.)

XXXV. NGANTJIK ING LALADAN MESIR

Salebetipun pun Wilis ngambah seganten Abrit, kula waspadakaken tojanipun ing ngriku, inggih pantjèn wonten bédanipun, saking sawangan kula tojanipun kirang bening, kala-kala ngantos-ketingal reged, sakiwa tengening baita asring ketingal kados wonten blumbangan wijar, ingkang tojanipun ules djené reged, bokmenawi inggih toja punika ingkang kala mangsa saged ketingal abrit, ngantos saged andadosaken karanipun seganten Abrit.

Pun Wilis nilar pulo Perim ladjeng wiwit ngambah seganten ingkang mangka watesipun seganten Adèn kalijan seganten Abrit, inggih punika ingkang kawastanan ing tembung Arab: *Bab El Mandeb* (gapuraning eluh), sesampunipun katradjang, ing ngriku ladjeng ngambah seganten Abrit.

Saitjalipun pulo Perim saking pandulu, ingkang katingal kantung langit kalijan toja, éndjingipun ngantos sedinten muput lestantun mekaten, dinten ingkang kaping kalih mekaten ugi, nanging sareng dinten angka katiga, ing kéblat lèr ketingal wonten daratan andjarit, inggih punika pasisir Arab ingkang sisih kidul. Saupami lampahipun pun Wilis radi sawetawis mangalèr, katjrijos kiya Djédah, kiya pelabuhanipun tanah Mekah tuwin Medina, saged ketingal grija-grijanipun. Menawi wektu dalu inggih saged ketingal dilah-dilاهipun. Sarèhning pun Wilis lampahipun boten medal ing pinggir, bokmenawi saking ambudjeng énggaling lampah, dados sadinten muput tanah Ngarab inggih lestantun namung ketingal sadjlirit, panggeng boten mindak wijar boten mindak pandjang.

Salebetipun ngambah seganten Abrit pun Wilis simpang-simpangan kalijan baita langkung saking gangsal, nglantjangi baita watawis wonten saking sedasa, dipun lantjangi namung sepisan, dados jektos menawi lampahipun pun Wilis pantjèn rikat. Baita-baita ingkang dipun lantjangi lampahipun déning Wilis, utawi ingkang kapetuk wonten ing margi, saking katebihan prenahipun asring boten ketingal bendéranipun, nanging menawi kaleresan saged tjelak, inggih ngantos saged maspadakaken gatra-gatraning satunggil-tunggiling tijang utawi barang. Menawi ing wektu dalu, tebiha, tjelaka, kénging kawastanan boten wonten prabédanipun, djer ingkang ketingal namung dilah-dilاهipun, mangka tebih tjelaking antawis boten ngéwahi dateng mom-pjor-abjoring dilah-dilah wau.

Saja mangalèr saking sipat garis kenditing djagat, rainanipun saja dangu, djam gangsal éndjing sampun padjar, andungkap djam pitu sonten srengéngé saweg surup; kedjawi punika saja tjelak kalijan laladan tanah Mesir (Egypte), saja saé sulak-sulaking langit ing wantji sonten, ing wektu angsluping srengéngé dateng kéblat kilèn ingkang awit saking bentèring seganten wedi ing buwana Afrikah, ingkang prenahipun kaleres wonten sakilènipun negari Mesir, kados gadah daja ingkang saged anuwuhaken ules warni-warni dateng saja wijaring langit ing prenah suruping Hjang Pratangga-pati.

Kirang lampahan sedinten dumugi ing laladan Mesir, ulesing ngawijat ing kéblat kilèn, ing wektu badé angsluping Hjang Bagaskara dateng imbanging pratjima, sakelangkung déning éndah. Wiwit Hjang Aruna gumléwang dateng kikising wijati ing leres prenahipun seganten wedi ingkang karan Saharah, langit sekéblat kilèn ketinggal sumeblak ules djené, sumunar kados kentjana sinangling; sasuruping Hjang Arka sunar pita wau saking sekedik ladjeng malih santun warni rekta, sumilak malérah kados wahananing sorot pawaka, ingkang murub makantar-kantar, nedya njundul luhuring nganta-riksa. Boten antawis dangu bebasan sakedap nétra, ulesing kéblat kilèn wau sampun santun warni, saindenging pratjima kados djinèrèngan ing tjahja sapsapan tunda-tunda, sap ingkang ngandap pijambak ulesipun abrit sawo mateng, minggah sekedik dados papasan mateng, minggah malih abrit delima, ladjeng djingga, djambon, njandak kapuranta, minggah malih saking sekedik ladjeng malih djené sepuh ngunir bosok, minggah-minggah saja tipis ngantos dados djené enèm, andjanur kuning wusana dumugi tengah-tengahing madyantara ladjeng dados biru enèm tjarub wor kalijan ules biru ing akasa. Saking djudèg kula, ngupados tembung boten saged angsal, sontan-santuning ules ing ngawijat wau kula tembungaken sap-sapan, saleresipun pantjèn kedah boten kénging katembungaken mekaten, amargi malikipun setunggil-tunggiling ules dateng ules sanès, boten njeklèk, nanging saking sekedik, dados tjarubing ules wau prasasat mili tetempuran, mila menawi katembungaken sap-sapan, tunda sungsun, utawi tumpuk-tumpuk, leresipun inggih boten kénging, djer pilah-pilahing ules pantjèn boten kénging kawates-wates. Warni-warnining ules wau, rupinipun boten kados padatan ingkang sampun kula sumerepi, sedaja sunaripun gumilang-gilang, kimpling-kimpling kados beninging toja, mila inggih kula tembungaken tjahja; menggah lelangening langit ing tanah Djawi ingkang saged damel astjarjaning manah, punika ulesing ima ingkang kénging gebaging sorot diwangkara ing wektu bangun raina utawi surup surja. Déné ingkang kula sumerepi samangké punika, sanès ulesing ima, nanging ulesing akasa, ingkang kapulas mantja warni déning dajaning hawa, wahananing sumupipun bentèring samodra pasir, mila leres kémawon kula rumaos katembèn sumerep sesawangan punika.

Sadanguning lelampah wonten ing samodra Rekta, wiwit éndjing dumugi sedinten muput, ngantos pendak éndjing malih, kedjawi ing ngakasa boten wonten méga ketinggal, langkung malih mendung babar pisan boten wonten, mila tanah sakiwa tengening samodra ing ngriku sitinipun inggih sakelangkung tjengkar, déning sepening warsa. Me-

nawi ing ngriku salebetipun setaun wonten djawah kaping tiga, punika tetijangipun siti katjarijos sampun rumaos manggih begdja.

Ngladjengaken tjarijos kula bab lelangening langit, bebasan nginanga durung abang, warni-warnining ules ing ngakasa sampun mèh malih santun rupi malih, sauruting kéblat kilèn samangké malérah abrit kados kasulakan soroting giri dahana, namung kaot déné petjahing sorot boten saking antjer setunggal, nanging taksih satata sap-sapan kados ingkang katjarijos ing nginggil, sap-sapan wau saja minggah-minggah, saking ules sepuh, saking sekeḍik rumamjang saja enèm, wuwit abrit ingkang kados ludira mateng, minggah-minggah kandelung abrit saja tipis, ngantos salin malik dados djené, sekawit djené kados prada binabar, dangu-dangu dados djené maja-maja, ingkang dumugi tengah-tengahing madyantara tumunten tumempur dateng ules biru ing ngakasa, ingkang ambalabar mangelèbi saindenging kéblat purwa, untara lan duksina. Dèrèng tuwuk anggèn kula njawang lelangening pratjima, warni-warnining ules sampun malih rupi malih, ules ingkang wonten ngandap pijambak abritipun saja sepuh, mèh andungkap dateng ketèl, tjatjahing sap-sapan saja suda kaṭahipun ules djené sepuh, djené sepuh wekasan tumempur dateng biru, ingkang saja sepuh saja meles, andadosaken sakelangkung murub soroting kartika, ingkang sami djumèdul barubulan pating karelip, pating galebjar, pinda sesotya nawaretna ingkang dnasaran ing radjawerdi. Ing ngriku sepening pasawangan taksih kawimbuan wudjuding wulan tumanggal ingkang sampun ngajom mangilèn, sorotipun gumilang-gilang sumuluh wening, dalah bagéan salebeting wengku bunderaning tjandra ingkang dèrèng saged ambutjal sorot punika ugi sampun ketingal sumilak wening. Déné ingkang damel sanget astjarjaning manah kula, déné teka sanès temen soroting tanggal punika katimbang kalijan ingkang sabenipun kula sumerepi ing tanah kalairan kula. Punapa ta menggah darunanipun, déné senening sunaripun teka saged ambabar sulak wening ingkang semanten wenesipun? Punapa kaéndahan punika ugi taksih gegajutan kalijan wahananing daja bentèr ing samodra pasir?

Wonten malih ingkang anambahi asrining pasawangan, inggih punika dilahing menara ingkang ketingal gebjar-gebjar wonten sukuning ardi, ingkang nglodjok tebih dateng tengahing tasik, dilah wau menawi kaèmper-èmper, ketingal kados nétraning djanma ingkang merem melik, amargi mungguling redi, ngongkangipun dateng seganten, kaleresan mèmper sanget kalijan sesipatan mukaning djanma, ingkang miring tumenga ing ngakasa. Urubing dilah, bjar sumorot petak ngantos sawetawis dangu, ladjeng pet sekeḍap bjar malih, samangké santun sorot abrit, mekaten saladjengipun, pinda djanma ingkang arip, saben lajap-lajap tansah kegugah déning kagèting swabawa. Soroting dilah wau saja dangu saja ngelam-elamaken, menawi nudju sumorot petak, sorotipun mantun kados petaking lintang karainan, nanging sumuluh sulak idjem maja-maja, déné menawi nudju sumorot abrit, mantun kados abritipun nétraning angka rapuh, nanging ngantos kados abriting sengkelat, saja tjelak kalijan pernah panggénaning menara, selot ageng ketingalipun urubing dilah, menawi pinudju sumorot petak, pantjoronging sorotipun kados suluhing pandjer raina ing wantji sawung kluruk kaping tiga. Menawi nudju sumorot abrit, tjermomong sunaripun anga-

gètaken, déné angwontenaken gagasan dateng sakula tijang Djawi, kados sumerep mawèntèhan wudjuding banaspati saweg djumedulipun saking bantala, manut tjarijosipun ki dalang ringgit purwa, menawi nudju ngutjapaken isèn-isèning wana Krendawahana, inggih kahjangan ing Sétragandamaju. Menawi kula tjarijosna sedaja menggah langgening ngantariksa ing sonten wau, éndahipun kekuwunging pratjima ingkang tumpuk-tumpuk tempuk tetempuran ules, ing ngandap akasa, kinten kula dangu pedotipun.

Boten kula pijambak ingkang kastjarjan njawang kaéndahaning kodrat ingkang kados mekaten wau, saking panjawang kula sedaja prikantja kula késahan ugi mekaten, tandanipun kula sawang ulatipun sami ketinggal padjar, setunggal boten wonten ingkang gadah ulat peteng. Sinten ingkang padjar ulatipun, mokal menawi boten senenga manahipun, amung para punggawaning baita, ingkang saéstunipun sampun boten katembèn sumerepipun dateng tetinggalan ingkang kados mekaten wau, katah ingkang ketinggal boten manah babar pisan. Ewasemanten dajaning senenipun tjandra, meksa inggih saged nabeti dateng para punggawa wau, sedaja ketinggal gadah semu sumèh ing pasemonipun, awit saking punika mèh sipat tijang ing baita inggih anglairaken raosing manahipun sarana rengeng-rengeng. Kula pijambak inggih boten kantun, tanpa njana sumerep menawi kula njekar Tjandrakusuma, sareng kula kagèt awit saking swanten kula pijambak, mungel : „Klangkung ing tresnanira, marang Dyah Banontjinawi, mangka pisah unggjanipun," dumugi semanten tentreming manah ladjeng ébah sawatawis déning kèngetan dateng para kadang warga, raosing manah ladjeng anjes atis, rumaos menawi idjèn tebih sanak sedèrèk, nanging mekaten wau inggih namung sekedap sanget, bebasan sagebjaring kilat, sebab raosing manah ingkang mekaten wau, mèh sami sanalika saged lipur déning pangudaraos : „Bok kang pada dak-tresnani kabèh bisa pada ana ing kéné, kena dak-adjak njawang kaéndahaning kodrat kang seméné adiné !”

Wudjudipun ingkang sami kula tresnani sanalika ladjeng ketinggal ing gagasan, setunggal-setunggal gentos-gentos. Menawi nudju ketinggal ingkang dados woding tyas, tanpa kènging katahan malih, salebeting sanubari raosipun kumenjut ingkang tanpa pepindan, wosing manah boten lija namung boten téga. Mindak kepandjang-pandjang menawi boten kula tjupet semanten, sakiwa tengen kula boten kirang para panumpak ingkang ketinggal lam-lamen dateng asrining sonten wau, wonten ingkang ngadeg ndjegreg ngantos dangu, wonten ingkang mlampah-mlampah akalijan rengeng-rengeng, sawenèh wonten ingkang linggih ing kursi, kawistara menawi angèn lampahing gagasanipun.

Wantji ngadjengaken djam sanga, tanggal sampun badé angslup ing pratjima, kedjawi tumanggalipun ketinggal sawetawis ageng katimbang saking padatan, wudjudipun ladjeng ketinggal abrit malérah, bokmenawi darunanipun mekaten inggih taksih gegajutan malih kalijan suruping hawa saking samodra pasir Saharah. Sasuruping tjandra rediredi ingkang nangguli tanah Afrikah, taksih ketinggal anggaming tjemeng, saben kesorotan ing abjoring kartika ing tawang, ingkang sumebar ngebaki sakuwunging djumantara anglir gabah sinawur ; Bima-

sekti, lajanganipun satrija ing Djodipati nalika pinulet ing sawer naga, dalu wau ugi andjerganggang wonten tengahing madyantara, mudjur manut udjuring Djaran-dawuk ingkang maletuk pinđa ngenđiti kuwunging ngantariksa.

.....

(Kekésahan saking tanah Djawi dateng negari Welandi.)

XXXVI. HALAL BIHALAL

Medalipun Pradapa nomer 4 punika anjarengi Rijadi 'Idulfritri 1887 (1375 H). Ingkang punika ing sadèrèngipun ngladjengaken padamelan keparenga para Pamong ngaturaken sugeng rijadi dateng para maos golongan kasepuhan ing dinten ingkang minulja punika. Boten kasupèn Pamong njuwun genging pangaksama, bokbilih wonten kalepatanipun ing salebetipun nindakaken ajahanipun, mugi linebura ing dinten ageng punika. Ing saladjengipun njuwun pangèstu, mugi-mugi anggènipun sami njambut damel pinaringan gangsar, „Pradapa” saged tuwuh angrembaka, notjogi kados déné idam-idamanipun.

Dumateng para taruna, putri tuwin putra, Pamong kepéngin asung piweling kados ing ngandap punika :

Nuwun anggèr, sampun dados padatanipun lan inggih kuwadjibanipun tijang sepuh punika tansah ndongak-dongakaken dateng anak-anakipun. Langkung-langkung ing dinten Lebaran punika, sih katresnanipun para sepuh dipun esokaken dateng putra wajah. Punapa ingkang nakal, punapa ingkang mbangun turut, ingkang bođo punapa ingkang pinter, ingkang tjelak dunungipun punapa ingkang tebih, sedaja waradin sami angsal panduman raos sih sutresnanipun tijang sepuh wau. Sedaja kalepatanipun ingapura, linebura ing dinten Rijadi punika, kawewahan pudja pangèstu ingkang mawantu-wantu. Pantjèn raos „sih” ingkang sedjati punika raos ingkang „luhung.” Tumrap ingkang kapanduk lan ingkang nandukaken mahanani raos begdja, seneng, tentrem, marem. Tuwu raos ingkang sumberipun saking ingkang *Maha Kuwasa* pijambak, *Maha Mirah* lan *Maha Asih*.

Aqedasar raos sih tresna ingkang kados mekaten ing dinten Rijadi para Pamong sami memudji : mugi-mugi kinabulna punapa ingkang dados sedyanipun anggèr. Ingkang taksih wonten ing kelas ngandap, sageda minggah dateng kelas sanginggilipun ; ingkang saweg nempuh pandadaran, mugi sami angsala damel, ingkang sampun rampung pandandosipun ladjeng sageda réntjang-réntjang para sepuh anggènipun dandos-dandos nagari, saha anggentosi ingkang sami sampun djompo kanggé kabetahanipun Nusa lan Bangsa.

Pantjèn punika kekudangan kita sedaja, tijang sepuh ing djaman sapunika. A m i n.

P a m o n g P r a d a p a .

XXXVII. MALEM BAKDA RIJADI

Pétruk : „Wah, mangga, mangga, bakju, utawa kowé, kang Garèng, lenggah, lenggah !”

Garèng : „Wis mateng-matengan apa kuwih-kuwihé ?”

Bijang Nala : „Hara, lungguhé baé durung mapan, katik wis nakokaké kuwih-kuwih.”


Pétruk : „Adja kuwatir kang Garèng, tjekaké arep mangan kuwih apa baé, sagendingmu. Sepèk kuk, ora ana ; luwih tar, ora ana ; kuwih blèg, ora ana ; kuwih teles, ora ana ; kering-keringan, ora ana.”

Garèng : „Ajo buné, mulih baé.”

Bijang Kamprèt : „Jah, pakné kuwi lé sok sembrana, boten ding, Mas Nala, keng raji namung ngapusi kémawon. Sampun kundur rumijin, tijang kula sampun sedija dahar, nadyan namung sawontenipun.”

Pétruk : „Wong kang Garèng kuwi lé sok kesusu baé ngono. Rak ija linggih disik, sedeng daharé dienet-eneti, dadi mengko lé dahar kabèh sarwa anget, tjara pjaji setitik, kang Garèng. Timbangané ngentèni karo nganggur, kaja-kaja luwih betjik pada main bridj. Aku karo bakju, déné kowé karo adimu, makné Kamprèt.”

Garèng : „Bagus, mengko aku sing tak-kletj (ngotjok), kowé, makné Kamprèt, sing ambagi. Ajo buné, kowé saikiné sing kupir (ngetok). Tjèm, ajo, makné Kamprèt, kowé saiki sing kol (aba).”



Bijang Kamprèt : „Mangké rumijin, ta. Kertuné kok tanggung temen, inggih sampun, harten (kowok).”

Pétruk : „Tjengkèh loro !”

Garèng : „Adja wedi makné Kamprèt ; pir harten (kowok pat).”

Pétruk : „Keprijé bakju, bisa mbantu aku ora. Wani, lima tjengkèh ?”

Bijang Nala : „Ora, di, wong kertuku mung goḍong-goḍong kabèh. Aku tak pas baé. Wis, di, saiki kowé wiwit.”

Pétruk : „Mengko sik, wong ija kowok papat, betjiké dublir (dibobel). Saiki takngetakaké iki baé : as (tjengkèh).”


Bijang Nala : „Bener, bener, terus di ! Ajo, kertuné kuwi dibukak kabèh. Sing main rak ija makné Kamprèt. O, sumber gelap, kudu tak kruwes baé irungé. Mulané udjug-udjug wani kowok papat. Wong ora duwé tjengkèh, lagi arep metu sepisan baé, wis di.....trup !

Garèng : „Wé — wé — wé — wèh. Irung katik ditjènèng sakepé-nakiranèki ngono, apa rumangsané irung saka karèt apa ?”

Pétruk : „Wis, tjilaka, sing kula-nuwun-kula-nuwun kaé, kaja-kaja kaumé. Buné, buné, énggal pada kukutana kabèh, nèk nganti kaumé weruh pada main bridj, rak ija muring-muring temenan. Hla wong malem bakda pantjèné kudu tebiran, djebul njekel kertu mengkéné ; mengko baé, bakju, nèk kaumé wis lunga manèh, pada dibandjuraké.”

DINTEN LEBARAN

Garèng dateng supir taksi : „Bang, bang, taksi tidak dipaké ? Bagus, brenti sebentar ! Brapa, bang, séwa taksi dari sini sampé di-rumah bapak saja ? Lo, kok ketawa, sembrana, ditanjaki prijaji kok ketawa-ketawa, aku tidak mau gegujon, seh. Tidak ngerti, buwat apa,



dong, djadi sopir taksi ? Aku tadi tanjak : Ongkosnja taksi dari sini kerumah bapak saja, berapa ? Lo, kok ketawa lagi, wé, lah, mémang sembrana betul, kowé itu, supir. Ini prijaji, prijaji !”

Pétruk : „Wé, hla, kaé kenang apa, kang Garèng, sadjaké mentjak-mentjak nesu njang supir. Ajo, bakju, utawa makné Kamprèt, kang Garèng pađa diparani. Kang Garèng, kang Garèng, sadjaké kok nesu temenan, kenang apa, kenang apa ?”

Garèng : „Sing ora nesu baé sapa, sopir kaṭik kurang adjaré ngentèk ngono ! Hla wong ditakoni betjik-betjik, kaṭik anggejuju. Apa dikira jèn aku ora duwé duwit apa ? Ing mangka pitakonku tjara Mlajuné rak ija tjeta, ta, mara, rungokna, apa Mlajuné kurang ganep : Bang, séwanja taksi dari sini sampé dirumah bapak saja, berapa ?”

Pétruk : „O, ija mèmper nèk si sopir mau gumuju, ora sabab tjara Mlajumu kurang djangkep, nanging pitakonmu kliru. Sebab si sopir rak ora sumurup omahé ramak, teka ditakoni „Pira séwané taksi saka kéné tekan ing omahé bapak, mesti baé dèwèké bandjur gumuju. Wis pađa nunggang baé kabèh, mengko bajarané taksi, tak urusé dèwé baé.”

WONTEN ING GRIJANIPUN SEMAR

Sadumuginipun ing grijanipun Semar, Garèng lan Pétruk sasémahipun udjug-udjug ladjeng sami andum damél. Bodjonipun Pétruk anggorèng-gorèng, Pétruk ingkang dados tukang itjip-itjip, bodjonipun Garèng lelados, Garèng ngampiraken.

Semar : „E, laé, suwargané wong tuwa kuwi ora kaja wong kang isih rinubung ing anak putu. Jèn nudju ing dina lebaran ngéné iki tansah dipundi, diadji-adji, diemi-emi, mung tansah mangan énak, nganti kaja sepur kilat; dur-duran, ora ana lèrèn-lèrèné. Aduh, mantu-ku tuwa, anggoné ngladèni mula ija prigel, lakuné doḍok nganti kena diwilang, iramané alon. Jèn ora kebeneran, tekané ing ngarepku, mung kèri piring tok.”



Garèng : „Rama iki mesti njemoni aku, diarani aku ngelongi re-djeki ana ing dalan. Nijatku rak ora ngono. Tinimbang pating klaprèt, rak betjik diresiki disik. Déné katutan sing ana tengah, iku rak djalaran

saka prigelé tangan. Nanging sanjatané mono rama iki pantjèn kena tak-arani waspada, priksa menjang semu."

Semar : „Nèk kanggoné aku, Nalagarèng, adja manèh menjang klébat kang tjedak ora weruha, senadyan kang adoh-adoh aku isih tjeta."

Pétruk : „Kuwi dudu pasemon, nijaté ngarani mentah-mentahan. Nanging jèn aku iki, pantjèn barès, mung dapur ngitjipi, nanging angèl anggonku ngarani énaké ana ing ngendi. Bareng wis katog, keterangané djebul énak kabèh, bumbuné sarwa semedengan. Iki batiné wong duwé bodjo pinter olah-olah.

PASAR GAMBIR

Garèng : „Wah, Truk, delengen gapuraning Pasar Gambir, katik kaja kuwih tar. Kaé, lo, sing djenengané konengen-krun, tur konengen-krun tédji."

Pétruk : „Waḍuh, katik kaja djaran, diunèkaké tédji. Kang Garèng, saiki kowé lan aku iki pada matjak gadjah, dadi tjara prijaji deles. Nèk aruh-aruh ambok adja seru-seru, delengen wong-wong pada nolèh mréné, daran-daranana kéné mengko rak mung mèmper karo pjaji baé, tegesé : dadi dudu pjaji. Ora kang Garèng, kok kadingarèn temen, teka ana ing Pasar Gambir, katik ora kambi bakju, apa saiki kowé wis menang."

Garèng : „Nèk aku iki sédjé Truk, wong ija kandidat suwarga, emoh njang padon-padon kuwi, luwih-luwih njang bodjo ; sabisa-bisa kudu arep tansah gawé leganing atiné baé. Mulané tumrapé bakjumu, sing dak tjekeli ija unèn-unèn mengkéné kaé : sing kena iwaké, adja nganti buṭek banjuné. Bukaké Pasar Gambir iki, aku kepéngin nonton déwé ; amrih bisané klakon, bandjur daktindakaké mengkéné : Ana ing ngomah aku kanda karo bakjumu :


„Buné, buné, wèh, aku seneng banget, mulané poma sapisan kiji nèk kowé gelem mituruti pandjalukku, tjekaké : namaku mumbul. Kosok baliné jèn kowé ora gelem mituruti karepku, wah ija adjeg mung mas ngantèn Garèng baé. Lo, terangé mengkéné buné. Bésuk bukak Pasar Gambir iki aku olèh uleman, dadi dianggep : ndara gedé kaé, nanging anggonku olèh uleman iki, sabeneré mono ketarik saka anggonmu dadi pemimpin kumpulan wanita. Djaréné ana ing kana papan kanggo pemimpin-pemimpin iki wis disepisalaké (dipidjèkaké), tur ngégla banget. Waḍuh, nèk garwané aku lenggahé ngégla katon para panggedé-panggedé, mestiné pada aruh-aruh : Lo, sing bregas tur kandjat kaé rak mopro Nala, ta ? Mara, apa djenengku ora katut dadi kembang lambéné para luhur ?

Takkandani mengkono kuwi wangsulané karo njengap : „Emoh, emoh, aku dudu sapi, katik arep ditentunsetélingaké, aku arep ana ing ngomah baé". Ing batin aku : Ha-ha-hak, horé, nanging raiku dakgawé sadjak ngenes banget kaé, sarta bandjur kanda karo ngrintih, mengkéné : „O, Allah, buné, sepisan kiji ambok turutana, jèn nganti kowé ora milu, aku rak ija kisinin banget, mulané wis, ah luwih betjik aku tak-njang ngomah baé.

Ing batin aku rada deg-degan, Truk, mengko gèk kanđa : Ija, wis, njang ngomah baé, ora perlu lunga. Nanging djebul ora, malah saja marah-marah, kanďané : „Apa, emoh lunga, wong lanang gawé- né mung arep gawé isin wong wadon baé, daran-daranana aku sing mending, aku sing ngélikaké. Ora kena ora mesti mangkat, hoor ! Hla kuwi Truk, karo mingseg-mingsegaké aku bandjur muni mengkéné : „Ija karo kowé ta buné ?” Kuwi karo tjekak aos, bakjumu kanđa mengkéné : „Ora susah kakèhan omong, kowé mangkat dèwé, habis prekara.”

Pétruk : „Wé, hla metu kadigdajané, kang Garèng, dadi tjekaké bakju diapusi melèk-melèkan ané. Wis, wis, kang Garèng, saiki wis tekan ing panggonan sing kanggo ambukak. Ajo pada golèk papan lungguh.”

Garèng : „Wis, kono lungguha dèwé, aku arep golèk panggonan sing tjeta kanggo ngotrèk.”



Pétruk (grundelan) : „Wèh, njamari tok baé, kang Garèng kaé. Wong dèwèké kuwi sok ora ngerti duga prajoga, mengko gèk hla, lidok

Garèng : „Dijem — dijem — dijem.”

Pétruk : „Wis, tjilaka temenan, motrèt wong akèh, katik dipada- kaké motrèt wong sidji loro baé nganggo ngabani. Mara, tuwan ber-

gemister anggoné lèngseng nganti lèrèh. Bokmenawa jèn di setop pulisi.”

Welandi djèdjèripun : „Sèh, menir, itu orang siapa betul-betul tidak tahu aturan !”

Pétruk : „Wah, wong saja djuga tidak tahu. Kenal-kenal ija tjuma disini sadja. Malah tadinja saja kira orang rada sakit kentjlung

Garèng : „Sapa, Truk, sing kentjlung..... ?”

Pétruk : „Set, Landa djèdjèrku iki, wong sampanje duwèkku djaré ditenggak wani. Ora, kang Garèng, anggonmu motrèt olèh pira, lan kira-kirané apa ija dadi ?”

Garèng : „Anggonku ngotrèt rambah kaping nem, Truk, nanging dadi utawa orané, hla, kuwi embuh. Wong-wongé obah kabèh, karo manèh wong ija ora ana pilemé.”

Pétruk : „Wé, hla, anggonmu motrèt-motrèt kuwi mau mung kanggo gagah-gagahan tok baé. Lo, kang Garèng, sadjaké wis rampung tata-tjarané ambukak Pasar Gambir, tandané wong-wong wis pada ngadeg kabèh. Lo, lo, èprèt-èprété wis labuh muni, arep diwiwiti bebarengan keliling ana ing papan Pasar Gambir. Ajo kang Garèng, pada milu”.



Garèng : „Nèk milu kliling aku ora mupakat, Truk, kang sepisan lakuku mestiné kiłal. Sebab lija-lijané anggoné pada mlaku, temtuné manut gènding, dadi nèk gèndingé : todjing, todjing, lakuné ija : toprak, toprak, balik aku

Pétruk : „Ija : ketanting, grèk, ketanting, grèk.”

Garèng : „Wis ora susah nganggo ana tjandaké. Kedjaba saka iku, Truk, kudu melas marang sing njang ngomah, mulané klilingé lija dina baé, karo mopro. Saiki betjiké pada ngaso disik, kana kaé lo, Truk, adja kuwatir, mengko aku bajarana.”

Pétruk : „Wé, hla, ora genah, kono sing ngadjak teka kéné sing dikon mbajari. Karo manèh, kang Garèng, ambok ija rada ngadjèni karo sandangané setitik, wong bregas-bregas mengkéné katik ngiras gaḍo-gaḍo.”

Garèng : „Lo, kuwi kang djeneng utama, Truk, adja dupèh weton sekolahan negara Landa baé, utawa anggandèng nonah Mari, bandjur lali sega guḍeg.”

Pétruk : „Wé, hla, kodjur, teka bandjur melèhaké petarangané, ija, ija, ajo, timbangané mengko padu, luwih betjik takturutané.”

XXXVIII. DJUMENENGANIPUN INKGANG SINUHUN KANG-DJENG SULTAN HAMENGKU BUWANA INKGANG KAPING IX

(Dinten Senen 18 Maret 1940)

MALEM DJUMENENGAN DALEM

Gedering tijang alit ing pakampungan tuwin ing padusunan tuhu angébat-ébat. Dinten Ngaad sonten angrintenaken dinten djumenengan dalem, wewakil kalawarti Kedjawèn amerlokaken njatakaken kawontenaning pakampungan, inggih ing djawi tuwin salebeting bètèng, pinanggih sakelangkung ramé. Pakempalan-pakempalan rukun kampung ageng-alit sami ribut tata-tata baḍé ngwontenaken pahargjan ageng-agengan. Mèh saben kampung sami damel gapura pahargjan, sineratan ing pamudji widada sarta tjandrasengkala warna-warni suraosipun. Kedjawi mahargja srana gapura pahargjan, mèh saben kampung inggih sami ngawontenaken karaméan pahargjan, wonten ingkang ringgitan, wiludjengan, ujon-ujon utawi neḍa étja, ngiras nindakaken salat-kadajat nenuwun dateng Ingkang Murbèng Gesang, murih widadaning Sri Naréndra sumrambah dateng tijang-tijang alit sedaja.

Salebetipun nesub-nesub ing pekampungan, wewakil Kedjawèn boten kesupèn mirengaken gotèking para prijantun ingkang sami baḍé sowan angedegi djumenengan dalem ingkang Sinuhun. Wiraosipun para prijantun ingkang sami kepareng ngandikan kalijan wewakil Kedjawèn, ketinggal anggènipun sami gumrengseng, gajeng sarta gembira. Umumipun sami ngraosi sugeng dalem ing nalika mentas kondur saking Negari Welandi, anggènipun kagungan penggalih rumaket dateng tetijang alit, kerep tindak-tindak mriksani gesangipun tijang-tijang ing pekampungan, nandjihaken pedamelan, panggesangan lan sapanunggilanipun. Mekaten punika anilar tilas dateng manahipun tijang alit, tandanipun sepriki taksih dados wiraosaning ngakatah.

Wonten prijantun sampun sepuh ingkang meningi pandjenengan-
ing nata tetiga, inggih punika Sampéjan dalem H.B. VII, H.B. VIII,
tuwin ingkang djumeneng samangké, punika saged angandaraken ébah-
éwahing kraton Ngajodja déning pineksa ngetutaken lampahing dja-
man. Tjarijosipun djamanipun suwarga H.B. VII, ing kraton Ngajo-
dja punika ketingal singer-awingit. Bangsal-bangsalipun taksih tjara
kina, semu peteng asingup, dateng ing pangraos nuwuhaken raos kados
taksih wonten ing salebeting djaman kina. Tamu-tamu bangsa nga-
mantja, kala semanten kénging kawastanan awis-awis sanget. Tamu-
tamu bangsa ngamantja ngemungaken ingkang ageng-ageng kémawon,
sarta ingkang apangkat inggil, menawi namung bangsanipun tourist
tangèh sagedipun sumerep salebeting kraton. Tata-ngadat kraton kala
semanten inggih taksih kentjeng sanget, upaminipun tijang lumampah
ing alun-alun, menawi nganggé topi utawi tjaping, kedah kabikak.
Numpak kréta kedah mandap utawi ndodok wonten ing saantawisipun
bak.

Djamanipun suwarga Sampéjan dalem H.B. VIII, kawontenan ing
kraton ladjeng éwah, lumèrèg dateng djaman énggal, bangsal-bangsal
ing kraton, Sitinggil, tratag rambat lan sapanunggilanipun dipun ba-
ngun énggal, ladjeng ketingal resik padang, gampilanipun ladjeng
ketingal andjamani sanget. Naluri kraton ingkang kapanggali sampun
sulaja kalijan djamanipun dipun suwak. Tijang numpak kréta ing
alun-alun, boten perlu mandap; menawi nganggé tjaping utawi tu-
dung, inggih kénging terus dipun anggé. Kedjawi punika, taksih katah
naluri ingkang dipun suwak. Tamu-tamu bangsa ngamantja tanpa
kendat, malah menawi tamu wau rahi ageng, temtu mawi kasegah ing
pista tuwin pasamuhan petilan kagungan dalem ringgit tijang. Miturut
pangraosipun prijantun sepuh wau, djaman djumeneng dalem ingkang
Sinuhun kaping wolu punika ing gegebenganing kraton Ngajogjakarta
tetep sampun nama ngantjik ing djaman énggal. Saweg nitik jejasan
dalem bebadan Pers Kraton, punika sampun kénging kanggé ungak-
ungak, bilih Ngarsa dalem Suwarga sampun priksa ampuhipun dedamel
énggal ingkang awudjud suwaraning serat kabar.

Tumrap ing djaman Sampéjan dalem ingkang kaping sanga pu-
nika, prijantun sepuh wau temtu kémawon nunggil panggali sarta
nunggil pangraos kalijan tetijang ing Ngajodja ageng-alit bilih: Nga-
jodja mesti badé kesawaban pasinaon kalijan pangawikan dalem.

TATA LAMPAHING DJUMENENGAN DALEM

Dinten Senèn éndjing gumredeg lampahing tetijang ingkang sami
dateng ing alun-alun. Bangsal-bangsal pakapalan ing sapinggiring
alun-alun sampun pinadjang-padjang saé, tinratag mubeng sarta ri-
nengga ing tarub, tjalon badé kanggé adjang kraméan warni-warni,
kados upaminipun ringgit watjutjal, ringgit tijang, topèng lan sapa-
nunggilanipun. Swaraning gangsa sampun pating djalegur nguman-
dang wonten ing awang-awang. Ing alun-alun kebak tinatanan ing
rontèk, umbul-umbul tuwin lelaju, warni-warni, katijup ing angin pa-

ting karebet pating karèbèt, kados pepindaning tangan maéwu-éwu sami pating kelawé, asung pahargjan widada dateng ingkang saweg tapi nugrahaning Pangéran, pinilih dados pepundèning tetijang ing Ngajogjakarta.

Ing kala punika ing salebeting kraton kèbekan para abdi dalem ingkang sami sowan. Ing tratag Bangsal Kentjana tuwin Prabajasa kèbekan sekar bokèt pisungsung saking pundi-pundi ngantos mlabar. Djam 9.25 kagungan dalem gangsa kraton Kjai Hardjanegara dipun tabuh gending Sri Mataram, suwaranipun araos anenangi dateng manah grengseng. Sasuwuking gangsa Kjai Hardjanegara dipun sambet ungeling kagungan dalem gangsa Kjai Hardjamulja. Para abdi dalem ingkang sami sowan wonten ing ngriku sampun samapta sedaja, amadji dateng padamelanipun pijambak-pijambak.

Djam 9,58 K.G.P.A.A. Mangkunagara sekalijan G.K.R. Timur sowan mlebet, kinurmatan ungeling gending Puspawarna. Ing ngriku G.R.M. Daradjatun, ingkang badé djumeneng nata, sampun mangagem keprabon mapag K.G.P.A.A. Mangkunagara, kaatjaran lenggah wonten ing bangsal Kentjana.

.....

PASAMUAN DJUMENENGAN DALEM INKANG SINUHUN H.B. IX

Semar : „Mas bekel Nala, sampun gedigrag-gedigrug, suwawi radi disengkakaké, mangké mindak boja komanan papan.”

Garèng : „Wèh kjainé, kijé, nedya ngadjak bagongan terus. Babo Ma, manira ladosi, ngadjak pinten dinten. Manira punika, menawi namung diadjak ropjan-ropjan besaos, lah mbok enggèh dumugi pungkasaning djaman sagah sanget, ki Lurah.”

Semar : „Anu mas bekel, manira wau sajektos rahi kagèt. Kinten manira, adi pakenira mas gebajan Kantong-bolong boja sowan ningali, déné wingènané taksih ridong-ridong pareman beras kentjur, lah kok ladjeng andjèhèh wonten wingking manira.”

Pétruk : „Ki lurah ki pijé ta ! Prekawis djumenengan nata punika rak gawat. Pramila sanadyan tebih tur rahi mangsuk-prahara ageng, manira prelokaké ndèrèk sowan.”

Garèng : „Leres di gebajan. Tjara Djawiné : ngalap berkah. Saboja-bojané ngarsa dalem saweg tapi kanugrahan ageng, sawab dalem mesti enggèh tumular dateng tetijang alit. Apesé, manira sami saged ningali tetinggalan warni-warni, tur boja susah tjutjul ragad.”

Semar : „Enggèh menawi namung niat nglurug seneng-seneng presasat ébah sedaja, tumplak satjindilé abrit sami tumut manira raosaké, salebeté sowan ningali punika, manah manira wontené namung gumun-ngungun ples mindu. Inkang manira gumuni puniku, ombjaking tijang Ngajogja, lah kok semanten hébaté. Tijang sa-Djogja presasat ébah sedaja, tumplak satjindilé abrit sami tumut mahargja. Mangka sedaja ketinggal sami gembira, upami tjara kempalan, ing batos saestu sami surak „hidup-hidup-hidup !”

Garèng : „Pakenira punika anèh, ki lurah. Sampun ingkang tijang alit Ngajogjakarta boja sami gumuna, tijang manira ingkang sampun dados warga geminte Batawijah-Centrum enggèh tumut gembira sanget.”

Pétruk : „Puniku sampun saleresé, kang bekel. Tjobi pakenira raosaké. Manira rak mentas kètjalan pepundèn, mangka ladjeng angsal lelintu, lah rak mesti bingah sanget. Nalika surud dalem ingkang Sinuhun séda kondur, kados punapi besaos gogragé tetijang ing Ngajogja ageng alit.

Sapunika sampun pinaringan panglipur, angsal pepundèn énggal. Loh, sinten tijangé boja mongkok, enggèh boja kang bekel?”



Garèng : „Enggèh di gebajan. Raos pakenira pantjèn djođo kalijan manira. Anamung menawi manira, ingkang manira mantepi sanget puniku namung saebab.”

Semar : „Bab tetinggalan kalijan bab kendurèn, rak enggèh ta?”

Garèng : „Hijah mbok sampun ngaten, ki lurah. Prekawis seneng-seneng puniku, manira anggep nomer kalih. Inggang manira mantepi puniku, déné ingkang sami ngrenggani pradja Kedjawèn puniku terus menerus modèren, inggih penggalih dalem, inggih djembarang pangawikan dalem. Mekaten puniku, saking panginten manira, mesti ageng sanget dajané dateng wontenaning pradja dalah tijang-tijangé alit.”

Pétruk : „Saja sagedagan puniki kang bekel. Ngarsa dalem sapuniki dasaré sampun mentjit sanget pasinaon dalem, sebab tjara tijangé alit nganten : sampun angsal didikan pamulangan luhur, dados wawasan dalem temtu wijar sanget. Mangka sampun priksa Eropa ingkang

modèren, dados boja kêtang sekedik, pangawikan dalem wau mesti wènten ingkang kaebèraké kanggé njaèkaké panggesanganing tijang alit. Kedjawi punika, manira sitingarah purun mestèkaké, jèn kawontenaning pradja sarta tetijang alit ing Ngajogja mesti badé mindak saé."

Semar : „Mila, kados manira, tijang ingkang sampun sepuh puniki wèntené namung tumut ngadjeng-adjeng, sageda meningi, sukur bagé saged tumut ngraosaké berkah dalem ingkang sumrambah dateng tetijang sapradja. Manira sampun kerep meningi djumenengan nata. Saèngget manira, uger wènten nata énggal, mesti ladjeng wènten barang énggal."

Garèng : „Pantjèn mekaten ki lurah. Barang énggal wau, sok ugi boja damel bingunging tijang alit besaos, kados prajogi sanget. Djalaran pangadjeng-adjengé tijang alit, sapamireng manira, boja wènten sanès kedjawi sami saged mindak sekétja. Tetijang ingkang sami nganggur, sami ngadjeng-adjeng sageda tumunten kañah pedamelan. Tetijang pekampungan ingkang radi kèter anggèné betak, sageda ladjeng sregep sanget anggèné mangsak-mangsak. Prijantun ingkang sami ngabdi ing kraton, sami ngadjeng-adjeng sageda lestantun ngantos dumugi ing saadjalé. Tetijang ingkang taksih sami mangang, ngadjeng-adjeng supados tumunten tampia beslit"

Semar : „Gadah pangadjeng-adjeng puniku saé, mas bekel. Namung langkung prajogi, menawa pangadjeng-adjeng mawi dilambari panuwun dateng ingkang Murbèng Gesang sarta disranani tumandang."

Garèng : „Jèn mekaten, salebeté sami djalan-djalan puniki, suwawi sami sesarengan salat-kadjat, nenuwun mugi-mugi Inggang Kuwasa paring berkah wiludjeng dateng sampéjan dalem ingkang Sinuhun, sumrambahé dateng tetijang Ngajogja sedaja, ageng miwah alit."

Pètruk : „Amin, amin, ja robilngalamin."

Kadjawèn.

XXXIX. DJERMAN PADOS ANGIN

Peperangan ing Eropah lèr taksih adjeg ramé sanget. Sampun wongsal-wangsul Ruslan badé nasak Mannerheim-lini ing Karelie, nanging adjeg tanpa damel. Anggènipun ndadal barisan Finlan ing saelèring tlagu Lađoga, ing pangangkah sageda ladjeng nggebag Mannerheim-lini saking ing wingking, inggih adjeg boten angsal damel. Wartosipun, kañah pradjurit Ruslan ingkang tiwas wonten ing peperangan, sarta kañah dedamel Ruslan ingkang dumawah ing tangani-pun pradjurit Finlan. Prekawis punika, Ruslan kèndel. Pawartos saking Moskow kalebet awis-awis wonten. Menawi wonten, inggih namung awudjud katranganipun pengagenging pradjurit Ruslan, suraosipun „ing peperangan boten wonten lelampahan ingkang wigatos."

Miturut katranganipun djuru gegana Amerika, ingkang tumut ngemudèni wadya ing gegana Finlan, pradjurit gegana Ruslan punika pantjèn kirang prigèl anggènipun ngéguhaken montor maburipun. Le-

res montor maburipun ageng-ageng, nanging ingkang katah modèl kina, sampun boten mitadosi kanggé mengsah perang mesin-mesin gagrag énggal.

Mekaten ugi pradjuritipun lautan, wartosipun inggih boten patos nggegirisi, kawon sanget menawi katandjing kalijan wadya lautan Inggris, Perantjis, Itali, Djerman tuwin Djepang. Margi saking punika anggènipun njumpet Finlan tuwin anggènipun badé ndarataken wadya lautan wonten ing pesisir Finlan inggih adjeg tanpa damel.

Inggih leres Ruslan ing panginten boten badé tilar glanggang, boten badé mundur, nanging, pangaribawaning pradjuritipun meksa ladjeng suda. Gampilipun negari-negari sanès ladjeng boten patos éring.

Djerman ing semu sampun mangertos, menawi anggènipun memitran kalijan Ruslan punika boten kénging dipun endelaken sanget-sanget. Pitulunganipun Ruslan dateng Djerman ing babagan ékonomi, boten saged njampeti kabetahaning Djerman. Senadjan mekaten, wontenipun samangké Djerman taksih perlu memitran kalijan Ruslan, nanging inggih sampun grunak-grunuk badé mangsuli mitranipun lami, inggih punika Itali kalijan Djepang. Énggal mangké wonten wartos-taksih wudjud kabar angin-njarijosaken bilih ing kalangan pamaréntah Djerman wonten raosan badé ndandosi inden Roma-Berlin-Tokijo, perlu kanggé djagi-djagi, semangsa pitulunganipun Ruslan mlendèk, sesampuna gadah mitra ingkang mitadosi.

Ing salebeting peperangan punika, Djerman terang taksih betah memitran kalijan Ruslan, nanging inggih betah memitran kalijan Itali tuwin Djepang. Mangka Itali tuwin Djepang, tangkebipun dateng Ruslan taksih tetep kados toja kalijan lisah. Margi saking punika, Djerman tansah ngempakaken daja badé ngrukunaken Djepang kalijan Ruslan. Saking pangangkahipun Djerman, Djepang sageda malik tingal, amastani bilih mengsahipun ingkang sedjati dédé Ruslan, nanging Inggris. Réka dajanipun Djerman boten angsal damel. Djepang boten purun dipun dikté Djerman, tetep ngugemi kaantepanipun pijambak. Inggih kados pundi kémawon gelaripun, Ruslan taksih tetep dados satrunipun Djepang, djalaran taksih katah prekawis-prekawis ingkang ageng boten gampil dipun itjali. Tumraping Djepang, Ruslan punika kamanah langkung mutawatosi katimbang kalijan Inggris.

REDI MERAPI NGEDALAKEN LATU MALIH

Ing tanggal 24 Djanuari (1940) malem Rebo kapengker, wantji djam 12,08 dalu, redi Merapi ngedalaken kukus malih. Wonten bledosan kalih rambahan dipun sarengi ing swara mbengung. Saking padjagèn ketinggal djablosan latu kalih rambahan. Ing satjelaking papan sanès-sanèsipun ketinggal méga ingkang nggembuleng. Ing éndjingipun nalika dipun tingali saking Krindjing, redi Merapi namung ketinggal sakedap. Ing kapernah sisih elèr ketinggal ngedalaken uwab. Ing dinten Rebo tuwan Neumann biðal dateng Merapi. Ing Surakarta djawah awu. Ing Madiun ugi djawah awu, nanging tipis. Ing Bajalali

djawah awu katutan ingkang kasar. Ing laladan Klatèn ugi djawah awu, nanging papan ingkang tjaket kalijan redi Merapi, kados ta ing kabudidajan Sukabumi, malah boten wonten djawah awu.

BOTEN MATUK DATENG DANSAH

Ing Bandung mentas wonten parepatan saking bebadan pakempalan 44 warni, ingkang wosipun ngrembag boten najogjani dateng tindak dansah kados karemenanipun para muda ing djaman sapunika. Kaṭah wewaton-wewaton ingkang aḍeḍasar ngrisak dateng kasusilan punapa déné agami.

PADALANGAN ING SURAKARTA

Ing wekdal punika kursus padalangan Radya Pustaka ing Surakarta wiwit nampèni murid énggal, saha wontenipun murid ingkang lami malebet saja kaṭah, boten ngemungaken saking Surakarta kémanon, wonten ingkang saking pasisir punapa. Tumrap ingkang tebih, wonten ingkang dipun ladjo sipeng sedalu, éndjingipun ladjeng wangsul malih.

*(Kabar-warni-warni.
Kadjawèn Pebruari 1940).*

PRATÉLAN ISINING SERAT.

	Namaning waosan	ingkang nganggit	ka- tja
	Bebuka		3
I.	Kjai Ageng Wanabaja (<i>Babad Mangir</i>)	R. Ng. Suradipura	5
II.	Kumpeni ndesek tanah pasisir. (<i>Babad Gijanti</i>)	R. Ng. Jasadipura I	9
III.	Ana ing Kabupatèn Madijun. (<i>Serat Pèngetan. Pusaka Djawi</i>)	R. Sasrasuganda	15
IV.	Pamarsudining kawruh basa ingkang mlèsèd. (<i>Pusaka Djawi</i>)	—	18
V.	Busananing basa. (<i>Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inggang ngimpun R. L. Mellema</i>)	Dalil Prawiradihardja	20
VI.	Pèngetan ngadjalipun Mas Ngabèi Wirapustaka. (<i>Pusaka Djawi</i>)	—	25
VII.	Wulangan maos ing abad kaping XIX. (<i>Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inggang ngimpun R. L. Mellema</i>)	R. Ng. Tjitrosentono	27
VIII.	Wawasan bab mekaripun basa Djawi (I). (<i>Sajembara karangan. Djawatan Kebudayaan/ Tjabang Bagian Bahasa-Kem. P. P. & K. Jogjakarta 1953</i>) ..	M. Sastrawirja	30
IX.	Wawasan bab mekaripun basa Djawi (II). (<i>Sajembara karangan. Djawatan Kebudayaan/ Tjabang Bagian Bahasa-Kem. P. P. & K. Jogjakarta 1953</i>) ..	R. T. Jasawidagda	35
X.	Kasusilan Djawi (<i>Kalawarti Pradapa</i>)	—	46
XI.	Keranta-ranta. (<i>Kalawarti Pradapa</i>)	S. Poedjowardojo	48

	Namaning waosan	ingkang nganggit	ka- tja
XII.	Kabenan. (<i>Mrodjol selaning garu</i>)	R. Sasraharsana	52
XIII.	Oto mogok. (<i>Ngulandara</i>) ..	Margana Djajaat- madja	56
XIV.	Taksih salebeting pepeteng. (<i>Rijanta</i>)	R. B. Sulardi	68
XV.	Prihatos. (<i>Kirti ndjundjung dradjat</i>)	Jasawidagda	72
XVI.	Sangkan Paran. (<i>Mitra dar- ma</i>)	Jasawidagda	80
XVII.	Randa djulig. (<i>Durtjara ar- dja</i>)	Ki Padmasusastra	87
XVIII.	Lelampahanipun Radèn Uda- kawimba. (<i>Rangsang Tuban</i>).	K. Padmasusastra	93
XIX.	Pituturipun Njai Bujut Tjem- porèt dateng Rara Kumenjar. (<i>Tjemporèt</i>)	R. Ng. Ranggawarsita	98
XX.	Adeging wira utama. (<i>Wira wijata</i>)	K. G. P. A. Mangku Nagara IV	103
XXI.	Tijang ingkang tinakdir mla- rat. (<i>Dongèng tjarijosipun ti- jang sepuh ing djaman kina</i>).	M. Pudja Ardja	105
XXII.	Dongèngipun dalang ringgit purwa dipun tanggap ing le- lembat. (<i>Dongèng warni-war- ni</i>)	R. Ng. Suradipura	107
XXIII.	Tjilaka ané. (<i>Simpai</i>)	—	111
XXIV.	Radèn Rangga (<i>Serat Kasu- sastran Djawi</i>)	—	113
XXV.	Bab Grahana. (<i>Serat Kasusas- tran Djawi</i>)	—	115
XXVI.	Bagawan Téga-ing-rat. (<i>Do- ngèng sato kéwan</i>)	Pak Prijana Win- duwinata	116
XXVII.	Adipati Kéntjaka pedjah dé- ning Djagal Bilawa. (<i>Djagal Abilawa</i>)	K. P. Kusumadilaga.	125

	Namaning waosan	ingkang nganggit	ka- tja
XXVIII.	Muter Taman Sriwedari (<i>Ardjuna Sasrabahu</i>)	R. Ng. Sindusastra	127
XXIX.	Kang tetep mantep ing sedya widada kang sinedya. (<i>Bima Sutji</i>)	Dr. M. Prijohoetomo	131
XXX.	Batara Éndra tedak dateng patapanipun begawan Mintaraga. (<i>Mintaraga gantjaran</i>).	Dr. M. Prijohoetomo	137
XXXI.	Arja Kumbakarna mangsah djurit. (<i>Serat Rama</i>)	R. Ng. Jasadipura I	144
XXXII.	Batu Gadjah lan Batu Gantung. (<i>Késah lajangan dateng pulo Papuwah</i>)	M. Jitnasastra	149
XXXIII.	Bagus Burham wonten ing Panaraga. (<i>Serat babad tjarijos lelampahanipun suwargi R. Ng. Ranggawarsita. Kawedalaken déning Komité Ranggawarsitan</i>)	—	152
XXXIV.	Patamanan. (<i>Serat gantjaran warni-warni ing djaman sapunika. Inggang ngimpun R. L. Mellema</i>)	Suhawi	156
XXXV.	Ngantjik ing laladan Mesir. (<i>Kekésahan saking tanah Djawi dateng negeri Welandi</i>) ..	R. M. A. Surjasuparta	158
XXXVI.	Halal Bihalal (<i>Pradapa</i>)	—	162
XXXVII.	Malem Bakda Rijadi. (Rembagipun Semar Garèng Pétruk. <i>Kadjawèn</i>)	—	163
XXXVIII.	Djumenengipun Inggang Sinuhun H.B. IX. (<i>Kadjawèn</i>).	—	169
XXXIX.	Djerman pados angin. (Kabar warni-warni. <i>Kadjawèn. Pebruari 1940</i>)	—	173



an

GANACO — BANDUNG